**ÓZBEKSTAN RESPUBLIASÍ JOQARÍ HÁM ORTA ARNAWLÍ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**BERDAQ ATÍNDAǴÍ QARAQALPAQ MÁMLEKETLIK UNIVERSITETI**

DAWLETMURATOV ADILBAY MÍRZABAEVICH

# EKONOMIKALÍQ TEORIYA

**Bakalavriattıń 5230100 - Ekonomika** (tarawlar hám salalar boyınsha), **5230200 - Menedjment** (tarawlar hám salalar boyınsha), **5610300 -** Turizm (xızmet baġdarları boyınsha) **tálimi baǵdarları 1-kurs studentleri ushın**

## Lekciya tekstleri

## 1-BÓLIM



**NÓKIS - 2019**

**A.Dawletmuratov.** "Ekonomikalıq teoriya". Lekciya tekstleri**.** Nókis. QMU - 2019

**Pikir bildiriwshiler:**

| | |
|---|---|
| Xojalepesov P | NMPI "Jámiyetlik pánler" kafedrası docenti, e.i.k |
| Seyilbekov B | TMAU Nókis filialı "Agrobiznes, investiciyalıq xızmet hám buxgalteriyalıq esap" kafedrası baslıǵı, e.i.k., docent |

Bul lekciya tekstleri jańa mámleketlik tálim standartları boyınsha dúzilgen hám Ózbekstan Respublikası joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrliginiń 2019-jıl 2-maydaǵı 394-sanlı buyrıǵı menen tastıyıqlanǵan "Ekonomikalıq teoriya" pániniń úlgi oqıw baǵdarlaması tiykarında tayarlanǵan.

Lekciya tekstlerinde ekonomikalıq teoriyanı óz betinshe úyreniw talaplarınan kelip shıqqan halda, onı úyreniwshilerde jańa ekonomikalıq pikirlew kónlikpesin qáliplestiriw zárúrligi hám ekonomikalıq siyasattıń málim teoriyaǵa tiykarlanıwı esapqa alınǵan. Lekciya tekstleri joqarı oqıw orınlarınıń ekonomika, menedjment hám turizm tálim baǵdarları 1-kurs studentleri ushın arnalǵan.

***“Ekonomikalıq teoriya – tań qalarlıq ilim, tań qalarlıǵı sonda onıń fundamental principleri júdá ápiwayı hám bir bet qaǵazǵa jaylasıwı mumkin, biraq soǵan qaramastan onı azǵantay adamlar ǵana túsinedi”.***

***M.Fridmen***

# KIRISIW

Qálegen jámiyettiń rawajlanıwı, eń aldı menen insannıń materiallıq talabın qanaatlandırıwdıń tiykarı ekonomika ekenligi hámmege málim. Ullı keleshegimizdi de joqarı rawajlanǵan ekonomikasız kóz aldımızǵa elesletiw oǵada qıyın. Biraqta ekonomika quramalı sistema bolıp, onıń kóp túrli qırları hám ózinin rawajlanıw nızamları bar. Olardı túsinbey hám ekonomikalıq nızamlardıń talapların ámelde itibarǵa almay turıp hesh bir tarawda jaqsı nátiyjege erisiw múmkin emes. Mine sonlıqtan da házirgi ekonomikanı modernizaciyalaw dáwirinde qánigelerdi, ásirese joqarı maǵlıwmatlı qánigelerdi tayarlawdıń sapasın arttırıwda jámiyetimizde ekonomikalıq pánlerdi, sonıń ishinde ekonomikalıq teoriyanı úyreniwge umtılıw kúsheymekte. Sebebi insan qaysı tarawdıń qánegisi bolıwına qaramastan, ózi jasap atırǵan jámiyettiń ekonomikalıq turmısında bolıp atırǵan jańalanıwlar menen ózgerislerdi ańlap jetiwi, onı biliwi ushın ekonomikalıq bilimler menen qurallanǵan bolıwı kerek. Álbette bunda ekonomikalıq teoriya pániniń tutqan ornı ayrıqsha. Bul pándi úyreniw arqalı ekonomikada kúndelikli tárizde júz berip atırǵan jańalanıwlardı ańlap, onıń rawajlanıw nızamlıqlarınan turmıs mútájliklerin qanaatlandırıw jolında keńnen paydalanıwı múmkin.

Ekonomikalıq teoriya páni mámlekettiń ekonomikalıq siyasatın belgilep beriw menen birge, házirgi ekonomikanı erkinlestiriw sharayatında jaslarımızdıń ekonomikalıq bilimge qızıǵıwshılıǵın qánaatlandıratuǵın tiykarǵı teoriyalıq pán esaplanadı.

Joqarıda keltirilgenlerdi, sonday-aq jańa áwlad lekciya tekstlerin jaratıw hám olardı joqarı bilimlendiriw sistemasına keńnen engiziw, joqarı oqıw orınlarınıń málimleme resurs oraylarınıń fondın jańalap barıw maqsetinde ekonomikalıq teoriya páni boyınsha joqarı oqıw orınlarınıń ekonomikalıq tálim baǵdarları studentlerin ushın bul lekciya tekstleri jaratıldı.

Bul lekciya tekstleri jańa mámleketlik tálim standartları boyınsha dúzilgen hám Ózbekstan Respublikası joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrliginiń 2018-jıl 25-avgusttaǵı 744-sanlı buyrıǵı menen tastıyıqlanǵan “Ekonomikalıq teoriya” pániniń úlgi oqıw baǵdarlaması tiykarında jazıldı.

Bul lekciya tekstleri joqarı oqıw orınlarınıń studentleri hám ekonomikalıq teoriya menen qızıǵıwshı barlıq kitap oqıwshılarınıń ekonomikalıq bilimi hám mádeniyatın kóteriwge xızmet etedi dep úmit etiledi. Lekciya tekstleri boyınsha bildirilgen hár qanday pikir hám usınıslar ushın aldın-ala minnetdarshılıq bildiredi hám keyingi lekciya tekstlerin tayarlawda olardı esapqa aladı.

# 1-MODUL. EKONOMIKALÍQ RAWAJLANÍWDÍŃ ULÍWMALÍQ TIYKARLARÍ
# 1-TEMA. EKONOMIKALÍQ TEORIYA PÁNINIŃ PREDMETI HÁM BILIW USÍLLARÍ

### 1-lekciyanıń jobası:

1. Ekonomikalıq teoriyanı úyreniwdiń zárúrligi hám áhmiyeti
2. Ekonomika túsinigi hám onıń baslı máselesi. Mútájliklerdiń mazmunı hám olardıń klassifikaciyalanıwı.
3. Ekonomikaǵa tiyisli bilimlerdiń qáliplesiwi hám rawajlanıwı

## 1. Ekonomikalıq teoriyanı úyreniwdiń zárúrligi hám áhmiyeti

Hár tárepleme jetilisken joqarı mádeniyatlı shaxstı tárbiyalawda, onıń ilimiy dúnya kóz-qarasın qáliplestiriwde ekonomikalıq teoriya páni ayrıqsha orın iyeleydi. Ekonomikalıq teoriya pánin úyreniw insannıń ilimiy dúnya kóz-qarasın ózgertedi, onıń intellektual rawajlanıwın qollap-quwatlaydı, eń qızıqlı sabaǵına aylanadı. Sonday-aq, bul pán jámiyettiń hár bir aǵzasın ideyalıq jaqtan baǵdarlaw, ruwxıy dúnya kóz-qarasın keńeytiw, ekonomikalıq mádeniyatın joqarılatıwǵa ayrıqsha tásir kórsetedi.

Ekonomikalıq teoriya oqıtıwshısı turaqlı óziniń pedagogikalıq sheberligin arttırıp, onı sheberlik dárejesine jetkerip barıwı, sonday-aq óz pikirin túsinikli, kórgizbeli sáwlelendire biliwi, jer júzlik hám mámleketimiz social-ekonomikalıq turmısındaǵı waqıyalarǵa óz pikirin bildiriwi, bilim beriwge unamlı qatnas jasawdı rawajlandırıp barıwı kerek.

Ekonomikalıq teoriya páni student jaslardı ekonomikalıq pikirlewge úyrenitiwde házirgi zaman bazar ekonomikasındaǵı ózgerislerdi ańlap jetiwde hám onı túsindiriwde, olardıń sanasına milliy ǵárezsizlik ideyasın hám milliy ideologiyanıń tiykarǵı qaǵıydaların sińdiriwde, ekonomikanı modernizaciyalaw, erkinlestiriw hám reformalardı tereńlestiriw tiykarında házirgi zaman rawajlanǵan bazar ekonomikasın júzege keltiriwdiń aktual mashqalaların ashıp beriwde, ekonomikalıq qatnasıqlar haqqında ámeliy kónlikpeler payda etiwde, jas áwladta jaratıwshańlıq ideyaların qáliplestiriwde, olardıń mádeniy dúnya kóz-qarasın keńeytiwde, ekonomikalıq mádeniyatın kóteriwge ayrıqsha tásir kórsetiwde, Watan hám elimiz keleshegi jolında miynet etiw tuyǵısın qáliplestiriw sıyaqlı wazıypalardı orınlap kelmekte.

**Ekonomikalıq teoriya (*economic theory*)** – ekonomikanıń nızam-qaǵıydaların hám rawajlanıw printsiplerin úyreniwshi ulıwma ekonomikalıq pánlerdiń toparına kiriwshi teoriyalıq pán. Ekonomikalıq teoriya shet mámleketlerde “Ekonomiks”, “Ekonomika” hám “Politekonomiya” atları menen, ǴMDA mámleketlerinde bolsa “Ekonomikalıq teoriya”, “Ekonomiks” atı menen júrgiziledi.

**Ekonomikalıq teoriya pánin oqıtıwdan maqset** studentlerge ekonomikalıq bilimniń teoriyalıq tiykarların, ekonomikanıń tiykarǵı túsinikleri hám kategoriyaların, ekonomikalıq nızamlar hám principlerdi úyretiw hámde olardı ámelge engiziw kónlikpesin payda etiwden ibarat.

## 2. Ekonomika túsinigi hám onıń baslı máselesi. Mútájliklerdiń mazmunı hám olardıń klassifikaciyalanıwı.

Ekonomikalıq teoriya pánin, onıń nızam-qaǵıydaların biliw ushın, eń dáslep, ekonomika hám onıń wazıypaları haqqında túsinikke iye bolıw lazım. Adamzat turmısı hám onıń insan sıpatında kamalǵa keliwi oǵada quramalı hám kóp qırlı mashqalalarǵa bay. Bul mashqalalar adamlardıń materiallıq ónimlerdi islep shıǵarıw,

xızmetler kórsetiw, ilim, mádeniyat, siyasat, ideologiya, etika, mámleketti basqarıw tarawlarındaǵı hám shańaraqtaǵı, sonday-aq basqa xızmet túrleriniń barǵan sayın kúsheyip, rawajlanıp hámde olardıń ózgerip barıwı nátiyjesinde júzege keledi. Uzaq dáwirler dawamında adamzat pikirin bánt etip kelgen ayırım máseleler búgingi kúnde ápiwayı haqıyqat hám ańsat biliw múmkin bolǵan nársege uqsap kórinedi.

Mısalı, búgin hámmege málim, adamlar jasawı, siyasat, dóretiwshilik, mádeniyat, ádebiyat, ilim, aǵartıwshılıq, bilimlendiriw menen shuǵıllanıwları ushın turmıslıq ónimlerdi tutınıwları kerek. Bunıń ushın bolsa azıq-awqat, kiyim-kenshek, turaq jay hám túrli xızmetlerden ibarat turmıslıq qurallar hám ónimler zárúr. Sonlıqtan hár bir adam, óziniń kúndelikli turmısında bir qansha mashqalalarǵa, yaǵnıy turmıslıq mútájlikleri – azıq-awqat, kiyim-kenshek, xojalıq buyımlarına iye bolıw, bilim alıw sıyaqlı mútájlikler ushın zárúr pul dáramatların qay jerden, neniń esabınan tabıw kerek degen mashqalalarǵa dus keledi.

Joqarıda ekonomika boyınsha keltirilgen pikirlerden kelip shıǵıp, ne sebepten ekonomistler ekonomikalıq resurslarǵa sheklengenlik kóz-qarasınan qarawın kóriw múmkin. Ekonomikalıq resurslardıń sheklengenligi insandaǵı qálegenshe tańlap alıw imkaniyatın sheklep, bizden bar bolǵan nárselerdi ǵana tańlap alıwdı talap etedi. Endi biz hámme nárseden qálegenshe paydalana almastan, bar bolǵan nárseler menen ǵana shekleniwimiz kerek ekenligin ańlatadı. “Hesh qashan qaqpanda esheyin nárse bolmaydı” degen ápiwayı naqıl ekonomikanıń ózegin quraydı. Aytayıq, siz qandayda ónimnen biypul paydalandıńız deyik, biraq tap sol ónimdi islep shıǵarǵan óndiriwshi oǵan qansha qarjı sarplaǵanın umıtpawımız kerek. Qandayda ápiwayı bolıp kóringen ónimdi islep shıǵarıw ushın da málim ólshemdegi jer maydanı, jumıs quralı, qol miyneti, jaratıwshańlıq talap etiledi. Joqarıdaǵı “esheyin nárse”nıń ornına óndiris ushın ketken ónim hám qol miynetin jumsap, basqa bir ónimdi islep shıǵarıw múmkin.

**Sheklengen ekonomikalıq resurslardan ónimli paydalanıp, adamlardıń jasawı, insan sıpatında kamalǵa keliwi ushın zárúr bolǵan turmıslıq ónimlerdi islep shıǵarıw hám olardı tutınıwǵa jetkerip beriwge qaratılǵan, bir-biri menen baylanıslı háreket etetuǵın túrli xızmetlerdiń bir pútinligi ekonomikalıq xızmet dep ataladı.**

Áyyemgi ekonomikalıq xızmettiń tiykarǵı forması úy xojalıǵı sheńberinde júz bergen. Sonlıqtan áyyemgi grek alımlarınıń (Ksenofont, Platon, Aristotel) miynetlerinde ekonomika (grekshe ***“oykos”*** - úy, ***“nomos”*** - nızam) – úy xojalıǵı hám onı júrgiziw nızamları dep túsindirilgen. Arab leksikonında “ekonomika” únemlilik mánisinde túsinilgen, sebebi islam dinine tiyisli ádebiyatlarda únemlilikke ayrıqsha itibar berilgen. Biraq házirgi dáwirde ekonomika keń mánisti ańlatıp, tek úy xojalıǵın júrgiziw yamasa únemlilik mánisin ańlatpaydı, al **ekonomika (*economy*) – materiallıq hám materiallıq emes ónimlerdi islep shıǵarıw, olardı bólistiriw, almasıw hám tutınıwdı sáwlelendiriwshi jámiyetlik xojalıqtı ańlatadı.**

Turmısta paydalanılatuǵın barlıq resurslarımız – pul qarjıları, tábiyiy baylıqlar, qánigeli jumıs kúshleri, óndiris ásbapları, tutınıw tovarları hámmesi sheklengen muǵdarda. **Usı sheklengen ekonomikalıq resurslardan aqılǵa muwapıq paydalanıp, xalıqtıń toqtawsız, úzliksiz ósip barıwshı mútájliklerin qanaatlandırıw maqsetine erisiw, resurslar hám ónimlerdi tuwrı bólistiriw jolların tabıw ekonomikanıń tiykarǵı mazmunın quraydı.**

**Hár qanday ekonomikanıń turaqlı hám baslı máselesi mútájliklerdiń sheksizligi hám ekonomikalıq resurslardıń sheklengenliginen ibarat.**

✓ Ekonomikalıq resurslardıń sheklengenligi sharayatında jámiyet aǵzalarınıń sheksiz mútájliklerin qalayınsha tolıǵıraq qanaatlandırıp barıw máselesi **ekonomikanıń tiykarǵı mashqalası** esaplanadı.

Hár qanday ekonomikanıń aqırǵı maqseti mútájlikti qanaatlandırıw bolar eken, olay bolsa, mútájliktiń ózi ne?

Insannıń jasawı hám kamalǵa keliwi, ulıwma insannıń rawajlanıwı ushın kerek bolǵan turmıslıq ónimlerge bolǵan zárúrlik ekonomikalıq teoriyada **mútájlik** dep ataladı.

Barlıq turmıslıq mútájlikler (ekonomikalıq, sociallıq, mádeniy, ruwxıy, siyasiy mútájlikler) ishinde social-ekonomikalıq mútájlikler ayrıqsha orın iyeleydi.

**Social-ekonomikalıq mútájlikler – bul adamlardıń turmıs keshiriwi hám insan sıpatında kamalǵa keliwi hámde jámiyette málim bir dárejege iye bolıwı ushın zárúr bolǵan túrli ónimler, yaǵnıy barlıq ónim hám xızmetlerdiń kompleksi.**

Mútájliklerdiń quramı oǵada túrlishe, biraq olardı iri eki toparǵa ajıratıwımız múmkin: 1) **materiallıq** ónimlerge bolǵan mútájlik. Azıq-awqat, kiyim-kenshik, turaq jay, úy ruzgershilik buyımları, kommunikaciya (transport hám baylanıs) quralları hám basqalarǵa bolǵan mútájlik – bul materiallıq mútájlik boladı; 2) túrli **xızmetlerge** bolǵan mútájlik. Buǵan bilimlendiriw, meditsinalıq járdem, fizikalıq tárbiya hám sport, dem alıw, turizm hám mádeniy xızmetlerge bolǵan mútájlik kiredi. Bul mútájlikler sociallıq mútájlikler dep ataladı. Insan ushın áhmiyetine qarap birinshi dárejeli hám ekinshi dárejeli mútájlikler boladı. **Birinshi dárejeli mútájlik** – bul materiallıq, birinshi gezekte qanaatlandırılatuǵın, eń zárúr bolǵan mútájlik esaplanadı, buǵan awqatlanıw, kiyiniw, turaq jayǵa iye bolıw sıyaqlı mútájlikler kiredi.

**Ekinshi dárejeli mútájlikler** – bul kóbinese materiallıq emes yaǵnıy sociallıq mútájlikler boladı, buǵan bilim alıw, qánigeligin jetilistiriw, dem alıw, emleniw sıyaqlı mútájlikler kiredi.

Mútájlikler olardıń kimge tiyisli bolıwına qaray da ózgeshelenip, 4 túrge ajıratıladı: 1) individual, yaǵnıy jeke mútájlik. Bul ayırım adamnıń mútájligi; 2) toparlıq – korporativ mútájlik. Bul ayırım toparlarǵa, mısalı, jámáátlerge birlesken adamlardıń ulıwmalıq mútájligi; 3) aymaqlıq mútájlik. Bul ayırım aymaqlarda jasawshı adamlardıń birgeliktegi mútájligi; 4) ulıwma jámiyetlik mútájlik. Bul adamlardıń jámiyet kólemindegi hámme ushın ulıwmalıq bolǵan mútájligi. Bunı ulıwma milliy mútájlik dep te aytıw múmkin. Bul mútájlikler túrli dárejedegi mútájlikler bolıp, olardıń muǵdarı hám quramı da birdey emes.

Mútájlikler toqtawsız ósip baradı, usıǵan baylanıslı mútájlikler turaqlı sheksiz boladı, sebebi barǵan sayın jaqsı jasawǵa umtılmaǵan insan ulıwma bolmaydı. Adamlar hár qashan mútájliklerin múmkin bolǵansha tolıǵıraq qanaatlandırıwǵa umtıladı, bul bolsa ekonomikanı rawajlandırıwdı talap etedi. Demek, mútájlikler ekonomikanı háreketke keltiriwshi kúsh esaplanadı. Mútájliklerdiń sheksizligin **mútájlikler-diń ósip barıw nızamı** túsindirip beredi. Bul nızam ulıwma ekonomikalıq bolıp, barlıq waqıtta, barlıq jerde háreket etedi. Bul nızam burın da bolǵan, házir de bar, bunnan keyin de háreket etedi.

**Mútájliklerdiń ósip barıw nızamı sonday nızam, oǵan muwapıq mútájlikler muǵdarı boyınsha kóbeyip baradı, quramı jańalanıp turadı, eski mútájlikler ornına jańası keledi, mútájliklerdiń ósiwi quramalı ámelge asırıladı.**

## 3. Ekonomikaǵa tiyisli bilimlerdiń qáliplesiwi hám rawajlanıwı

Ekonomikaǵa tiyisli bilimler antik dúnyanıń belgili alımları Ksenofont, Platon, Aristoteldiń miynetlerinde, sonday-aq, áyyemgi Mısr, Qıtay, Hindistan hám Orta Aziya alımlarınıń miynetlerinde qarap shıǵılǵan edi.

Biz uzaqqa barmastan mıń jıllar ótip bizge jetip kelgen Quranı Karimdi, hádiyslerdi, Qobusnamanı, Ibn Haldun miynetlerin, ullı babalarımız Abu Ali Ibn Sino, Abu Nasr Forobiy, Abu Rayxan Beruni, Alisher Nawayı, Mırza Uluǵbek miynetlerin oqır ekenbiz, olarda insannıń jasawı ushın tábiyat inam etken tayar ónimleri jeterli emesligi, dóretiwshilik miynet etiw kerekligi qayta-qayta uqtırılǵanlıǵına jáne bir márte isenemiz. Sonıń ishinde, arab alımı İbn Haldun Abdurahman Abu Zayd (1332-1406)tıń ekonomikalıq bilimlerdiń rawajlanıwındaǵı qosqan úlesi júdá úlken. Onıń 1370-jılda jazılǵan "Kitap-ul-ibar" ("Ibratlı (úlgili) mısallar kitabı") miynetinde dúnyada birinshi bolıp tovardıń eki qásiyetin – tutınıw qunı hám qunı túsiniklerin, ápiwayı hám quramalı miynetti, zárúrli hám qosımsha miynet hámde zárúrli hám qosımsha ónim túsiniklerin ajırata bildi. Sonday-aq, tovarlardı almasıw processinde, olardı bir-birine salıstırǵanda miynettiń teńlestiriwshi formada júzege shıǵıwı, yaǵnıy tovarda sáwlelengen miynettiń hám onıń paydalılıǵınıń esapqa alınıwı da keltirilgen.

Biraq Aristotelden baslap pútkil dúnyanıń, sonıń ishinde Orta Aziyanıń kóplegen alımları ekonomikanı izbe-izlik penen úyreniw tiykarında onıń kóplegen nızam-qaǵıydaların, túsiniklerin jaratıp bergen bolsa da, ele ekonomikalıq teoriya pán sıpatında qáliplespegen edi.

Ekonomikalıq bilimler áyyemgi dáwirlerden baslap payda bolǵanı menen, onıń haqıyqıy ilim sıpatında qáliplesiwi XVI-XVII ásirlerge tuwrı keledi.

Sol dáwirlerden baslap házirge shekem ekonomikalıq bilimler bir qansha rawajalanıw basqıshların ótti hám bunda hár qıylı aǵımlar júzege keldi. Ekonomikalıq bilimlerdiń rawajlanıwındaǵı eń dáslepki aǵım sıpatında "merkantilizm" aǵımın aytıwǵa boladı.

**"Merkantilizm"** ("merkante") italiyansha sózden alınǵan bolıp, ol "sawda" degen mánisti ańlatadı. Bul aǵımnıń tiykarǵı ideyası hár qanday baylıqtıń deregi "sawda" dep esaplawdan ibarat.

Merkantilizmniń wákilleri sıpatında T.Men, Antuan Monkreten U.Stafford Kol`berlerdi aytıwǵa boladı.

Merkantilizm táliymatınıń ayrıqsha kózge kóringen táreptarlarınan biri Franciyalı **Antuan Monkreten** (1575-1622 jıllar) bolıp, onıń eń úlken xızmeti "siyasiy ekonomiya" terminin ilimge kirgizdi. Angliyalı merkantilistlerdiń táliymatların úyrene otırıp hám sol dáwirdegi Angliya ekonomikasınıń rawajlanǵanlıǵın kórip ol Franciyada milliy sanaattı rawajlandırıw hám mámleket xojalıǵın qáliplestiriwdiń táreptarı boldı. Usı maqsette ol 1615-jılı "***Siyasiy ekonomiya traktatı"*** miynetin jarattı. Basqa merkantilistler sıyaqlı Monkret`ende sırtqa tovar shıǵarıwdı qollap-quwatladı hám shetten tovarlardıń kirip keliwin sheklewdi kórsetti. Siyasiy ekonomiyanı jámiyetlik xojalıqtı rawajlandırıw nızamlıqları haqqındaǵı ilim sıpatında túsindirdi.

Merkantilistler ekonomikalıq teoriyanıń tiykarǵı wazıypası mámlekettiń ekonomikalıq siyasatına ámeliy usınıslar islep shıǵıwdan ibarat dep kórsetedi. Olardıń pikirinshe, ekonomikada unamlı sawda balansına erisiliwi ushın mámleket ekonomikaǵa aktiv aralasıwı, yaǵnıy milliy óndiris hám sawdanı óz qorǵawına alıwı zárúr dep esaplaydı.

Ekonomikalıq bilimlerdiń rawajlanıwındaǵı keyingi basqısh fiziokratlar aǵımı menen baylanıslı.

**Fiziokratlar** *(grekshe physis-tábiyat, kratos-ústemlik)* aǵımı dáslep XVIII ásirde Franciyada júzege keldi. Merkantilistlik táliymattan ózgesheligi fiziokratlar óz izertlewlerin sawda tarawında emes, al óndiris tarawında alıp bardı. Sebebi olar baylıqtıń deregi óndiriste ekenligin túsinedi. Biraq olar óndirislik sferanı tek ǵana awıl xojalıǵı menen sheklep qoydı. Bunıń tiykarǵı sebebi sol dáwirdegi Franciyadaǵı

awıl xojalıǵınıń rawajlanıw jaǵdayı boldı. Awıl xojalıǵın rawajlandırıw mámleketti awır jaǵdaydan alıp shıǵıwdıń tiykarǵı jolı dep esapladı. Olar sanaat miyneti hám sanaat ónimin itibarǵa almay qáteliklerge jol qoydı. Usınday qátelesiwlerine qaramastan, bul aǵım merkantilistlerge salıstırǵanda ilimge bir qádem jaqınlastı. Olar izertlew ob`ektin almasıw sferasınan óndiris sferasına alıp shıqtı. Fiziokratlar táliymatınıń tiykarın salıwshı bolǵan Fransua Kene (1694-1774) óziniń dúnyaǵa belgili *"Ekonomikalıq keste"* miynetin (1758-j.) jazdı hám onda fiziokratizm mektebiniń tiykarların jarattı. Onıń teoriyalıq hám siyasiy baǵdarlamasın táriyiplep berdi. Bul miynette F.Kene almasıwdıń ekvivalentlik táliymatın alǵa súrdi. Onıń pikirinshe almasıw yamasa sawda baylıq jaratpaydı, almasıw processinde teń muǵdarlı qunlardıń almasıwı júz beredi, tovarlardıń qunı bazarǵa kirmesten aldın payda boladı. F.Keneniń táliymatında sap (taza) ónim teoriyası oraylıq orındı iyeleydi. Onıń pikirinshe, jalpı jámiyetlik ónim hám óndiris shıǵınları ortasındaǵı parq sap ónim esaplanǵan. F.Kene sap ónim menen qosımsha qundı aljastırıp, ekewin bir nárse dep túsinedi.

Medicina iliminiń doktorı hám vrach sıpatında F.Kene jámiyetti organizm retinde alıp qaraydı hám onı salamat jáne kesel dep ajıratadı. Onıń pikirinshe salamat jámiyet teń salmaqlılıqta bolıwı lazım, buǵan erisiw ushın "puldı toplaw emes, al awıl xojalıǵın rawajlandırıw" kerek dep kórsetti.

**Klassik siyasiy ekonomiya mektebiniń** wákilleri bolǵan **Adam Smit** (1723-1790), **Ulyam Petti** (1623-1687), David Rikardo (1772-1823) sıyaqlı ataqlı ekonomist alımlar baylıq tek ǵana awıl xojalıǵında emes, al sonıń menen birge sanaat, transport, qurılıs hám basqa xızmet kórsetiw tarawlarında da dóretiliwin dáliyillep berdi hám baylıqtıń anası jer, atası miynet, degen qatań ilimiy juwmaqqa keldi. Bul oyshıllar Angliyada kúshli ekonomikalıq, sociallıq hám siyasiy ózgerisler bolıp atırǵan dáwirde jasadı hám ózleriniń ekonomikalıq táliymatlarında usı ózgerislerdi esapqa aldı. Olar tárepinen jaratılǵan táliymat Angliya klassik siyasiy ekonomiyasınıń tiykarı boldı. A.Smit, K.Marks hám Dj.Keyns penen bir qatarda dúnyadaǵı ullı úsh ekonomistlerdiń biri esaplanadı. Sonı aytıw kerek, A.Smittiń *"kózge kórinbes qol"* printsipi házirgi kúnde júdá kóp tilge alınbaqta. Ol óziniń ***"Xalıqlar baylıǵınıń tábiyatı hám sebepleri haqqında izertlew"*** (1776-j.) atlı kitabında insandı aktivlestiretuǵın tiykarǵı kúsh jeke máp, dep kórsetedi. İnsan óziniń jeke mápin ámelge asırıwǵa, yaǵnıy payda alıwǵa umtılıp, miynet bóliniwshiligi sharayatında qandayda tovar yamasa xızmet túrin dóretedi, olardı basqalarǵa jetkerip beredi, óz kapitalın kóbeytedi hám sol umtılıwda ózi bilmegen halda jámiyetlik rawajlanıwǵa úles qosadı, dep túsindiredi. Ol kapital, miynet, tovar, jumıs kúshi hám basqa resurslardıń erkin háreketin támiyinlew printsipin alǵa súredi.

XIX ásirdiń aqırǵı shereginen ekonomikalıq teoriyanıń jańa baǵdarı *"ekonomiks"* júzege kele basladı. Dáslep, sonı aytıp ótiw kerek, bul baǵdar klassik ilimiy **baǵdardıń** tiykarǵı belgilerine iye edi. Birinshiden, usı baǵdar izertlewshileri ekonomikanı izertlewde biliw usıllarınıń keń sheńberine tiykarlanadı. Olar birinshi bolıp xojalıq processleriniń muǵdarlı óz-ara baylanısların anıqlawda matematikalıq usıllardan, ekonomikalıq psixologiya usıllarınan paydalandı. Ekinshiden *"ekonomiks"* wákilleri ekonomikalıq teoriyanıń predmeti sıpatında insanlar ortasındaǵı shólkemlestiriwshilik-ekonomikalıq qatnasıqlardı qaradı (klassiklerde jámiyetlik-ekonomikalıq qatnasıqlar). Ónimlerdiń sheńberli aylanısında tiykarǵı hám belgilewshi bolıp bazarǵa tán almasıw kelisimleri tán alındı.

Ekonomikalıq teoriya predmetiniń jańasha talqılanıwı xojalıq júrgiziwdiń bazar sisteması haqqındaǵı **marjinalizm** dep atalǵan bir pútin táliymatqa alıp keldi. Ol inglis sózinen alınǵan bolıp, aqırǵı, qosılǵan degen mánisti beredi. Onıń tiykarın

salıwshılar Avstriya ekonomikalıq mektebiniń wákilleri Karl Menger, Fridrix fon Vizer, Bem-Baverk hám basqalar bolıp, olar tárepinen qosılǵan tovar paydalılıǵınıń, qosılǵan miynet yamasa resurs ónimdarlıǵınıń páseyip barıw nızamı degen teoriyalar islep shıǵıldı. Marjinalizm teoriyası anıq alınǵan tovarǵa bolǵan talap hám onıń bahası ortasındaǵı baylanıs hám óz-ara tásirin analizlewde keń qollanıladı.

Ekonomikalıq teoriyanıń jańa baǵdarı **neoklassik,** yaǵnıy jańa klassik dep at aldı. Bul teoriyanıń jańa iri wákillerinen biri **A.Marshall** (1842-1924) bolıp, ol ekonomikalıq processlerdiń funktsional baylanısıwı hám funktsional salıstırmaların islep shıǵıwǵa háreket etken hám bazar teńsalmaqlıǵın hámde bahanı anıqlawshı faktorlar talap hám usınıstan ibarat dep qaraǵan. Bul teoriyalıq baǵdardıń wákillerinen biri shveytsariyalı ekonomist Leon Valras bolıp, ol ulıwma ekonomikalıq teńsalmaqlıq modeliniń tochkasın islep shıǵıwǵa háreket etken.

1936-jılda inglis ekonomisti **Djon Meynard Keyns** (1883-1946) óziniń *"Bántlilik, procent hám puldıń ulıwmalıq teoriyası"* atlı kitabında makroekonomikalıq kórsetkishler: milliy dáramat, kapital qárejetler, tutınıw hám toplawdıń eń maqsetke muwapıq tárizde qáliplesiwi ekonomikalıq rawajlanıwdıń áhmiyetli faktorı dep kórsetedi. Keyns táliymatı, yaǵnıy **keynsshilik mektebiniń** tásirinde ekonomikada makroekonomikalıq analiz jolǵa qoyıldı. Ol mámlekettiń ekonomikanı basqarıwda aktiv qatnasıwı zárúrligin dálilleydi.

Házirgi zaman ekonomikalıq teoriyasınıń áhmiyetli baǵdarlarınan biri **monetarizm** dep ataladı. Eger Keyns teoriyasınıń islep shıǵılıwında oraylıq mashqala jumıssızlıq bolǵan bolsa, monetarizm teoriyasınıń tiykarǵı mashqalası óndiris kóleminiń páseyip barıw sharayatında inflyaciyanıń júzege keliwi esaplanadı. Usı jaǵday stagflyaciya dep ataldı. Monetarizm mektebiniń tiykarın salıwshı **Milton Fridmen** bolıp, onıń ekonomikalıq teoriyaǵa qosqan úlesi pul teoriyasın jańa mazmun menen bayıttı. Monetaristler tovar islep shıǵarıw processine puldıń qayta tásir etiw mexanizmin, pul qatnasıqları hám monetar siyasattıń ekonomikanıń rawajlanıwına tásirin tereń izertledi. Monetarizm pul-kredit qatnasıqları járdeminde ekonomikanı tártipke salıwda ózine tán qatnas jasawdı júzege keltirgen teoriya esaplanadı.

Házirgi waqıtta marjinalizm, monetarizm, keynsshilik hám basqa bir qatar baǵdardaǵı ekonomikalıq teoriyalardıń jıyındısı *"Ekonomiks"* atamasındaǵı kitapta birlesken bolıp, ol AQSh, Angliya hám basqa bir qatar mámleketlerde oqıwlıq sıpatında oqıtıladı. Rus tiline awdarma islenip, bizge málim bolǵan P.Samuelson, R.Makkonnell hám L.Bryulardıń kitapları onıń úlgileri esaplanadı.

Házirgi waqıtta bul baǵdardaǵı pán bizde hám basqa bir qatar ĠMDA mámleketlerinde "Ekonomikalıq teoriya" dep atala basladı.

## 2-lekciyanıń jobası:

1. Ekonomikalıq teoriy pániniń predmeti hám ilim sıpatında atqaratuǵın wazıypaları.
2. Ekonomikalıq kategoriyalar hám ekonomikalıq nızamlar.
3. Ekonomikalıq processlerdi úyreniw usılları

## 1. Ekonomikalıq teoriy pániniń predmeti hám ilim sıpatında atqaratuǵın wazıypaları

Ekonomikalıq teoriyanıń hár qanday pán sıyaqlı óz predmeti bar. Bul pándi biliw ushın eń dáslep ol neni úyretiwin anıqlap alıw zárúr. Ekonomikalıq teoriya pán sıpatında payda bolǵannan baslap, búgingi kúnge shekem onıń predmetine hár qıylı táriyip berip kelingen. Ekonomika páni payda bolǵan waqıtları (XVII ásir) onı

politekonomiya (xojalıqtı júrgiziw haqqındaǵı pán) dep ataǵan, onıń predmeti tovar almasıw, yaǵnıy sawda-satlıq dep qaraǵan. XVIII ásirdiń aqırı hám XIX ásirdiń baslarında politekonomiya baylıqtı úyrenedi dep aytılǵan.

Marjinalizm aǵımınıń wákilleri politekonomiya tovarlar paydalılıǵın hám onı adamlar qalay qabıl etiwin úyreniwshi pán dep táriyiplegen. Bul aǵımnıń sońǵı iri wákili A.Marshalldıń jazıwınsha: *"Politekonomiya yamasa ekonomika páni adamzat jámiyetiniń normal turmıslıq xızmetin izertleydi. Ol individual hám jámiyetlik háreketlerdiń sonday tarawın úyrenedi, ol jaqsı jasawdıń materiallıq tiykarın jaratıw menen tıǵız baylanısqan"*[1]. A.Marshalldıń pikirine muwapıq bul pán insannıń ekonomikalıq háreketlerin úyrenedi. Bul ideya házirgi waqıtta da tán alınadı. Batıstaǵı iri ekonomistler ekonomikalıq teoriya qanday pán degende, oǵan qısqa hám ápiwayı etip juwap beriwge bolmaydı dep esaplaydı. P.Samuelson[2] usınnan kelip shıǵıp, tómendegilerdi jazadı:

1. Ekonomikalıq teoriya – almasıw, pullı kelisimler menen baylanıslı ekonomikalıq xızmet túrleri haqqındaǵı pán.

2. Ekonomikalıq teoriya – hár qıylı tovarlardı (biyday, mal góshi, jollar, kishi kemeler) islep shıǵarıw maqsetinde adamlar tárepinen siyrek hám sheklengen ónimli resurslardan (jer, óndiriske mólsherlengen tovarlar, miynet, mashinalar, texnikalıq kelisimler) paydalanıwı haqqındaǵı pán.

3. Ekonomikalıq teoriya – adamlardıń kúndelikli isbilermenlik xızmeti, adamlardıń tirishiligi ushın qarjı tabıwı hám onnan paydalanıwı haqqındaǵı pán[3].

Rossiyalı ekonimist alımlar I.K.Stankovskaya, I.A.Sterlecler avtorlıǵındaǵı "Ekonomicheskaya teoriya" oqıwlıǵında *"Resurslardıń sheklengenlik xarakteri menen insannıń qálewi hám mútájlikleri ortasındaǵı qarama-qarsılıq barlıq ekonomikalıq mashqalalardıń tiykarın hám ol ekonomikalıq teoriyanıń predmetin anıqlaydı"*[4], dep keltirilgen.

Ózbekstanlı economist alımlar Sh.Shodmonov, U.Ǵafurovlardıń avtorlıǵındaǵı "Iqtisodiyot nazariyasi" oqıwlıǵında bolsa, *"Ekonomikalıq teoriya pániniń predmeti – ekonomikalıq resusrlardıń sheklengenligi sharayatında jámiyettiń sheksiz mútájliklerin qanaatlandırıw maqsetinde turmıslıq ónimlerdi hám xızmetlerdi islep shıǵarıw, bólistiriw, almasıw hám tutınıw processinde júzege keletuǵın ekonomikalıq qatnasıqlardı, jámiyetlik xojalıqtı nátiyjeli júrgiziwdiń nızam-qaǵıydaların úyreniwden ibarat"*[5], dep keltirilgen. Bunnan pánniń predmeti hár qıylı eken degen juwmaq shıqpaydı, ekonomistlerdiń hár biri pánniń predmetine hár tárepleme qatnas jasaw tiykarında túrlishe anıqlamalar bergen.

Házirgi waqıtta kópshilik ekonomistler ekonomikalıq teoriyanı sheklengen resurslar sharayatında ekonomikalıq xızmettiń tańlap alınıwı menen baylanıslı pán dep qaraydı. Mine usınnan kelip shıǵıp bul pánniń predmetine tómendegishe anıqlama beriwimizge boladı.

**Ekonomikalıq teoriyanıń predmeti *(the subject of economic theory)* – bul adamlardıń sheklengen ekonomikalıq resurslar sharayatında alternativ xojalıq júrgiziw tiykarında óz mútájligin qanaatlandırıwǵa qaratılǵan háreketleri, olardı belgilewshi ekonomikalıq sharayatlar esaplanadı.**

Bul sharayatlar obektiv, yaǵnıy insan óz bilgeninshe onı ózgerte almaydı, biraq usı sharayattı bilgen halda óz xızmetin oǵan iykemlestirip shólkemlestiredi. Barlıq

---

[1] *A.Marshall*. Printsipı ekonomicheskoy nauki. M.: 1993, str. 5.
[2] *P.Samuelson* – AQSh alımı, Nobel sılıǵı laureatı.
[3] *P.Samuelson*. Ekonomika. Tom 1, M.: 1992, str. 7.
[4] И.К.Станковская, И.А.Стрелец. Экономическая теория. Учебник. – М.: 2009. стр. 14.
[5] Шодмонов Ш.Ш., Ғофуров У.В. Иқтисодиёт назарияси. Дарслик. – Т.: 2010. 30 бет.

adamlardıń anıq maqsetti gózlegen ekonomikalıq háreketleri óz-ara baylanısqan halda jámiyettiń ekonomikalıq turmısın payda etedi hám onı ekonomikalıq teoriya analizleydi.

Ekonomikalıq teoriya pán sıpatında bir qatar wazıypalardı orınlaydı. Olardan birinshisi – **biliw wazıypası.** Bunda teoriyanı úyreniw arqalı ekonomikalıq hádiyselerdiń ne ekenligi, olardı qanday jaǵdaydıń júzege shıǵarıwı, olar nege alıp keliwi anıqlap alınadı. Teoriya ekonomikanıń sırların úyretip, adamlardı olar menen tanıstıradı, olardıń bilim dárejesin arttıradı.

Ekonomikalıq teoriya pániniń ekinshi wazıypası - bul basqa ekonomikalıq pánler ushın **teoriyalıq tiykar** bolıp xızmet etiwi. Bul pán ulıwma teoriyalıq, yaǵnıy ekonomikaǵa tán bolǵan ulıwmalıq nızam-qaǵıydalardı úyrenedi. Sol tárepi boyınsha ol basqa jeke funkcional teoriyalardan, mısalı, finans teoriyası, pul teoriyası, statistika teoriyası, buxgalteriyalıq esap teoriyası sıyaqlı pánlerden ózgeshelenedi. Ekonomikalıq teoriya ulıwmalıq pán bolǵanlıqtan, ol tiykarlaǵan teoriyalıq nızam-qaǵıydalarǵa basqa ekonomikalıq pánler súyenedi.

Mısalı, teoriyada tiykarlap berilgen talap kategoriyasınıń analizine mikroekonomika, makroekonomika, marketing, kárxana ekonomikası, menedjment sıyaqlı pánler tiykarlanadı.

Ekonomikalıq teoriya pániniń úshinshi wazıypası – bul onıń ámeliyat (praktika) ushın **ilimiy tiykar** bolıp xızmet etiwi, oǵan ulıwmalıq tárizdegi usınıslar beriwi. Bul pán málim firmanıń xızmeti yamasa úy xojalıǵınıń qalay shólkemlestiriliwi haqqında usınıslar bermeydi. Onıń usınısları ulıwma ekonomikalıq xarakterge iye nızam-qaǵıydalarǵa qalay tiykarlanıwǵa tiyisli boladı. Bul usınıslar ekonomikalıq siyasattı jetilistiriwge qaratıladı. Olar mámlekettiń, firmalardıń, úy xojalıqlarınıń, xalıq aralıq ekonomikalıq birlespeler hám shólkemlerdiń siyasatına tiyisli boladı. Demek, teoriya praktika menen **ekonomikalıq siyasat** arqalı baylanısadı. Ekonomikalıq siyasatta ol yaki bul teoriyalıq ideyaǵa tiykarlanadı. Bunı tariyxıy maǵlıwmatlar menen tastıyıqlawımız múmkin. 1929-1933-jılları AQSh úlken ekonomikalıq kriziske ushırap, ekonomikalıq jaqtan júdá hálsiz bolıp qalǵan, onnan shıǵıw ushın sol waqıtta AQSh prezidenti F.Ruzvelttiń “Jańa kurs” dep atalǵan siyasatı ámelge asırılǵan. Bul siyasat krizisten shıǵıw ushın mámleket ekonomikaǵa aktiv aralasıwı zárúr degen ideyaǵa tiykarlanǵan. XX ásirdiń 70-jıllarınıń 2-yarımındaǵı krizisten shıǵıw ushın AQSh húkimeti prezidenti atı menen aytılǵan “Reygonomika” siyasatı tiykar etip alınǵan. Bul ekonomikanıń turaqlı ósip barıwın bazar kúshleri, bazar mexanizminiń ózi támiyinley aladı, sonlıqtan mámleket ekonomikanı erkin jiberip, óziniń ekonomikalıq xızmetin sheklewi kerek, degen teoriyalıq juwmaqqa tiykarlanǵan “Reygonomika” siyasatı AQSh ekonomikasın krizisten shıǵıp ósip ketiwin támiyinlegen.

Ekonomikalıq teoriya pániniń tórtinshi wazıypası - bul **ideyalıq-tárbiyalıq wazıypa.** Bul wazıypa sonnan ibarat, onıń járdeminde studentler, qánigeler hám ekonomika ilimin úyreniwshilerdiń ilimiy dúnya kóz-qarası qáliplestiriledi, milliy ǵárezsizlik ideyasın student jaslar sanasına sińdiredi, olardı xalıq mápleri jolında ekonomikanı rawajlandırıw, milliy ónimdi hám baylıqtı kóbeytiw, milliy puldıń qádirin arttırıw, mámleket xalqınıń turmıs dárejesin kóteriw ruwxında tárbiyalaydı. Ekonomikalıq teoriya student jaslarǵa materiallıq ónimlerdiń insan miynetiniń nátiyjesi ekenligin túsindirip, olardı miynet hámde sheklengen resurslardı únemlew ruwxında tárbiyalaydı.

## 2. Ekonomikalıq kategoriyalar hám ekonomikalıq nızamlar.

Teoriya ekonomikalıq hádiyseler, processler hám olardaǵı ózgerislerdi ekonomikalıq kategoriyalar járdeminde túsindirip beredi, yaǵnıy olardı analizlew hám túsindiriw arqalı óz predmetin úyrenedi.

**Ekonomikalıq kategoriyalar (*economic categories*) – bul ekonomikanı úyreniwde qollanılatuǵın teoriyalıq túsinikler bolıp, olar real ekonomikalıq jaǵdaydıń ilimiy sáwlelelendiriliwi.**

Teoriyada kategoriyalar 2 toparǵa bólinedi:

**1. Ulıwma ekonomikalıq kategoriyalar** – bular ekonomikalıq rawajlanıwdıń barlıq basqıshlarına tán bolǵan kategoriyalar, mısalı, mútájlik, miynet, óndiris, ónim, jumıs kúshi, ekonomikalıq resurs, tutınıw, toplaw sıyaqlı túsinikler. Bular ekonomikanıń ulıwmalıq táreplerin túsindiredi, olar hár qanday ekonomikalıq sistemaǵa salıstırmalı qollanıladı.

**2. Ayırım social-ekonomikalıq sistemaǵa tán bolǵan kategoriyalar.** Mısalı, tovar, pul, talap, usınıs, baha, kredit, emissiya, inflyaciya sıyaqlı túsinikler bazar sistemasına tán bolıp, olar sol sistemanıń analizinde qollanıladı. Ekonomika jańalanıp barǵanlıǵı sebepli onı analizlewde jańa kategoriyalar bul pánge kirgiziledi. Mısalı, retsessiya, integraciya, globalizaciya, infrastruktura, restruktrizaciya, privatizaciya, modernizaciya degen túsinikler ekonomikalıq teoriyaǵa jańadan kirgizilgen kategoriyalar esaplanadı.

Ekonomikalıq teoriyada ekonomikalıq hádiyselerdi ulıwmalastırıw tiykarında nızamlar táriyiplenedi.

**Ekonomikalıq nızamlar (*economic laws*) – ekonomikalıq processlerdiń túrli tiykarǵı tárepleri ortasındaǵı áhmiyetli tákirarlanıp hám júzege kelip turatuǵın úzliksiz, ekonomikalıq zárúrlikti payda etiwshi sebep-aqıbetti bildiriwshi óz-ara baylanıslar.**

Nızamlar málim ekonomikalıq process hám ayırım hádiyselerdiń quramalılıǵın bildiredi. Kategoriyalar sıyaqlı ekonomikalıq nızamlar da túrlishe boladı. Olar tómendegi toparlarǵa bólinedi:

**1. Ulıwma ekonomikalıq nızamlar** – jámiyetlik rawajlanıwdıń barlıq basqıshlarında, ekonomikanıń anıq sistemasına qaramastan háreket etiwshi nızamlar. Olardıń qatarına miynet bóliniwshiligi, toplaw, miynet ónimdarlıǵınıń ósip barıwı, mútájliklerdiń ósip barıwı nızamları sıyaqlı nızamlar kiredi.

**2. Ayırım ekonomikalıq sistemalarǵa tán nızamlar,** bular – arnawlı ekonomikalıq nızamlar – tek ǵana málim social-ekonomikalıq sistema sheńberinde háreket etiwshi, sol sistemanıń ózine tán ózgesheliklerin sáwlelendiriwshi nızamlar. Mısalı, talap nızamı, usınıs nızamı, normadaǵı paydalılıq nızamı, báseki nızamı bazar sistemasına tán nızamlar sıpatında úyreniledi.

## 3. Ekonomikalıq processlerdi úyreniw usılları

Ekonomikalıq teoriya páni ekonomikalıq processlerdi úyreniwde bir qatar metodlardan paydalanadı.

**Metod** - bul ekonomikalıq qubılıslardı teoriyalıq hám ámeliy izertlewdiń usıllarınıń jıyındısı esaplanadı. Eń kóp qollanılatuǵın metodlardan biri ilimiy abstrakciya metodı bolıp, bunda hádiyseler anıqlılıqtan abstrakciyalıqqa qaray úyreniledi.

**Ilimiy abstrakciyada** úyrenilip atırǵan qubılıstıń túp mánisine sezilerli tásir kórsetpeytuǵın ekinshi dárejeli, ótkinshi elementler izertlewlerdi qıyınlastırmaw máqsetinde abstrakciyalanadı. Ilimiy abstrakciyada - oylaw járdeminde ekonomikalıq qubılıslardıń mánisi izbe-iz ashıp berilip, onıń kózge kórinbeytuǵın tárepleri de bilip alınadı. Olar tiykarında teoriyalıq juwmaqlar beriledi.

Ilimiy abstrakciya eń áhmiyetli metod, biraq ol ekonomikalıq teoriyadaǵı birden-bir metod emes.

Ekonomikalıq qubılıslardı hár tárepleme ashıp beriwde analiz hám sintez, pozitiv hám normativ, funkcional analiz, ekonomikalıq- matematikalıq modellestiriw, indukciya hám dedukciya, tariyx hám logikanıń birligi, ekonomikalıq eksperiment metodlarınan da keń paydalanıladı.

Ekonomikalıq qatnasıqlar sisteması judá quramalı duziliske iye. Sonlıqtan,analizlewde kóplegen ekonomikalıq qubılıslar ishinen sol ekonomikalıq sistemaǵa tiyislileri ajıratıp alınadı. Olardı izertlew qubılıslar hám faktler ortasındaǵı ishki logikalıq óz-ara baylanıslardı jáne sol sistemanıń rawajlanıw baǵdarların belgilep beriwge mumkinshilik beredi. Bunda pozitiv hám normativ analizden paydalanadı.

**Pozitiv analizde** - ekonomikalıq hádiyseler hám subektler óz halınsha, yaǵnıy izertlewshi aldında qanday turǵan bolsa, sol túrinde úyreniledi. Statistikalıq maǵlıwmatlar hám ekonomikalıq faktlerdi toplaw hám analizlew olarǵa baha beriwlersiz ámelge asırıladı (unamlıma yaki unamsızba, jetkiliklime yaki jetkiliksizbe).

**Normativ analiz** - bul ekonomikalıq qubılıslardıń anıq bir sharayatlarda qanday bolıwı kerekligi haqqında bar bolǵan teoriyalıq hám ámeliy kóz-qaraslardı izertlew bolıp esaplanadı. Bul metod anıq bir qubılıslarǵa baha beriwde onıń normadan qansha parıqlanıwın kórsetedi. Mısalı, inflyaciyanıń normadan kúsheyip ketiwi, óndiris pátleriniń tómenlep ketiwine jol qoymaw h.t.b.

**Indukciya metodı** járdeminde faktler toplanıp, sistemaǵa keltiriledi hám usı toplanǵan faktler ulıwmalastırılıp, olardan teoriyalıq juwmaq shıǵarıladı. **Dedukciya**da bolsa gipotezalar keltirilip hám bul gipotezalar faktler járdeminde tekseriledi. Ekonomikalıq qubılıslardı izertlewde tariyx hám logikanıń birligi metodı da ayrıqsha áhmiyetke iye. Ekonomikalıq qubılıslar tariyxıy process sıpatında rawajlanadı, qálegen qubılıstı analizlew onıń kelip shıǵıw tariyxınan baslanadı. Mısalı bazar ekonomikasın analizlegenimizde onı dáslepki tovar almasıwı júzege kelgen dáwirden baslap, yaǵnıy stixiyalı bazardan házirgi rawajlanǵan bazarǵa shekem tariyxıy process retinde alıp qaraymız.

## 2-TEMA ÓNDIRIS PROCESSI HÁM ONÍŃ NÁTIYJELERI

### 1-lekciyanıń jobası

1. Óndiris processiniń mazmunı hám onıń ekonomikalıq tiykarları
2. Óndiris faktorları hám olardıń óz-ara baylanısları
3. Óndiristiń tákirarlanıp turıwı

### 1. Óndiris processiniń mazmunı hám onıń ekonomikalıq tiykarları

Óndiris adamnıń tábiyat baylıqlarına olardı insan mútájliklerin qanaatlandırıwǵa iykemlestiriw maqsetindegi tásir ótkeriwi bolıp tabıladı. Demek, insan óndiris processi arqalı tábiyatqa óz tásirin ótkeredi hám bul processte ol basqalar menen de óz-ara qatnasıqta boladı. Óndiris processin miynet processi dep te alıp qarawǵa boladı. Sebebi insan óz miyneti arqalı tábiyatqa tásir etip, adamlardıń kún kórisi ushın zárúr bolǵan nárselerdi jaratadı. Demek, óndiris insannıń jasawınıń materiallıq tiykarı retinde tutınıwǵa xızmet etedi. Tutınıw processi ónimlerdiń talaplardı qanaatlandırıw ushın isletiliwi menen birge, óndiristi háreketke keltiriwshi kúsh bolıp ta tabıladı. Yaǵnıy tutınıw arqalı belgili talaplardıń qanaatlandırılıwı, jańa talaplardı keltirip shıǵaradı hám ol óndiris ushın túrtki boladı. Óndiris processi ushın bólistiriw hám almasıw basqıshları da ayrıqsha áhmiyetke iye. Sırttan qaraǵanda bólistiriw hám almasıw óndiriske salıstırılǵanda passiv xızmetti atqaratuǵın sıyaqlı bolıp kórinedi.

Óndiris processi individual tárizde, ayırım adamlar yamasa kárxana, xojalıqta birlesken adamlar jámááti tárepinen ámelge asırıladı. Mısalı, ónerment yamasa jeke diyxan ónimlerin óziniń individual miyneti menen jaratadı. Bunnan ózgesherek firma yamasa fermer xojalığında óndiris birgeliktegi jámáát miynetine tiykarlanadı. Kárxanalar hám xojalıqlar óndiristegi sektorlardı, sektorlar bolsa birgeliktegi milliy (mámleket kólemindegi) óndiristi payda etedi.

Milliy óndiris úsh sektorlı boladı:

1. Industrial sektor. Buǵan sanaat, qurılıs hám kommunikaciya (transport, baylanıs) kiredi.

2. Agrar sektor. Bunı awıl xojalıǵı quraydı.

3. Xızmet kórsetiw (servis) sektorı. Bunı xalıqqa, kárxanalar hám shólkemlerge xızmet kórsetiwshi tarawlar quraydı.

Bul sektorlar óndiriste túrli rol oynaydı hám bul ekonomikalıq potencialǵa baylanıslı boladı. Ekonomika rawajlanǵan sayın industrial sektor hám xızmet kórsetiw sektorınıń roli artıp baradı. XXI ásir ekonomikası xızmet kórsetiw sektorınıń ústinligi menen ajıralıp turadı.

Qay jerde bolmasın, bári bir óndiris tutınıw ushın zárúr bolǵan ónim hám xızmetlerdi jaratıwdan ibarat boladı. Adamlar ushın óndiristiń ózi emes, al ol jaratqan ónimler áhmiyetlirek. Sebebi jámiyet hám onıń hár bir aǵzası ushın óndiris nátiyjeleri birinshi dárejeli áhmiyetke iye.

Jámiyet aǵzalarınıń óndirislik xızmetiniń nátiyjesi – bul jaratılǵan barlıq ónimler hám xızmetlerdiń kompleksi. Olardıń adamlar mútájligin qanaatlandıra alıw qábileti olardıń **paydalılıǵı** esaplanadı.

Óndiris ónimniń aqırǵı nátiyjede qalay isletiliwine qarap differenciaciyalanadı. Usı tárepi boyınsha ol eki bólimge bólinedi:

1. **Tutınıw buyımların islep shıǵarıw.** Bul jerde adamlar mútájlikti qanaatlandırıwshı hám olardıń turmısın jaqsılawshı ónimler jaratıladı. Olarǵa tómendegiler kiredi: a) aǵımdaǵı tutınıwdı qanaatlandırıwshı azıq-awqat, kiyim-kenshek, sanitariya hám gigiena ushın zárúr ónimler; b) uzaq múddette isletiletuǵın ónimler, mısalı, avtomashina, televizor, muzıka orayı, muzlatqısh, mebel sıyaqlılar; v) túrli sociallıq xızmetler, atap aytqanda bilim beriw, qánigeligin jetilistiriw, emlew, dem alıw, sayaxat etiw xızmetleri.

2. **Materiallıq resurslardı islep shıǵarıw.** Bul jerde óndiriste tutınılatuǵın barlıq qurallar, sonıń ishinde mashinalar, túrli mexanizmler, qol miyneti quralları, shiyki zat, janılǵı, elektroenergiya, tutastırıwshı bólekler hám óndiriske kerekli xızmetler (júk tasıw hám saqlaw, baylanıs ornatıw, jol xızmeti, resurslardı jetkerip beriw) kiredi. Usı ónimlerdi tutınıw óndiristi úzliksiz dawam ettiriw ushın zárúr boladı.

## 2. Óndiris faktorları hám olardıń óz-ara baylanısları

Hár qanday ekonomikalıq sistemanıń tiykarın óndiris quraydı, sebebi bul jerde tirishilik ónimleri jaratıladı, bunıń ushın bolsa óndiris faktorları háreketke keliwi shárt. Ne nárse óndiriske xızmet etse, sol onıń faktorı boladı, bul resurslardan ibarat.

**Óndiris praktikasında qollanılıp atırǵan barlıq resurslar óndiris faktorları dep aytıladı.**

Ekonomikanıń sisteması hám forması qanday bolıwına qaramastan óndiris processinde úsh faktordıń: jumıs kúshi, miynet predmeti hám miynet qurallarınıń bolıwın talap etedi.

Turmıslıq ónimlerdi jaratıwda qatnaspay biykar jatqan (paydalanılmay atırǵan) resurslar óndiris faktorları bola almaydı. Mısalı, isletilmey tat basıp atırǵan stanok,

shirip baratırǵan shiyki zat, egindi suwǵarmay batpaqlıq payda etip atırǵan suw, islemey atırǵan adamnıń miynet etiw qábileti sıyaqlılar resurs esaplansada, óndiris faktorı bola almaydı, sebebi bular ónimlerdi islep shıǵarıwda qatnaspaydı. Demek, resurslar óndiriske kirip kelip hárekette bolǵannan soń faktorlardı payda etedi.

**Jumıs kúshi *(labor force)*** degende biz adam organizimindegi fizikalıq hám ruwxıy qábiletlerdiń jıyındısın túsinemiz. Jumıs kúshi miynet etiw qábiletine iye bolǵan adamlar ushın tán boladı. Biraq jumıs kúshi insannıń ózi yamasa onıń miyneti emes, al onıń qábiletinen ibarat boladı.

Ekonomikalıq ádebiyatlarda da óndiris faktorları hár tárepleme talqılanǵan. Házirgi zaman teoriyasında óndiriste 5 faktordıń qatnasıwı keltiriledi, olar tábiyat (jer), jumıs kúshi, kapital, isbilermenlik qábilet hám informaciya (2.1-sızılma).




***2.1 – s ı z ı l m a. Óndiris faktorları***

Óndiris faktorları ónimlerdi jaratıwda túrli dárejede qatnasadı. Soǵan qaray olar 3 toparǵa ajıratıladı: jeke-insan faktorı, materiallıq faktor, xabar-informaciyalıq faktor.

**Jeke-insan faktorı – bul jumıs kúshi, onıń háreket etiw nátiyjesi bolǵan miynet.**

Insan faktorın jumısshı, xızmetshi yamasa diyxannıń is qábileti menen sheklep bolmaydı. Buǵan álbette isbilermenlik qábileti de kirgiziledi, biraq bul ayrıqsha

faktor esaplanadı. Bul ózine tán júdá siyrek ushırasatuǵın qábilet bolıp, ónim hám xızmetlerdi jaratıwda shólkemlestiriwshilik-basqarıw xızmeti menen qatnasadı.

Óndiris processi júz bergende tábiyat inam etken shiyki zat hám materiallar miynet járdeminde qayta isleniwi kerek hám bunıń ushın miynet quralları talap etiledi. Sol sebepli óndiriste materiallıq faktorlar da qatnasadı.

**Óndiristiń materiallıq faktorı – bul onıń ushın zárúr bolǵan barlıq miynet quralları hám materiallıq formadaǵı shiyki zatlar.**

Bul faktordı tábiyat inam etken baylıqlar hám adamlar jaratqan miynet quralları quraydı.

**Kapital *(capital)* óndiris faktorı sıpatında materiallıq, yaǵnıy miynet quralı kórinisine iye boladı.**

Kapital túsinigi de túrlishe ádebiyatlarda túrlishe talqılanǵan. Kópshilik ádebiyatlarda kapital túsinigi tariyxıy túsinik dep qaralıp, onıń kapitalizmge tán ekenligin dálilleydi hám kapitaldı óz iyesine qosımsha dáramat keltiriwshi qun, óz-ózine kóbeyiwshi, ósiwshi qun dep esaplaydı. Ayırım batıs ekonomistleri de, mısalı, J.Klark, L.Valras, I.Fisherler kapitalǵa dáramat keltiriwshi, payda keltiriwshi, procent keltiriwshi qun dep qaraydı. Rossiyalı ekononomist E.N.Lobacheva kapital – bul insan ushın tovar hám xızmetler islep shıǵarıwǵa arnalǵan ekonomikalıq resurslar dep keltiredi[6].

Bazar ekonomikası jaǵdayında óndiristi rawajlandırıwdıń áhmiyetli faktorlarınan biri isbilermenlik qábileti esaplanıladı.

**Isbilermen dep ekonomikalıq resurslar, yaǵnıy óndiris ásbapları hám jumıs kúshi resurslarınıń, tábiyiy resurslardıń bir-birine birigiwin támiyinleytuǵın, shólkemlestiriwshi, baslamashı, jańalıqqa umtılıwshı, ekonomikalıq hám basqa qáwip-qáterden, juwapkershilikten qorqpaytuǵın adamlarǵa aytıladı. Bul qábiletlerdiń jıyındısı isbilermenlik qábileti dep júrgiziledi.** Demek, isbilermenlik qábiletine iye bolıw ushın jańalıqqa umtılıwshı, jańa óndiris texnologiyasın engiziwshi biznesti shólkemlestiriwdiń jańa formaların oylap tabıwshı táwekelshil hám biznes sırın biletuǵın bolıwı kerek.

Óndiris faktorları quramında **informaciya** ayrıqsha orın iyeleydi. Bul faktor materiallıq yamasa fizikalıq kúsh formasına iye emes, ol túrli maǵlıwmatlar kórinisinde boladı. Málim informaciyaǵa tiykarlanǵan halda óndiris júz beredi, kelgen informaciyaǵa qarap neni, qansha islep shıǵarıw máselesi sheshiledi. Informaciya social-ekonomikalıq, demografiyalıq, tábiyiy-texnikalıq hám siyasiy xarakterge iye boladı hám soǵan qarap óndiris shólkemlestiriledi. Mısalı, baha qımbatlaydı degen maǵlıwmat kelse óndiris keńeyttiriledi, bahanıń páseyiwi kútilse bunıń kerisi boladı. Eger ónimi joqarı texnika bar degen maǵlıwmat bolsa onı qollanıw ilajları kóriledi. Internetten alınǵan maǵlıwmattan paydalanıp ónimdi óz waqtında satıw, kerekli resurslardı satıp alıw hám hátteki sherik tabıw múmkin.

## 3. Óndiristiń tákirarlanıp turıwı

Sheksiz mútájliklerdi qanaatlandırıw ushın ónim hám xızmetlerdi úzliksiz túrde islep shıǵarıw kerek, sebebi óndiriste úzilis júz berse adamlardıń turmıslıq mútájlikleri qanaatlandırılmaydı. Óndiris bir márte júz bermesten turaqlı jańalanıp, qaytalanıp turadı, nátiyjede tirishilik ónimleri úzliksiz jaratılıp barıladı.

**Óndiristiń jańalanıwı, onıń qaytalanıp turıwı tákirar óndiris dep ataladı.** Tákirar óndiristiń úsh túri boladı: ápiwayı, keńeyttirilgen hám tarayǵan (qısqarǵan) tákirar óndiris. **Ápiwayı tákirar óndiris** bolǵanda onıń kólemi ózgermeydi. Bunda

[6] Лобачева К.Н. Экономическая теория. Учебник. -М .: Юрайт, 2012. стр. 22

óndiris kólemi ózgermey qalǵanlıqtan xalıq sanı ósken jaǵdayda jan basına esaplanǵan ónim hám xızmetler qısqaradı. **Keńeyttirilgen tákirar óndiris** – bul óndiristiń onıń kólemi artqan halda tákirarlanıwı, yaǵnıy jańalanıp turıwı esaplanadı. Bunda dóretilgen ónim hám xızmetlerdiń muǵdarı artıp, olardıń quramı jańalanıp baradı, yaǵnıy eski ónimler ornına jańaları keledi. Óndiris keńeygen jaǵdayda jan basına esaplanǵan ónim hám xızmetlerdiń muǵdarı hám soǵan muwapıq olardıń tutınıwı artadı. Aldıńǵı mısalǵa qaytsaq, házir óndiris kólemi 100 mlrd. birlik bolsa, kelesi jılı ol keńeyiw sebepli 110 mlrd.qa jetedi. Eger xalıq sanı ózgermese, bul jan basına tutınıw aldıńǵı 800 mıń ornına 850 mıńǵa jetkeriledi, jan basına toplawdı 20 mıńnan 22 mıń birlikke jetkeredi. Nátiyjede mútájliktiń qanaatlandırılıwı keleshekte artadı.

Házirgi zaman ekonomikasına tán belgi keńeyttirilgen tákirar islep shıǵarıwdıń júz beriwi esaplanadı. Ónimler hám xızmetler óndiris keńeygenligi ushın olardıń jan basına tutınıwı da kóbeydi. Biraq óndiristiń jaǵdayı mámleketler boyınsha bir-birinen parqlanadı. Eger bir jerde ol ósip barsa, basqa jerde ol terbelip turadı, jáne basqa jerde ol hátteki qısqaradı.

**Taraytǵan (qısqarǵan) tákirar óndiris** – bul óndiris kóleminiń aldıńǵıdan qısqarıp ketiwi esaplanadı. Biziń mısalımızda ápiwayı tákirar óndiris júz bergende 100 mlrd. birlik ónim jaratılar edi. Óndiris qısqarıp ketkende ónim kólemi, mısalı 90 mlrd. birlikke túsedi, nátiyjede xalıqtıń jan basına tutınıw da qısqaradı. Qısqarǵan tákirar óndiris tereń ekonomikalıq krizis, urıslar, tábiyiy yamasa texnogen apatshılıqlar sebepli júz beredi hám ótkinshi xarakterge iye boladı, sebebi onnan tezde shıǵıp ketiledi. Ózbekstanda ótmishtegi miyras qalǵan krizis sebepli 1991-1994-jıllarda óndiris qısqarıp ketti. 1995-jılǵa kelip óndiristiń páseyiwi toqtadı, ápiwayı tákirar óndiris boldı. 1996-2018-jıllarda keńeyttirilgen tákirar óndiris gúzetildi.

## 2-lekciyanıń jobası

1. Óndiris imkaniyatları hám óndiris shegarası
2. Óndiris nátiyjeligi hám onıń kórsetkishleri

### 1. Óndiris imkaniyatları hám óndiris shegarası

Óndiris shegarası qansha ónim islep shıǵarıw zárúrligi hám onıń imkaniyatları menen belgilenedi. Málim waqıtta qálegenshe islep shıǵarıw múmkin emes, sebebi bunı sheklep turıwshı faktorlar boladı, olardı birden ózgertip bolmaydı.

**Óndiris imkaniyatlarınıń shegaralanıwı mútájlikke hám onı qanaatlandırıw qurallarına qarap málim waqıtta qansha ónim islep shıǵarıw múmkin ekenligin bildiredi.**

Óndiris shegarasın mútájliktiń úlken-kishiligi, bunı resurslardıń jeterli bolıwı yamasa jetispewshiligi belgileydi. Ádette mútájlikler tez ósken halda resurs imkaniyatları bunnan arqada qaladı. Usınday sharayatta qosımsha ónimdi islep shıǵarıw qanshelli maqul ekenligi názerde tutıladı. Qosımsha ónim shıǵarıw onıń qárejeti artqanǵa shekem dawam etedi. Bul shegaraǵa jetkennen soń óndiris kóp qárejet talap etetuǵın iske aylanadı, sonlıqtan qárejetlerdi únemlew usılın tabıw zárúrligi payda boladı. Bunıń jolı tabılǵannan soń jáne qosımsha islep shıǵarıw múmkin boladı.

Faktorlar salıstırmasınıń qanday bolıwın sızılmada kórip ótemiz (2.2-sızılma). Sızılma payda etiw ushın islewshiler (insan faktorı) hám stanoklar (materiallıq faktor) salıstırmasın alamız.




***2.2-sızılma.* Óndiris faktorlarınıń salıstırması**

Sızılmada eki faktordıń túrli salıstırması kórsetilgen (basqa faktorlar ózgermegen dep shamalaymız) AV sızıǵı bir islewshige bir stanok tuwrı keliwin kórsetedi (3:3=1). Bul jerde stanok jetispeydi, SD sızıǵı ortasha bir islewshi 1,5 stanoktı islete alıwın (6:4=1,5) hám bul salıstırmalı maqul ekenligin bildiredi. EF sızıǵında islewshiler jetispegenlikten stanoklardıń bir bólegi biykar (islemey) turıp qaladı. Birinshi hám úshinshi jaǵdaylarda shegara bolǵan. Onnan shıǵıw ushın faktorlar sanın ózgertiw kerek. AV jaǵdayınan shıǵıw ushın stanoklar sanın, EF jaǵdayınan shıǵıw ushın islewshilerdi kóbeytiw zárúr. Mine sonda shegara saplastırıladı. Demek, shegara málim waqıtta payda boladı, soń onnan shıǵıw múmkin. Sebebi ol máńgi emes, al ótkinshi process.

## 2. Óndiris nátiyjeligi hám onıń kórsetkishleri

Sheklengen resurslar sharayatında mútájliklerdi tolıǵıraq qanaatlandırıw ushın óndiris nátiyjeligin turaqlı arttırıp barıw zárúr boladı, keri jaǵdayda turmıs dárejesin joqarılatıwdı támiyinlep bolmaydı.

**Nátiyjelik resurs shıǵınları menen óndiristen alınǵan nátiyjeniń salıstırılıwın bildiredi, yaǵnıy bul ne sarplap qanday nátiyjege eriskenligin kórsetedi.**

Nátiyjelik óndiristiń aqırǵı nátiyjesine qarap belgilenedi. Biraq bul nátiyje jumsalǵan shıǵınlar menen salıstırılıwı shárt. Aqırǵı nátiyje - ónim hám xızmetlerdiń pulda esaplanǵan muǵdarı, yaǵnıy qunı. Onı jaratıw ushın materallıq resurslar, informaciya-xabar hám jumıs kúshi sarplanadı, olardıń da puldaǵı qunı bar. Nátiyjelik (S) anıqlanǵanda dóretilgen ónim hám xızmetler qunı ($M_q$) menen resurslar shıǵını ($R_s$) salıstırıladı:

$$S = \frac{M_q}{R_s}$$

Bul arqalı jumsalǵan resurslar birligine qansha nátiyje alınǵanlıǵı anıqlanadı. Eger $M_q$=10 mlrd., $R_s$=5 mlrd. bolsa, S =10/5 = 2,0 boladı. Demek, jumsalǵan resurs birligine 2 birlik ónim alınǵan. Eger S=1,5 bolsa, nátiyjelik páseygen, eger S=2,2 bolsa ol artqan boladı. Nátiyjelikti basqasha esaplasa da boladı. Bunda resurslardıń sarıplanıwı nátiyje menen salıstırıladı, yaǵnıy $S = \frac{R_s}{M_q}$ payda boladı. Bul nátiyje qanday shıǵınlar esabınan alınǵanlıǵın bildiredi. Aldıńǵı mısalǵa qaytsaq S=5/10=0,5 payda boladı. Demek, bir birlik ónim alıw ushın 0,5 birlik resurs sarplanǵan. Bul ónimniń resurs sıyımlılıǵın kórsetedi. Eger S=0,6 bolsa, nátiyjelik páseygen, kerisinshe S=0,4 bolsa, nátiyjelik artqan boladı, sebebi ónimniń resurs sıyımlılıǵı kemeygen. Bul bolsa kem qárejet jumsap kóp ónim islep shıǵarılǵanlıǵın, qárejet hám nátiyjeniń unamlılıǵın bildiredi.

Nátiyjelik miynet ónimdarlıǵınıń nátiyjesi esaplanadı. Resurslar sheklengenliginen jámiyet óz mútájligin qanaatlandırıw ushın miynet ónimdarlıǵın arttırıw jolınan baradı. Miynet ónimdarlıǵı miynettiń nátiyjesin, miynet nátiyjeligin ańlatadı.

# 3-TEMA. EKONOMIKALIQ SISTEMALAR HÁM MENSHIK QATNASÍQLARÍ

## 1-lekciyanıń jobası:

1. Ekonomikalıq sistemalar hám olardıń tiykarǵı belgileri
2. Ekonomikalıq sistemalardıń túrleri hám olardıń orın almasıwı

## 1. Ekonomikalıq sistemalar hám olardıń tiykarǵı belgileri

Adamlardıń ekonomikalıq xızmeti jámiyette júz beredi, jámiyettiń bolsa ózine tán ishki dúzilisi, yaǵnıy anatomiyası bar bolıp, onıń quramında ekonomikalıq sistema ayrıqsha orın iyeleydi.

**Ekonomikalıq sistema – bul ekonomikalıq rawajlanıwdıń ulıwmalıq shárti bolıp, hár bir dáwirde háreket etetuǵın ekonomikalıq qatnasıqlar, ekonomikanı shólkemlestiriw formaları, xojalıq júrgiziw mexanizmi hám ekonomikalıq shólkemlerdiń óz-ara úzliksiz baylanısı tiykarında qáliplesken bir pútin ekonomikalıq dúzilisi.**

Sistemalar bahalanǵanda túrli teoriyalıq aǵımlar onıń baslı ólshemine túrlishe qatnas jasaydı. Olardan biri baslı ólshem sıpatında jámiyetlik-klasslıq ózgesheliklerdi alsa, basqası texnologiyalıq dárejesin yamasa tirishilik ónimlerin dóretiw usılların, jáne basqası basqarıwdıń túrlishe bolıwın tiykar etip aladı. Biraq kópshilik teoriyalarda sistemanıń belgilerine kompleks (bir pútinlikte) qaraw zárúrligi, biraq bul belgiler túrlishe bolıwı keltiriledi. Sistemalar bahalanǵanda materiallıq, social-ekonomikalıq hám ideyalıq sharayat birgelikte qaralıwı kerek. Bunda neni hám qanday usıllar menen islep shıǵarılıwı anıq boladı. Materiallıq sharayat belgileri bul dóretilgen ónim hám xızmetlerdiń qanday bolıwı, yaǵnıy olardıń natural ónim yamasa tovar ónimi bolıwı, olardıń strukturalıq dúzilisiniń qanday ekenligi, materiallıq formadaǵı yamasa materiallıq emes xızmet formasında bolıwınan ibarat.

Barlıq sistemalarda miynet bóliniwshiligi júz berip, miynet, birinshiden, qánigelesedi; ekinshiden, miynet túrleri bir-biri menen baylanısıp, bir-birin tolıqtıradı. Nátiyjede ónim jámiyettegi óz-ara baylanısqan miynet túrleriniń nátiyjesi boladı. Barlıq sistemalarda miynet túrleri orın almasadı, adamlar bir miynetten basqa miynetke ótedi, óz kásibin ózgertedi. Túrli sistemalarda, olardı payda etiwshi

belgilerdiń óz-ara baylanısıwı túrlishe boladı. Sonday baylanıslar arasında óndiris faktorlarınıń birigiw usılı tiykarǵı orındı iyeleydi, usı tárepi boyınsha sistemalar bir-birinen parqlanadı.

Sistema degende onıń quramında ekonomikalıq emes qatnasıqlardı, atap aytqanda, ideologiyalıq qatnasıqlardı da kóriw kerek, olar siyasiy, huqıqıy, morallıq, diniy hám basqa formalarǵa iye boladı. Biraq olardıń hár birinde ekonomikanıń móri bar. Túrli sistemanıń óz ekonomikasına sáykes túrde dúnya kóz-qarası boladı. Ideyasız adam bolmaydı, ol málim ideyaǵa tiykarlanıp is tutadı. Demek, ideologiyasız sistema bolmaydı. Bir sistemada totalitar hám zorlıq ideyası bolsa, basqasında erkinlik hám demokratiya ideyası, jáne basqasında mámleketke qaramlılıq ideyası ústin boladı. Belgili inglis ekonomisti M.Keynstiń atap kórsetkenindey, dúnyanı ekonomistler hám siyasatshılar ideyası basqarıp turadı. Ideya itibarǵa alıwdıń ózi menen sheklenbeydi, ol málim háreketlerdi keltirip shıǵaradı. Ekonomikalıq siyasat ta sistemaǵa kiredi. Bul ekonomikalıq tarawdaǵı kórsetpeler hám ilajlardıń kompleksi bolıp, málim bir maqsetti gózleydi. Olar ekonomikaǵa tásir etiw quralı esaplanadı. Ekonomikalıq siyasattı mámleket yamasa ayırım menshik iyeleri júrgizedi. Bunnan ulıwma mámleketlik, individual yamasa toparlıq máp gózlenedi. Demek, **sistemalardıń kórinisin bir qatar belgiler qáliplestiredi, olar materiallıq-shiyki zat, jeke-insanıylıq, social-ekonomikalıq, siyasiy-ideyalıq belgilerden ibarat.** Bulardan eń tiykarǵısı social-ekonomikalıq belgiler esaplanadı. Biraq basqa belgilerdi de názerden shette qaldırıwǵa bolmaydı, sebebi olar da ekonomikalıq rawajlanıwǵa tásir etedi. Sonlıqtan sistemalardıń tiykarında ekonomika jatsa da, olardı sap (taza) ekonomikalıq halda emes, al basqa belgiler menen de xarakterlew zárúr.

## 2. Ekonomikalıq sistemalardıń túrleri hám olardıń orın almasıwı

Ekonomikalıq xızmet hár qashan málim sistemalar sheńberinde ámelge asırıladı. Olardıń hár biriniń ózine tán ózgeshelikleri boladı. Joqarıda keltirilip ótilgen belgiler tiykarında anıq sistemalar bahalanǵanda olar úsh tipke ajıratıladı. Bul dástúriy sistema, bazar sisteması hám totalitar-jobalı yamasa hákimshilik-buyrıqpazlıqqa tiykarlanǵan ekonomikalıq sistema. Bulardıń arasında birinshi bolıp qáliplesken, eń áyyemgi sistema – bul dástúriy sistema.

**Dástúriy ekonomikalıq sistema.** Insannıń ekonomikalıq xızmeti dáslep mine usı sistemada júz bergen. Onıń belgileri sarqıt sıpatında uzaq saqlanıp kelindi, hátteki házir de arasında ushırasıp turadı. Dástúriy sistema húkimlik etken dáwir oǵada uzaq dáwir esaplanadı.

**Dástúriy ekonomikalıq sistema – adamlardıń ekonomikalıq háreketi hám jámiyettegi barlıq máselelerdiń sheshiliwi, tirishilik ushın gúres, úrip-ádet hám dástúrler tiykarında ámelge asırılıwı menen xarakterlenedi.**

Dástúriy sistema óndiris faktorlarınıń hálsizligi, ekonomikada tábiyiy resurslardıń birinshi dárejeli bolıwı menen ajıralıp turadı. Óndiris xızmeti tábiyattan tártipsiz hám hátteki jabayılarsha paydalanıwǵa tiykarlanadı. Ekonomika oǵada kóp resurs talap etedi, sebebi resurslardıń únemleniwin támiyinlewshi texnologiya rawajlanbaǵan boladı. Óndiriste qol miyneti ústin bolıp, tábiyat kúshlerinen ápiwayı usılda paydalanıladı. Tábiyatta bar bolǵan energiya derekleri isletiledi. Dáslep tábiyatta ushırasatuǵın ónimler terip alınıp tutınıladı, sońınan tábiyatqa tiykarlanıp ónimler islep shıǵarıladı. Miynet ónimdarlıǵı oǵada tómen bolıp, bul ónimlerdi hámmege jeterli etip islep shıǵarıw imkaniyatın bermeydi, turmıs dárejesi tómen boladı.

Dástúriy sistema dáslep jámáátlik menshik, sońınan bolsa individual jeke menshikke tiykarlanadı. Jámáátlik menshik bul aǵayin-tuwısqanshılıq tiykarında birlesken yamasa birden-bir aymaqta jasawshı adamlardıń ulıwmalıq menshigi esaplanadı.

Jeke menshiktiń ekonomikalıq jaqtan ámelge asırılıwı miynetke fizikalıq zorlaw, miynetke ekonomikalıq májbúrlew hám aqırında ǵárezsiz islep shıǵarıwshınıń erkin miynet etiwi tiykarında júz beredi. Jámáát bolsa birgelikte miynet etiwge tiykarlanadı.

**Bazar sisteması.** Bul dástúriy sistema ornına keliwshi jańa sistema esaplanıp, ol óziniń bir qatar belgileri menen ajıralıp turadı.

**Bazar ekonomikası sisteması - jeke menshikke tiykarlanǵan hár bir óndiriwshiniń jeke máplerinen kelip shıqqan halda mashqalalardı sheshiw menen xarakterlenedi.**

Bazar ekonomikası mashinalasqan óndiriske tiykarlanadı. Bul jerde óndiristiń materiallıq faktorları kóp ónimli mashinalar sistemasınan ibarat. Shiyki zat resursları tek ǵana tábiyiy bolmastan, jańadan jaratılǵan da boladı. Texnikalıq dárejesi joqarı, mashinalasqan industrial óndiriske tán bolǵan bilimli, qánigeligi hám is tájiriybesi joqarı bolǵan jumıs kúshi qollanıladı. Óndiris faktorları rawajlanǵanlıqtan joqarı, aldın bolmaǵan miynet ónimdarlıǵına erisiledi. Óndiriste qollanılatuǵın tábiyiy resurslar nátiyjeli isletiliwi menen birge tiklenip, yaǵnıy qaytadan payda etilip te turıladı (bazar sistemasınıń tiykarǵı belgileri hám áhmiyeti keyingi bapta qaraladı).

**Totalitar-jobalı yamasa hákimshilik-buyrıqpazlıqqa tiykarlanǵan ekonomikalıq sistema.** Bul sistema bazar ekonomikasınıń rawajlanıwın zorlıq penen yaǵnıy revolyuciya quralında toqtatıp qalıw hám onı májbúrlep jobalastırıw jolına ótiw arqalı júzege keledi.

**Hákimshilik-buyrıqpazlıqqa tiykarlanǵan ekonomikalıq sistema** – resurs hám dáramatlardıń islep shıǵarılıwı, bólistiriliwi mámleket tárepinen sheshiledi, barlıq materiallıq resurslar hám islep shıǵarılǵan ónimler mámleketke tiyisli ekenligi menen xarakterlenedi.

Bul sistemaǵa ekonomikanıń barlıq tárepleri, resurslarǵa, ónim hám xızmetlerge milliylestiriw (mámleketlestiriw) tán boladı. Bul jerde barlıq materiallıq resurslar mámleket menshigine aylandırıladı, hátteki oǵan kirmey qalǵan basqa múlkke tiyisli resurslarda ámelde mámleket biyliginde boladı, biraq basqa menshikler ekinshi dárejeli kóriniske iye boladı. Mámleketlik hám jámáátlik menshikke jámiyetlik menshik statusı (dárejesi) beriledi hám bul jeke menshikke qarsı qoyıladı. Mámleketlik menshik monopoliyasınıń ornatılıwı ekonomikanı da mámleketlestiredi. Neni, qansha hám kim ushın islep shıǵarıw zárúrligin **mámleketlik jobalar** belgilep beredi. Totalitar sistemanıń belgisi jobalastırıwdıń bar ekenligi emes, al onıń oraylastırılǵan bolıwı, ne islewdi mámleket joqarıdan belgilep beriwi hám soǵan qaray resurslardıń hám dóretilgen ónimlerdiń bólistiriliwi esaplanadı. Joba **indikativ** (kórgizbeli) emes, al **direktiv** (májbúriy) boladı. Jobada nızam degen qaǵıyda háreket etip, bul mámleket tastıyıqlaǵan jobanı hesh kim buzıwǵa haqılı emes, degendi ańlatadı. Jobalastırıw kárxanalardı bir qálipke salıp qoyadı, onıń ayaq-qolı baylanıp, baslamashılıǵı buwıladı. Onıń ne islewi, resurstı qay jerden hám kimnen alıwı, ónimdi kimge jetkerip beriwin aldın ala mámleketlik jobada belgilep qoyıladı. Resurslar hám tayar ónimlerdiń bahasın da mámleket joqarıdan belgilep beredi. **Bahalar qatań** bolıp, olardı hesh kim ózgerte almaydı. Dáramatlardıń bólistiriliwin de mámleket tárepinen belgilengen tártipte ámelge asırıladı. Xızmet haqı, pensiya hám napaqalar muǵdarın mámleket belgileydi, olardı ózgertiw de mámlekettiń ıqtıyarında boladı.

Sistema normal rawajlanıwı ushın statikalıq hám dinamikalıq teńsalmaqlıqlar óz-ara muwapıqlasıwı kerek. Teńsalmaqlıq bar jerde jedel ekonomikalıq ósiw boladı, sebebi ekonomikalıq stimullar is beredi.

## 2-lekciyanıń jobası:

1. Menshik qatnasıqlarınıń ekonomikalıq mazmunı. Menshik formaları hám túrleri
2. Menshik formaların ózgertiw jolları hám usılları.
3. Ózbekstan Respublikasında menshiklestiriw processiniń ózgeshelikleri

## 1. Menshik qatnasıqlarınıń ekonomikalıq mazmunı. Menshik formaları hám túrleri

Sistemalardı bahalawda social-ekonomikalıq qatnasıqlardıń mazmunı da áhmiyetli ólshem rolin oynaydı. Bunı eń dáslep menshik qatnasıqları belgilep beredi.

**Menshik qatnasıqları (*property relations*) – jámiyettegi baylıqlardı ózlestiriw boyınsha júzege keletuǵın ekonomikalıq qatnasıqlar.**

Múlkke iyelik etiw, múlkten paydalanıw hám múlkke biylik etiw yamasa onı basqarıw qatnasıqları menshik qatnasıqlarınıń ajıralmas úsh tárepi bolıp, olar bir-birinen mánisleri boyınsha ajıralıp turadı.

**Múlkke iyelik etiw (*possession of the property*)** – bul menshiklik huqıqınıń menshik iyesiniń qolında saqlanıp turıwı hám jaratılǵan materiallıq baylıqlardı ózlestiriwdiń ekonomikalıq forması. Iyelik etiw sharayatında múlk esaplanǵan baylıq bir tárepleme ózlestiriledi. Múlkke iyelik etiw saqlanǵan halda, onı ámelde isletiw ózgeniń qolında boladı.

**Múlkten paydalanıw (*the use of property*)** - múlk esaplanǵan baylıqtı ekonomikalıq xızmette qollanıp, onı xojalıq processine túsirip, onnan nátiyje alıwdı ańlatadı. Paydalanıw júz bergende baylıq dáramat tabıw yamasa jeke mútájlikti qanaatlandırıw ushın isletiledi.

**Múlkke biylik etiw yamasa onı basqarıw (*disposal of property*)** – múlk esaplanǵan baylıq táǵdirin óz betinshe ǵárezsiz sheshiw. Ol múlkti satıp jiberiw, ijaraǵa beriw, miyras etip qaldırıw sıyaqlı jaǵdaylardı erkin tańlaw imkaniyatı arqalı júzege shıǵadı.

Menshikliktiń eki tárepi bar: 1) menshik obekti, yaǵnıy neniń menshik esaplanıwı; 2) menshik subekti – kimlerdiń menshik iyeleri bolıwı.

Ekonomikalıq sistema bahalanǵanda múlk kimge tiyisli bolıwınıń ózi jeterli emes, bunıń ushın menshiktiń qanday usılda ekonomikalıq jaqtan ámelge asırılıwı, yaǵnıy múlkten qanday jollar menen dáramat tabılıwın da esapqa alıw zárúr. Gáp sonnan ibarat, menshik mápti, máp bolsa menshik iyesiniń maqsetin payda etedi, buǵan túrli qurallar menen erisiledi. Túrli sistemalar olarda qaysı menshik formasınıń ústinligi menen de ajıralıp turadı. Tariyxıy jaqtan jámáátlik menshik, jeke menshik hám mámleketlik menshik háreket etken, biraq bul menshiklerdiń ishki dúzilisi bir-birinen parqlanǵan, olar túrli usılda ekonomikalıq jaqtan ámelge asırılǵan. Mısalı, jer jeke menshik bolsa, onıń iyesiniń bunnan alatuǵın dáramatı onı ijaraǵa beriwden, satıwdan yamasa ózi isletiwden keledi. Jerdi isletiw óz miyneti esabınan, erkin jallanǵan ózgeniń miyneti esabınan yamasa májbúrlep isletilgen adamlardıń miyneti esabınan boladı. Túrli sistemalarda tómendegi menshik formaları háreket etedi: 1) **Jeke menshik (*private property*)** – bul ayırım adamlarǵa tiyisli menshik bolıp, onıń eki kórinisi bar. Birinshisi individual, ekinshisi korporativ jeke menshik. Individual menshik – bul ayırım individke tiyisli, tek onıń ózine dáramat keltiriwshi múlk. Korporativ jeke menshik –

bul korporaciya (birlespe) sheńberinde háreket etiwshi múlk. Bunı individual tárizde isletip bolmaydı, sebebi ol biriktirilgen menshiktiń bir bólegi. Bul múlk iyesi múlkten kelgen dáramattı ulıwma dáramattıń bir úlesi sıpatında aladı. 2) **Jámáátlik menshik (*collective property*).** Bul jámáátke birlesken adamlardıń ulıwmalıq menshigi. Bul aǵayin-tuwısqanlar, bir jerde jasawshı adamlar hám málim maqset jolında óz qálewi menen birlesken adamlardıń menshigi. Bul múlkten dáramat tabıwdıń tiykarǵı shárti jámáát xızmetinde qatnasıw esaplanadı. 3) **Mámleketlik menshik (*state property*) -** bul mámleketke tiyisli resurslar hám dóretilgen ónimlerdiń, ulıwma baylıqtıń mámleket tárepinen ózlestiriliwin bildiredi. Menshiktiń bul forması mámlekettiń payda bolıwı menen júzege keledi, biraq onıń maqseti hám dárejesi ózgerip turadı. Ol jeke hám jámáátlik menshikten ósip shıǵadı, yaǵnıy olarǵa tiyisli materiallıq hám mádeniy ónimler mámleket biyligine ótedi. Keltirilgen menshik formaları barlıq sistemalarǵa tán boladı, biraq olar túrli kórinislerde boladı. Bul jerde menshik formalarınıń salıstırması olardan qaysı biriniń ústinligi menen xarakterlenedi.

Menshik qatnasıqlarınıń rawajlanıwı múlkti mámleket iyeliginen shıǵarıw hám menshiklestiriw processiniń zárúrligin keltirip shıǵaradı.

## 2. Menshik formaların ózgertiw jolları hám usılları

Bazar qatnasıqlarına ótiwdiń tiykarǵı shárti kóp ukladlı ekonomikanı hám báseki ortalıǵın qáliplestiriw ushın zárúr sharayatlardı júzege keltiriwden ibarat. Bunda tiykarǵısı menshik máselesin sheshiw esaplanadı.

Bazar ekonomikasın júzege keltiriw wazıypası ótiw dáwirinde ekonomikada mámleket sektorınıń úlesi bir qansha joqarı bolǵan mámleketlerde bul menshiktiń málim bir bólegin mámleket iyeliginen shıǵarıw hám menshiklestiriwdi talap etedi. Usıǵan muwapıq, Ózbekstanda da múlkti mámleket iyeliginen shıǵarıw hám menshiklestiriwge ayrıqsha áhmiyetke iye process sıpatında qaralıp, oǵan "Múlkti mámleket iyeliginen shıǵarıw hám menshiklestiriw haqqında"ǵı Nızamında tómendegishe táriyip beriledi:

**Múlkti mámleket iyeliginen shıǵarıw (*denationalization*) – mámleketlik kárxanalar hám shólkemlerdi jámáátlik, ijara kárxanalarına, akcionerlik jámiyetlerge, juwapkershiligi sheklengen jámiyetlerge, mámleketke qaraslı múlk bolmaytuǵın basqa kárxanalar hám shólkemlerge aylandırıw processi.**

**Menshiklestiriw (*privatization*) – puqaralardıń hám mámleketke tiyisli bolmaǵan yuridikalıq táreplerdiń mámleketlik menshik obektlerin yamasa mámleketlik akcionerlik jámiyetlerdiń akciyaların mámleketten satıp alıwı.**

Bunnan kórinip turǵanınday, múlkti mámleket iyeliginen shıǵarıw menshiklestiriwge qaraǵanda bir qansha keń túsinik. **Menshiklestiriw** – mámleket múlkine iyelik etiw huqıqınıń mámleketten jeke shaxslarǵa ótiwi. **Múlkti mámleket iyeliginen shıǵarıw** menshiklestiriwden tısqarı, bul múlk esabınan basqa mámleketlik emes menshik formaların júzege keltiriwdi de názerde tutadı.

Menshiklestiriwdiń usılları da túrlishe bolıp, olardı 3 toparǵa ajıratıw múmkin: 1) mámleket múlkin biypul bólip beriw arqalı menshiklestiriw; 2) mámleket múlkin satıw arqalı menshiklestiriw; 3) mámleket múlkin biypul bólip beriw hámde satıwdı birlestiriw arqalı menshiklestiriw.

## 3. Ózbekstan Respublikasında menshiklestiriw processiniń ózgeshelikleri

Ózbekstanda múlkti mámleket iyeliginen shıǵarıw hám menshiklestiriwge qatnas jasawdıń áhmiyetli ózgesheligi – onı baǵdarlamalar tiykarında basqıshpa-basqısh ámelge asırıwdan ibarat. 1992-1993-jıllar menshiklestiriwdiń ***birinshi basqıshın*** óz

ishine alıp, bul basqıshta menshiklestiriw processi ulıwma turaq jay fondın, sawda, jergilikli sanaat, xızmet kórsetiw kárxanaların hámde awıl xojalıq ónimlerin qayta islew sistemasın qamtıp aldı. Jeńil, hám jergilikli sanaatqa, transport hám qurılısqa, basqa tarawlarǵa tiyisli ayırım orta hám iri kárxanalar keyin ala satıp alıw huqıqı menen kóbirek ijara kárxanalarına, jámáátlik kárxanalarǵa, jabıq túrdegi akcionerlik jámiyetlerge aylandırıldı. Akciyalardıń qadaǵalaw paketi mámleket ıqtıyarında saqlap qalındı.

Mámleketlik baǵdarlamada belgilep berilgen menshiklestiriw hám múlkti mámleket iyeliginen shıǵarıwdıń ***ekinshi basqıshı*** 1994-1995-jıllarǵa tuwrı keledi. Bul basqıshta kóplegen orta hám iri kárxanalar akcionerlik jámiyetlerge aylandırıldı hámde olardıń akciyalar respublikanıń bahalı qaǵazlar bazarınıń tiykarın qáliplestirdi.

Respublika ekonomikası 1996-jıldan baslap múlkti mámleket iyeliginen shıǵarıw hám menshiklestiriwdiń ***úshinshi basqıshına*** ótti. Bul basqıshta (1996-1998-jıllar) menshiklestirilmeytuǵın obektler dizimine kirmegen barlıq obekt hám kárxanalar (jámi 3146) mámleket iyeliginen shıǵarıldı.

Múlkti mámleket iyliginen shıǵarıw hám menshiklestiriwdiń ***tórtinshi basqıshı*** (1998-2002-jıllar)nıń tiykarǵı wazıypaları sıpatında mámleketlik byudjetke menshiklestiriwden túsken qarjılardı baǵdarlaw, menshiklestirilgen kárxanalarǵa sırt el investiciyaların tartıw, basqarıwdıń nátiyjeligin arttırıw hám menshikliktiń jańa qatnasıqlarınıń tolıq háreket etiwi ushın sharayatlar jaratıw ilajların ámelge asırıw belgilendi.

Ózbekstanda múlkti mámleket iyliginen shıǵarıw hám menshiklestiriw processleriniń házirgi – ***besinshi basqıshı*** Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2003-jıl 24-yanvardaǵı "Ózbekstan ekonomikasında jeke sektordıń úlesin hám áhmiyetin túpten arttırıw ilajları haqqında"ǵı Pármanı menen baylanıslı. Usı Párman jaqın keleshekke baǵdarlanǵan. Ekonomikalıq jaqtan hálsiz mámleketlik kárxanalardı mámleket iyeliginen shıǵarıw hám menshiklestiriw processin jedellestiriw, sonday-aq, usı kárxanalardı modernizaciyalaw hám turaqlı rawajlandırıw ushın tuwrıdan-tuwrı investiciyalardı tartıw maqsetinde menshiklestirilgen obektlerge baha belgilewdiń nátiyjeli mexanizmi engizildi. Atap aytqanda, menshiklestirilgen kárxanalar mámleketlik aktivlerdiń baslanǵısh bahaların áste-aqırın tómenletip barıwı hámde mámleketlik ekonomikalıq hálsiz kárxanalardı hám tómen likvidli obektlerdi nol dárejedegi satıp alıw qunı boyınsha tańlaw tiykarında investiciya minnetlemelerin qabıl etiw shárti menen investorlarǵa satıw tártibi tastıyıqlandı.

Menshiklestiriw baǵdarındaǵı mámleketlik siyasattı sapa jaǵınan ózgertiwdi támiyinlew, isbilermenlik subektlerin menshiklestirilgennen keyin ámeliy qollap-quwatlaw, sonday-aq, mámleketlik múlkten paydalanıw nátiyjeligin arttırıw maqsetinde Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2017-jıl 18-apreldegi **"Ózbekstan Respublikası menshiklestirilgen kárxanalarǵa kómeklesiw hám básekilikti rawajlandırıw boyınsha mámleketlik komitetin shólkemlestiriw haqqında"**ǵı Pármanı tiykarında Ózbekstan Respublikası Menshiklestiriw, monopoliyadan shıǵarıw hám básekilikti rawajlandırıw boyınsha mámleketlik komiteti Ózbekstan Respublikası Menshiklestirilgen kárxanalarǵa kómeklesiw hám básekilikti rawajlandırıw boyınsha mámleketlik komitet etip qayta shólkemlestirildi. Mine usı párman menen menshiklestirilgen kárxanalardıń óndirislik xızmetin tiklewdi hám nátiyjeligin arttırıwdı keńnen qollap-quwatlaw, sol tiykarda xalıq dáramatlarınıń turaqlı ósimin támiyinleytuǵın jańa jumıs orınların jaratıw, usı maqsetlerde wákillikli mámleketlik uyımlardıń, finans hám basqa da bazar strukturalarınıń Sawda-sanaat palatası, jergilikli hákimiyat hám basqarıw uyımları menen birgeliktegi xızmetin muwapıqlastırıw Ózbekstan Respublikası Menshiklestirilgen kárxanalarǵa kómeklesiw hám básekilikti

rawajlandırıw boyınsha mámleketlik komitetiniń oǵada áhmiyetli wazıypası etip belgilendi.

### Tayanısh túsinikler

*Menshik qatnasıqları, múlkke iyelik etiw, múlkti paydalanıw, menshik formaları, jeke menshik, mámleketlik menshik, jámáátli menshik, múlkke biylik etiw, menshiklestiriw, múlkti mámleket iyeliginen bólip alıw.*

## 4-TEMA. TOVAR HÁM PUL QATNASÍQLARÍNÍŃ RAWAJLANÍWÍ BAZAR EKONOMIKASÍNÍŃ QÁLIPLESIW HÁM HÁREKET ETIWINIŃ TIYKARÍ (4 saat)

### 1-lekciyanıń jobası:

1. Jámiyetlik xojalıqtı shólkemlestiriw formaları. Natural hám tovar óndirisiniń ózgeshelikleri
2. Tovar hám onıń qásiyetleri

### 1. Jámiyetlik xojalıqtı shólkemlestiriw formaları. Natural hám tovar óndirisiniń ózgeshelikleri

Jámiyetlik óndiris óziniń uzaq dawam etken rawajlanıw tariyxına iye bolıp, onı shólkemlestiriwdiń dáslepki forması natural xojalıq bolıp tabıladı.

Natural xojalıq jabıq túrdegi xojalıq bolıp, bundaǵı ekonomikalıq processler tar shegarada ámelge asırıladı. Bul jerde ónimler óndiriwshilerdiń ózleriniń jeke talapların qanaatlandırıw ushın islep shıǵarılıp, ayırım jaǵdaylarda ǵana awısıq ónimler almastırılǵan. Natural xojalıqta óndiriwshiler óz aldına dara túrde xojalıq júrgizgenlikten, olar ónim islep shıǵarıwdaǵı barlıq processlerdi ózleri atqarǵan. Xojalıq júrgiziw qol miynetine tiykarlanǵan, ápiwayı qurallardan paydalanǵan.

Natural óndiristiń xarakterli belgileri tómendegilerden ibarat:

1. **Universal qol miynetine tiykarlanadı.** Hár bir adam barlıq tiykarǵı jumıslardı ózi atqarǵan.

2. **Natural xojalıq – ekonomikalıq qatnasıqlardıń jabıq sistemasına iye boldı.** Jámiyet ekonomikalıq jaqtan bóleklengen xojalıq birliklerinen ibarat bolıp, olardıń hár qaysısı óziniń jeke óndirislik resurslarına tiykarlanıp, óz xojalıǵında miynet etip, ózin ózi támiyinlep otırǵan.

3. Natural xojalıqta óndiriwshiler menen tutınıwshılar ortasında tuwrıdan-tuwrı ekonomikalıq qatnasıqlar boladı. Bul qatnasıqlar "óndiriw-bólistiriw-tutınıw" kórinisinde bolıp, bunda óndirilgen ónimler almasıwdı shetlep óndiris qatnasıwshıları ortasında bólistiriledi hám ol jeke jáne óndirislik tutınıwǵa jumsaladı.

4. Natural xojalıqta ápiwayı miynet qurallarınan paydalanılǵanlıǵı sebepli, bul jerde óndiris ápiwayı turde bolǵan, yaǵnıy bir kólemde qaytalanıp turǵan. Tarawlar arasındaǵı proporciyalar ásirler dawamında ózgerissiz saqlanıp qalǵan.

Batıs ádebiyatlarında natural xojalıqtı dástiriy ekonomika dep te ataydı. Házirgi kúnde natural xojalıqtıń ayırım belgilerin rawajlanıp atırǵan ellerdiń ekonomikasında kóriwge boladı. Ol dúnya bazarlarına ónim jetkerip beriwshi tovar xojalıqları menen birlikte háreket etedi. Ulıwma alǵanda natural xojalıq óndiristiń industriallasıw dáwirine shekemgi uzaq dawam etken aralıqta ómir súrgenligin kóriwge boladı. Jámiyetlik rawajlanıw barısında áste-aqırınlıq penen jámiyetlik miynet bóliniwshiligi qáliplese baslaǵan, miynet quralları da jetilisip nátiyjede miynet ónimdarıǵı da artıp bardı. Bunıń aqıbetinde óndiriwshiler ózlerine kerekli

bolǵan muǵdardan da kóbirek ónim islep shıǵarıw úmkinshiligine iye bolıp, awısıq ónimlerdi almastırıw zárúrligi payda boldı.

Usılayınsha natural xojalıqtıń ornın tovar xojalıǵı iyeley basladı. Biraq tovar xojalıǵınıń payda bolıwı óz-ózinen bolatuǵın process emes. Ol uzaq dawam etetuǵın hám quramalı process bolıp, tómendegi bir qatar sebeplerge baylanıslı.

1. Eń dáslep tovar xojalıǵınıń payda bolıwına jámiyetlik miynet bóliniwshiligi tásir kórsetedi. Jámiyetlik miynet bóliniwshiligi miynettiń jámiyet aǵzaları ortasında bólistiriliwin kórsetedi. Bunıń nátiyjesinde óndiriwshiler ónimlerdiń ayırım túrlerin islep shıǵarıw boyınsha qánigelesedi.

2. Tovar óndirisiniń kelip shıǵıwınıń ekinshi shárti óndiriwshilerdiń ekonomikalıq jaqtan bir-birinen bóleklengen bolıwı menen baylanıslı.

3. Óndiriwshilerdiń bir-birinen bólekleniwi hám óndiris ásbaplarına menshik qatnasıqları menen baylanıslı.

Tovar óndirisi hár túrli social-ekonomikalıq sistemalarǵa xızmet etip keldi. Olay bolsa tovar óndirisi degenimizdiń ózi ne? degen sorawdıń tuwılıwı tábiyiy.

**Tovar óndirisi - bul xojalıqtı júrgiziwdiń sonday forması bolıp, bunda óndiriwshiler ortasındaǵı óz-ara baylanıslar bazar arqalı, ónimlerdi satıw hám satıp alıw arqalı ámelge asırıladı.**

Tovar óndirisiniń natural xojalıqtan ayırmashılıǵı, bul jerde ónimler satıw ushın islep shıǵarıladı.

Tovar óndirisi óziniń rawajlanıw tariyxında hár qıylı formalarda boladı. Eń dáslepki dáwirdegi tovar xojalıǵı ápiwayı tovar óndirisi dep ataladı.

Ápiwayı tovar óndirisi óndiriwshilerdiń ózleriniń jeke miynetine hám jeke óndiris áspablarına tiykarlanadı.

Tovar xojalıǵınıń ekinshi túri jallanba miynetke tiykarlanǵan tovar óndirisi bolıp tabıladı. Bunda tek ǵana óndirilgen ónimler emes, al jumıs kúshiniń ózi de tovarǵa aylanadı. Bul tovar óndirisiniń ádewir rawajlanǵan basqıshları ushın xarakterli bolıp, ol quramalı hám jetilisken texnikaǵa tiykarlanadı.

Úshinshisi aralas tovar xojalıǵı, bunda tovar islep shıǵarıwshılar bolıp, hár qıylı menshik túrlerine tiykarlanǵan óndiriwshiler esaplanadı.

Tovar óndirisiniń mazmunın jánede keńirek túsiniw ushın onıń tiykarǵı ónimi bolǵan tovar hám onıń qásiyetlerin kórip shıǵıw maqsetke muwapıq esaplanadı.

## 2. Tovar hám onıń qásiyetleri

Tovar-pul qatnasıqların túsiniwde tovardıń mazmunın, onıń qásiyetlerin biliw ayrıqsha áhmiyetke iye. Tovarǵa anıqlama beriwde de ekonomistler tárepinen túrlishe kóz-qaraslar bar. Sonıń ishinde, rossiyalı ekonomist E.F.Borisovtıń bergen anıqlamasına muwapıq **"Tovar – bul bazarda basqa tovarǵa ekvivalent tiykarında almasıwǵa mólsherlengen, miynet arqalı dóretilgen jámiyetlik paydalıq"**.[7] Bunnan kórinip turǵanınday, ol tovarǵa insannıń miynet ónimi sıpatında qaraydı.

V.I.Vidyapin hám basqalardıń avtorlıǵında tayarlanǵan oqıwlıqta "ónim" hám "tovar" túsiniklerine keń túsindirme berilgen. Onda tovar ekonomikalıq ónimnıń ayrıqsha forması bolıp esaplanıwı kórsetip berilgen: **"Tovar – bul almasıw ushın islep shıǵarılǵan ayrıqsha ekonomikalıq ónim".**[8] Bul hám basqa bir qatar alımlardıń pikirleri tiykarında sonı aytıw múmkin, **tovar – bul qandayda paydalılıqqa hám qunǵa iye bolǵan almasıw ushın dóretilgen miynet ónimi.**

[7] Borisov E.F. Ekonomicheskaya teoriya: ucheb. – 2-e izd., pererab. i dop. - M.: TK Velbi, İzd-vo Prospekt, 2008, s.144.

[8] Ekonomicheskaya teoriya: Uchebnik. - İzd., ispr. i dop. / Pod obsh. red. akad. V.I.Vidyapina, A.I.Dobrınina, G.P.Juravlevoy, L.S.Tarasevicha. – M.: İNFRA-M, 2008, s.143.

Tovar eki qásiyetke iye: *birinshiden,* ol adamlardıń qandayda mútájligin qanaatlandıradı; *ekinshiden,* ol basqa buyımǵa almasa alatuǵın buyım esaplanadı. Basqasha aytqanda, tovar tutınıw hám almasıw qunlarına iye.

**Tovardıń tutınıw qunı** sonnan ibarat, ol adamlar ushın paydalı esaplanadı. Ol jeke tutınıw buyımı yamasa óndiris quralları sıpatında adamlardıń qandayda mútájligin qanaatlandıradı.

**Tovardıń almasıw qunı** – bul qandayda túrdegi paydalılıqtıń basqa túrdegi paydalılıqqa almasatuǵın muǵdarlı salıstırması. Mısalı, bir balta 20 kg dánge almasadı. Almasatuǵın tovardıń bul muǵdarlı salıstırmasında olardıń almasıw qunı sáwlelenedi.

Tovardıń eki qásiyetke iye bolıwına sebep tovar islep shıǵarıwshınıń miyneti tábiyatı boyınsha eki jaqlama ekenliginde. Bir tárepten, bul – málim bir túrdegi anıq miynet. Sonlıqtan, tutınıw qunın jaratqan miynet **anıq miynet** dep ataladı.

Ekinshi tárepten, miynet – anıq formada bolıwına qaramastan, ulıwma sarplanǵan insannıń jumıs kúshi, jámi jámiyetlik miynettiń bir bólegi ekenligi. Ol óziniń sol tárepi boyınsha **abstrakt miynet** dep ataladı. Bul miynet bolsa tovardıń qunın jaratadı.

Tovarlar qunınıń muǵdarı miynet ónimdarlıǵına qarap ózgeredi. Bizge málim **miynet ónimdarlıǵı málim bir jumıs waqtı birligi dawamında islep shıǵarılǵan ónimniń muǵdarı yamasa ónim birligin islep shıǵarıw ushın jumsalǵan jumıs waqtı menen ólshenedi.** Miynet ónimdarlıǵınıń ózgeriwi tovar birligi qunınıń ózgeriwine sebep boladı. Miynet ónimdarlıǵı ósse, tovar birliginiń qunı kemeyedi yamasa kerisinshe, miynet ónimdarlıǵı páseyse, tovar birliginiń qunı artadı.

## 2-lekciyanıń jobası:

1. Qunnıń miynet teoriyası hám keyingi qosılǵan muǵdar paydalılıǵı teoriyaları
2. Puldıń kelip shıǵıwı, mánisi hám wazıypaları

## 1. Qunnıń miynet teoriyası hám keyingi qosılǵan muǵdar paydalılıǵı teoriyaları

Ekonomikalıq teoriya páninde tovar qunınıń tiykarın ne quraydı degen sorawǵa juwap beriwde eki baǵdar bar hámde olar ortasında turaqlı túrde tartıslı pikir alısıwlar bolıp kelmekte. Biz tómende sol eki baǵdardaǵı teoriyalardıń mazmunın keltirip ótemiz.

**Qunnıń miynet teoriyası.** Bul teoriyanıń tiykarın salıwshıları bolıp Uilyam Petti, Adam Smit, David Rikardolar esaplanadı.

U.Petti – qunnıń miynet teoriyasınıń dáslepki tiykarın salıwshısı bolıp, ol qunnıń deregin miynet esaplanıwın, miynet shıǵını tovar qunınıń muǵdarın belgilep beriwin kórsetip ótken. Biraq, U.Petti tovardıń tutınıw qunı hám qunı ortasındaǵı ayırmashılıqtı kóre almaǵan. Ol tovardıń qunı tek bahalı metallardı islep shıǵarıwǵa sarplanıwshı miynet arqalı dóretiledi, dep esaplaǵan.

A.Smit óziniń “Xalıqlar baylıǵınıń tábiyatı hám sebepleri haqqında izertlewler” (1776 j.) atlı miynetinde tovardıń tutınıw hám almasıw qunların táriyiplep bergen. Ol tovar qunınıń birden-bir deregi bolıp materiallıq óndiristiń hár qanday tarawında sarplanǵan miynet esaplanadı, degen juwmaqqa kelgen. Sonıń menen birge, tovar qunınıń muǵdarın hár qanday miynet emes, al jámiyet ushın zárúr bolǵan miynet belgilep beriwin kórsetip ótken.

D.Rikardo qunnıń birden-bir ólshemi bolıp tovardı islep shıǵarıwǵa sarplangan hámde jumıs waqtı shıǵınları arqalı anıqlanıwshı miynet esaplanıwın dáliyillep bergen. Ol tovardıń tutınıw qunı hám qunı ortasındaǵı ayırmashılıqtı anıq kórsetip,

hár qanday óndiriste tovardıń qunı sarplanǵan miynet arqalı anıqlanıwın keltirip ótken.

Qunnıń miynet teoriyasına muwapıq jámiyetlik zárúrli jumıs waqtı ózine tán jámiyetlik miynet norması rolin atqaradı. Bul norma bazarda anıqlanadı hám tovar óndiriwshiler oǵan boysınıwları zárúr. Kereginen artıqsha miynet shıǵınları qundı jaratpaydı, yaǵnıy jámiyet tárepinen tán alınbaydı. Bazarda málim túrdegi tovarlardıń tiykarǵı bólegin (massasın) islep shıǵarıw ushın zárúr bolǵan ámeldegi artıqsha miynet shıǵınlarına hesh kim haqı tólemeydi.

Qun nızamı resurslardıń túrli óndirislik tarawlar ortasında bólistiriliwin tártipke salıp turıwshı wazıypanı orınlap atırǵanda da bahalar dinamikası málim bir rol oynaydı. Eger málim bir anıq tovar jámiyetlik mútájlikti qanaatlandırıw ushın zárúr bolǵanlıqtan kemirek islep shıǵarılsa, bul talaptıń usınıstan artıp ketiwine sebep boladı. Tovar bahası joqarılap ketedi. Bahalar, sonıń menen birge dáramatlar kemeyedi, bul tarawdaǵı óndirislik resurslar dáramatı joqarı bolǵan basqa tarawlarǵa ótip ketedi. Qunnıń miynet teoriyası modellerinde qun nızamına tiykarlanǵan óndiris salıstırmaların tártipke salıwshı bazar mexanizmi mine usı tártipte xarakterlenedi.

**Keyingi qosılǵan muǵdar paydalılıǵı teoriyası.** Joqarıda kórip ótkenimizdey, qunnıń miynet teoriyasına muwapıq, miynet shıǵınınıń jámiyetlik zárúrli dárejesi tek bazarda, almasıw processinde júzege shıǵadı. Qun tek bazarda almasıw qunı kórinisinde óziniń sáwleleniw formasına iye boladı. Sol jerde qosılǵan muǵdar paydalılıǵı teoriyası táreptarlarınıń kóz-qarasları menen qarama-qarsılıq payda boladı. Onıń mánisi neden ibarat? Eger tovar bazarda satıp alınsa, bul kimniń bolsada tovar islep shıǵarıwǵa ketetuǵın shıǵınlardı jámiyetlik zárúrli miynet shıǵınları sıpatında bahalawı sebepli emes, al usı tovar qarıydar ushın paydalılıqqa iye bolıwı sebepli júz beredi, qarıydar málim bir paydalılıqqa iye bolǵan tovardı qádirleydi.

Keyingi qosılǵan muǵdar paydalılıǵı teoriyasınıń tiykarın salıwshıları bolıp avstriya mektebi wákilleri K.Menger (1840-1921 j.j), F.Vizer (1851-1926 j.j), E.Bem-Baverk (1851-1914 j.j) hám basqalar esaplanadı. Házirgi waqıtta bul teoriya qaǵıydaların bir qatar alımlar qollap-quwatlap, rawajlandırıp kelmekte. Usı teoriyaǵa muwapıq, adamlar tárepinen oǵada kóp túrli materiallıq hám mádeniy ónimler (hámde xızmetler) olardı islep shıǵarıwǵa jámiyetlik zárúrli miynet jumsalǵanlıǵı ushın emes, al usı ónimler paydalılıqqa iye bolǵanlıǵı sebepli qádirlenedi. Adamlar tárepinen málim bir paydalıqlarǵa mútájlik sezilgenligi sebepli málim bir tovardı islep shıǵarıwǵa miynet shıǵınları ámelge asırıladı. Málim bir miynet shıǵınınıń jámiyetlik zárúrligi kim tárepinen yamasa ne menen anıqlanadı, degen sorawǵa ápiwayı tárizde bazar tárepinen, dep juwap beriw durıs boladı, biraq bul juwap ulıwmalıq hám tolıq emes. Keyingi qosılǵan muǵdar paydalılıǵı teoriyası táreptarlarınıń pikirlerine muwapıq, tek paydalılıq miynet shıǵınlarına "jámiyetlik zárúrli" dep atalatuǵın usınıs beriwi múmkin.

A.Marshalldıń pikirinshe, tovar qunı teń dárejede keyingi qosılǵan muǵdar paydalılıǵı hám óndiris shıǵınları menen anıqlanadı. Solay etip, A.Marshalldan baslap ekonomikalıq teoriyada túrli teoriyalardı sintezlewge ótildi.

## 2. Puldıń kelip shıǵıwı, mánisi hám wazıypaları

Pul uzaq dáwirlerden beri adamlarǵa málim. Puldıń kelip shıǵıwı túrli teoriyashılar tárepinen tovar almasıw processiniń rawajlanıwı menen baylanıslı halda túsindiriledi.

Puldıń payda bolıwı hám mánisin túsindiriw boyınsha túrli ilimiy koncepciyalar bar bolıp, olar arasında racionalistlik hám evolyuciyalıq koncepciyalar ayrıqsha orın iyeleydi.

**Racionalistlik koncepciya puldıń kelip shıǵıwın adamlar ortasındaǵı kelisimniń nátiyjesi sıpatında túsindiredi.** Bul jaǵday olardıń tovarlardı almasıw waqtında qunlardıń háreketleniwi ushın arnawlı qurallar zárúrligine isenim payda etiwine tiykarlanadı.

**Puldıń kelip shıǵıwınıń evolyuciyalıq koncepciyasına muwapıq pul jámiyetlik miynet bóliniwshiligi, almasıw, tovar islep shıǵarıwdıń rawajlanıwı nátiyjesinde júzege kelgen.** Qun formaları hám almasıwdıń rawajlanıwınıń tariyxıy processin izertlew arqalı tovarlar dúnyasınıń ishinen puldıń rolin atqarıwshı ayırım tovardıń ajıralıp shıǵıwın túsiniw múmkin.

Puldıń payda bolıwı hám rawajlanıwında qun formalarınıń rawajlanıw basqıshları áhmiyetli orın iyeleydi. Ulıwma alǵanda qunnıń **ápiwayı yamasa tosınnanlıq, keńeyttirilgen, ulıwmalıq hám pul formaları** bar.

Almasıw processiniń tariyxıy uzaq dawam etken dáwiri dawamında ekvivalent rolin atqarıwshı kóplep tovarlar ishinen ayırımları óziniń barlıq tárepinen tán alınıwı sebepli ajıralıp shıǵa basladı (mısalı, siyrek ushırasatuǵın metallar). Sebebi, ekvivalent rolin atqarıwshı tovarlardıń barlıǵı da almasıw processinde dáldálshılıq wazıypasın birdey nátiyjeli orınlay almas edi. Nátiyjede, barlıq tovarlardıń qunın birdey tovar qunı arqalı salıstırıw múmkin bolǵan qunnıń ulıwmalıq forması júzege keldi.

Keyin ala ulıwmalıq ekvivalent rolin atqarıwshı tovarlar ishinen ayrıqsha tovar - pul ajıralıp shıqtı. Solay etip, **pul – bul ulıwmalıq ekvivalent rolin atqarıwshı ayrıqsha tovar.**

XIX ásirdiń aqırında mámleketler izbe-iz altın valyutaǵa, yaǵnıy monometall sistemasına óte basladı. Bul jaǵday Avstriyada 1892, Yaponiyada 1897, Rossiyada 1898, AQShta bolsa 1900-jılda júz berdi. Angliyada altın pul sisteması XVII ásirdiń aqırında, Germaniyada 1871-jılda, Gollandiyada 1877-jılda-aq engizilgen edi.

Ózbekstan aymaǵında shama menen bunnan da aldınıraq gúmis hám mıs teńgeler aylanısta bolǵan. Shayboniyxan Samarkandtı basıp alǵannan keyin, 1507-jılda pul reformasın ótkergen. Biziń dáwirimizge shekem Shayboniyxan (1501-1610 j.j.) hám Abdullaxan (1583-1598 j.j.) dáwirinde shıǵarılǵan teńgeler jetip kelgen. Abdullaxan dáwirinde teńge (altın hám gúmis) shıǵarıw mámleket paytaxtı Buxarada oraylastırılǵan.

Ulıwmalıq ekvivalent roliniń siyrek ushırasatuǵın bahalı metallarǵa, sonıń ishinde altınǵa júkletiliw sebepleri tómendegiler arqalı túsindiriledi:

- sapası boyınsha birdey ólshemge keltiriw múmkinshiligi;
- tat baspawı hám uzaq múddet saqlaw múmkinshiligi;
- bóliniwsheńligi hám bólingennen keyin jáne bir pútin halǵa keltiriw múmkinshiligi;
- bólingende de óz qunın saqlap qalıwı;
- tábiyatta salıstırmalı kem ushırawı;
- az ǵana muǵdarda hám awırlıqtaǵı siyrek ushırasatuǵın metalldıń qunı bir qansha joqarı ekenligi.

Joqarıda keltirilgen maǵlıwmatlardan sonday juwmaq shıǵarıw múmkin, puldıń payda bolıwı tariyxıy process bolıp, ol tovar almasıwdıń rawajlanıwına tiykarlanadı, tovar islep shıǵarıw hám almasıw qarama-qarsılıqlarınıń keskinlesiwiniń nátiyjesi esaplanadı.

Puldıń mánisin tolıǵıraq túsiniw ushın onıń ekonomikada atqaratuǵın tiykarǵı wazıypaların kórip shıǵamız. Olar tómendegilerden ibarat: 1) qun ólshew quralı; 2) aylanıs quralı; 3) baylıq toplaw quralı; 4) tólew quralı.

# 2-MODUL. BAZAR EKONOMIKASÍ TEORIYASÍ
## 5-TEMA. BAZAR EKONOMIKASÍNÍN MAZMUNÍ HÁM HÁREKET ETIWI

### 1-lekciyanıń jobası:

1. Bazardıń mazmunı, belgileri hám wazıypaları
2. Bazardıń dúzilisi hám klassifikaciyalanıwı.
3. Bazar infrastrukturası hám onıń quramı

### 1. Bazardıń mazmunı, belgileri hám wazıypaları

Ekonomikanıń globallasıwı shatrayatında ekonomikanıń neni, qansha hám kim ushın islep shıǵarıw zárúr degen tiykarǵı mashqalası bazarda anıqlanadı. Sonlıqtan bazar sistemasınıń nızam-qaǵıydaların úyreniwdi bazardan baslaymız hám dáslep bazardıń mánisi hám zárúrligin anıqlaymız, sońınan onıń wazıypaların kórip shıǵamız.

**Bazar *(market)* – bul qarıydarlar menen satıwshılar ortasındaǵı ekono-mikalıq baylanıslar, olardı bir-birine baylanıstırıwshı mexanizm.**

Hámmeniń isi bazarda pitedi, sebebi ol jerden pulǵa barlıq kerekli tutınıw buyımları hám resurslardı tapsa boladı. “Hámme nárseniń atası da bazar, anası da bazar” degen gáptiń mánisi mine usınnan ibarat. Hámmeniń isiniń bazarda pitiwi onıń abzallıǵı bar degeni. Olay bolsa, bul abzallıq nede? Bul bazar baylanıslarınıń ekonomikalıq jaqtan qolaylı bolıwında, álbette. Gáp sonnan ibarat, hámme nárseni ózi islep shıǵarıwdan kóre ayırım ónimlerdi shıǵarıp, basqasın satıp alıw paydalı boladı. Tovardı dóretiwshiniń miyneti qánigelesken boladı, nátiyjede kásiplerdiń túri kóbeyip baradı.

Bazarda tovar almasıwdıń **úsh abzallıǵı** bar. **Birinshisi,** bazar arqalı mútájlik qanaatlandırılǵanda tovarlardı ózi islep shıǵarıp tutınıwǵa qaraǵanda satıp alıw arzanǵa túsedi. **Ekinshiden,** tutınıw ushın kerekli ónim hám xızmetlerdi bazardan ańsat tabıw múmkin, bunıń menen tutınıwdı qanaatlandırıwshı qárejetler únemlenedi. **Úshinshiden,** bazarda tovardı tańlap alıw imkaniyatı bar. Barlıq óndiriwshiler birdey yamasa orınbasar tovarlardı bazarda kóplep usınıs etkenlikten bular resurs bolsın, tutınıw tovarları bolsın, olardan ózine maqulın tańlap alıw múmkin boladı. Ózi islep shıǵarǵanda tańlaw imkaniyatı bolmas edi.

**Bazardıń abzallıǵı sonnan ibarat, ol sheklengen resurslar sharayatında mútájliklerdi kem miynet sarplaǵan halda hám tolıǵıraq qanaatlandırıw imkaniyatın beredi.**

Bazar kórsetetuǵın xızmetlerge zárúrlik bolǵanlıqtan ol turaqlı keńeyip baradı, sonlıqtan bazar baylanıslarına barǵan sayın kóp óndiriwshiler hám tutınıwshılar tartıladı.

Bazardıń zárúrligi onıń orınlaytuǵın wazıypaları arqalı da kórinedi, ol ekonomikalıq mexanizm sıpatında bir qatar paydalı wazıypalardı orınlaydı.

1. Bazar óndiris penen tutınıwdı bir-birine baylanıstırıw wazıypasın orınlaydı. Tovardıń háreketi onı islep shıǵarıwdan baslap, tutınıw menen juwmaqlanadı. Bul hárekettiń qalay júz beriwi bazarǵa baylanıslı.

2. Bazar óndiristiń qaytadan jańalanıp turıwına, yaǵnıy úzliksiz júz beriwine sharayat jaratadı. Bazarda tovarlar satılǵannan soń, olardıń iyesi sarplanǵan qárejetlerdiń pulın shıǵarıp alıw menen birgelikte payda da kóredi.

3. Bazar ekonomikalıq regulyator, yaǵnıy ekonomikanı tártipke salıwshı qural bolıp xızmet etedi. Buǵan bazar bahaları arqalı erisiledi. Baha páseygen jerden resurslar shıǵıp ketedi, olar baha joqarılaǵan jerge aǵıp ótedi.

4. Bazar túrli mámleketler hám aymaqlar ortasında óz-ara paydalı ekonomikalıq baylanıslardı ornatıwǵa xızmet etedi. Bazar qatnasıqları xalıq aralıq ekonomikalıq birge islesiwdiń jetekshi tarawı esaplanadı. Qullası, bazar xalıq aralıq baylanıslardı ornatıw hám olardı keńeytiw qurali da boladı.

## 2. Bazardıń dúzilisi hám klassifikaciyalanıwı.

Bazar oǵada quramalı dúziliske iye. Onıń strukturalıq dúzilisine túrli ólshemler boyınsha baha beriledi. Bul ólshemler báseki, bazar subektleriniń jaǵdayı, bazar obektleriniń xarakteri, bazar aylanısınıń kólemi, bazar baylanıslarınıń nızamlılıǵı sıyaqlılar kiredi. Olardıń arasında báseki hám subektlerdiń social-ekonomikalıq dárejesi tiykarǵı orında turadı. Ekonomikalıq baylanıslardıń xarakterine qaray bazardı eki túrge ajıratıw múmkin: a) erkin, jetilisken básekili bazar; b) jetilispegen básekili, monopoliyalasqan yamasa báseki ulıwma bolmaǵan bazar.

**Erkin bazarda** satıwshılar hám qarıydarlar kópshilik bolıp, olardan hesh biri bazarda ústemlik dárejege iye bolmaydı, kerisinshe, olar turaqlı básekide boladı. Bazar qatnasıwshılarınıń baylanısı erkin sawda qatnasıqlarına tiykarlanadı.

**Monopoliyalasqan bazar** – bul azshılıq satıwshılar hám qarıydarlar ústemlik etken, báseki sheklengen yamasa báseki ulıwma joq bazar.

Bul bazar 4 túrli boladı:

**a) monopol básekili bazar,** bul jerde kóp sanlı kárxanalar bazardı óz qolında uslap turadı. Olar tovarlardıń tiykarǵı bólegin usınıs etedi, biraq olardıń ayırımları yamasa bir neshesiniń bazardaǵı úlesi, olarǵa ústemlik etiw imkaniyatın bermeydi.

**b) sap monopoliya bazarı,** bul jerde satıwshı monopoliyası boladı, yaǵnıy qarıydarlar kóp bolǵan halda satıwshı birew boladı, qarıydardıń mine usı bir satıwshınıń tovarın alıwdan basqa ilajı bolmaydı;

**v) oligopoliya bazarı,** bul jerde bir emes, al bir neshe, biraq azshılıqtan ibarat satıwshılar ústemligi bar boladı. Tovarlardıń tiykarǵı bólegi mine solardıń qolında toplanadı, bul jerde de satıwshı monopoliyası boladı;

**g) monopsoniya bazarı,** bul jerde satıwshı emes, al qarıydar monopoliyası boladı, yaǵnıy satıwshılar kóp bolǵan halda qarıydar birew boladı. Monopsoniya ádette resurslar bazarında boladı, bul jerde ayırım kárxanalar shiyki zat, janılǵı, jumıs kúshi sıyaqlı resurslardıń tiykarǵı bólegin satıp aladı. Eger monopoliya bazarında satıwshı qarıydarǵa óz húkimin ótkerse, monopsoniyada qarıydar satıwshıǵa óz húkimin ótkeredi.

Bazarlar óziniń obekti boyınsha, yaǵnıy qanday tovar hám xızmetlerdiń satılıwı-satıp alınıwı boyınsha da parqlanadı. Usı belgisi boyınsha tutınıw tovarları bazarı, resurslar bazarı, finans bazarı hám intellektual tovarlar bazarına ajıratıladı[9].

**Tutınıw tovarları yamasa tutınıwshılar bazarı.** Bul bazarda adamlardıń jeke mútájligin qanaatlandırıwshı, yaǵnıy olardıń tirishiligi ushın zárúr bolǵan tovarlar sawdası júz beredi.

**Resurslar bazarı.** Bul jerde túrli materiallıq resurslar hám jumıs kúshiniń sawdası júz beredi. Bul bazardıń qatnasıwshıları resurslardı óndiriwshiler hám olardı satıp alıwshı firmalar, mámleketlik shólkemler hám úy xojalıqlarınan ibarat.

**Finans bazarı.** Bul bazardıń arnawlı forması bolıp, bul jerde finanslıq resurslar, yaǵnıy pul hám dáramat keltiriwshi bahalı qaǵazlar sawdası ámelge asırıladı.

---

[9] O'lmasov A., Vahobov A. Iqtisodiyot nazariyasi. Darslik. –T.: "Iqtisod-Moliya", 2014, 81 bet

**Intellektual tovarlar bazarı -** bazardıń arnawlı túri bolıp, aqıl miynetiniń ónimi bolǵan tovarlar hám xızmetlerdiń almasıwın bildiredi. Bul jerde satıwshılar hám qarıydarlar arnawlı tovar esaplanǵan ilimiy ideyalar, texnikalıq jańalıqlar, kórkem óner hám ádebiyat shıǵarmaları, túrli informaciyalardı satıw hám satıp alıw boyınsha qatnasıqta boladı.

Bazar kólemi hám qatnasıwshıları boyınsha jergilikli, aymaqlıq, milliy, mámleketler aralıq hám jer júzlik bazarlarǵa ajıratıladı.

**Jergilikli bazar** – bul kishi aymaqtaǵı bazar bolıp, onıń qatnasıwshıları sol jerdegi satıwshılar hám qarıydarlar boladı. Bul bazarda tiykarınan jergilikli tovarlardıń sawdası júz beredi.

**Aymaqlıq bazar** – bul bir neshe shegaralas aymaqlar sheńberindegi bazar bolıp, jergilikli bazarlardıń kompleksinen ibarat boladı. Onıń subekti – qatnasıwshıları aymaqtaǵı tovar islep shıǵarıwshılar hám tutınıwshılar esaplanadı. Onıń obekti túrli aymaqlarda jaratılǵan ónim hám xızmetler hámde sırttan keltirilgen tovarlar esaplanadı. Aymaqlıq bazardıń kólemi jergilikli bazardıń kóleminen úlken boladı, onıń qatnasıwshıları da kóp. Aymaqlıq bazarǵa mısal etip Ózbekstandaǵı Shıǵıs aymaq (Fergana oypatlıǵı) bazarın kórsetiw múmkin.

**Milliy bazar** – bul málim mámlekettiń milliy shegarası sheńberindegi, yaǵnıy mámlekettiń ishki bazarı. Bul bazar milliy ekonomikanıń ajıralmas bólegi esaplanadı. Onıń qatnasıwshıları málim mámlekettegi barlıq tovar islep shıǵarıwshılar, tutınıwshılar hám olar ortasında turǵan dáldálshılardan ibarat.

**Mámlekteler aralıq bazar** – bul eki yamasa onnan kóp mámleketlerdiń óz-ara bazarı bolıp, bunda túrli mámlektelerdiń firmaları hám mámleketlik shólkemler qatnasadı. Bul bazarda tovardı tikkeley tutınıwshılar – úy xojalıqları qatnaspaydı. Bul bazar shegaralas mámleketler bazarı bolıp, bul jerde sol mámleketlerde islep shıǵarılǵan tovarlar, sırttan keltirilgen tovarlardıń sawdası ámelge asırıladı. Aytılǵan mámleketlerde shegara aldı sawda jumısları keń tarqalǵan.

**Jer júzlik bazar** – bul dúnya mámleketleri ortasındaǵı sawda qatnasıqları. Bul bazarda rawajlanıw dárejesi, tovar islep shıǵarıw potencialı hár qıylı mámleketler qatnasadı.

## 3. Bazar infrastrukturası hám onıń quramı

Bazardaǵı ekonomikalıq baylanıslarda kópshilikten ibarat subektler qatnasadı. Bul baylanıslar oǵada kóp túrli bolıp, quramalı ámelge asırıladı, bular tikkeley baylanıslar hám qosımsha baylanıslardan ibarat. **Tikkeley** bazar qatnasıǵı payda bolǵanda satıwshı hám qarıydar bir-biri menen tuwrıdan-tuwrı baylanıs ornatadı, bul jerde hesh kim olar ortasında dáldálshılıq etpeydi. **Qosımsha** bazar qatnasıǵı júz bergende satıwshı hám qarıydar ortasındaǵı baylanıslar dáldálshılar arqalı ornatıladı. Olar satıw-satıp alıw tarawında bazar qatnasıwshılarına óz xızmetin kórsetedi, bul infrastruktura xızmeti esaplanadı.

**Bazar infrastrukturası (*market infrastructure*) bazar baylanısların ornatıwda qatnasıwshı, yaǵnıy satıwshılar hám qarıydarlarǵa xızmet kórsetiwshi institutlar,** yaǵnıy firma hám túrli shólkemler.

Bazardıń kólemi, onda qatnasıwshı tovarlardıń quramı, sawda qatnasıqlarınıń xarakterine qarap túrli infrastruktura buwınları háreket etedi.

Bazar infrastrukturasınıń quramına kiriwshi shólkemlerdi tiykarǵı baǵdarları boyınsha tómendegishe toparlarǵa bóliwimizge boladı[10]:

[10] Shodmonov Sh. Ǵafurov U. “Iqtisodiyot nazariyasi” Darslik. Toshkent: “Iqtisod-moliya” nashriyoti, 2010.

- **tovar hám xızmetler aylanısına xızmet etiwshi shólkemler** (transport hám baylanıs xızmetin kórsetiwshi kárxanalar, birja, aukcion, sawda shólkemleri hám agentlikleri hám t.b.);
- **finans-kredit qatnasıqlarına xızmet etiwshi shólkemler** (bank, kredit shólkemleri, qamsızlandırıw hám finans kompaniyaları, salıq shólkemleri hám t.b.);
- **sociallıq tarawǵa xızmet kórsetiwshi shólkemler** (turaq-jay hám kommunallıq xızmet shólkemleri, xalıqtı jumısqa jaylastırıwshı firmalar hám t.b.);
- **informaciya xızmetin kórsetiwshi shólkemler** (maǵlıwmatlardı toplaw, ulıwmalastırıw hám satıw menen shuǵıllanıwshı shólkemler).

### 2-lekciyanıń jobası:

1. Bazar ekonomikasınıń mazmunı hám tiykarǵı belgileri.
2. Bazar ekonomikasınıń abzallıqları hám qarama-qarsılıqları

## 1. Bazar ekonomikasınıń mazmunı hám tiykarǵı belgileri

Bazar ekonomikasınıń háreket etiw mexanizmi kóp ásirler dawamında qáliplesip, házirgi dáwirde mádeniyatlasqan kóriniske iye hám kóplegen mámleketlerde húkim súriwshi ekonomikalıq sistemaǵa aylandı. Usı ekonomikanıń turaqlılıǵı sonıń menen túsindiriledi, uzaq dáwirli ekonomikalıq evolyuciya dawamında onıń háreket etiwiniń tiykarǵı klassik qaǵıydaları saqlanıp qaldı.

**Bazar ekonomikası – bul tovar óndirisi, almasıw hám pul aylanısı nızamları tiykarında shólkemlestiriletuǵın hám basqarılatuǵın ekonomikalıq sistema.** Bunday ekonomika erkin tovar-pul qatnasıqlarına tiykarlanadı, onıń tiykarında tovar hám puldıń túrli formalardaǵı háreketi jatadı, ol ekonomikalıq monopolizmdi biykar etedi.

Bazar ekonomikası óziniń bir qatar belgileri menen basqa ekonomikalıq sistemalardan ajıralıp turadı.

Bazar sisteması **menshiktiń kóp túrliligine** tiykarlanadı, biraq jeke menshik ústinlik etedi. Bunnan tısqarı jámáátlik hám mámleketlik menshik te háreket etedi. Biraq hesh bir menshik monopoliyası – jeke húkimdarlıǵı qáliplespeydi, sebebi menshikler ortasında teńsalmaqlıq saqlanadı, bir menshiktiń basqası tárepinen qısıp shıǵarılıwı júz bermeydi, sebebi barlıq menshik formalarınıń erkin rawajlanıwına kepillik beriledi.

Bazar ekonomikasında ónimler **tovar formasına** iye boladı, olar satıw-satıp alınıw arqalı almaslanadı. Tovar ónim hám xızmetlerdiń ulıwmalıq formasına aylanadı. Mine usı tárepi boyınsha bazar sisteması dástúriy sistemadan túpten ózgeshelenedi.

Bazar ekonomikası **erkin ekonomikalıq tańlaw qaǵıydasına** tiykarlanadı. Neni, qansha hám kim ushın islep shıǵarıw zárúr degen mashqalanı bazardıń óz sheshedi.

Bazar qatnasıqlarınıń hár bir subekti, ol kárxanama, mámleketpe, ayırım adamba – bunıń áhmiyeti joq, **óz mápin gózlep** xızmet júrgizedi. Biraq, hesh kim qálegen isin bazarsız isley almaydı. Ol bazar menen esaplasıwǵa májbúr, keri jaǵdayda isi júrmeydi, dáramat tappaydı, bankrot boladı. Óndiriwshi de, tutınıwshı da ne islew kerekligin **bazardan** bilip aladı.

Bazar ekonomikasınıń jáne bir belgisi – **tovar bahalarınıń erkin qáliplesiwi.** Tovar bahaların mámleket joqarıdan belgilemeydi, baha ayırım óndiriwshi yamasa tutınıwshınıń ústemligi tiykarında qáliplespeydi. Baha bazardaǵı talap hám usınısqa qarap, qarıydar menen satıwshınıń sawdalasıwına muwapıq júzege keledi. Bazar qatnasıǵına kelisilgen bahalar xızmet etedi. Olar bolsa pul menen ólshenedi.

Bazar ekonomikasınıń keyingi belgisi onıń ekonomikalıq mexanizminde **básekiniń bolıwı** esaplanadı. Báseki ekonomikalıq qatnasıqlar qatnasıwshılarınıń jeke, basqalardıń mápine qaraǵanda ózgeshe mápiniń bar ekenligin bildiredi, biraq bul máp jolında gúres qabıl etken qaǵıydalarǵa tiykarlanıp alıp barıladı.

Bazar ekonomikası erkin bolǵanlıqtan ol monopoliya menen kelise almaydı. Sebebi monopoliya básekini shekleydi, onıń ushın ol maqul emes. Monopoliya turǵınlıqtı júzege shıǵaradı, baslamashılıqtı shegaralaydı. Sonlıqtan onıń menen kelise almaydı. Mine usı tárepi boyınsha bazar ekonomikası **antimonopoliyalıq** baǵdarǵa iye.

Bazar ekonomikasında mápler bir-biri menen soqlıǵısqanda báseki júz berse, olar uyǵınlasqanda **partnyorlıq** (sherikshilik) baylanısları payda boladı. Óndiristiń qánigelesiwi kárxanalardan bir-birine tovar hám xızmetlerdi jetkerip beriwdi talap etedi.

Bazar ekonomikası **sociallıq baǵdarǵa** iye bolǵan ekonomika, yaǵnıy ol aqırǵı nátiyjede turmıs dárejesin jaqsılawdı támiyinlewge qaratıladı.

Bazar sistemasında **bay bolıw** qadaǵan etilmeydi, sebebi bul sistemanıń jáne bir áhmiyetli belgisi **dáramatlardıń sheksizligi** esaplanadı, jumıs islep pul tabıw qábileti bolsa túrlishe, sonlıqtan adamlar dáramatları boyınsha keskin parqlanadı. Xalıq bay, ortasha jaǵday hám kámbaǵal qatlamlarǵa ajıraladı. Bay bolıw órnek (úlgi) sıpatında xızmet etkenlikten oǵan umtılıw adamlarda ekonomikalıq aktivlikti oyatadı.

Hár qanday ekonomikalıq sistema sıyaqlı bazar ekonomikası da ekonomikanıń ulıwmalıq mashqalaların sáwlelendiriwshi tómendegi sorawlarǵa juwap tabıwı zárúr: ne (qanday ónim hám xızmetlerdi) hám qansha muǵdarda islep shıǵarıw zárúr? qanday texnika hám texnologiya menen islep shıǵarıw zárúr? kim ushın islep shıǵarıw zárúr?

Eger bul sorawlardı ulıwmalıq túrde qoyıp, oǵan rawajlanıwdıń barlıq basqıshlarına tán bolǵan ulıwmalıq juwaptı beretuǵın bolsaq, olardı ápiwayı etip: xalıqtıń mútájligi ushın zárúr muǵdarda hám túrdegi tovar hám xızmetlerdi islep shıǵarıw; bar bolǵan resurslardan nátiyjeli paydalanıp, jańa texnika hám texnologiyalar tiykarında islep shıǵarıw; xalıqtıń tutınıwı ushın zárúr ónimlerdi islep shıǵarıw, dep juwap beriw mumkin.

Biraq bazar ekonomikası dáwirinde bul sorawlarǵa usı sistemanıń ózine tán tariyxıy ózgesheliginen, onıń talapları hám nızam-qaǵıydalarınan kelip shıǵıp juwap beriledi.

Qısqasha etip aytqanda, bazar ekonomikası sharayatında:

a) kóbirek payda beretuǵın tovarlar hám xızmetler islep shıǵarıladı;

b) pulı bar, tovarlar joqarı payda alıw imkaniyatın beretuǵın bahalarda satıp alıw qábiletine iye qarıydarlar ushın islep shıǵarıladı;

v) joqarı payda alıwdı támiyinleytuǵın, únemlew imkaniyatın beretuǵın texnika hám texnologiya járdeminde islep shıǵarıladı.

## 2. Bazar ekonomikasınıń abzallıqları hám qarama-qarsılıqları

Bazar ekonomikasınıń nátiyjeli hám turaqlı ekonomikalıq sistema sıpatında háreket etiwi hám rawajlanıwı onıń abzallıqları menen baylanıslı. Bazar ekonomikasınıń abzallıqların tómendegi belgiler arqalı kórsetiw múmkin:

1) **resurslardı bólistiriwdiń nátiyjeligi.** Bazar sisteması resurslardı nátiyjeli bólistiriwge járdem beredi. Bunıń mánisi sonnan ibarat, básekili bazar sisteması resurslardı jámiyetke eń zárúr bolǵan tovarlar hám xızmetlerdi islep shıǵarıwǵa baǵdarlaydı.

2) **erkinlik.** Bazar ekonomikasınıń áhmiyetli abzallıqlarınan biri sonda, ol jeke erkinlik roline ústinlik beredi.

3) **háreketsheńlik.** Bazar ekonomikasınıń jáne bir abzallıǵı sonnan ibarat, bunda hár bir shaxs, kárxana, firma hám korporaciyalar tınımsız hárekette hám izleniwde boladı.

Bazar ekonomikasınıń joqarıda kórip shıǵılǵan tiykarǵı abzallıqları menen bir qatarda basqa kóplegen **unamlı táreplerin** de sanap ótiw múmkin. Sonıń ishinde:

- onıń óndiristiń ózgeriwsheń sharayatlarǵa iykemlesiwi hám kónligiwiniń joqarı dárejesi;
- ilim hám texnikanıń jetiskenliklerinen paydalanıw, olardı óndiriske engiziwdiń jedel páti;
- túrli mútájliklerdi qanaatlandırıw, ónim sapasın arttırıw qábileti;
- buzılǵan teńsalmaqlıqtı salıstırmalı tezlik penen qayta tiklew;
- sheklengen informaciya - túrli resurslardıń baha dárejesi hám olardıń jumsalıw dárejesine baǵdarlanǵan halda bazar ekonomikasınıń nátiyjeli háreket ete alıw imkaniyatı.

Bazar ekonomikası qanshelli abzallıq hám unamlı táreplerine iye bolmasın, onı ideal sistema dep ayta almaymız. Bul sistemanıń da basqa sistemalar sıyaqlı ózine tán qarama-qarsılıqları hám kemshilikleri bar.

Bazar ekonomikasınıń tiykarǵı qarama-qarsılıǵı – **básekiniń kúshsizleniwine (hálsizleniwine) jol qoyıw hám onı xoshametlew.** Básekiniń kúshsizleniwiniń eki tiykarǵı deregi bar:

1) bazar ekonomikasındaǵı erkin ortalıqta isbilermenler payda izinen quwıp hám óziniń ekonomikalıq dárejesin jaqsılawǵa umtılıp, básekiniń sheklengen jolınan azat bolıwına háreket etedi. Firmalardıń qosılıp ketiwi, kompaniyalardıń jasırın kelisiwi, ayawsız báseki – bulardıń hámmesi básekiniń kúshsizleniwi hám onıń tártipke salıwshılıq tásiriniń páseyip barıwına alıp keledi;

2) bazar sisteması qollap-quwatlanatuǵın texnikalıq rawajlanıw da básekiniń kúshsizleniwine alıp keledi. Eń jańa texnologiya, ádette: a) júdá úlken muǵdardaǵı real kapitaldan paydalanıwdı; b) iri bazarlardıń bolıwın; v) kompleksli, oraylasqan hám qatań bir pútin bolıp birlesken bazardıń qáliplesiwi; g) bay hám isenimli shiyki-zat dereklerin talap etedi.

Bazar ekonomikasınıń gezektegi qarama-qarsılıǵı – **jámiyet aǵzalarınıń dáramatlarındaǵı teńsizliktiń kúsheyip barıwı hám xalıqtıń dáramatları boyınsha toparlarǵa ajıralıwı.** Bunday ekonomika hár qanday joqarı dárejede rawajlanbasın dáramatlar teńsizligin saplastıra almaydı, tek onı málim bir dárejede jumsartıwı múmkin.

Bazar ekonomikasınıń ulıwmalıq tán alınǵan qarama-qarsılıqlarınan biri – **sociallıq ónimler hám xızmetlerdi islep shıǵarıp, bazarǵa usınıs etiwge qábiletli emes.** Sonlıqtan jámiyet aǵzaların bunday ónimler hám xızmetler menen támiyinlewdi mámleket juwapkershiliginde boladı.

Bazar ekonomikasınıń qarama-qarsılıqlı táreplerinen jáne biri – **tovarlar kólemi menen pul massası ortasındaǵı júz berip turatuǵın teńsalmaqlıqtıń buzılıwın saplastıra almawshılıǵı.**

Bazar ekonomikasınıń bunday qarama-qarsılıqları hám kemshilikleri jámiyetlik rawajlanıw barısında, ásirese bazar ekonomikasına ótiwdiń dáslepki basqıshlarında bir qatar qıyınshılıqlardı keltirip shıǵarıwı múmkin. Sonlıqtan bunday qıyınshılıqlardıń aldın alıw hám olarǵa qarsı ilajlar islep shıǵıw wazıypasın bazar ekonomikası jaǵdayında da mámleket óz juwapkershiligine aladı.

## Tayanısh túsinikler

*Bazar, bazardıń abzallıǵı, bazardıń obekti, bazardıń subekti, bazardıń wazıypaları, bazardıń klassifikaciyalanıwı, tutınıw tovarları hám xızmetler bazarı, resurs bazarı, finans bazarı, intellectual tovarlar bazarı, jergilikli bazar, milliy bazar, aymaqlıq bazar, jer júzlik bazar, erkin básekili bazar, monopoliyalasqan bazar, bazar infra strukturası.*

## 6-TEMA. BAZAR EKONOMIKASÍNA ÓTIW DÁWIRI HÁM ONÍŃ ÓZBEKSTANDAǴÍ ÓZGESHELIKLERI

### 1-lekciyanıń jobası:

1. Ótiw dáwiriniń mazmunı. Bazar ekonomikasına ótiw jolları.
2. Bazar ekonomikasına ótiwdiń milliy modelleri

### 1. Ótiw dáwiriniń mazmunı. Bazar ekonomikasına ótiw jolları

Bazar ekonomikası ulıwma insanıylıq xarakterge iye bolǵan sistema bolǵanlıqtan barlıq mámleketler sol joldan baradı. Biraq bir jerde bul sistema qáliplesip úlgergen hám óziniń joqarı dárejesine shıqqan bolsa, basqa jerde ol endi qáliplese baslaǵan. Sonlıqtan bazar ekonomikasına ótiw ulıwma insanıylıq process esaplanadı, biraq bul túrlishe ámelge asırıladı.

Bazar ekonomikasına ótiw hár qıylı ellerde hár túrli jollar hám usıllar arqalı alıp barılıwı múmkin. Bul mámleketlerdiń rawajlanıw jaǵdayına, milliy ózgesheliklerine, úrip-dástúrlerine baylanıslı boladı. Dúnya tájiriybesinde bazar qatnasıqlarına ótiwdiń tómendegi jollarınan paydalanılǵan:

**1. Klassik jol** – bul joldan Batıs Evropa mámleketleri, AQSh hám Yaponiya sıyaqlı mámleketler barǵan. Bul jolda bazar qatnasıqlarınıń qáliplesiwi áste-aqırın hám uzaq, derlik 300 jıl dawam etken (XVI-XIX ásirler). Bul tábiyiy-tariyxıy process bolǵan. Tábiyatta bolǵanı sıyaqlı ekonomikadaǵı ózgerisler óz halına júz bergen, onı sırttan turıp tezletiw yamasa páseytiw júz bermegen.

**2. Koloniyalıqtan azat bolǵan mámleketler jolı** – bul joldan XX ásirdiń 60-jıllarınan baslap kópshilik, azat bolǵan Aziya, Afrika hám Latın Amerikası mámleketleri barǵan. Bul joldıń áhmiyetli belgisi birinshiden, dástúriy ekonomikadan bazar ekonomikasına jedel ótiliwi, ekinshiden koloniyalıq dáwirinde jaratılǵan sırt el sektorı tusındaǵı bazar qatnasıqlarınan milliylesken sektordaǵı, ǵárezsiz kórinistegi bazar qatnasıqlarına ótiliwi esaplanadı. Eger aldın bazar baylanısları qaramlılıq sharayatında ámelge asırılsa, sońınan milliy ǵárezsizlik sharayatında júz beredi, yaǵnıy olar sırt el mápine emes, al milliy máplerge xızmet etedi.

**3. Totalitar jobalı sistemadan bazar ekonomikasına ótiw jolı.** Bul bazar ekonomikasına ótiwdiń eń sońǵı jolı bolıp, bul joldan eski socialistlik mámleketler hám awqamlas respublikalar ótedi. Bul jol jobalı sistemadan bazar ekonomikasına qaytıw jolı esaplanıp, usı tárepi boyınsha ol basqa jollardan parqlanadı. Bunda aldın zorlıq penen toqtatılǵan bazar ekonomikasına qaytadan ótiledi. Bul jolda jobalı sistemadan miyras bolıp qalǵan materiallıq bazaǵa hám toqtatılıp úlgermegen bazar baylanıslarına, basqa mámleketlerdiń toplaǵan tájiriybesine tiykarlanadı.

Ótiw dáwirinde bazar ekonomikasın qáliplestiriwdiń tiykarǵı baǵdarları bolıp tómendegiler esaplanadı:

1. Ekonomikanı erkinlestiriw. Erkinlestiriw – bul xojalıq turmısınıń barlıq tarawlarındaǵı tosqınlıq hámde sheklewlerdi, sonday-aq, mámleketlik qadaǵalawdı

keskin ráwishte qısqartıw yamasa biykar etiwge baǵdarlanǵan ilajlar sistemasınan ibarat.

2. Ekonomikanı monopoliyadan shıǵarıw hám báseki ortalıǵın qáliplestiriw.

3. Institucional ózgerisler. Usı ózgerisler tómendegi tarawlardı óz ishine qamtıp aladı:

menshik qatnasıqların ózgertiw, sonıń ishinde, jeke sektordı jaratıw;

bazar infrastrukturasın qáliplestiriw;

ekonomikanı mámleket tárepinen tártipke salıwdıń jańa sistemasın jaratıw;

bazar sharayatlarına sáykes keliwshi xojalıq nızamshılıǵın qabıl etiw hám basqalar.

4. Strukturalıq ózgerisler. Strukturalıq ózgerisler birinshi gezekte ekonomika hám onıń ayırım tarawlarınıń quramında aldıńǵı sistemadan qalǵan teńsizliklerdi jumsartıw yamasa saplastırıwǵa baǵdarlanǵan.

5. Makroekonomikalıq, tiykarınan, finanslıq turaqlastırıw. Makroekonomikalıq turaqlastırıw ilajları sistemasına pul emissiyasın sheklew, mámleketlik byudjet qıtshılıǵın qısqartıw, unamlı procent stavkasın támiyinlew hám basqalar kiredi.

6. Bazar xojalıǵına sáykes bolǵan xalıqtı sociallıq qorǵaw sistemasın qáliplestiriw. Bul sistema xalıqtıń salıstırmalı mútáj qatlamın anıq sociallıq qollap-quwatlawǵa baǵdarlanǵan.

Bazar sistemasınıń joqarıda keltirip ótilgen tiykarǵı mexanizmlerin qáliplestiriwdiń juwmaǵına jetiwi ótiw dáwiriniń tamamlanǵanlıǵınan derek beredi.

## 2. Bazar ekonomikasına ótiwdiń milliy modelleri

Bazar ekonomikasına ótiw joqarıda kórip ótkenimizdey hár túrli jollar hám usıllar arqalı ámelge asırılıp, bunda dúnya elleri ótiwdiń túrli modellerinen paydalandı. (Model franc. modele – úlgi).

Ilimde ekonomikalıq rawajlanıw modelleri boyınsha hár túrli pikirlerdi ushıratıwǵa boladı. Biziń názerimizde ol quramalı túsinik bolıp, ekonomikalıq qatnasıqlardıń keń kólemli sistemasın óz ishine aladı hám ol sol xalıqtıń milliy mentaliteti, turmıs tárizi, dúnya qarası, mádeniyatı, dini, ruwxıy hám basqada bir qatar faktorlarǵa baylanıslı boladı. Mámleketler rawajlanıw modelin tańlawda usı faktorlar menen bir qatarda, óziniń tábiyiy baylıqları, geografiyalıq jaylasıw jaǵdayı, mámlekettiń xalıq aralıq integraciyada qatnasıwı hám óziniń ekonomikalıq rawajlanıw jaǵdayın esapqa aladı.

Dúnya tájiriybesinde Aziya, Evropa, Arqa Amerika, Latın Amerikası, Afrika hám Aziya-Tınısh okeanı sıyaqlı ekonomikalıq rawajlanıw modelleriniń bolǵanlıǵın bilemiz. Bul modeller ishki rawajlanıw faktorları hám ámelge asırıw usılları boyınsha bir-birinen parıqlanadı. Evropa modelinde ekonomikalıq rawajlanıwdıń sociallıq baǵdarlanǵanlıǵı hám biznesti hár tárepleme qollap quwatlawǵa itibardıń qaratılǵanlıǵın kóriwge boladı. Bul model Batıs hám Oraylıq Evropa elleri ushın tán bolıp, bunda mámleket tárepinen kúshli sociallıq siyasat júrgiziwge itibar beriledi. Joqarıda aytıp ótkenimizdey, olardı birlestiriwshi tiykar bolıp mámleketlerdiń rawajlanıw dárejesiniń bir-birine jaqınlıǵı esaplandı.

Aziya rawajlanıw modeli óndiristiń aziyalıq usılına tiykarlanadı, bunda sanaat hám awıl xojalıǵı tiykarǵı orındı iyeleydi. Ayırım mámleketlerdiń social-ekonomikalıq dúzilisindegi hám ekonomikalıq rawajlanıwındaǵı jaqınlıqlar olar ortasında integraciyalıq processlerdiń júzege shıǵıwına alıp keldi.

Aziya modelleri ishinde Yapon, Koreya, Hind hám Qıtay modelleriniń jetiskenliklerin ayrıqsha atap ótiwge boladı. Aziya modelinde jámáát óziniń bekkemligi, awızbirshiligi hám monolitligi menen ajıralıp turadı. Mısalı, “Yaponiya

akcionerlik kompaniyası" túsiniginde mámleket bir pútin aǵza, bir firmaday bolıp háreket etedi, barlıq xızmetkerler óz mápleriniń birdeyligi menen baylanısadı. Biraq onıń bas mexanizmi húkimettiń ekonomikanı qatań belgilengen jobalar tiykarında basqarıwında emes. Joba hám baǵdarlamalar bul jerde boljaw xarakterine iye boladı. Yaponiyada, sonday-aq Aziyanıń jańa industrial mámleketlerinde erkin isbilermenlik xızmeti mámleketlik basqarıw menen birgelikte alıp barıladı.

**Yapon modeliniń ózgesheligi sonnan ibarat**, bunda yapon xalqınıń milliy úrp-ádetlerin hurmet etiwge qaratılǵan jámiyetti dúziwge, milliy qádiriyatlardı esapqa ala otırıp miynetke qızıqtırıwdıń ózine tán formasın qáliplestiriwge áhmiyet qaratıldı. Ekonomikalıq rawajlanıwda social-mádeniy hám diniy faktorlardıń ornı da kózge anıq taslanadı. Yapon xalqınıń mádeniyatında jámiyetlik sana, jámáát mádeniyatı hám tártip intizam birinshi orında turadı. Olardıń milliy úrp-dástúrlerine muwapıq hár qanday sociallıq topardıń mápi jeke shaxs mápinen ústin turadı. Jámiyet turmısında birinshi topar-shańaraq bolsa, keyingi orında jámáát boladı. Firma hám mámleket úlken shańaraqlar esaplanadı. Yapon modeliniń ústin tárepin onıń kóplegen rawajlanǵan eller ortasında aldıńǵı orınlardı iyelewi yamasa jan basına tuwrı keletuǵın real dárámatlardıń joqarı bolıwında kóriwge boladı.

Bazar ekonomikasına ótiwdiń **Koreya modeli** de úlken jetiskenliklerge erisken model sıpatında tán alınadı. Bunda investiciyalarǵa ekonomikanıń tiykarǵı háreketke keltiriwshi kúshi sıpatında qaraladı. Mámleket óziniń ekonomikalıq siyasatında eksporttı qollap-quwatlaydı. Ásirese ásbap-úskeneler, zamanagóy texnologiyalar hám transport qurallarınıń eksportına ayrıqsha kewil bólinip, sırtqı bazarlarda óz-ara básekige shıdamlılıqtı arttırıw ilajları ámelge asırıldı. Koreya modelinde kóbinese ekstensiv faktorlardıń ústemlik etkenligin kóriwge boladı. Sanaat tarawların rawajlandırıwda mámleket ózi baslama kórsetip, onı zamanagóy texnologiyalar menen qurallandırıwǵa hám jergilikli óndiristi rawajlandırıwǵa ayırıqsha itibar qarattı. Ásirese bank sistemasınıń xızmetin jetilistiriw ústinen qadaǵalaw ornatıp, firmalardıń kredit liniyaların qarjılandırdı. Mámleket óz siyasatında importtıń ornın basatuǵın óndiristi qollap-quwatlaw ilajların da alıp bardı. Nátiyjede Koreyanıń Samsung, Daewoo, LG, Hyundai sıyaqlı iri kompaniyaları óz ónimleri menen dúnyaǵa tanıldı. Koreya jetiskenlikleriniń dereklerinen biri, bilimlendiriw tarawın rawajajlandırıw boldı dep aytıwǵa tolıq tiykar bar. Sebebi ilim menen óndiris ortasında tıǵız baylanıslar ornatılıp, mámlekettiń ózi ilimiy izertlewler sistemasın jaratıwǵa járdem berdi, bul tarawǵa kóplegen qarjılar ajıratıldı. Zamanagóy texnologiyalardı jaratıwǵa mámleket buyırtpaları berilip, ilimniń jetiskenliklerin óndiriske engizip barıwǵa ayrıqsha áhmiyet berildi. Bulardıń hámmesi mámlekette innovaciyaǵa tiykarlanǵan rawajlanıwdıń jańa modeline ótiwge múmkinshilik beredi.

Búgingi kúnde dúnya jámiyetshiliginde **Qıtay modeli** de rawajlanıwdıń kúshli mexanizmine iye model retinde tán alınbaqta. Dúnya mámleketleri arasında ol óziniń eksport potencialı boyınsha jetekshi orındı iyeleydi. Aldın mámleket keń tutınıw buyımları menen xalıq aralıq bazarǵa kirip barǵan bolsa, endi avtomobil sanaatınada tiykar jaratılıp, rawajlanǵan mámleketler menen óz-ara básekili bazarda qatnasıw imkaniyatına iye boldı. Qıtayda innovaciyaǵa ayrıqsha áhmiyet qaratılıp óndirilgen tovarlar arasında joqarı texnologiyalı ónimler úlesi artıp barmaqta. Mámleket quyash energetikası, sonday-aq kompyuterlerdiń jańa áwladın jaratıw boyınsha da jetekshilik etedi.

Óndiristiń tez pátler menen rawajlanıwı xalıqtıń turmıs dárejesiniń artıwın da támiyinlep berdi.

Qıtay modeliniń tiykarǵı mazmunın tómendegi baǵdarlarda kórsetiw múmkin.

1. Jobalı ekonomikadan bazar ekonomikasına transformaciyalasıw. Bul process áste-aqırınlıq penen basqıshpa-basqısh ámelge asırıldı. Reformalardı ótkeriwde

Qıtay eki qağıydağa ámel qıldı. Birinshi qağıyda: bir sekiriwde emes, al **“taslardı terip dáryanı kesip ótiw”.** Ekinshi qağıyda: Den Syaopinniń **“pıshıq teoriyası”** bolıp, **“pıshıqtıń qaysı túrde bolıwı áhmiyetke iye emes, aqpa yaki qarama, áhmiyetlisi onıń tıshqanlardı jaqsı tutıwında”.** Yağnıy ekonomikanı rawajlandırıw, xalıqtıń turmıs dárejesi hám mámlekettiń jalpı quwatın arttırıw ushın paydalı nárselerdiń hámmesin jaqsı dep esaplaydı.

2. Sociallıq turaqlılıq - ekonomikanı rawajlandırıwda barlıq kúshlerdi toplaw sharayatı, bekkem siyasiy sistema arqalı ámelge asırıldı.

3. Barlıq háreketler xalıqtıń turmıs dárejesin jaqsılawğa qaratıldı.

4. Reforma áste-aqırın ekonomikanıń barlıq tarawlarına kóshirildi.

5. Makroekonomikada mámlekettiń roli qollap-quwatlandı.

6. Nátiyjeli shet el institutlarınan paydalanıldı.

Qıtay modeli tómendegi principlerge tiykarlanadı:

- tiykarğı kúsh eskini buzıwğa emes, al jańanı payda etiwge sarplanıwı;
- reforma tuwrıdan-tuwrı xalıqtıń mútájliklerin qanaatlandırıwğa bağdarlanıwı;
- húkimet reformanı biytanıs usıl, jol jobalar boyınsha emes, óz mámleketiniń ózgesheliklerinen kelip shığıp ámelge asırıwı;
- mámlekette liberallastırıw tez ámelge asırılmastan, al basqıshpa-basqısh jılısıwlar tiykarında alıp barılıwı;
- bazar subektlerin jaratıwğa ámeldegi mámleket dúzimin buzıp taslaw jolı menen emes, bar bolğan jarıqlardı toltırıw, bul maqsette sırt el kapitalın da tartıw h.t.b.

## 2-lekciyanıń jobası:

1. Bazar ekonomikasına ótiwdiń “ózbek” modeli, onıń tiykarğı principleri hám ózgeshelikleri.
2. Ózbekstanda milliy rawajlanıw basqıshları hám olardıń wazıypaları

## 1. Bazar ekonomikasına ótiwdiń “ózbek” modeli, onıń tiykarğı principleri hám ózgeshelikleri

Ótken ásirdiń 90-jıllarına kelip burıngı awqam respublikaları ortasındağı baylanıslardıń úziliske túsiwi hám jańa bazar qatnasıqlarınıń qáliplespegenligi, mámleketimiz aldına bazarğa qaysı joldan hám qanday ótiwimiz kerek? degen sorawdı qoydı. Bazar qatnasıqları xalqımız ushın pútkilley jańa túsinik emes edi. Sebebi burın ata-babalarımız “Ullı jipek” jolı arqalı kárwanlardı alıp, sawda-satıq jumısların jurgizgen, Shığıs penen Batıs ortasında baylanıslardı támiyinlegen. Bunıń ushın respublikamızda barlıq qolaylı sharayatlar da bar edi. Mámleketimizdiń qolaylı tábiyiy-klimat sharayatı, geografiyalıq jaylasıwı, bay tábiyiy resursları, bazar sistemasına ótiw ushın tolıq imkaniyatlardı jaratıp beretuğın edi. Biraq 70 jıl dawamında isbilermenlikten, izleniwshilikten, dóretiwshilikten hám milliy qádiriyatlardan uzaqlastırılğan xalqımız ushın birden bazar sistemasına ótip ketiw ańsat emes. Usınday bir jağdayda xalıqtı keleshegi ullı, azat hám abat Watan qurıw jolında birlestiriw ushın úlken kúsh, jiger hám mártlik talap etiletuğın edi.

Mámleketimizde qáliplesken jağdaydı esapqa ala otırıp, respublikamızdıń Birinshi Prezidenti Islam Karimov aqılğa muwapıq is tutıp, qatań siyasiy sananı payda etip, mámleketimizdi tereń krizisten alıp shığıwğa qaratılğan, turaqlı sociallıq bağdarlanğan bazar ekonomikasın qurıwdıń hár tárepleme puxta oylanılğan reformalar strategiyasın islep shıqtı hám onı ámelge asırıwğa basshılıq etti. Prezidentimiz basshılığında sociallıq bağdarlanğan bazar ekonomikasına tiykarlanğan huqıqıy demokratiyalıq mámleket

qurıw hám puqaralıq jámiyetti qáliplestiriw maqsetinde oǵada mashaqatlı, sonıń menen birge, sharapatlı rawajlanıw jolı basıp ótildi.

Dáslepki dáwirlerde, bazar ekonomikasına ótiwdi tabıslı ámelge asırǵan ellerdiń ótiw modellerinen paydalanıw usınıslarıda bildirildi. Turkiya hám Qıtaydıń ótiw jollarınan paydalanıw Ózbekstan ushın maqul keledi degen pikirlerde boldı. Biraq duńya elleriniń bazar ekonomikasına ótiw jolları qanshelli dárejede durıs hám tabıs keltirgen bolmasın, olardıń tájiriybesin tuwrıdan-tuwrı kóshirip alıw nadurıs bolar edi. Sonlıqtan Birinshi Prezidentimiz I.A.Karimov Ózbekstannıń óziniń rawajlanıw jolı bolıwı kerek, degen principte qatań turıp, biz hesh bir mámleketten nusxa alalmaytuǵınımızdı dáliyillep kórsetti. Ózbekstannıń aldında bir neshe strategiyalıq rawajlanıw jolları bolıp, olardıń hár biri puxta uyrenilip, tereń analiz etildi. Rawajlanıw modelin shiyki zat, agrar, industrial hám xızmet kórsetiw baǵdarlarında jaratıw imkániyatı boldı. Ayrım mámleketler sıyaqlı rawajlanıw modelimizdi shiyki zat tiykarında jaratsaq, ol ekstensiv rawajlanıw jolına qaytıp, tábiyiy resurslardıń ayawsız isletiliwine alıp keledi. Agrar tarawdı rawajlandırıw jolın tutsaq, xalıqtıń kópshilik bólegin awıl xojalıǵı tarawında bánt etiw kerek. Bul jol rawajlanıwdan artta qalǵan eller ushın tán bolıp, ol dúnya civilizaciyasınan uzaqlasıwǵa alıp keledi. Rawajlanıw modelin xızmet kórsetiw baǵdarı tiykarında da dúziwge bolar edi, biraq ayrım ellerdiń tájiriybesi kórsetkenindey, industrial ekonomikalıq rawajlanıw modeli nátiyjelirek esaplanadı. Ózbekstan Respublikası óziniń rawajlanıw modelinde bul jollardıń unamlı táreplerin biykarlamaǵan halda, olardan nátiyjeli paydalanıw jolın tuttı. Sebebi Birinshi Prezidentimiz, dúnya tájiriybesin hám óz ámeliyatımızdıń paydalı táreplerin biykarlamaǵan halda, ózimizdiń social-ekonomikalıq rawajlanıw modelimiz bolıwı kerekligin kórsetip bergen edi. Ózbekstannıń ekonomikalıq rawajlanıw modeli xalqımızdıń tariyxıy tájiriybeleri, milliy hám mádeniy úrp-ádetlerin de esapqa aldı. Bazar sistemasına ótiwdi eski ekonomikalıq qatnasıqlardı tez waqıt ishinde (“shok terapiyası”) saplastırıw jolı menen de ámelge asırıwǵa bolatuǵın edi. Biraq sol dáwirdegi ekonomikalıq rawajlanıw jaǵdayımızdı, xalqımız quramında sociallıq qorǵawǵa mútáj qatlamnıń kópshilikti quraytuǵınlıǵın esapqa alsaq bul jol bizge maqul emes edi. Sonlıqtan, awır aqıbetlersiz, keskin shiyelenisiwlerdi payda etpey turıp, bazar qatnasıqlarına basqıshpa-basqısh ótiw jolın tańladıq. Bazar qatnasıqlarına ótiwdiń teoriyalıq tiykarların, tártip-qaǵıydaların, nızamlıqların, ótiw jolları hám principlerin óz ishine qamtıytuǵın **ilimiy koncepciya jaratılıp, bul koncepciyanıń tiykarın “ózbek modeli” quradı.**

Reformalardıń ózbek modeli bunnan aldın jer júzinde jaratılǵan hám bar bolǵan modellerdiń hesh birin tákirarlamaǵan halda, óz mazmunı hám áhmiyeti boyınsha pútkilley jańa model boldı. **Rawajlanıwdıń ózbek modeli tómendegi bes principke tiykarlanadı:**

Birinshiden, ekonomikalıq reformalar hesh qashan siyasat artında qalmawı kerek, yaǵnıy ekonomika siyasattan ústin bolıwı kerek.

Ekinshiden, ótiw dáwirinde mámleket bas reformator bolıwı lazım.

Úshinshiden nızam ústemligine erisiw, nızamlarǵa qatań boysınıw lazım

Tórtinshiden, xalıqtıń demografiyalıq dúzilisin esapqa alǵan halda kúshli sociallıq siyasat ótkeriw kerek.

Besinshiden, bazar ekonomikasına ótiw ekonomikanıń obektiv nızamların esapqa alıp, jaqın ótmishtegi “revolyuciyalıq sekiriwler”siz, yaǵnıy evolyucion jol menen puxta oylap, basqıshpa-basqısh ámelge asırılıwı kerek. Birinshi Prezidentimiz I.A.Karimov ***“Jańa úydi qurmay turıp, eskisin buzbań - baspanasız qalasız”*** degen xalqımızdıń hikmetli danalıq sózin basshılıqqa ala otırıp, bir sistemadan ekinshisine ótiw áste-aqırınlıq penen basqıshpa-basqısh ámelge asırılıwı kerekligin xalqımızǵa

qayta-qayta uqtırǵan edi hám bazar ekonomikasına ótiwdi baslaǵan dáwirdegi jaǵday da sonı talap etti.

Ekonomikalıq qatnasıqlar hám shólkemlestiriwshilik-basqarıw strukturalarınıń bir túrinen pútkilley basqa jańa túrine ótiw, ekonomikalıq reformalar strategiyasın islep shıǵıw hám onıń tiykarǵı baǵdarların anıqlap alıwdı talap etedi. **Ekonomikalıq reformalar – ekonomikada túpkilikli ózgerislerdi ámelge asırıwǵa qaratılǵan ekonomikalıq ilajlar kompleksi.**

Reformalardı ámelge asırıwdan aldın bazar ekonomikasına ótiwdiń teoriyalıq modeli jaratıladı. Bul modelde jańa ekonomikaǵa ótiwdiń ulıwmalıq tárepleri hám milliy ózgeshelikleri názerde tutıladı, reformalardıń tiykarǵı baǵdarları belgilenedi.

Ózbekstanda ekonomikalıq reformalardı ámelge asırıwdıń **tiykarǵı baǵdarları** tómendegilerden ibarat:

- Menshik qatnasıqların reformalaw;
- Agrar reformalar;
- Finans-kredit hám baha reforması;
- Basqarıw sistemasın reformalaw hám bazar infrastrukturasın jaratıw;
- Sırtqı ekonomikalıq baylanıslar reforması;
- Sociallıq reformalar.

## 2. Ózbekstanda milliy rawajlanıw basqıshları hám olardıń wazıypaları

Ǵárezsizliktiń dáslepki jıllarında, yaǵnıy sociallıq baǵdarlanǵan bazar ekonomikasına ótiwdiń **birinshi basqıshında** (1991-1995 j.j) eki wazıypanı birden sheshiw maqset etip qoyıldı:

- ✓ totalitar sistemanıń awır aqıbetlerin jeńiw, krizistiń aldın alıw, ekonomikanı turaqlastırıw;
- ✓ respublikanıń ózine tán sharayatı hám ózgeshelikleri esapqa alǵan halda, bazar qatnasıqlarınıń tiykarların qáliplestiriw.

Usı wazıypalardı sheshiw ushın birinshi basqıshta reformalawdıń tómendegi áhmiyetli baǵdarları anıqlap alındı hám ámelge asırıldı:

- ✓ ótiw processiniń huqıqıy tiykarların qáliplestiriw, reformalardıń nızamlı-huqıqıy tiykarın bekkemlew;
- ✓ jergilikli sanaat, sawda, turmıslıq xızmet kórsetiw kárxanaların, turaq jay fondın menshiklestiriw, awıl xojalıǵı hám ekonomikanıń basqa tarawlarında menshiktiń jańa formaların júzege keltiriw;
- ✓ óndiristiń tómenlep ketiwiniń aldın alıw, finanslıq jaǵdaydıń turaqlasıwın támiyinlew.

Respublikada bazar qatnasıqlarına ótiwdiń birinshi basqıshında ekonomika hám sociallıq tarawda júz bergen túpkilikli ózgerisler onıń óz rawajlanıwında keyingi sapa jaǵınan jańa basqıshqa ótiwi ushın bekkem sharayat jaratıldı. Sonıń menen birge, reformalawdıń birinshi basqıshınıń nátiyjeleri keyingi basqıshtıń strategiyalıq maqsetleri hám baǵdarların anıq belgilep alıw múmkinshiligin berdi.

**Ekinshi basqıshta** (1996-2003j.j.) ekonomikanı modernizaciyalaw hám reformalawdı jánede tereńlestiriw, investiciyalıq xızmetti kúsheytiw, tereń strukturalıq ózgerislerdi ámelge asırıw, sonıń tiykarında ekonomikalıq ósiwdi támiyinlep, bazar qatnasıqların tolıq engiziw maqset etip qoyıldı. Sol maqsetten kelip shıǵıp, bul basqıshta ámelge asırılıwı tiyis bolǵan wazıypalar tómendegi tártipte belgilendi:

- mámleket múlkin menshiklestiriw tarawında baslanǵan jumıstı aqırına jetkeriw;
- óndiristiń tómenlep ketiwiniń aldın alıw hám makroekonomikalıq turaqlılıqtı támiyinlew;
- milliy valyuta-sumdı jánede bekkemlew;

- ekonomikanıń strukturalıq dúzilisin túpten ózgertiw, shiyki zat jetkerip beriwden tayar ónim islep shıǵarıwǵa ótiw.

Ótiw dáwiriniń ekinshi basqıshında xalıqtıń kem támiyinlegen qatlamların sociallıq qorǵawdı kúsheytiw, olarǵa tiyisli járdem kórsetiw boyınsha birinshi basqıshta tutılǵan jol dawam ettirildi.

Ózbekstan Respublikası Birinshi Prezidenti I.A.Karimovtıń atap kórsetkenindey, bul basqıshta "erkinlestiriw hám reformalardı tereńlestiriw tek ekonomikalıq emes, al hám sociallıq, hám siyasiy wazıypalardı sheshiwdiń tiykarǵı shárti". Bul ekonomika tarawında tómendegi wazıypalardı ámelge asırıwdı názerde tutadı:

- ekonomikanıń barlıq tarawlarında erkinlestiriw processin izbe-izlik penen ótkeriw hámde ekonomikalıq reformalardı tereńlestiriw;
- menshiklestiriw processin jánede tereńlestiriw hám sol tiykarda menshik iyeleri klasın qáliplestiriw;
- mámleket ekonomikasına sırt el kapitalın, aldı menen, tikkeley (tuwrıdan-tuwrı) baǵdarlanǵan kapitallardı keń tartıw ushın qolaylı sharayat, kepillik hám ekonomikalıq faktorlardı jánede kúsheytiw;
- kishi biznes hám jeke isbilermenliktiń ekonomikalıq rawajlanıwda eń tiykarǵı orın iyelewine erisiw;
- mámleket eksport potencialın rawajlandırıw hám bekkemlew, ekonomikamızdıń dúnya júzlik ekonomikalıq sistemaǵa keń kólemde integraciyalasıwın támiyinlew;
- ekonomikada mámleketimiz ekonomikalıq ǵárezsizligin jánede bekkemlewge qaratılǵan strukturalıq ózgerislerdi izbe-iz dawam ettiriw.

Ekonomikalıq reformalardıń **úshinshi basqıshı** (2004-2010 j.j.) makroekonomikalıq turaqlılıqtı támiyinlew, ekonomikalıq reformalardı hám strukturalıq ózgerislerdi tereńlestiriw menen belgilenedi. Birinshi Prezidentimiz I.A.Karimov "Ekonomika turaqlı bolǵan jaǵdayda ǵana bazarǵa nátiyjeli ótiw múmkin. Ekonomikanı turaqlastırıw - bul bazardı qáliplestiriw jolındaǵı zárúrli hám obektiv basqısh esaplanadı" dep kórsetken edi.

2011-jıldan baslap **tórtinshi basqısh** baslandı dep aytıwǵa boladı. Bul basqısh ekonomikanı liberallastırıwdı jánede kúsheytiw, óndiristi modernizaciyalaw hám onıń básekilesligin arttırıw menen xarakterlenedi.

Respublikamızda ekonomikalıq reformalardıń házirgi basqıshında mámleketti modernizaciyalaw, demokratiyalıq reformalardı jánede tereńlestiriw hám puqaralıq jámiyetti rawajlandırıw tiykarǵı strategiyalıq wazıypaǵa aylandi dep aytıwǵa tolıq tiykarlar bar.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.M.Mirziyoevtıń 2017-jıl 7-fevralda qabıl etken **"Ózbekstan Respublikasın jánede rawajlandırıw boyınsha Háreketler strategiyası haqqında"**ǵı Pármanı bul baǵdardaǵı islerdiń dawamı sıpatında ayrıqsha áhmiyetke iye. Háreketler strategiyasınıń maqseti alıp barılıp atırǵan reformalar nátiyjeliligin túpten arttırıw, mámleket hám jámiyettiń hár tárepleme jedel rawajlanıwın támiyinlew ushın sharayatlar jaratıwdan, mámleketti modernizaciyalaw hám turmıstıń barlıq salaların erkinlestiriwden ibarat. Háreketler strategiyasın qabıl etiw zárúrligi, basıp ótilgen jol hám arttırılǵan tájiriybeni qalıs bahalawdan, ǵárezsizlik jıllarında erisilgen jetiskenliklerdi talqılawdan hám zaman talaplarınan kelip shıǵa otırıp, aldımızda demokratiyalıq reformalardı jánede tereńlestiriw hám mámleket rawajlanıwın jedellestiriwdiń áhmiyetli baǵdarların jáne anıq shoqqılardı belgilew wazıypası menen baylanıslı. Pármanda mámleketimiz basıp ótken rawajlanıw jolınıń tereń talqılanıwi, búgingi kúnde dúnya bazarı konnkturası keskin ózgerip, globallasıw sharayatında báseki barǵan sayın kúsheyip baratırǵanı mámleketimizdi jánede turaqlı hám jedel pátler menen rawajlandırıw ushın jańa qatnas hám principlerdi islep shıǵıw jáne júzege shıǵarıwdı talap etip atırǵanlıǵı kórsetilgen. Strategiyanı islep shıǵıwda xalıqtı hám

isbilermenlerdi oylandırıp kiyatırǵan áhmiyetli máseleler, ámeldegi nızamshılıq, huqıqtı qollanıw ámeliyatı hám shet el tájiriybeleri, sonday-aq keń talqılaw nátiyjesindegi xalıq pikirleri esapqa alınǵan.

**2017-2021-jıllarda Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıwdıń Háreketler strategiyası tómendegi 5 baǵdardı óz ishine aladı:**

1. Mámleket hám jámiyet qurılısın jetilistiriw;
2. Nızam ústinligin támiyinlew hám sud-huqıq sistemasın jánede reformalaw;
3. Ekonomikanı jánede rawajlandırıw hám liberallastırıw;
4. Sociallıq tarawdı rawajlandırıw;
5. Qáwipsizlik, milletler aralıq tatıwlıq hám diniy keńpeyillikti támiyinlew, tereń oylanǵan, óz-ara mápke iye bolǵan hám ámeliy ruwxtaǵı sırtqı siyasat júrgiziw.

Háreketler strategiyasınıń úshinshi baǵdarında ekonomikanı jánede rawajlandırıw hám liberallastırıw boyınsha kórsetilgen ilájlardı júzege shıǵarıw ushın milliy valyuta hám bahalardıń turaqlılıǵın támiynlew, basqıshpa-basqısh eńgiziw, jergilikli byudjetlerdiń dáramat bazasın keńeytiw, sırtqı ekonomikalıq baylanıslardı keńeytiw, eksportqa mólsherlengen ónim hám materiallar islep shıǵarıw ushın zamanagóy texnologiyalardı eńgiziw, transport-logistika infrastrukturasın, isbilermenlikti rawajlandırıw hám sırt el investorları ushın investiciyalıq qolaylıqtı arttırıw, salıq, bank xızmetin tártipke salıwdıń zamanagóy principlerin hám mexanizmlerin eńgiziw, kóp tarmaqlı fermer xojalıqların rawajlandırıw, sonday-aq turizm industriyasın jedel rawajlandırıw názerde tutılǵan. 2017-2021-jıllarda ulıwma qunı 40 mlrd. AQSh dollar muǵdarındaǵı 649 investiciya joybarın názerde tutıwshı taraw baǵdarlamaların júzege shıǵarıw belgilengen. Nátiyjede keyingi 5 jılda sanaat ónimin islep shıǵarıw 1,5 ese, onıń jalpı ishki ónimdegi úlesi 33,6 procentten 36 procentke shekem, qayta islew tarawınıń úlesi 80 procentten 85 procentke artadı.

Tórtinshi sociallıq tarawdı rawajlandırıw dep atalǵan baǵdarda xalıq bántligin arttırıw, puqaralardı sociallıq qorǵaw hám olardıń salamatlıǵın saqlaw, jol transport, injenerlik kommunikaciya hám sociallıq infrastrukturanı rawajlandırıw hám modernizaciyalaw, xalıqtı elektr energiya, gaz benen támiynlewdi jaqsılaw, xalıqtıń mútáj qatlamlarına kórsetiletuǵın sociallıq járdem sapasın arttırıw, hayal-qızlardıń social-siyasiy turmıstaǵı ornın kúsheytiw, den-sawlıqtı saqlaw tarawın reformalaw, mektepke shekemgi tálim shólkemleriniń qolaylıǵan támiynlew, ulıwma orta tálim, orta arnawlı hám joqarı tálim sıpatın jaqsılaw hám olardı rawajlandırıw ilájların ámelge asırıwdı kózde tutadı.

Solay etip, respublikada ekonomikalıq reformalardı ámelge asırıw ekonomikada jańa bazar qatnasıqlarına tiykar saladı, ekonomikalıq xızmet erkinligi, kishi biznes hám isbilermenlikti rawajlandırıw ushın sharayat jaratıp beredi, social-mádeniy tarawdaǵı sociallıq kepilliklerdi bekkemleydi.

## Tayanısh túsinikler

*Bazar ekonomikası, klassik bazar ekonomikası, házirgi zaman rawajlanǵan bazar ekonomiaksı, ótiw dáwiri, bazar ekonomikasına ótıw jolları, klassik jol, koloniyalıqtan azat bolǵan mámleketler jolı, bazar ekonomikasına ótiwdiń milliy modelleri, rawajlanıwdıń "ózbek modeli", ótiw koncepciyası, ekonomikalıq reformalar, menshik qatnasıqları reforması, agrar reforma, finans-kredit tarawı reforması, sociallıq reforma, baha reforması, sırtqı ekonomikalıq baylanıslar reforması, ekonomikanı erkinlestiriw, ekonomikanı modernizaciyalaw, makroekonomikalıq turaqlılıqtı támiyinlew.*

# 3-MODUL. MIKROEKONOMIKANÍŃ HÁREKET ETIWI HÁM RAWAJLANÍW NÍZAMLÍQLARÍ
# 7-TEMA. TALAP HÁM USINIS TEORIYASÍ. BAZAR TEŃSALMAQLÍĠÍ

### 1-lekciyanıń jobası:

1. Talap túsinigi. Talapqa tásir etiwshi faktorlar.
2. Talap nızamı. Talaptıń elastikligi

## 1. Talap túsinigi. Talapqa tásir etiwshi faktorlar

Biz kúndelikli turmısta bir tovardıń bazarı shaqqan bolıp tez satılıwın, basqa tovardıń bolsa bazarı tómen bolıp, onıń uzaq satılmay turıp qalıwın gúzetemiz. Ne ushın bunday boladı? Bunıń tiykarǵı sebebi ol yaki bul tovarǵa talaptıń túrlishe bolıwı, mine usı faktor bazarǵa kúshli tásir etedi.

Bazarǵa qarıydarlar óz talabı menen shıǵadı, buǵan juwap retinde satıwshılar tovarın usınıs etedi. Talap tutınıwshınıń mútájligin bildiredi, mútájlik bolmaǵan jerde talap ta bolmaydı. Biraq mútájlik bola turıp talap bolmawı da múmkin, sebebi tovardı satıp alıw ushın pul jetpeydi. Demek, **talap bul bazarǵa shıqqan mútájlik, biraq talap – bul ápiwayı mútájlik emes, al tólew qábiletine iye, pul menen támiyinlengen mútájlik.** Mısalı, kimnińdur mebel satıp alıw qálewi bar bolsa, biraq onı satıp alıw ushın zárúr muǵdarda pulı bolmasa, qálewi júzege shıqpaydı, onıń mútájligi mebel bazarında talaptı payda etpeydi.

Ayırım qarıydar, qandayda tutınıwshılar toparı yamasa pútkil jámiyet aǵzaları ámelde satıp alıwı múmkin bolǵan tovarlar kólemi **talap etilgen tovar** muǵdarı dep ataladı. Tutınıwshılar satıp alıwdı qálep atırǵan tovarlar kólemi menen olar tárepinen real satıp alınǵan tovarlar muǵdarın bir-birinen ajırata biliw kerek, sebebi olar sáykes kelmewi de múmkin.

Mútájlik bolǵan halda tovardı satıp alıw qarıydardıń pulınıń muǵdarına hám tovar bahasına baylanıslı boladı. Bul satıp alıw ushın puldıń jetiwi yamasa jetpewshiligin bildiredi. Demek, mútájliktiń bazardaǵı talapqa aylanıwı pul hám baha arqalı ámelge asırıladı (7.1-sızılma).




***7.1-sızılma*. Mútájliktiń talapqa aylanıwı**

**Talap – bul qarıydardıń yamasa barlıq qarıydarlardıń bazarda bar bolǵan bahada tovarlardı satıp alıwǵa tayar bolıwı yamasa satıp alıwdı qálewi.**

Ayırım qarıydar talabı **individual talap** dep ataladı. Málim tovarlarǵa barlıq qarıydarlardıń bildirgen talabı **bazar talabı** dep ataladı. Bazar talabı – bul individual talaplardıń kompleksi.

Bazarǵa tán bolǵan belgi ol jerde talaptıń ózgeriwsheń bolıwı esaplanadı. Talaptıń ózgeriw dárejesi oǵan tásir etiwshi faktorlardıń kúshine baylanıslı boladı:

**1. Tovarlardıń bahası.** Baha páseyse tovarǵa talap artadı, onı kóbirek satıp aladı. Kerisinshe, baha kóterilse talap qısqarıp, tovar kemirek satıp alınadı.

**2. Dáramatlar muǵdarı.** Dáramat satıp alıw qábiletin belgileydi. Baha ózgermegen jaǵdayda dáramat ózgerse, soǵan muwapıq tovardı satıp alıw artadı yamasa qısqaradı.

**3. Orınbasar tovarlar bahası.** Bir tovar bahası joqarılasa oǵan talap qısqarıp, onıń ornın basıwshı basqa tovarǵa talap artadı. Bunday qaǵıyda birdey mútájlikti qanaatlandırıwshı tovarlarǵa tán boladı.

**4. Qarıydarlardıń diydi.** Qarıydarlar oǵada kópshilik bolǵanlıqtan olardıń individual diydi bir-birinen keskin parqlanadı, sebebi ayırım tutınıwshı yamasa shańaraq hár qıylı tovarlardı abzal kóredi hám diydine unaǵanın tańlap aladı.

**5. Qarıydarlar sanı.** Qarıydarlardıń az yamasa kóp bolıwı hám olardıń satıp alıw qábileti talapqa tásir etpey qalmaydı. Qarıydarlar qanshelli kóp bolsa, sonshelli talap artadı hám kerisinshe boladı.

**6. Qarıydarlar ózgerisleriniń kútiliwi.** Málim waqıtta qarıydar talabı ol eki nárseni kútiwine baylanıslı boladı, birinshisi dáramattıń ózgeriwi, ekinshisi bahanıń ózgeriwi.

Solay etip, talapqa túrli faktorlar tásir etedi, biraq olardıń arasında baha hám dáramat tiykarǵı orındı iyeleydi.

## 2. Talap nızamı. Talap elastikligi

Talap nızamı talaptıń bahaǵa baylanıslı halda ózgeriwin bildiredi, biraq basqa faktorlardıń talapqa tásirin túsindiredi.

**Talap nızamı ekonomikalıq nızam bolıp, oǵan muwapıq tovarlarǵa talap olardıń bahasına keri qatnasta boladı[11].** Real ekonomikalıq turmısta ayırım qaǵıydaǵa qarama-qarsı bolǵan, yaǵnıy ayırım tovar bahasınıń ósiwi menen oǵan bolǵan talap muǵdarınıń jánede artıwı jaǵdayı da ushırasadı. Bul jaǵday **Giffen nátiyjesi** (inglis ekonomisti R.Giffenniń atı menen) dep ataladı. Giffen kámbaǵal isshi shańaraqları kartoshkanıń qımbatlawına qaramastan onı tutınıwdıń keńeyiwin gúzetip, bul nátiyjeni súwretlep kórsetken. Túsindiriw soǵan tiykarlanadı, kartoshka kámbaǵal shańaraqtıń awqatında ónimlerdiń tiykarǵı bólegin iyeleydi. Eger kartoshka bahasınıń ósiwi júz berse, bunda kámbaǵal shańaraq gosh satıp alıwdan ulıwma bas tartıwǵa májbúr boladı, óziniń kóp bolmaǵan dáramatınıń barlıǵın kartoshka satıp alıwǵa sarplaydı. Demek, bunday jaǵdayda bahalardıń artıwı zárúr tovarlarǵa talap muǵdarınıń kemeymesten, kerisinshe artıwına alıp keliwi múmkin.

Talap nızamına muwapıq baha artsa talap qısqaradı, baha páseyse talap artadı, biraq bunıń ushın bahaǵa tásir etiwshi basqa faktorlar ózgermewi kerek. Mısalı, baha artqanda talaptıń qısqarıwı ushın álbette satıp alıw qábiletin belgilewshi dáramat ózgermewi kerek. Eger dáramat bahaǵa salıstırǵanda kóbirek artsa, talap ta artadı. Nátiyjede baha menen talap ortasındaǵı keri baylanıs buzıladı. Baha hám talaptıń óz-ara qanshelli baylanıslılıǵın biliw ushın basqa faktorlar ózgermeydi dep shamalanadı.

Talap nızamın muǵdarı boyınsha talap **elastikligi** (ózgeriwsheńligi) sáwlelendiredi. Soǵan qaray bahanıń ózgeriwine juwap retinde talap qanshelli ózgergenligin biliw múmkin, bunıń menen talap nızamı qalay háreket etip atırǵanlıǵı anıqlanadı, biraq bunı talaptıń dáramat tásirinde ózgeriwi sáwlelendirmeydi.

**Talaptıń bahaǵa baylanıslı elastikligi bul bahanıń ózgeriwine juwap retinde talaptıń qanshelli ózgeriwin bildiredi.**

Eger bahaǵa juwap retinde talap anıq tárizde ózgerse talap elastik esaplanadı, eger bul ózgeris tómen bolsa elastik emes talap bar boladı. Talaptıń elastikligin kópshilik jaǵdaylarda 4 faktor júzege keltiredi.

**Birinshi faktor** talap shaqıratuǵın tovardıń ózi qanday bolıwı. Bizge málim tovarlar 2 túrli boladı: a) kúndelikli eń zárúr tovarlar, bulardı hámme tutınadı; b)

[11] O'lmasov A., Vahobov A. Iqtisodiyot nazariyasi. Darslik. –T.:"Iqtisod-Moliya", 2014, 94 bet

prestijli, eń zárúr bolmaǵan yamasa hasıllıq payda etiwshi tovarlar. Bul tovarlardı hámme emes, al saylanǵan qarıydarlar tutınadı, bular ádette pulı kópler boladı. Kúndelikli tovarlarǵa talaptıń elastikligi tómen boladı, sebebi bahanıń ózgeriwine juwap retinde olarǵa talap kemirek ózgeredi.

**Ekinshi faktor.** Bazarda orınbasar tovarlardıń bar ekenligi. Sonday sharayatta baha artqanda talap basqa bahası ózgermegen tovarǵa kúsheyedi, sebebi bul tovarlar orınbasar bolıp mútájlikti birdey qanaatlandıradı.

**Úshinshi faktor** – bazardıń xarakteri. Eger bazar tar bolsa, bahanıń ózgerisi ol jerdegi málim tovarǵa bolǵan talaptı elastik etedi.

**Tórtinshi faktor** – bul talaptıń qanday waqıt aralıǵında ózgeriwi. Eger qısqa waqıttı alsaq, bunda talaptıń bahaǵa baylanıslı elastikligi sezilmeydi, uzaq dáwirde ol anıq kózge taslanadı.

Talaptıń elastiklik dárejesin onıń koefficienti sáwlelendiredi.

**Talaptıń bahaǵa baylanıslı elastiklik koefficienti bul talap kólemi ózgerisiniń bahanıń ózgerisine bolǵan salıstırması.**

Bul ózgerisler dáslep procentlerde sáwlelenip, sońınan salıstırıladı. Bunı tómendegishe sáwlelendiriw múmkin:

$E_k = \frac{D\%}{P\%}$ ; bunda $E_k$ – elastiklik koefficienti. D % (demand) - talaptıń procent esabında ózgeriwi, P % (price) - bahanıń procent esabında ózgeriwi. Bunı bir mısalda kórip shıǵamız. Aytayıq, bir shishe “Kola”nıń bahası 1000 sumnan 1200 sumǵa qımbatladı. Buǵan juwap retinde “Kola”nı satıp alıw 12 shisheden 9 shishege túsip qaldı. Demek, baha 20 procent qımbatladı ( $\frac{1200-1000}{100}*100=20\%$ ). Talap bolsa 25 procent qısqardı( $\frac{12-9}{12}*100=25\%$ ). Endi bul kórsetkishlerdi formulaǵa túsirsek, $E_k = \frac{25}{20} = 1.25$ ; $E_k$=1,25 yamasa $E_k>1$. Bunda talap – 25 procent qısqarǵan, baha 20 procent qımbatlaǵan. Nátiyjede 25>20 júzege kelgen. Talap nızamına muwapıq talap bahaǵa keri qatnasta bolǵanlıqtan, bahanıń ózgeriwi plyus bolǵan halda, talaptıń ózgeriwi minus bolǵan. Kerisinshe de boladı.

Aytılǵan koefficientke qarap elastiklik jaǵday anıqlanadı. Eger $E_k>1$ bolsa talap **elastik** esaplanadı, eger $E_k<1$ bolsa **elastik emes** talap bar boladı. Eger $E_k=1$ bolsa **absolyut elastik emes** talap júzege keledi, yaǵnıy bahaǵa juwap retinde talapta hesh qanday ózgeris júz bermeydi. Egerde $E_k=1$ bolsa, bunda baha hám talap birdey ózgergen boladı. Mısalı, baha 10 procent artqan halda talap ta 10 procent qısqarǵan boladı.

**Talaptıń dáramatqa baylanıslı elastikligi dáramattıń ózgeriwine juwap retinde talaptıń qanshelli ózgergenligin bildiredi.**

Baha ózgermegen halda dáramat ózgerse, tutınıwshınıń talabı da ózgeredi, sebebi onıń satıp alıw qábileti artadı yamasa kemeyedi. Talaptıń dáramatqa baylanıslı elastikligin de **elastiklik** koefficienti belgileydi. Talaptıń dáramatqa baylanıslı elastiklik koefficienti – procent esabındaǵı talap muǵdarınıń ózgeriwi procent esabındaǵı dáramattıń ózgeriwine bolǵan salıstırması esaplanadı. Bunı $E_k = \frac{D\%}{I\%}$ dep sáwlelendiriw múmkin. Bunda $E_k$ – elastiklik koefficienti. D% - talaptıń procent esabında ózgeriwi, I % (income) - dáramattıń procent esabında ózgeriwi. Bizge málim, bazardaǵı talap túrlishe ózgeredi. Kúndelikli zárúr tovarlar

bar, olarǵa talap dáramattaǵı ózgeriwge sezilerli bolmaydı, sebebi olardıń tutınıwısız jasap bolmaydı.

## 2-lekciyanıń jobası:

1. Usınıs túsinigi. Usınısqa tásir etiwshi faktorlar.
2. Usınıs nızamı. Usınıs elastikligi
3. Bazar teńsalmaqlıǵı hám onı qáliplestiriw jolları

## 1. Usınıs túsinigi. Usınıs nızamı

Eger bazardaǵı talap qarıydar tárepinen bolsa, tovar usınısı satıwshı tárepinen boladı. Usınıs talaptı qanaatlandırıwdı mólsherleydi. Usınıs bazarǵa neni (qanday tovar yamasa xızmetti), qansha shıǵarılıwın hám satıwǵa qoyılıwın bildiredi. Bul **birinshiden,** óndiris kólemine; **ekinshiden,** ónimniń qansha bólegi tovar sıpatında bazarǵa shıǵıwına; **úshinshiden,** hár bir tovardıń bahasına baylanıslı boladı.

Usınıs anıq bir waqıtta hám bazarǵa salıstırmalı júzege keledi.

**Usınıs – bul anıq bir tovar yamasa tovarlardıń málim waqıtta hám málim baha menen satıw ushın bazarǵa shıǵarılıwı.**

Usınıstıń muǵdarına kóplegen faktorlar tásir etedi, biraq dáslep usınıstıń bahaǵa baylanıslılıǵın qarap shıǵamız. Bunda basqa faktorlar ózgermeydi dep, olardıń usınısqa tásirin esapqa almaymız.

Dáslep usınıs etiletuǵın tovar bahası ózgergende ayırım satıwshı qanday is tutınıwın kórip shıǵamız. Buniń ushın kestege názer taslaymız (7.3-keste).

***7.3-keste***

**Jeke usınıstıń bahaǵa baylanıslılıǵı**

| Bir dana qol telefonı appartınıń bahası, dollar | Usınıs etilip atırǵan qol telefonı appartınıń sanı, dana |
|---|---|
| 100 | 100 |
| 200 | 300 |
| 300 | 500 |
| 400 | 700 |
| 500 | 1000 |

Keste maǵlıwmatlarınan kórinip turǵanınday, bahanıń artıwına qarap telefon apparatınıń usınısı kóbeygen. Kestedegi maǵlıwmatlardı sızılmaǵa kóshirsek, ol tómendegi formada boladı (7.3-sızılma).




***7.3-sızılma.*** **Usınıs qıya sızıǵı**

Sızılmaǵa muwapıq AE qıya sızıǵı usınıs sızıǵı bolıp, ol A,V,S,D tochkalarınan ótip, bir qansha tik jaǵdayda bolǵan, sebebi usınıs bahaǵa qarap artqan, biraq ol bir qansha tez ózgergen. Bul ózgerislerdi bazar usınısına salıstırıp kórip shıqqanımızda usınıstıń da bahaǵa muwapıq ózgeriwiniń guwası bolamız. Usınıs sızıǵınıń bahaǵa baylanıslı ózgeriwi barlıq bazarlarǵa tán boladı hám usınıs nızamın sáwlelendiredi.

**Usınıs nızamı sonday nızam, oǵan muwapıq tovarlar usınısı olardıń bahasına salıstırǵanda tuwrı qatnasta boladı.**

Bul nızamǵa muwapıq baha artsa tovarlar kóplep usınıs etiledi, baha páseyse usınıs ta kemeyedi.

Eger qosımsha tovarlardı satıwdan túsken túsim olardı islep shıǵarıw hám bazarǵa keltiriw qárejetlerin qaplamaytuǵın bolsa, bahanıń artıwına qaramay, usınıs kóbeymeydi. Egerde baha páseygen halda óndiris hám satıw qárejetleri jánede kóbirek kemeyse, onda tovardı usınıs etiw kóbeyiwi múmkin. Ayırım isbilermenniń xızmetine tuwrı keletuǵın bul qaǵıyda jámi biznesmenlerdiń xızmetine salıstırǵanda da óz kúshin saqlap qaladı. Sonlıqtan usınıs nızamı bazar usınısına da tán boladı.

## 2. Usınıs elastikligi. Usınısqa tásir etiwshi faktorlar

Usınıs nızamı usınıstıń elastikliginde muǵdarı boyınsha óz kórinisin tabadı.

**Usınıstıń bahaǵa baylanıslı elastikligi usınıstıń bahaǵa salıstırǵanda qanshelli ózgeriwin bildiredi.**

Elastiklik bahanıń ózgeriwine juwap retinde usınıs qalay ózgeriwin bildiredi. Elastiklikti ($E_k$) anıqlaw ushın usınıstıń procent esabında ózgeriwi (S%-supply) bahanıń procent esabındaǵı ózgeriwine (P%) salıstırıladı. Bunda $E_k = \frac{S\%}{P\%}$ payda boladı. Mısal keltiremiz. Aytayıq, 100 grammlı bir pachka chay 5000 sum turadı. Chaydıń bahası 600 sumǵa shıqtı, yaǵnıy 20 % ke ( $\frac{600-500}{500} * 100 = 20$ ) qımbatladı. Bunda 10000 pachka ornına 12500 pachka chaydı usınıs etedi, yaǵnıy usınıstı 25% ( $\frac{12500-10000}{10000} * 100 = 25$ ) kóbeytedi. Bunda $E_k$=25:20=1,25.

Demek, $E_k$>1,0. Bul usınıs bahaǵa salıstırǵanda kóbirek artqanlıǵın bildiredi. Usınıs elastikligi túrli jaǵdayda boladı:

1. Usınıs **elastik** bolǵanda koefficient 1 den úlken boladı, yaǵnıy $E_k$>1,0.

2. Usınıs **elastik emes** bolǵanda usınıs bahaǵa salıstırǵanda áste ózgeredi. Mısalı, baha 40 % artsa, usınıs tek 25 % kóbeyedi. Bunda $E_k$=25:40=0,62, yaǵnıy $E_k$<1,0.

3. Usınıs hám baha birdey dárejede ózgergende **birdey elastiklik** payda boladı. Mısalı, baha 25 % ózgergende usınıs ta 25 % ózgeredi.

Bahanıń ózgeriwine juwap retinde hesh qanday jıljıw bolmaǵanda absolyut **elastik emes** usınıs bar boladı. Mısalı, baha 500 sum bolǵanda 10000 birlik tovar usınıs etilse, ol 600 sumǵa jetkende de tovar usınısı 10000 birliginshe qala beredi.

Usınıs elastikligin bahadan basqa faktorlar da júzege keltiredi, biraq bulardı usınıs nızamı túsindirmeydi. Bahadan basqa faktorlarǵa tómendegiler kiredi:

1. **Resurslar bahası.** Bul baha artsa qárejet artadı, eger ol kemeyse qárejet páseyedi. Soǵan muwapıq óndiriwshiniń alatuǵın paydası kemeyedi yamasa kóbeyedi. Payda kemeygende usınıs qısqaradı, ol kóbeygende bolsa usınıs artadı.

2. **Óndiris texnologiyası.** Texnologiya qansha joqarı bolsa, qárejetler sonshelli kem boladı, sebebi olar únemlenedi.

3. **Finans quralları.** Bulardıń qatarına salıqlar hám subsidiyalar (finanslıq járdemler) kiredi. Salıqlardıń artıwı qárejetlerdi arttırıp, paydanı qısqartadı, demek usınıs ta qısqaradı.

4. **Bazarǵa usınıs etiletuǵın basqa tovarlar bahası.** Bazarǵa uqsas, orınbasar yamasa birin-biri tolıqtırıwshı tovarlar shıǵarıladı. Olardan biriniń bahasınıń ózgeriwi basqasınıń usınısın ózgertip jiberedi, sebebi bul talapqa tásir etedi.

5. **Bazar bahalarınıń ózgeriw itimallıǵı.** Tovar usınısın óndiriwshiler bazar bahasın esapqa alıp qáliplestiredi. Payda da, zıyan da bahaǵa baylanıslı bolǵanlıqtan óndiriwshiler tovardı, bazarǵa birden shıǵarıwı yamasa qolaylı waqıttı kútip shıǵarmay turıwı múmkin.

6. **Resurslar hám óndiris quwatlıqlarınıń jeterli bolıwı yamasa bolmawı.** Usınıstıń artıwı ushın qosımsha óndiris imkaniyatları bolıwı zárúr. Eger bular bolmasa, baha artqan jaǵdayda da usınıs kóbeymeydi. Resurslar sheklengenlikten olardı kóbeytiw waqıt talap etedi.

Usınısqa tásir etiwshi faktorlar túrlishe hám hátteki qarama-qarsı baǵdarda baradı hám bul onıń tegis emes ózgeriwine alıp keledi.

## 3. Bazar teńsalmaqlıǵı hám onı qáliplestiriw jolları

Eger talap mútájlikti bildirse, usınıs óndiris imkaniyatın bildiredi. Bazar ushın eń maqul jaǵday talap hám usınıs ortasındaǵı teńsalmaqlıqtıń támiyinleniwi esaplanadı. Sol jaǵdayda ǵana ekonomika bir kálipte rawajlanadı. **Teńsalmaqlıq jaǵdayı** talap penen usınıstıń teńlesip bir-birine sáykes keliwin bildiredi, buǵan baha quralı arqalı erisiledi. Talap hám usınıstıń teńsalmaqlasıwın tómendegi sızılmadan kórsek boladı (7.4-sızılma).

Sızılmaǵa muwapıq, 5 birlikke teń baha bolǵanda (P=5) 50 dana tovar satılǵan (Q=50). Sonda SD talap qıya sızıǵı menen AB usınıs sızıǵı M tochkasında kesilisken. Sol tochka teńsalmaqlılıq tochkası esaplanadı, sebebi sol jerde talap penen usınıs teńlesken. Bazar 50 dana tovardı 5 birlik bahada qabıl etken. Sonı názerde tutıp bazarǵa 50 dana tovar shıǵarılǵan. Eger usınıs bunnan qısqa bolǵanda KMN formasında sáwlelengen tovar deficiti, yaǵnıy qıtshılıǵı payda bolar edi. Bunda talap qanaatlandırılmay qalar edi. Egerde usınıs 50 danadan kóbeyip ketse EMF formasındaǵı tovar artıqmashılıǵı payda bolar edi.




***7.4-sızılma.*** **Bazar teńsalmaqlıǵı**

Bazar teńsalmaqlıǵı qatıp qalǵan jaǵday emes. Oǵan statika (ózgermewshilik) emes, al dinamika (rawajlanıw) tán, sebebi birinshiden, talaptıń ózi ózgerse, onı qanaatlandırıw imkaniyatı hám soǵan muwapıq usınıs ta ózgerip turadı. Teńsalmaqlıqtıń ózgeriwine talap yamasa usınıs sebepshi boladı. Usınıs artıp ketkende artıqsha usınıs júzege keledi, yaǵnıy bazarı tómen tovarlar rezervi payda boladı.

Bazarda teńsalmaqlıq júzege kelgende qarıydarlar kerekli tovardı bazardan tabadı hám kelisilgen bahada satıp aladı. Satıwshılar, yaǵnıy óndiriwshiler óz tovarların waqtında satıp, qárejetlerdi qaplap, payda da kóredi. Eger qarıydarlar tovarlardı óz waqtında satıp alıp mútájliklerin qanaatlandırsa, yaǵnıy bunıń menen óz máplerine jetse, óndiriwshiler bunıń menen payda kóriwdey máplerin júzege shıǵaradı.

### Qadaǵalaw sorawları

1. Talapqa anıqlama beriń. Talap muǵdarına tásir etiwshi faktorlardı mısallarda túsindiriń.
2. Talap nızamınıń mazmunın túsindiriń. Giffen nátiyjesininń mánisin túsindiriń.
3. Usınısqa anıqlama beriń. Usınıs muǵdarına tásir etiwshi faktorlardı mısallarda túsindiriń.
4. Usınıs nızamınıń mazmunın túsindiriń. Usınıs elastikligin mısallarda túsindiriń.
5. Bazar teńsalmaqlıǵı haqqında túsinik beriń.

## 8-TEMA. BÁSEKI HÁM MONOPOLIYA

### 1-lekciyanıń jobası:

1. Básekiniń mánisi hám obektiv tiykarlari
2. Básekiniń túrleri hám formalari
3. Básekilesiw usılları hám báseki strategiyası

## 1. Básekiniń mánisi hám obektiv tiykarlari

Bazar mexanizminiń strukturalıq bólimlerinen biri báseki esaplanadı. Bazar ekonomikası óziniń jetekshilik dárejesi hám rawajlanıw ózgesheliginiń qanday bolıwına qaramastan básekiniń bolıwın talap etedi. Sonıń menen birge, bazar ekonomikasınıń rawajlanıp barıwı menen báseki qatnasıqları da jetilisip, óz formaların ózgertip baradı.

Báseki bazar ekonomikasınıń tiykarǵı háreketke keltiriwshi kúshi bolıp tabıladı. Bazar qatnasıwshıları ózleriniń ekonomikalıq máplerin qanaatlandırıw ushın óz-ara básekige túsedi. Báseki mexanizmi birinshi ret A.Smit tárepinen tilge alındı. Ol **"Xalıqlar baylıǵınıń tábiyatı hám sebepleri haqqında"**ǵı (1776 j.) miynetinde bazardıń **"kózge kórinbes qol"** járdeminde basqarılıp turatuǵının kórsete otırıp, báseki pútkil jámiyetke payda keltiredi degen juwmaqqa keledi.

Bazar sisteması ushın báseki obektiv zárúrlik esaplanadı, sebebi básekisiz ekonomikalıq rawajlanıwdıń bolıwı múmkin emes. Olay bolsa básekiniń ózi ne?

**Báseki – bazar ekonomikası qatnasıwshılarınıń óz máplerin júzege shıǵarıw ushın bir-biri menen gúresiwi, olardıń óz-ara bellesiwi.**

Básekini hámmeniń hámmege qarsı gúresi dep bolmaydı. Báseki mápler soqlıǵısqan jerde júz beredi, mápler uyǵınlasqan jerde bolsa **partnyorlıq (birge islesiwshilik)** kelip shıǵadı. Báseki – bazardıń tiykarǵı shárti, aytıw múmkin, onıń nızamı.

**Báseki nızamı – bazar sistemasınıń sonday ekonomikalıq nızamı, oǵan muwapıq ekonomika subektleriniń óz maqsetleri jolındaǵı óz-ara gúresi payda boladı, bul gúres bazarǵa tán usıllarda alıp barıladı hám subektlerdiń ekonomikalıq jaqtan saylanıp alınıwın júzege keltiredi.**

Usı nızamnıń obektivligi sonnan ibarat, básekini ekonomikalıq ortalıqtıń ózi, adamlardıń qálewine qaramastan talap etedi. Bul ortalıq sheklengen ekonomikalıq resurslardı múlk sıpatında bólip alınǵanlıǵı hám olardı qayta tiklew tiykarında olardan eń nátiyjeli paydalanıwshılarǵa jol beriliwin talap etedi.

Básekiniń mazmunı onıń wazıypaların kórip shıǵıw arqalı jánede keńirek túsindiriledi. Házirgi zaman bazar ekonomikasında básekiniń tómendegi tiykarǵı wazıypaların ajıratıp kórsetiw múmkin:

- tártipke salıw wazıypası;
- resurslardı jaylastırıw wazıypası;
- innovaciyalıq wazıypa;
- iykemlesiwshilik wazıypası;
- bólistiriw wazıypası;
- qadaǵalaw wazıypası.

Óndiristi básekige tayarlaw ol jerde bazar talap etetuǵın, básekige qábiletli tovarlar islep shıǵarıwdı bildiredi. Báseki gúresinde óndiristegi innovaciya ayrıqsha áhmiyetke iye boladı, bul bolsa óz gezeginde investiciyalıq belsendilikti talap etedi.

## 2. Básekiniń túrleri hám formalari

Báseki hár qanday jaǵdayda da júzege kele bermeydi. Báseki bolıwı ushın bir túrdegi ónimler kóp sandaǵı óndiriwshiler tárepinen jetkerip beriliwi tiyis.

Básekeni hár qıylı belgilerine qaray túrlerge ajıratıwımız múmkin.

Háreket etiw shegaralarına qaray **taraw ishindegi hám tarawlar aralıq báseki** bolıp bólinedi.

**Taraw ishindegi báseki** bir tarawǵa kiriwshi yamasa bir túrdegi ónim islep shıǵarıwshı kárxanalar ortasında boladı. Bunda óndiriwshiler kóbirek payda alıw maqsetinde qolaylı óndiris jaǵdaylarına, arzan shiyki zatqa hám ónimlerdi satıwda qolaylıqlarǵa iye bolıwı ushın básekilesedi.

**Tarawlar aralıq báseki** hár qıylı tarawlarǵa kiriwshi yamasa hár túrli ónim islep shıǵarıwshı kárxanalar ortasında boladı.

Rawajlanıw dárejesine qaray otırıp, **jetilisken hám jetilispegen báseki** túrleri háreket etedi.

**Jetilisken báseki – bul erkin bazardaǵı kópshilikten ibarat satıwshılar hám qarıydarlardıń hár biri sheklenbegen halda bazardıń nızam-qaǵıydalarına muwapıq hám birdey usıl menen alıp barılatuǵın báseki gúresi.**

Bul tábiyatı boyınsha sap (taza) báseki esaplanadı, sebebi ol hesh bir sheklewlersiz júz beredi, onda ıqtıyarlı túrde absolyut óz betinshe is kórip atırǵan satıwshılar hám qarıydarlar qatnasadı. Onıń tiykarǵı 3 belgisi bar:

1. Básekilesiwshiler azshılıq emes, al kópshilik boladı. Mısalı, diyxan bazaranda qarıydarlar da, satıwshılar da kóp, olar bir-birin erkin tańlaydı.

2. Básekilesiwshiler bir túrdegi tovardı bazarǵa usınıs etedi, sonlıqtan olar qarıydar ushın gúresedi. Mısalı, nan bazarında nan islep shıǵarıwshılar tek nandı usınıs etedi, olardıń qarıydarı da birdey, sol sebepli nandı qarıydarǵa kóbirek satıw ushın gúresedi.

3. Básekide qatnasıw ıqtıyarlı, sebebi bazarǵa óz tovarı menen qálegen waqıtta kirip keliw hám onnan shıǵıp ketiw múmkin. Mısalı, minimarket ashıp, basqa minimarketler menen básekilesiw ushın mámleketten ruxsat alsa jeterli, sebebi basqa hesh kim oǵan tosqınlıq etpeydi.

Bazar ekonomikasındaǵı jetilispegen báseki bul jerde monopoliyalardıń bar ekenliginen kelip shıǵadı.

**Jetilispegen báseki – bul monopoliyalar bazarında azshılıqtan ibarat satıwshılar hám qarıydarlardıń sheklengen tárizde hám túrli usıllar menen júz beretuǵın básekisi.**

Jetilispegen báseki monopolistlik báseki, oligopoliya, sap monopoliya hám monopsoniya sharayatındaǵı básekilerge bólinedi.

**Monopolistlik básekide** kóp sanlı, biraq onshelli iri bolmaǵan, birdey bolsada, uqsas tovarlardı qarıydarlarǵa usınıs etetuǵın firmalar básekilesedi. Onıń erkin sap básekiden sezilerli ózgesheligi sonnan ibarat, bul jerde óndiriwshiler onshelli kóp bolmaydı.

**Oligopoliya** sharayatındaǵı básekide azshılıq, biraq oǵada iri firmalar qatnasadı, olar málim bir tarawdaǵı ónim islep shıǵarıwdı hám satıwdı óz qolında toplap aladı. Olar bazarǵa birinshiden standartlastırılǵan, yaǵnıy málim bir túrdegi ónimdi, ekinshiden bolsa differenciaciyalanǵan ónimdi usınıs etedi. Standart ónimler resurslardan, sonıń ishinde polat, aǵash sıyaqlılardan ibarat boladı.

**Duopoliya** – eki firmanıń ústemligi bolıp, oligopoliyanıń ápiwayı kórinisi. Birge islesiw zárúrligi eki firmanı kelisimge kelip kartel payda etiwdi bildiredi.

**Sap monopoliya** sharayatındaǵı báseki óndiriwshiler ortasında bolmaydı, al olar resurs qarıydarları bolǵanda payda boladı.

**Monopsoniya** sharayatında málim tovar hám xızmetler bazarında birden-bir qarıydar bolǵanlıqtan óndiriwshiler onıń pulın alıw ushın básekilesedi, sebebi olardıń aldında qarıydar tańlaw imkaniyatı bolmaydı.

Real turmısta báseki túrleri bir-birine tutasıp ketken tárizde ushıraydı, bir tarawdıń ózinde olar birgelikte júredi.

### 3. Básekilesiw usıllari hám báseki strategiyası

Báseki gúresiniń tariyxıy qálиplesken hám jámiyet tán alǵan usılları bar bolıp, olar hadal (nızamlı) básekige tán boladı. **Hadal (nızamlı) báseki** júz bergende, onıń ruxsat etilgen hám básekilesler maqullaǵan usılları qollanıladı, bular házirgi civilizaciyalasqan bazar ekonomikasına tán. Olarǵa baha quralında básekilesiw (bahanı tómenletiw hám bahanı joqarılatıw), bahasız básekilesiw usılları: tovar sapa járdeminde, qosımsha xızmet kórsetiw yamasa servis arqalı hám reklama quralında básekilesiw kiredi.

**Baha quralında básekilesiw** – bahanı ózgertiw arqalı qarıydardı ózine tartıp alıw hám básekilesin sonday jol menen bazardan qısıp shıǵarıwdı bildiredi. Bahanı ózgertiw eki jol menen ámelge asırıladı:

1. **Bahanı tómenletiw (túsiriw).** Bunda tovarlar basqalardıń tovarına qaraǵanda arzanıraq bahada satıladı, nátiyjede bir tovardı satıwdan kelgen pul túsimi qısqaradı, biraq bahanı sheksiz tómenletip bolmaydı.

2. **Bahanı joqarılatıw** usılı dáramatı kópler qatnasatuǵın bazarda qollanıladı. Dáramatı kópler puldıń júzine qaramay kerekli tovardı satıp aladı, ásirese bul prestijli (abıray talap etetuǵın) tovarlarǵa tán boladı.

**Sapa járdeminde básekilesiw.** Bul usıl bazarǵa sapası joqarı, qarıydar ushın paydalılıǵı úlken tovarlardı shıǵarıwdı bildiredi, sol jol menen básekilesine qarsı turadı.

**Qosımsha xızmet kórsetiw yamasa servis arqalı básekilesiw.** Bul usıl qollanılǵanda qarıydarǵa ol satıp alǵan tovar boyınsha biypul yamasa jeńillikli xızmet kórsetiledi. Bul usıl ádette uzaq múddet xızmet etiwshi tovarlar bazarında qollanıladı.

**Reklama quralında básekilesiw.** Firmalar óz tovarlarına qarıydar itibarın tartıwı ushın olardı reklama quralında kórsetedi, óz tovarınıń abzallıqların qarıydarlarǵa jetkeredi.

Básekiniń aytılǵan usıllarınan tısqarı **insapsız (nızamsız, hadal emes) usılları** da qollanıp turıladı. Ózbekstan Respulikası "Báseki haqqında"ǵı nızamında **"insapsız báseki – xojalıq júrgiziwshi subekttiń yamasa shaxslar toparınıń ekonomikalıq xızmetin ámelge asırıwda abzallıqlarǵa iye bolıwǵa qaratılǵan, nızam hújjetlerine qarsı bolǵan hámde basqa xojalıq júrgiziwshi subektlerge (básekileslerge) zıyan keltiretuǵın yamasa zıyan keltiriwi múmkin bolǵan háreketler"[12],** dep keltirilgen. Básekiniń unsapsız usıllarına sanaat jansızlıǵı, yaǵnıy básekilesiniń finanslıq jobaları, jańalıq – "nou-xau"ları hám basqa sırların urlaw; básekilesin shiyki zat bazarlarınan, transporttan ayırıw; básekiles kárxanasında diversiyalar shólkemlestiriw, ǵalaba xabar qurallarınan básekiles ónimleriniń abırayın túsiriw ushın paydalanıw, reketti iske salıw hám basqalar kiredi.

Bul usıllar tábiyatı boyınsha mádeniyatlasqan bazar ekonomikasına tán emes, olar qadaǵan etiledi, onı qollanǵanlar imidjin joytadı, olar nızamshılıq jolı menen jazalanadı.

Bazar sisteması sharayatında báseki háreket etkenlikten onıń qatnasıwshıları oǵan tayar turadı. Hár bir qatnasıwshı onıń básekilesi ne isley alıwın biliwge hám oǵan qarsı ilaj kóriwge umtıladı. Bul ilajlar firmanıń báseki strategiyasında óz ornın tabadı.

Óz-ara gúreste jeńip shıǵıw ushın onıń qatnasıwshıları básekige shıdamlı bolıwı kerek.

---

[12] Ózbekistan Respublikası nızam hújjetleri toplamı, 2012 j.

**Básekige shıdamlılıq – bul básekige shıdamlı bolıw, onda jeńip shıǵıw qábiletine iye bolıw.**

Bul úsh jaǵday menen belgilenedi:

1) málim tovardıń básekige shıdamlılıǵı;
2) firmanıń básekige shıdamlılıǵı;
3) milliy ekonomikanıń básekige shıdamlılıǵı.

### Tayanısh túsinikler

*Báseki, báseki nızamı, taraw ishindegi báseki, tarawlar aralıq báseki, erkin yamasa jetilisken báseki, jetilispegen báseki, básekilesiw usılları, báseki ortalıǵı, básekige shıdamlılıq.*

### 2-lekciyasnıń jobası:

1. Monopoliyanıń mánisi hám júzege keliw sebepleri
2. Monopoliyanıń túrleri

## 1. Monopoliyanıń mánisi hám júzege keliw sebepleri

Ekonomikada bazar mexanizminiń nátiyjeli háreket etiwi hám báseki ortalıǵınıń támiyinleniwi monopoliyalar, olardıń kelip shıǵıw sebepleri hám háreket etiw ózgesheliklerin kórip shıǵıwdı talap etedi.

Monopoliya túsinigine túrli oqıw ádebiyatlarında túrlishe táriyip berilgen. Atap aytqanda, ayırım orınlarda onı "mámleket, kárxanalar, shólkemler, satıwshılardıń qandayda xojalıq xızmetin ámelge asırıwdaǵı absolyut huqıqı" sıpatında qaralsa, basqa jaǵdaylarda "xızmettiń ol yaki bul tarawında shaxs yamasa adamlar toparınıń hár qanday (ayırım ádebiyatlarda - jeke) húkimlik etiw jaǵdayı" dep táriyiplenedi. Bul táriyiplerdegi monopoliyanıń "absolyut huqıqı" yamasa "hár qanday yamasa jeke húkimlik jaǵdayı" sıyaqlı táriyipleri onıń mánisin anıq kórsetip bermewi sebepli, onı tómendegishe táriyiplew orınlı dep esaplaymız: **monopoliya - monopol joqarı bahalardı ornatıw hámde monopol joqarı payda alıw maqsetinde tarawlar, bazarlar hám bir pútin makroekonomika ústinen ústemlikti ámelge asırıwshı iri kárxanalar (firma, korporaciyalar)dıń birlespeleri.**

"Monopoliya" atamasınıń kelip shıǵıwı bazarǵa tiyisli túsiniklerden (yaǵnıy, grekche ***"monoc"*** - birew, birden-bir hám ***"poleo"*** - sataman) quralǵan bolsa, biraq onıń ekonomikalıq tiykarları tiykarınan óndiriske barıp taqaladı.

Monopoliyalardıń júzege keliwiniń materiallıq tiykarı óndiristiń toplanıwı esaplanadı. **Óndiristiń toplanıwı óndirislik ásbaplar, jumıs kúshi hámde ónim islep shıǵarıw kóleminiń iri kárxanalarda toplanıwın ańlatadı.**

Óndiristiń gorizontal hám vertikal toplanıwı bir-birinen parqlanadı.

**Óndiristiń gorizontal toplanıwı – bul milliy ekonomikanıń málim bir tarawı sheńberinde kárxana hám firmalardıń irilesiwi.** Ol erkin báseki dáwiri, sonday-aq, XX ásirdiń baslarında óndiristiń toplanıwınıń tiykarǵı forması sıpatında júzege kelgen edi.

**Óndiristiń vertikal toplanıwı – bul milliy ekonomikadaǵı bir neshe óz-ara baylanıslı tarawlarda ónim islep shıǵarıwdıń toplanıwı.** Ol ilimiy-texnikalıq revolyuciya sharayatlarında keń rawajlandı.

Monopoliyalardıń júzege keliwinde óndiristiń toplanıwınan tısqarı jáne bir qatar faktorlar tásir kórsetedi:

1) mámlekettiń protekcionistlik bajıxana siyasatı. Ol sırt eldegi básekileslerdiń ishki bazarǵa kiriw imkaniyatın sheklep, monopoliyalardıń payda bolıwına sharayat jaratadı;

2) banklerdiń xızmeti hám finanslıq siyasat. Bankler sanaat monopoliyalarınıń jedel ósiwine múmkinshilik beredi.

## 2. Monopoliyanıń túrleri

Monopoliyalardıń mánisin ashıp beriwde onıń túrlerin kórip shıǵıw ayrıqsha áhmiyetke iye. Monopoliyalardıń túrlerin bir neshe ólshemlerge qaray ajıratıw múmkin.

**1. Bazardı iyelep (birlestirip) alıw dárejesine qaray:** sap monopoliya, oligopoliya hám monopsoniya.

Sap monopoliya – tarawdaǵı birden-bir óndiriwshi yamasa satıwshınıń baha hám óndiris kólemin belgilewdegi jeke ústemlik jaǵdayı esaplanadı.

Oligopoliya – tarawdaǵı bir neshe iri óndiriwshi yamasa satıwshınıń baha hám óndiris kólemin belgilewdegi ústinlik jaǵdayı esaplanadı. Oligopolist-óndiriwshilerge Ózbekstanda kómir (Angren qalası, Surxandárya wálayatı Sariosio (Sharhun) hám Boysun (Tuda) rayonlarında jaylasqan) islep shıǵarıwdı mısal etip keltiriw múmkin.

Monopsoniya - tarawdaǵı óndiriwshi yamasa satıwshılar sanı júdá kóp bolıp, olar tovar yamasa xızmetlerdiń birden-bir tutınıwshısı yamasa qarıydarı bar bolǵan sharayattaǵı jeke ústemlik jaǵdayı esaplanadı. Buǵan "ÓzJMavto" kárxanası anıq mısal bola aladı. Bul iri kárxana mámleketimizdegi jeńil avtomobillerdi islep shıǵarıwda zárúr bolǵan kóplegen mútáj hám jalǵastırıwshı bóleklerin olardıń salıstırmalı mayda islep shıǵarıwshılarınan satıp alıwda jeke ústinlik dárejesine iye boladı.

**2. Monopoliyanıń júzege keliw sebebi hám xarakterine qaray:** tábiyiy monopoliya, legal monopoliya, jasalma monopoliya.

**Tábiyiy monopoliya – kárxananıń texnologiyalıq ózgeshelikleri sebepli ónimge bolǵan talaptı qanaatlandırıw báseki bolmaǵan sharayatlarda nátiyjelirek ámelge asırıwshı tovar bazarınıń jaǵdayı.** Bunday nátiyjelirek óndiris kóleminiń kóbeyip barıwı menen tovar birligine tuwrı keliwshi xojalıq qárejetleriniń áhmiyetli dárejede páseyip barıwında júzege keledi. Sonıń menen birge tábiyiy monopoliya subektleri tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler tutınıwın basqa túrdegi ónimler menen almastırıp bolmaydı.

**Legal (nızamlı) monopoliya – bul nızamlı tártipte shólkemlestiriliwshi monopolistlik jaǵday.** Olardıń quramına básekiden qorǵawshı tómendegi monopoliya formaların kirgiziw múmkin:

**1) patent sisteması -** bul oylap tabıwshı hám avtorlar tárepinen jaratılǵan oylap tabıwshılıqlar, paydalı modeller, sanaat úlgilerin tastıyıqlawshı hámde olarǵa absolyut huqıqtı beriwshi sistema. Bul process arnawlı guwalıqlar - patentler arqalı ámelge asırıladı;

**2) avtorlıq huqıqı** – ilimiy, kórkem óner shıǵarmaları, atqarıw sheberligi fonogrammaları, kórsetiwler, efir tolqını yamasa kabel arqalı kórsetiwge beriw sıyaqlılardı jaratıw hám olardan paydalanıw qatnasıqların nızamlı tárizde tártipke salıw forması;

**3) tovar belgileri** – bul sawda belgileri, arnawlı belgileri, atı hám basqalardı dizimge alıw, huqıqıy jaqtan qorǵaw hám olardan paydalanıw boyınsha payda bolǵan qatnasıqlardı nızamlı tártipke salıw forması.

**Jasalma monopoliya - monopol payda alıw maqsetinde shólkemlestiriliwshi birlespelerdiń shártli (tábiyiy monopoliyalardan ajıralıp turıwshı) atı.**

Jasalma monopoliya óz mápleri jolında bazar ortalıǵınıń dúzilisin bilip turıp ózgertedi, yaǵnıy:

- bazarǵa jańa básekileslerdiń kirip keliwine jol qoymaw ushın túrli tosqınlıqlar payda etedi (shiyki-zat hám energiya dereklerin iyelep aladı; banklerdiń jańa kárxanalarǵa kredit beriwin qadaǵan etiwge háreket etedi hám basqalar);
- óndiristiń eń joqarı dárejedegi texnologiyasına erisip, qalǵan básekileslerdiń bul dárejege shıǵıwına múmkinshilik bermeydi;
- óndiris kólemi nátiyjesinen ónimlirek paydalanıw imkaniyatın beriwshi salıstırmalı iri kólemdegi kapitaldı qollanadı;
- óz xızmetin joqarı dárejede reklamalaw arqalı basqa básekileslerdi bazardan qısıp shıǵarıwǵa háreket etedi.

## 3-lekciyanıń jobası

1. Monopoliyanıń ekonomikaǵa tásiri
2. Mámlekettiń monopolliyaǵa qarsı ilajları
3. Ózbekstanda báseki ortalıǵınıń júzege keliwi hám monopoliyaǵa qarsı nızamshılıq

## 1. Monopoliyanıń ekonomikaǵa tásiri

Monopoliyanıń ekonomikaǵa tásir etiwshi unamlı hám unamsız (keri) tárepi bar. Onıń **unamlı tárepi** tiykarınan tómendegi eki belgisi arqalı payda boladı. Birinshiden, joqarıda keltirip ótkenimizdey, ol málim tarawlarda salıstırmalı háreket etedi hám qárejetlerdiń únemleniwine alıp keledi. Ekinshiden, monopolist bolmaǵan, mayda, básekilesiwshi taraw kárxanalarına salıstırǵanda monopolistlik kárxanalarda óndiriske ilimiy-texnikalıq rawajlanıwdıń jetiskenliklerin engiziw ushın kóbirek qızıǵıwshılıq hám imkaniyat bar boladı. Monopoliyanıń **unamsız tárepi** sıpatında tómendegi táreplerin kórsetiw múmkin:

1) resurslardıń maqsetke muwapıq bólistirilmegenligi.
2) dáramatlardaǵı teńsizliktiń kúsheyiwi.
3) ekonomikalıq turǵınlıq hám ilimiy-texnikalıq rawajlanıwıdıń páseyiwi.
4) Ekonomikada demokratiyalıq háreketlerdiń toqtatılıp qoyılıwı.

## 2. Mámlekettiń monopolliyaǵa qarsı ilajları.

Monopoliyalıq xızmet ekonomikalıq rawajlanıwǵa bir qansha keri tásir kórsetiwi, rawajlanıw jolına tosqınlıq etiwi de múmkin. Usıǵan muwapıq, búgingi kúnde derlik barlıq mámleketler ekonomikasında monopoliyalıq xızmetlerdi mámleket tárepinen tártipke salıw ilajları qollanılıp, ol **monopoliyaǵa qarsı siyasat** dep ataladı. Mámlekettiń monopoliyaǵa qarsı siyasatınıń tiykarın **monopoliyaǵa qarsı nızamshılıq** qurap, ol túrli mámleketlerde túrlishe dárejede rawajlanǵan boladı.

Ádette AQSHtaǵı monopoliyaǵa qarsı nızamshılıq salıstırmalı aldınıraq hám quramalıraq islep shıǵılǵan, dep esaplanadı. Ol tómendegi úsh nızamshılıq hújjetlerine tiykarlanadı:

**1. Sherman nızamı** (1890-jılda qabıl etilgen). Bul nızam sawdanı jasırın monopoliyalastırıw, ol yaki bul tarawdaǵı jeke qadaǵalawdı qolǵa alıw, bahalar boyınsha kelisiwlerdi qadaǵan etedi[13]. Nızamnıń tiykarı eki qaǵıydadan ibarat:

➢ sawdanı sheklewge qaratılǵan hár bir kelisim, trest yamasa soǵan uqsas kórinistegi birlespe yamasa kelisip alıw bir qansha shtatlar arasında yamasa basqa mámleketler menen nızamsız dep tabıladı.

---

[13] McConnell, Brue. Economics: principles, problems and policies. 17th edition. America, New York: McGraw-Hill, 2007.page 429

- monopollastırıw yamasa monopollastırıwǵa háreket etiw yamasa basqa shaxs yamasa shaxslar menen birlesip yamasa aldınnan kelisip alıp sawdanıń qandayda bir bólegin monopollastırıw yamasa shtatlar aralıq sawdanı yamasa sırt el mámleketleri menen sawdanı monopollastırıwǵa háreket etilse awır jinayat islegenlikte ayıplanadı.

**2. Kleyton nızamı** (1914-jılda qabıl etilgen). Bul nızam ónim satıw tarawındaǵı sheklewshi xızmetlerdi, baha boyınsha kemsitiw, málim kórinistegi birlesip ketiwler, óz-ara baylanısıp ketiwshi direktoratlar hám basqalardı qadaǵan etedi[14].

**3. Robinson-Petmen nızamı** (1936-jılda qabıl etilgen). Bul nızam sawda tarawındaǵı sheklewshi xızmetler, "bahalar qayshısı", baha boyınsha kemsitiwler hám basqalardı qadaǵan etedi.

Ekonomikadaǵı monopoliyasıw tendenciyası básekini sheklegenlikten, mámleket salamat báseki ortalıǵın jaratıwda aktiv qatnasadı. Buǵan eki jol menen erisiledi:

**1. Básekilesiwshi firmalar qatarınıń keńeyiwine sharayat jaratıladı.** Mámleket túrli bazarlarǵa jańa firmalardıń kirip keliwine sharayat jaratıp beredi, barlıq firmalardıń ekonomikalıq ǵárezsizligine nızam jolı menen kepillik beredi.

**2. Antimonopol (monopoliyaǵa qarsı) siyasat júrgizedi.** Mámleket antimonopol ilajlardı qollanadı. Mámleket jańa firmalardıń shólkemlestiriliw hám xızmetin toqtatıw tártiplerin ápiwayılastıradı, olardı dizimge alıwdı arzanlastıradı, olardı korrupciyadan qorǵaydı, barlıq básekilesler ushın birdey salıqlar ornatadı, birdey islew tártibin engizedi, sawda shaqapshaların bir-birine jaqın jerge jaylastıradı. Mısalı, Italiyada básekige sharayat jaratıw ushın bir túrdegi yamasa orınbasar tovar satıwshı sawda orınları bir-birinen 400 metrden alıs bolmaǵan jerde jaylastırıladı, sebebi olar qarıydardıń pulı ushın jaqın turıp gúrese alıwları kerek. Mámleket óz kárxanaların menshiklestiriw jolı menen básekileslerdiń qatarın keńeytedi.

## 3. Ózbekstanda báseki ortalıǵınıń júzege keliwi hám monopoliyaǵa qarsı nızamshılıq

**Búgingi kúnde Ózbekstanda da assosiaciyalar, konsernler, korporaciyalar, kompaniyalar formasındaǵı monopoliyalar saqlanıp qalınǵan bolıp, olar kóbinese tarawdıń ministrlikleri dárejesi hám wazıypalarına iye boladı. Ónim hám shiyki-zatlardıń ayırım túrlerin limit hám fond kórinisinde bólistiriwdiń eskishe sisteması, sonday-aq, biznesti ámelge asırıw ushın ruxsat, licenziya, sertifikatlar beriw, kelisim sıyaqlı bar bolǵan hákimshilik tosqınlıqlar monopoliyatlik tendenciyalarǵa kóbirek imkaniyat jaratadı.**

**Usıǵan muwapıq, Ózbekstanda nátiyjeli báseki ortalıǵın jaratıw ushın tómendegi baǵdarlar boyınsha ilajlardıń ámelge asırılıwı talap etiledi:**

**a) ekonomikada mámleket monopoliyasınıń hár qanday kóriniste bolıwın maksimal dárejede saplastırıw;**

**b) bazar sharayatında júzege kelip atırǵan monopoliyalardıń bazardaǵı ózleriniń ústinlik dárejelerin paydalanıw imkaniyatlarınıń aldın alıw.**

Solay etip, Ózbekstanda báseki ortalıǵın júzege keltiriwdiń tiykarǵı jolı, bul básekini biykarlawshı mámleket monopoliyasınan mámleketlik emes, túrli xojalıq júrgiziw formalarınıń bar ekenligine tiykarlanǵan hám ilajı barınsha erkin básekini talap etiwshi bazar sitemasına ótiwden ibarat. Bul jerde básekishilik qatnasıqların qáliplestiriw, dáslep, óz betinshe erkin tovar islep shıǵarıwshılardıń payda bolıwın talap etedi, sebebi básekiniń tiykarǵı shárti óz aldına ajıralǵan, menshik

[14] McConnell, Brue. Economics: principles, problems and policies. 17th edition. America, New York: McGraw-Hill, 2007.page 433

juwapkershiligi tiykarında óz mápine iye bolǵan hám isbilermenlik táwekelshiligin óz juwapkershiligine alıwshı erkin xojalıq júrgiziwshi subektlerdiń bar ekenligi, olardıń bazar arqalı baylanısqa kirisiwi esaplanadı.

# 9-BAHANÍŃ MÁNISI HÁM QÁLIPLESIW ÓZGESHELIKLERI

### 1-lekciyasnıń jobası:

1. Bahanıń mánisi hám wazıypaları
2. Bazar bahalarınıń túrleri

## 1. Bahanıń mánisi hám wazıypaları

Bazarda tovar hám xızmetler satıp alınǵan waqıtta oǵan qansha pul tólew kerekligin baha belgileydi. Baha arzan bolsa pul kemirek tólenedi, baha qımbat bolsa pul kóbirek tólenedi. Baha bazardaǵı sawda baylanısların támiyinleydi. Olay bolsa bahanıń ózi ne?

**Baha bazar baylanıslarınıń tiykarǵı ekonomikalıq quralı bolıp, tovar hám xızmet birligin satıp alıw ushın tólenetuǵın pul muǵdarın bildiredi.**

Bahanıń mánisi onıń ekonomikada orınlaytuǵın wazıypalarınan tolıǵıraq kórinedi. Bul wazıypalar tómendegilerden ibarat:

1. **Esap-sanaq, ólshew wazıypası.** Bunda jumsalǵan qárejet, kórilgen payda-zıyan, orınlanǵan jumıs kóleminiń hámmesi málim bahalar tiykarında esap-sanaq islenedi.

2. **Ekonomikalıq xızmetti xoshametlew wazıypası.** Bahanıń ózgerip turıwı (bul ámelde sonday) óndiris hám tutınıwdı xoshametleydi. Baha artqanda, eger shıǵınlar ózgermey qalsa payda kóbeyedi, bul óndiriwshilerdi tovardı kóbeytiwge umtıldıradı, sebebi paydanı maksimallastırıw imkaniyatı payda boladı.

3. **Ekonomikanı tártipke salıw wazıypası.** Bul wazıypa sonnan ibarat, bahanıń ózgeriwi kerekli tovarlardı islep shıǵarıwǵa umtıldıradı. Baha qanday tovarlardı qansha islep shıǵarıw zárúrligin belgilep beredi.

4. **Báseki quralı wazıypası.** Baha oǵada áhmiyetli ekonomikalıq qural bolǵanlıqtan ol báseki gúresinde de qollanıladı.

Aytılǵan ekonomikalıq wazıypalar bazar bahalarına tán boladı. Biraq bazar ekonomikasına ótiw dáwirinde baha sociallıq qorǵaw wazıypasın waqtınsha orınlaydı. Bunda mámleket tárepinen dotaciyalanǵan, yaǵnıy arzanlastırılǵan bahalar qollanıladı. Olarǵa muwapıq oǵada áhmiyetli tovarlardıń ayırımları xalıqqa arzan bahada satıladı. Bul tovarlardıń ámeldegi hám haqıyqıy bazar bahası ortasındaǵı ayırmashılıq mámleketlik byudjet esabınan qaplanadı. Dotaciyalanǵan bahalar sociallıq qorǵaw wazıypasın orınlaǵan halda ekonomikalıq xoshametlew wazıypasın orınlamay qoyadı. Sonlıqtan dotaciyalanǵan bahalardan erkin bahaǵa ótiw júz beredi. Ózbekstanda da ekonomikalıq wazıypalardı orınlawshı erkin bazar bahalarına ótildi, biraq sociallıq jaqtan áhmiyetli bolǵan bir qatar tovarlarǵa dotaciya bahaları saqlanıp qalındı.

## 2. Bazar bahalarınıń túrleri

Bazar ekonomikasınıń ózine tán bahalar sisteması bar bolıp, bul jerde bahalardıń qáliplesiwi óz-ara baylanısqan, biraq túrli maqsetlerde qollanıwshı bahalar kompleksi háreket etedi. Bahanıń qáliplesiw processi quramalı, onıń qatnasıwshıları oǵada kópshilik, bahalar túrli wazıypalardı orınlaydı, sonlıqtan bahalardıń túri kóp.

**Ekonomikada háreket etip turǵan barlıq baha túrleri baha sisteması dep júrgiziledi.** Bahalardı túrlerge ajıratıw **ólshemi** – bul bahalardıń qáliplesiw mexanizmi, onıń háreket etiw tarawları hám sheńberi, onı qollanıwdan kútilgen maqsetler esaplanadı. Qáliplesiw mexanizmi boyınsha erkin hám monopoliyalasqan bahalar boladı. Bulardıń bir-birinen parqlanıwın joqarıda kórip óttik. Bahalar háreket etiw tarawları boyınsha **kótere hám usaqlap satıw** bahalarına bólinedi. Dáslep tovarlar kótere, sońınan usaqlap satıw bahasında satıladı.

**Kótere satıw bahası** óndiriwshi tárepinen úlken muǵdardaǵı tovarlardı birden kótere satıp alıwshıǵa satılǵan waqıtta qollanılatuǵın baha esaplanadı. Kótere satıw bahaları tovar birjalarında, sawda úylerinde yamasa satıwshı menen qarıydardıń tikkeley baylanısında qollanıladı. Olar ádette **kontrakt baha** formasında boladı. Kontrakt baha hár eki táreptiń razılıǵı menen belgilengen hám olardıń shártnamasında keltirilgen baha. Bul baha shártnama háreket etken dáwirde, ádette, ózgermeydi, sebebi ol aldın kelisilgen boladı. Kótere satıw bahası shártnamasız da bolıwı múmkin. Mısalı, Ózbekstandaǵı diyxan bazarındaǵı kótere sawdada sanaat tovarlarınıń arnawlı kótere satıw bazarlarında (mısalı, Tashkenttegi “Karvon” kótere satıw bazarı) kótere sawda shártnamasız, awız-eki kelisilgen bahalarda alıp barıladı.

**Usaqlap satıw bahaları** menen tutınıw tovarları tuwrıdan-tuwrı xalıqqa satıladı.

Usaqlap satıw bahalarınan biri bul **arnawlı arzanlastırılǵan bahalar** esaplanadı. Bul baha menen mútájlerge qayırqomlıq qaǵıydasına muwapıq satıladı. Bazarda standart hám ózgeriwsheń bahalar qollanıladı. **Standart bahalar** – bul málim bir dáwir aralıǵında ózgermey turatuǵın bahalar. Standart bahalardan ózgesherek **ózgeriwsheń bahalar** tez-tez sharayatqa qarap qaytadan belgilenip turıladı. Bunda bahaǵa tásir etiwshi faktorlar, atap aytqanda qárejetlerdegi ózgerisler, báseki sharayatı, talaptaǵı jıljıwlar esapqa alınadı. **Máwsimlik bahalar** ózgeriwsheń bahalardıń qatarına kiredi.

Bazarda **preyskurant** bahalar da qollanıladı. Bul bahalar satıwshı ushın mólsherlengen baha, qarıydar ushın bolsa bildirgish yamasa maǵlıwmatnama baha esaplanadı.

Bazar ekonomikasına ótiw dáwirinde mámleketlik byudjet **dotaciyalanǵan bahalarda** da háreket etedi. Bular málim maqset jolında, mısalı, xalıqtı sociallıq qorǵaw ushın arzanlastırılǵan bahalar esaplanadı.

## 2-lekciyanıń jobası

1. Bahanıń qáliplesiwiniń bazar mexanizmi
2. Baha siyasatı hám onıń Ózbekstanda ámelge asırılıw ózgeshelikleri

## 1. Bahanıń qáliplesiwiniń bazar mexanizmi

Bahanıń mazmunın tolıǵıraq túsiniwde, onıń qáliplesiw mexanizmin yamasa onıń dárejesine tásir etiwshi faktorlardı úyreniw ayrıqsha áhmiyetke iye.

Bizge málim, erkin básekili bazar hám monopoliyalasqan bazarlar bar, bul jerde bahalar túrlishe boladı. Biraq oǵan qaramastan barlıq jerde bahalardıń qáliplesiwine tásir etiwshi ulıwmalıq faktorlar háreket etedi. Bular: tovardıń qunı yamasa óndiris shıǵınları; tovardıń paydalılıǵı; talap hám usınıs salıstırması; báseki ortalıǵı; mámlekettiń ekonomikalıq siyasatı hám basqalardan ibarat.

**Tovardıń qunı yamasa óndiris shıǵınları** – bul hár qanday bahanıń ulıwmalıq tiykarı boladı, sebebi qárejetsiz hesh qanday tovar yamasa xızmetti jaratıp bolmaydı.

**Talap hám usınıs salıstırması.** Talap hám usınıs bahaǵa túrlishe baǵdarda tásir etedi. Talap artsa baha kóteriledi, talap qısqarsa baha tómenleydi. Kerisinshe, usınıs kóbeyse baha túsedi, ol qısqarsa baha artadı.

**Ekonomikada sonday nızam bar, tovardıń paydalılıǵı qansha joqarı bolsa, onıń bahası da sonsha qımbat (joqarı) boladı hám kerisinshe.**

**Báseki ortalıǵı.** Báseki baha menen alıp barılǵanda ol bazarǵa tásir ótkeredi. Báseki kúshli bolsa baha páseyedi, eger ol sheklense baha artıwǵa iykemlesken boladı. Báseki bahaǵa usınıstı kóbeytiw arqalı tásir etedi.

**Monopol bazar bahalarınıń qáliplesiwi.** Bizge málim, monopol bazar bul azshılıqtan ibarat bolǵan óndiriwshiler yamasa tutınıwshılardıń ústemligi, yaǵnıy hákimiyatı bar bolǵan bazar. Bul jerde bahanı qáliplestiriwshi faktorlar sheklengen halda háreket etedi.

Qullası, bazardıń monopoliyalasıw dárejesine qarap bahanıń qáliplesiw mexanizmi parqlanadı. Biraq barlıq jerde bahanı qáliplestiriwshi faktorlar saqlanadı, biraq olar túrli dárejede háreket etedi. Monopol bazardaǵı bahalar qarıydar yamasa satıwshınıń tabısına yamasa utılısına alıp keledi.

## 2. Baha siyasatı hám onıń Ózbekstanda ámelge asırılıw ózgeshelikleri

**Baha siyasati - bul bazar qatnasıwshılarınıń baha boyınsha kórsetpe hám háreketleri esaplanadı**. Firmalardıń is nátiyjesi tovarlardıń satılıw bahasına baylanıslı bolǵanlıqtan bahanı durıs tańlaw oǵada áhmiyetli. Firmalardıń baha siyasatı úsh maqsetti gózleydi – tovar satıwdı kóbeytiw, paydanı kóbirek alıw, óziniń bazardaǵı málim dárejesin saqlap qalıw.

Tovar satıwdı kóbeytiwden tómendegi úsh jaǵday kútiledi:

1. Tovar satıwdı kóbeytiw arqalı bazarda óz **úlesin** arttırıw, múmkinshiligi bolǵanda bazardı óz qadaǵalawına alıw.

2. Hár bir tovardı (tovar birligin) satıwdan túsetuǵın paydanıń kemeyiwine razı bolǵan halda tovardı kóplep satıw arqalı keletuǵın **jalpı paydanı** arttırıw.

3. Tovardı kóp satıw nátiyjesinde onıń kólemine salıstırǵanda sawda **qárejetlerin** qısqartıw.

Bazardan básekileslerdi qısıp shıǵarıp, óz dárejesin bekkemlew ushın firmalar arnawlı bahanı qollanadı, onıń bazarǵa kirip alıw bahası yamasa **demping baha** dep ataladı. Bul baha jasalma páseyttirilgen bolıp, básekilesti sındırıwǵa qaratılǵanlıqtan mámleket onı qadaǵan etedi, sonlıqtan firmalar onı jasırın túrde qollanadı hám bul is rásmiy bahanıń bir bóleginen keship jiberiw formasında boladı. Bahalardı páseyttiriw jańa bazarlardı qolǵa alıwǵa xızmet etedi. Biraq olar áhmiyetli túrde mólsherlengen payda muǵdarın támiyinleytuǵınday etip belgilenedi. Buǵan erisiw ushın eki usıl qollanıladı:

Birinshiden, massalıq tovarlardıń **bahasın páseyttirgen** halda olardı kóp satıwǵa erisiledi. Bunda bir tovardan túsken payda kemeyedi, biraq kóp satıw esabınan alınǵan jámi payda kóbeyedi.

Ekinshiden, qarıydarı saylanǵan tovarlardı shıǵarıp olar **abıraylı bahada** satıladı. Bul baha dáramatı kóplerge mólsherlengen joqarı baha esaplanadı. Biraq bul bahalar is beriwi ushın bazarda báseki sheklengen, eń jaqsısı sap monopoliya bazarı bolıwı shárt.

Abıraylı baha belgilew ushın eń zamanagóy tovar islep shıǵarıw kerek boladı, olardı basqalardan ajıralıp turıwshı hám imidjge umtılıwshı qarıydarlar satıp aladı. Abıraylı bahalar máńgi emes, olar bazarǵa ornalasıp, abıray arttırıw ushın kerek, sebebi baha joqarı bolsa, ónim oǵada sapalı dep qaraladı. Bunnan tısqarı abıraylı tovarlar orın almasıp turǵanlıqtan, bir abıraylı bahanıń ornına basqası júzege keledi.

Baha siyasatında bahalardıń **maslasıwshań** bolıwına tiykarǵı itibar beriledi. Bunda bazar sharayatına qarap baha kóterilip yamasa tómenletilip barıladı. Baha belgilewde eki jol tutıladı:

1) bahanı **dáslep joqarı** belgilep, onı bazardıń kóteriwine qarap, sońınan tómenletip barıladı hám baha boyınsha bir sheshimge kelinedi;

2) bahanı **dáslep tómen** belgilep, tovardıń satılıwınıń kóbeyiwine qarap onı kóterip baradı, satılıw kólemi turaqlasqannan soń baha ózgermey turadı.

Bahalar ózgesheliginiń muǵdarlı kórsetiliwi **baha diapazonı** dep júrgiziledi. Diapazon baha aralıǵınıń puldaǵı ólshemi boladı. Bahalar diapazonı olar ortasında sezilerli ayırmashılıq bolıwın talap etedi, sebebi sonday bolmasa, tovarlardıń sapasındaǵı ózgeshelikti anıqlaw qıyın, qoldaǵı pulǵa qarap bahası maqul tovardı tańlap bolmaydı, sonlıqtan tovardıń satılıwın kóbeytip bolmaydı. Diapazon bahalar ortasındaǵı muǵdarlı salıstırmanı da beldiredi. Baha diapazonı **tómen, ortasha hám joqarı** bahalardı óz ishine aladı. Diapazon qanshelli keń bolsa, tovarlar sonshelli kóp satıladı, sebebi talap penen usınıs muwapıqlasadı. Sonday-aq diapazon qanshelli keń bolsa, sonshelli qarıydardı qoldan shıǵarmawshılıq múmkinshiligi kóp boladı, sebebi satıp alıw qábileti túrlishe qarıydarlarǵa olar imkaniyatınan kelip shıqqan halda túrlishe bahadaǵı tovarlar usınıs etiledi.

### Qadaǵalaw sorawları

1. Bahanıń ekonomikalıq mazmunın onıń wazıypaları arqalı túsindirip beriń.
2. Bahanıń tiykarǵı túrlerin qısqasha táriyiplep beriń.
3. Bahanıń qáliplesiwine tásir kórsetiwshi tiykarǵı faktorlar nelerden ibarat? Olarǵa táriyip beriń.
4. Baha siyasatı degenimiz ne?
5. Bahanı erkinlestiriw hám onıń Ózbekstanda ámelge asırılıw ózgesheligin túsindiriń.

## 10-ISBILERMENLIK XÍZMETI HÁM ONÍŃ FORMALARÍ. ISBILERMENLIK KAPITALÍ HÁM ONÍŃ AYLANISÍ

### 1-lekciyanıń jobası

1. Isbilermenlik xızmetiniń mazmunı hám rawajlanıw sharayatları
2. Isbilermenlik xızmetiniń formaları

### 1. Isbilermenlik xızmetiniń mazmunı hám rawajlanıw sharayatları

Házirgi kúnde turmısımızda **“biznes”** hám **“isbilermenlik”** túsinikleri keń ushırasadı. Ayırım ádebiyatlarda olar bir mánisti ańlatadı dep kórsetiledi. Ózbekstan alımları bolsa biznes hám isbilermenlik ortasındaǵı ózgesheliklerdi ajıratıp kórsetedi.

Biznes inglis sózi (“business”) bolıp, bizińshe “is, xızmet” degen mánisti ańlatadı. Kúndelikli turmısımızda biznesmen degende, kóbinese “alıp satarlar” túsiniledi. Biraq ol bir qansha keńirek mánisti ańlatadı.

**Biznes - bul nızamda qadaǵalanbaǵan hár qıylı iskerlik túrleri menen shuǵıllanıp, dáramat tabıwdı kórsetedi.**

Bizneste dóretiwshilik xızmeti menen shuģıllanbay turıp-aq dáramat alıwģa boladı. Mısalı, múlkti ijaraģa beriw, akciya satıp alıw, artıqsha pullardı bankke qoyıw arqalı procent túrindegi dáramatlardı alıw h.t.b. Bunday jol menen dáramat alıw ayrıqsha talanttı talap etpeydi. Biznes isbilermenlikke salıstırģanda keńirek mániste qollanıladı. Isbilermenlik bolsa, biznestiń bir túri.

Isbilermenlik túsinigi ilimge birinshi ret XVIII ásirdiń baslarında Angliya ekonomisti **R. Kantilon** tárepinen kirgizilgen edi. Sol dáwirden baslap isbilermenlik xızmetin rawajlandırıw boyınsha ilimde hár qıylı pikirler júzege keldi. Francuz ekonomisti **J.B.Sey isbilermenlikti úsh faktor, yaģnıy - jer, kapital hám miynettiń óz-ara birigiwi sıpatında táriyipleydi.** Onıń pikirinshe, isbilermenniń alģan dáramatı, miynet hám óndiristi shólkemlestirgeni ushın isbilermenge berilgen sıylıq esaplanadı.

Ekonomika tarawında Nobel sıylıģınıń laueriatı inglis ekonomisti F.F.Xayn **isbilermenlikti iskerlik sıpatında alıp qaramaydı. Onı jańa ekonomikalıq imkaniyatlardı izlep tabıw, is-háreketlerdi támiyinlew dep kórsetedi.**

Ózbekstan alımlarınan A.Ólmasov, A.Vahobov miynetlerinde, **"Isbilermenlik bazar ekonomikasına tán bolģan arnawlı ekonomikalıq xızmet bolıp, ol óndiristi resurslar menen támiyinlew, olardıń nátiyjeli isletiliwin shólkemlestiriw jolı menen tovar hám xızmetlerdi jaratıw, olardı bazarģa jetkerip beriw hám payda alıwģa qaratıladı"[15] dep kórsetilgen.**

Joqarıdaģı pikirlerden kórinip turģanınday búgingi kúnde ekonomistler arasında isbilermenlik xızmeti boyınsha ulıwmalıq túrde qabıl etilgen teoriya joq. Isbilermenlik kóbinese dóretiwshilik xızmeti menen baylanıslı bolģanlıqtan oģan tómendegishe táriyip beriwdi maqul dep esaplaymız: **"Isbilermenlik múlk juwapkershiligi tiykarında, kapitaldı iske qosıw arqalı dóretiwshilik xızmeti menen shuģıllanıp, tovar hám xızmetlerdi jaratıw esabınan dáramat alıwģa qaratılģan iskerlik".**

Isbilermenlik xızmeti óziniń tómendegi bir qatar belgilerine iye:

- Isbilermenlik xızmetiniń erkinligi.
- Isbilermenlik qábileti.
- Materiallıq juwapkershilik.
- Táwekelshilik.
- Payda alıwģa umtılıwshılıq.
- Isbilermenlikte ózin-ózi basqarıw.
- Isbilermenlik mádeniyatı hám bilimge iye bolıw.
- Nızamģa boysınıw.
- Óz-ara báseki ortalıģında xızmet júrgiziw.
- Jańalıqqa umtılıwshılıq.

Eń tiykarģısı siziń búgingi tiykarģı kapitalıńız **Siziń ózińiz hám sizdegi waqıt** ekenligin esten shıģarmań. Usı kapitaldı **24 saat** dawamında nátiyjeli islewge **májbúrleń**.

## 2. Isbilermenlik xızmetiniń formaları

Isbilermenlik quramalı dúziliske iye bolıp, onı túrlerge ajıratıwda hár qıylı belgiler tiykar etip alınadı. Bunday belgiler sıpatında menshik túri, xızmet baģdarı, nızamģa boysınıwshılıq sıyaqlılardı aytıwģa boladı. Menshik formasına qaray otırıp, jeke, jámáátlik, aralas hám mámleket isbilermenligi boladı.

**Jeke isbilermenlik** házirde keń tarqalģan bolıp, ol jeke menshikke tiykarlanadı. Onıń ózi jeke hám birgeliktegi isbilermenlikke bólinedi. Jeke

[15] O'lmasov A., Vahobov A. Iqtisodiyot nazariyasi. Darslik. – T.: "Iqtisod-Moliya", 2014, 111 bet

isbilermenlik jeke shaxslar tárepinen shólkemlestirilip, óndiris nátiyjeleri olardıń jeke ózlerine tiyisli boladı. Jeke isbilermenliktiń artıqmashılıǵı, bunda isbilermen xojalıq iskerligi ústinen tolıq qadaǵalaw júrgizedi.

Ózbekstan Respublikasında jeke isbilermenlik xızmeti tómendegi baǵdarlarda alıp barıladı:

- jeke tártiptegi isbilermenlik (jeke kárxana yamasa firma);
- shańaraq isbilermenligi;
- fermer hám diyxan xojalıqları;

**Jeke tártiptegi isbilermenlik** – ayırım puqaralar tárepinen ózleriniń táwekelshilikleri hám múlk juwapkerlishigi tiykarında jeke dáramat (payda) alıw maqsetinde ámeldegi nızamshılıq sheńberinde alıp barılatuǵın baslamashılıq tiykarındaǵı xojalıq xızmeti.

Ózbekstan Respublikasınıń 2012-jıl 26-aprelde qabıl etilgen "Shańaraq isbilermenligi haqqında"ǵı Nızamınıń 3-statyasında "**Shańaraq isbilermenligi** shańaraq aǵzaları tárepinen táwekel etip hám óziniń múlk juwapkershiligi tiykarında dáramat (payda) alıw maqsetinde ámelge asırılatuǵın belsendilik xızmeti" dep kórsetilgen.

**Jámáát isbilermenligi** – bul bir topar adamlardıń belgili menshik formaları tiykarında jámáátlerge birlesip, jámáát kárxanaların payda etiwi hám usı tiykarda isbilermenlik xızmetin ámelge asırıwdı kórsetedi.

**Shirket firma** bir neshe múlk iyeleriniń óz múlkin birlestiriw tiykarında qáliplesedi hám ol eki túrge bólinedi:

**Juwapkershiligi sheklenbegen jámiyetler** eki yamasa onnan kóbirek aǵzalardıń múlki tiykarında qáliplesedi. Sheriklerdiń dáslepki múlki firmanıń ustav kapitalın quraydı. Ustav kapitalǵa hár túrli sherikler túrli muǵdarda úles qosıwı múmkin. Sonlıqtan alınǵan payda olar ortasında usı úleske tiykarlanıp bólistiriledi. Firma bankrot bolǵan jaǵdayda sherikler zıyandı birgelikte kóteredi, yaǵnıy bir sherik basqasınıń juwapkerliginde óz moynına aladı.

**Juwapkershiligi sheklengen jámiyetlerdiń** ustav kapitalı shólkemlestiriwshilerdiń qarjıları esabınan quraladı. Jámiyet aǵzaları ózleriniń qosqan ülesleri sheńberindegi juwapkershilikti óz moynına aladı. Jámiyet óz xızmeti ushın ustav kapitalı sheńberindegi juwapkershilikke iye boladı.

**Mámleketlik isbilermenlik** - bul mámleket múlki bolǵan hám onıń qadaǵalawı astında islewshi kárxanalar bolıp, olar óndiriste mámleketlik sektordı payda etedi. Mámleketlik sektordıń ekonomikadaǵı ornı hár qıylı, biraq kópshilik mámleketlerde onıń jaratılǵan tovar hám xızmetlerdegi úlesi 20 payız átirapında boladı.

**Aralas isbilermenlik** jeke, mámleket hám jámáát mensiktiń aralas qarjılarına tiykarlanadı. Aralas firmalar milliy hám sırt el kapitalına tiykarlanǵan bolıp, olar sheriklik qaǵıydasına tiykarlanıp qáliplesedi. Bul firmalar óz-ara máplerdiń úylesimligi, húkimetler aralıq shártnamalar tiykarında shólkemlestirilip, sanaat, awıl xojalıǵı, qurılıs, transport hám basqada ekonomika tarawlarında xızmet júrgizedi.

**Jasırın isbilermenlik** - bul isbilermen sıpatında rásmiy túrde dizimnen ótpey turıp, nızamǵa qayshı jollar menen iskerlik júrgiziwdi kórsetedi. Kópshilik jaǵdaylarda ol, isbilermenlik jolında hákimshilik tosqınlıqlar bolǵanda, yamasa salıqtan qashıp ózine kóp dáramat alıw máqsetinde júrgiziledi. Ekonomikada jasırın isbilermenliktiń kóp bolıwı mámleket ushın unamsız jaǵday. Ásirese ol kriminal biznes penen baylanıslı bolsa (narkobiznes, adam sawdası, terrorizm maqsetinde qural-jaraqlar satıw h.t.b.), ol awır sociallıq aqıbetlerge alıp keledi. Sonlıqtan mámleket tárepinen isbilermenler ushın qolaylı ortalıqtı jaratıwǵa ayrıqsha itibar beriledi.

## 2-lekciyanıń jobası

1. Isbilermenlik xızmetinde innovaciyanıń áhmiyeti
2. Marketing, onıń maqseti, wazıypaları hám principleri
3. Marketing, onıń maqseti, wazıypaları hám principleri

## 1. Isbilermenlik xızmetinde innovaciyanıń ahmiyeti

Isbilermenlikti novator yaǵnıy jańalıqtı jaratıwshı adam sıpatında belgili amerikalı ekonomist Yozer Shumpeter óziniń “Ekonomikalıq rawajlanıw teoriyası” kitabında táriyplegenindey, “Isbilermenniń wazıypası jańa oylap tabıwshılıqlardı ámelge engiziw arqalı óndiris usılın reformalawdan ibarat. Keń mániste kórip shıǵılǵanda isbilermenniń wazıypası – jańadan ashılǵan bazar yamasa shiyki-zat bazası tiykarında jańa tovar islep shıǵarıw yamasa gónergenin modernizaciyalaw ushın jańa texnologiyalar isletiwden ibarat”.

**Innovaciya** degende neni túsiniw kerek. Innovaciyaǵa bir qansha táriypler berilegn:

Innovaciya (jańalanıw) – bul óndiristiń ishki sistemasınıń dáslepki formadan jańa formaǵa ótiw.

Innovaciya – bul bar bolǵan mútájlikti tolıq qanaatlandırıw maqsetinde jańalıq (oylap tabıwshılıq) jaratıw, tarqatıw hám onı ámelge engiziw.

Innovaciya – bul jańa ideya, usınıs, ilimiy-texnikalıq juwmaqlardı praktikada qollanıw.

Innovaciya – aldın bolmaǵan qandayda jańalıq: jańa hádiyse, oylap tabıwshılıq, ashılıw, jámiyetlik mútájliklerdi qanaatlandırıwdıń jańa usılı hám basqalar.

Innovaciyalıq isbilermenlik, yaǵnıy jańalıq jaratıw hám onnan kommertsiyalıq maqsette paydalanıw bir neshe basqıshta alıp barıladı:

- jańa ideyalar izlep tabıw hám onı bahalaw;
- biznes joba dúziw;
- resurslardı tawıp, tájiriybes sıpatında ónim islep shıǵarıw hám onı sınawdan ótkeriw;
- tovardı bazarǵa kirgiziw hám onı ótkeriw.

“Innovaciya” ataması “oylap tabıwshılıq” hám “ashılıw” túsinikleri menen tıǵız baylanıslı.

“Oylap tabıwshılıq” degende insan tárepinen jaratılǵan jańa úskeneler, mexanizmler, instrumentler túsiniledi. “Ashılıw” degende aldın málim bolmaǵan maǵlıwmatlardı alıw yamasa aldın málim bolmaǵan tábiyat hádiyselerin baqlaw názerde tutıladı. Innovaciyadan ózgesherek, ashılıw, ádette, fundamental dárejede ámelge asırıladı hám payda alıw maqsetin gózlemeydi.

## 2. Marketing, onıń maqseti , wazıypaları hám principleri

Rawajlanǵan bazar ekonomikasında isbilermenlik, belgili dárejede marketing xızmetine baylanıslı boladı. Alımlardıń pikirine muwapıq, marketing elementleriniń payda bolıwı XVII ásirdiń ortalarına tuwrı keledi.

Marketing inglis sózinen alınǵan bolıp ***“market”*** - bazar, **“ing”**- xızmet degen mánisti ańlatadı. Demek, ol bazarda júz beretuǵın hár qıylı xızmet túrlerin, anıǵıraq etip aytqanda, tovar hám xızmetlerdi óndiriwshiden aqırǵı tutınıwshıǵa jetkerip beriwge shekemgi xızmetlerdi úyrenedi. Amerika marketing associaciyası tárepinen berilgen táriyipke muwapıq, **“Marketing sonday processten ibarat bolıp, onıń járdeminde oylanǵan ideya rejelestiriledi hám ámelge asırıladı, bahalar qáliplesedi, ideyalar, tovarlar hám xızmet kórsetiwler háreketi hám satıwdı,**

**ayırım shaxslar hám shólkemlerdiń maqsetleri almasıw járdeminde qanaatlandırıladı**”. Marketing tarawında izertlewler júrgizgen alımlardan biri I.K.Belyaevskiy ***“marketing - bul bazardı úyreniw hám tártipke salıw, basqarıw sisteması”,*** dep kórsetedi. Marketing boyınsha qanday táriyip beriliwine qaramastan olardıń hámmesinde, onı bazardı, ondağı insan mútájliklerin qanatlandırıwdıń nátiyjeli jolların úyreniwshi iskerlik retinde alıp qaraladı. Marketing hám isbilermenlik tarawında dúnya ámeliyatında marketing evolyuciyasında tómendegi koncepciyalar kórsetiledi:

- óndiris koncepciyası;
- tovar koncepciyası;
- satıw koncepciyası;
- dástúriy marketing koncepciyası;
- sociallıq marketing koncepciyası;
- óz-ara baylanıs marketing koncepciyası.

Hár bir mámleket óziniń rawajlanıw ózgesheliklerinen, isbilermenlik xızmeti hám bazardıń rawajlanıw jağdaylarınan kelip shıqqan halda biz joqarıda kórip ótken marketing koncepciyalarınan paydalanıwı múmkin.

**Marketingtiń tiykarğı maqseti** bazardı hár tárepleme úyreniw, analiz etiw hám konyunktura ózgerislerin aldın ala biliw tiykarında payda alıwdan ibarat. Marketing tovarlardı óndiriwden baslap onı tutınıwshılarğa jetkerip beriwge shekemgi barlıq basqıshlardı úyreniwi hám bazardıń jağdayın aldın ala kórip biliwi, hám bul haqqında óndiriwshilerdi xabardar etip turıwı zárúr.

Ulıwma alğanda marketing járdeminde tómendegi múmkinshiliklerge erisiw múmkin:

- Talaplardıń óz waqtında hám joqarı dárejede qanaatlandırılıwı.
- Tovarlar dúnyası ishinen óz tovarın ajıratıp kórsetiw.
- Tutınıwshılar talabın joqarı dárejede qanaatlandırıw arqalı payda alıw.
- Tovarlar ishinen óz tovarın tańlap alıw h.t.b.

## 3. Menedjmenttiń maqseti hám wazıypaları

Isbilermenlik tiykarınan firmalarda hám fermer xojalıqlarında ámelge asırıladı. Firma ayırım kárxana yamasa kárxanalar birlespesiniń formasına iye.

**Firma – bul tovar islep shığarıwshı kárxana. Ol tek materiallıq tovarlardı emes, sonday-aq xızmetlerdi de kórsetedi hám bazarğa shığaradı.**

Firma xızmetin rawajlandırıwda menedjment sisteması ayrıqsha áhmiyetke iye. Menedjment **- ( ing. “management” – “basqarıw” degen mánisti bildiredi)** basqarıw haqqındağı ilim bolıp, ol firmanıń óndirisin shólkemlestiriw hám finanslıq processlerin basqarıwdı óz ishine qamtıydı. Bul xızmet túri menen shuğıllanıwshılardı menedjerler dep aytamız. Menedjer – arnawlı tayarlıqqa iye, basqarıwdıń sırların, nızam-qağıydaların úyrengen belgili bir mamanlıqqa iye bolğan qánige esaplanadı.

Menedjment tómendegi xızmetlerdi atqaradı:

**1. Rejelestiriw.** Bunda firmanıń tiykarğı maqseti, baslı bağdarları belgilenedi hám oğan erisiw quralları anıqlanadı.

**2. Shólkemlestiriw.** Firmanı óndirislik jaqtan shólkemlestiriw tómendegilerdi óz ishine aladı:

- ✓ ulıwma wazıypalardı táriyiplew;
- ✓ jumıstıń anıq túrleri ushın wazıypalardı belgilew
- ✓ bólimler ushın wazıypalardı ortağa qoyıw;
- ✓ wákilliklerdi belgilew;

✓ qararlar qabıl etiwdiń nátiyjeliligin, is háreketlerin qadaǵalaw hám muwapıqlastırıwdı támiyinleytuǵın kommunikaciyalar sistemasın jolǵa salıw;

✓ sırtqı ortalıqqa sezgirlikti kúsheytiw.

**3. Motivaciya.** Bul islewshilerde miynetke degen qızıǵıwshılıqtı payda etiwge qaratılǵan.

**4. Qadaǵalaw.** Bunda rejede belgilengen kórsetkishlerdiń orınlanıw jaǵdayı qadaǵalanıp barıladı hám zárúr bolsa tiyisli ózgerisler kiritiledi.

Dúnya tájiriybesinde menedjment xızmetinde tómendegi principlerden paydalanıladı:

➢ óndiriske adamlardı tartıw, birlestiriw, qábiletin iske salıw ushın zárúr bolǵan shárt-sharayatlardı jaratıp beriw;

➢ óz aymaǵındaǵı mádeniyat, úrp-ádetler, milliy dástúrler menen tıǵız baylanısta bolıw, milliy ózgesheliklerdi esapqa alıw;

➢ firma aldında turǵan wazıypanı anıq hám túsinikli etip táriyiplew. Sebebi anıq belgilengen wazıypanı orınlaw ańsat boladı;

➢ óndiris texnologiyasın hám islewshilerdiń kásiplik sheberligin úziliksiz jetilistirip barıw;

➢ firma xızmetin mudamı úyrenip barıw hám jol qoyılǵan kemshiliklerdi óz waqtında dúzetip jiberiw ilajların kóriw h.t.b.

Kárxananıń rawajlanıwı hám nátiyjelikke erisiwinde joqarı basqarıw sisteması yamasa arnawlı basqarıw toparın dúziw tiykarǵı áhmiyetke iye. Kárxana basshısı óz xızmetkerleri menen birge islesiwi, talaptı bosastırmay, olarǵa isenim bildirip, xızmet kórsetiwi lazım. Basshı bárqulla jetekshi bolıwı kerek.

## 3-lekciyanıń jobası

1. Isbilermenlik kapitalı hám onıń aylanısı
2. Tiykarǵı hám aylanıs kapitalı, olardıń ózgeshelikleri
3. Isbilermenlik táwekelshiligi hám onı basqarıw

### 1. Isbilermenlik kapitalı hám onıń aylanısı

Firma islep turıwı ushın onıń kapitalı bolıwı kerek, sebebi finanslıq, materiallıq hám miynet resursların qáliplestirmey turıp isbilermenliktiń bolıwı múmkin emes. Óndiriske kerekli bolǵan resurslardı bazardan tabıw múmkin, bunıń ushın pul kerek. Sonlıqtan isbilermenlikke pul qoyıw talap etiledi.

**Firma xızmetin shólkemlestiriw hám júrgizip turıw ushın zárúr bolǵan hám payda alıwdı mólsherlegen qarjı onıń kapitalı esaplanadı.**

Firmanı shólkemlestiriw waqtında oǵan qoyılǵan pul **ustav kapitalı** dep júrgiziledi. Bul pul alınǵan dáramattı kapitalǵa aylandırıw nátiyjesinde kóbeyip baradı hám firmanıń ulıwma kapitalı payda boladı. Kapital dáslep pul formasında boladı, sonlıqtan ol **nominal kapital** esaplanadı. Bul pulǵa resurs satıp alıp, óndiris ámelde júrgizilip payda alınǵanda **real kapital** júzege keledi. Individual, yaǵnıy jeke kárxanalardaǵı kapital ayırım múlk iyelerine tiyisli bolsa, shirket firmalarındaǵı kapital sheriklerge tiyisli boladı. Bunda sherikler pulın bir jerge jámlep, firmaǵa qoyıp **toparlıq kapital** payda etedi. Bul kapital ayırım menshik iyeleriniń úlesi formasında bolsada, háreket etiwi boyınsha **korporativ kapital** boladı. Akcionerlik jámiyet formasındaǵı kárxanalardıń kapitalı mine usınday korporativ xarakterge iye.

**Isbilermenniń ıqtıyarında bolıp, payda alıw maqsetinde isletiletuǵın hám jallanba miynet tárepinen háreketke keltiriletuǵın barlıq materiallıq qurallar,**

**tovarlar hám pul qarjıları birgelikte isbilermenlik kapitalı dep ataladı.** Isbilermenlik kapitalı óndiris hám aylanıs protsessinde turaqlı hárekette boladı hám bul xáreket prosessinde bir qatar basqıshlardı basıp ótedi.

Óndiriske jumsalatuǵın hár qanday kapital óz háreketin **pul formasınan** baslaydı. Pul (P) tiyisli resurslar bazarınan zárúr bolǵan tovarlar, yaǵnıy óndiris ásbapları (Óá) hám jumıs kúshin (Jk) satıp alıwǵa sarplanadı (avanslanadı). Bul jaǵdayda pul tek tovarlar satıp alıw ushın emes, al óndiris ushın zárúr bolǵan ekonomikalıq xızmet faktorarın satıp alıwǵa jumsaladı. Bul aylanıs tarawında pul kapitalı óz háreketiniń birinshi basqıshınan ótedi:




Bul prosess nátiyjesinde pul formasındaǵı qarjılar **ónimli kapital formasına** aylanadı hám olar óndiris prosessiniń potensial faktorları esaplanadı. Kapitaldıń háreketiniń **ekinshi basqıshı** óndiris (Ó) prosessi esaplanıp, onıń nátiyjesinde kapital tutınıwǵa tayar **tovar** (T′) **formasına** iye boladı. Bul jerde payda etilgen tovarlardıń qunı óndiris ásbapları hám jumıs kúshine sarplanǵan qunnan artıq boladı, yaǵnıy:




Sebebi payda etilgen tovarlardıń qunında óndiris ábaplarınıń qosqan qunı, jumıs kúshi qunınıń ekvivalenti hám olar tárepinen júzege keltirilgen qosımsha ónimniń qunı da bar boladı.

**Úshinshi basqıshta** islep shıǵarılǵan tovarlardı satıw júz beredi T′→P′ bul basqıshta tovarlar pulǵa aylanadı hám óziniń dáslepki formasına qaytıp keledi. Dáslepki, pul formasında sarplanǵan qarjı jáne pul formasında, biraq muǵdarı boyınsha kóbirek bolıp qaytadı. Sonlıqtan onı P′=P+p kórinisinde sáwlelendiriw múmkin.

Tovarlardı satıwdan túsken pul kapitalı jáne óndiris faktorların satıp alıw ushın sarplanadı hám sol tártipte joqarıdaǵı háreket toqtawsız tákirarlana beredi.

**Isbilermenlik kapitalınıń óz háreketinde úsh basqıshtı izbe-iz basıp ótip, turaqlı túrde bir formadan basqa bir formaǵa aylanıp, jáne dáslepki formasına qaytıp keliwi onıń sheńberli aylanısı dep ataladı.**
Óndiris úzliksiz dawam etiwi ushın isbilermenlik kapitalı óziniń bir formasınan basqa bir formasına aylanıp turıwı hám joqarıda keltirilgen úsh formada da bolıwı lazım. Eger isbilermenlik kapitalınıń bul formalarınıń biri toqtap qalsa, onıń háreketiniń úziliksizligi buzıladı. Isbilermenlik kapitalınıń hár úsh basqıshı bir waqıtta óziniń sheńberli aylansına iye boladı.

Isbilermenlik kapitalınıń háreketi bir sheńberli aylanıs penen toqtap qalmaydı, al ol úzliksiz dawam etip, tákirarlanıp turadı. **Sheńberli aylanıslardıń bunday úzliksiz tákirarlanıp, jańalanıp turıwı isbilermenlik kapitalınıń aylanısı dep ataladı.**

Kapitaldıń ayırım bólimleri túrli tezlikte háreket etiwi sebepli jumsalǵan qarjılardıń aylanıw tezligi túrlishe boladı.

## 2. Tiykarǵı hám aylanıs kapitalı, olardıń ózgeshelikleri

Kapital óziniń kelip shıǵıwı hám ósiw dereginiń qanday bolıwına qaramastan eki bólimge bólinedi: **tiykarǵı hám aylanıs kapitalı.**

**Tiykarǵı kapital bul sonday kapital, onda birlesken bazar qunı jaratılǵan tovar hám xızmetlerdiń bahasına birden emes, al kishi bóleklerge bólingen halda hám uzaq waqıt dawamında ótedi hámde sol dáwirde iyesine qaytıp keledi.**

Tiykarǵı kapitaldı xojalıq ámeliyatında tiykarǵı qurallar dep júrgiziledi hám buxgalteriyada esapqa alınadı. Tiykarǵı kapital imarat, qurılma, ásbap-úskene, túrli mashinalar hám úskenelerge sarplanǵan pul bolıp, olardıń resurs sıpatındaǵı ózgesheliklerin ózinde birlestiredi. Bul tiykarǵı kapitaldıń belgilerinde óz kórinisin tabadı:

1. Tiykarǵı kapital bir neshe óndirislik ciklda[16] xızmet etedi.

2. Tiykarǵı kapitaldıń qunı tayar tovar hám xızmetlerdiń bahasına bóleklerge bólinip ótedi. Mine usı bólek ámeliyatta **amortizaciya ajıratpası** dep júrgiziledi. **Amortizaciya tiykarǵı kapitaldıń eskirip (tozıp) barıwına qarap, onıń qunın áste-aqırın islep shıǵarılǵan ónimge ótkeriw, tiykarǵı kapitaldı keyinala qayta tiklew maqsetlerinde ónimniń amortizaciya muǵdarına teń bólegin ajıratıp barıw processinen ibarat**.

3. Tiykarǵı kapital sáwlelengen qurallar uzaq waqıt xızmet etip, hár jılı óz qunın tovar hám xızmetlerdiń bahasına bólip-bólip ótkerip barǵanlıqtan, olardıń qaytadan tikleniwi eskirip (gónerip) bolǵannan soń hám uzaq waqıtqa shekem júz beredi. Mine sonda ǵana tiykarǵı kapitalǵa aylanǵan pul óz iyesine aylanıp keledi.

4. Tiykarǵı kapital sáwlelengen qurallardıń materiallıq forması jaratılǵan tovarda sáwlelenbeydi.

**Aylanıs kapitalı.** Óndiris ushın mashina, úskeneler, imarat hám qurılmalardıń ózi jetkilikli emes. Bunıń ushın shiyki zat, janılǵı, elektroenergiya, tutastırıwshı bólekler, olardı qayta islew yamasa jıynap ónim jaratıwshı jumıs kúshi de talap etiledi. Bularǵa sarplanǵan pul bolsa aylanıs kapitalın payda etedi.

**Aylanıs kapitalı sonday kapital, onıń bazar qunı jaratılǵan tovar hám xızmetlerge tolıǵı menen hám birden ótkeriledi.**

Aylanıs kapitalı ámeliyatta aylanıs quralları dep júrgiziledi hám buxgalteriyada esapqa alınadı. Aylanıs kapitalı bul firmanıń shiyki zat resursları, elektr energiyası, janılǵı, jumıs kúshine sarplanǵan qarjısı.

Aylanıs kapitalı tiykarǵı kapitaldan tómendegi belgileri menen ajıralıp turadı:

- Aylanıs kapitalı materiallıq jaqtan qısqa waqıtta isletilip tamalanatuǵın qurallardan ibarat.
- Aylanıs kapitalınıń bazar qunı tayarlanǵan ónimlerge birden hám tolıǵı menen ótkeriledi.
- Aylanıs kapitalı sáwlelengen shiyki zat, materiallar hám tutastırıwshı bóleklerdiń materiallıq forması ónimde óz kórinisin tabadı.
- Aylanıs kapitalı óziniń qunın ónimlerge birden ótkerip barǵanlıqtan onıń aylanısı tez boladı. Tiykarǵı kapital bir márte aylanǵanda aylanıs kapitalı kóp márte aylanıp úlgeredi. Onıń aylanıwı bir óndirislik ciklldıń ózinde júz beredi.
- Tiykarǵı kapitaldan ózgesherek, aylanıs kapitalı óndiristiń insan faktorı bolǵan jumıs kúshinde de sáwlelenedi. Ol jumıs kúshin jallawǵa sarplanadı, jumıs kúshi bolsa tovar hám xızmetlerdi jaratadı.

Tiykarǵı hám aylanıs kapitalınıń hár qıylı tezlikte aylanıwı olardıń salıstırmasına tásir etedi. Tiykarǵı kapital áste aylanǵanlıqtan ol óndiriste kóp talap etiledi. Kerisinshe aylanıs kapitalı tez háreket etkenlikten ol kem talap etiledi. Biraq tiykarǵı hám aylanıs kapitalınıń salıstırması óndiristiń xarakterine hám resurslardıń bahasına da baylanıslı.

[16] Óndirislik cikl – bul tovar hám xızmetlerdi jaratıw hám satıwdı óz ishine alıwshı dáwir.

## 3. Isbilermenlik táwekelshiligi hám onı basqarıw

Isbilermenlik jolı bir tegis emes, onıń qıyırman-shıyırman jerleri de bar. Oǵan dus kelgen isbilermenler qaǵılıp-súrnigip turadı. Bul isbilermenlik xızmetinde qáwip-qáterdiń bar ekenliginen derek beredi, oǵan duslasıp onnan shıǵıp kete almaǵan isbilermenler bankrotlıqqa júz tutadı. Isbilermenlikte táwekelshilik degen jaǵday bar, oǵan duslasqanlardan biri kúshli bolǵanlıqtan pútin shıǵadı, basqası hálsizligi sebepli sınıp ketedi. Táwekelshiliktiń ózi ne?

**Isbilermenlik táwekelshiligi – bul firmanıń gózlegen maqsetke erisiw jolında ol dus keletuǵın ekonomikalıq qáwip-qáterler.**

Táwekelshilik firma xızmetiniń túrli táreplerinde júz bergenlikten ol túrlishe boladı:

**1. Óndirislik táwekelshilik.** Bunda firma mólsherlengen muǵdardaǵı hám gózlegen túrdegi tovarlardı islep shıǵara almay qaladı.

**2. Kommerciyalıq táwekelshilik.** Bunda firma ózi mólsherlengen muǵdarda hám jobalastırılǵan bahada hámde óz waqtında tovarlardı sata almay qaladı, nátiyjede onıń pul túsimleri gózlegenindey bolmaydı.

**3. Finanslıq táwekelshilik.** Bul gózlengen muǵdardaǵı paydanı almastan, belgilengen rentabellikke erise almay qalıwı yamasa payda ornına zıyan kóriwi.

## Qadaǵalaw sorawları

1. Biznes hám isbilermenlik xızmetiniń ulıwmalıq tárepleri hám ózgeshelikleri tiykarında Venna diagrammasın sızıń.
2. Isbilermenlik xızmetiniń tiykarǵı belgilerin sanap beriń, olarǵa mısallar keltiriń.
3. Isbilermenlik xızmetiniń rawajlanıw sharayatları nelerden ibarat?
4. Isbilermenlik xızmetiniń tiykarǵı formaların sanań.
5. Isbilermenlik xızmetinde innovaciyanıń áhmiyetin túsindiriń.
6. Isbilermenlik xızmetinde marketing hám menedjmenttiń áhmiyetin túsindiriń
7. Isbilermenlik kapitalına anıqlama beriń hám onıń quramın túsindiriń.
8. Isbilermenlik kapitalınıń aylanısın túsindiriń.
9. Tiykarǵı hám aylanıs kapitallarınıń ózgesheliklerin mısallarda túsindiriń.
10. Isbilermenlik táwekelshiligi hám onı basqarıw haqqında túsinik beriń.
11. Ózbekstanda kishi biznes hám jeke isbilermenliktiń rawajlanıwın mısallar járdeminde túsindiriń.

## 11-TEMA. KÁRXANA (FIRMA)SHÍǴÍNLARÍ HÁM PAYDASÍ

### 1-lekciyanıń jobası:

1. Óndiris shıǵınlarınıń mazmunı, quramı hám túrleri
2. Kárxananın pul túsimleri hám paydası

### 1. Óndiris shıǵınlarınıń mazmunı, quramı hám túrleri

Aldıńǵı temalarda kórip ótkenimizdey tovar satıp alıw processinde tutınıwshını eń dáslep tovardıń bahası hám paydalılıǵı qızıqtırsa, satıwshını óndiris shıǵınları tınıshsızlandıradı. Sebebi shıǵın óndiristiń kólemine tásir etiwshi baslı faktor esaplanadı. Sonlıqtan, firma tovardı qansha muǵdarda islep shıǵarıw haqqında qarar qabıl etiwden aldın shıǵınlardı analizlep alıwı tiyis. Shıǵınlar – bul jumsalǵan óndiris faktorları ushın tólem.

Firma shıǵınlarınıń ózine tán ózgesheligi sonnan ibarat, bul jerde qaplanatuǵın, yaǵnıy tovar hám xızmetler satılǵannan soń oǵan qaytıp pul formasında keletuǵın shıǵınlar háreket etedi. Firma tárepinen sarplaǵan shıǵın onıń óz jumısına qoyǵan kapitalı esaplanadı. Bul óndiris processinde aǵımdaǵı shıǵınlarǵa aylanadı. Demek, firma shıǵını, bul onıń **kapitalınıń sarıplanıwı** esaplanadı. Shıǵınsız dáramat alıp bolmaytuǵınlıǵı ekonomikanıń aksioması. Dáramat alıwı ushın firma shıǵın sarıplayı zárúr, sebebi bul óndiris resursların talap etedi. Resurslar bolsa esheyin yamasa biypul emes, olardı tek bazar bahasında satıp alıw múmkin. Sonlıqtan qárejet sarıplaw firma ushın payda alıwdıń shártine aylanǵan. Firmaǵa qoyılǵan kapital óndiris processinde aǵımdaǵı, kúndelikli, aylıq hám jıllıq shıǵınlarǵa bólinedi.

**Firma yamasa óndiris shıǵınları (*costs of firm*) – bul tovar hám xızmetler jaratıw hám olardı satıw menen baylanıslı bolǵan qárejetler.**

Káxana tárepinen **óndiriske jumsalǵan barlıq shıǵılardıń puldaǵı kórinisi ónimniń ózine túser bahasın quraydı.**

Óndiris shıǵınların túrli belgilerine qaray hár tárepleme toparlarǵa ajıratıw múmkin:

**Shıǵınlardıń payda bolıw tarawına qaray: óndirislik shıǵınlar hám aylanıs shıǵınlarına bólinedi.**

Tovarlardı óndiriw menen baylanıslı shıǵınlar óndirislik shıǵınlardı payda etedi. Firmanıń óndirislik shıǵınlarınıń quramına shiyki-zat, tiykarǵı hám járdemshi materiallar, janılǵı hám energiya qárejetleri, tiykarǵı kapitaldıń amortizaciyası, xızmet haqı, sociallıq qamsızlandırıw ajıratpaları, procent tólemleri hám basqalar kiredi.

Tovarlardı satıw processi menen baylanıslı bolǵan hám tovarlardı islep shıǵarıwshıdan tutınıwǵa jetkerip beriwge shekem sarplanatuǵın shıǵınlar aylanıs yamasa kommerciyalıq shıǵınlar dep júrgiziledi. Bul shıǵınlar eki toparǵa bólinedi: qosımsha aylanıs shıǵınları hám sap aylanıs shıǵınları. Qosımsha aylanıs shıǵınlarına tovarlardı oraw, qadaqlaw, sortlarǵa ajıratıw, transportqa júklew, túsiriw hám saqlaw shıǵınları kiredi. Bul shıǵınlar óndiris shıǵınlarınıń dawamı esaplanıp, tovardıń qunına kiredi hám onıń qunın joqarılatadı.

Sap aylanıs shıǵınları tovarlardı satıw menen baylanıslı bolıp, satıwshınıń xızmet haqısı, marketing (tutınıwshılardıń talabın úyreniw), reklama sıyaqlı shıǵınlardan ibarat boladı.

**Resurslardı tartıw deregine qaray: sırtqı shıǵınlar hám ishki shıǵınlarǵa bólinedi.**

**Sırtqı shıǵınlar** kárxana tárepinen zárúr resurs hám xızmetlerdi sırttan tólew tiykarında tartıw ushın sarplanǵan shıǵınları esaplanadı. Bul shıǵınlar resurslardı

sırttan tartıw nátiyjesinde júzege keledi. Sırtqı shıǵınlar tólew hújjetleri menen rásmiylestiriledi, sol sebepli bul shıǵınlar **buxgalteriyalıq shıǵınlar** dep te júrgiziledi.

**Ishki shıǵınlar** kárxananıń ózine tiyisli bolǵan resurslardan paydalanıwı menen baylanıslı shıǵınlar esaplanadı. Bunday shıǵınlarǵa tiykarǵı kapitaldıń amortizaciyası, ijara haqı, normadaǵı payda sıyaqlı shıǵınlar kiredi.

**Óndiris kóleminiń ózgerisine tásir etiwine qaray: turaqlı shıǵınlar hám ózgermeli shıǵınlarǵa bólinedi.**

**Turaqlı shıǵınlar (*FC - fixed costs*).** Bular sonday shıǵınlar, olardıń muǵdarı óndiris kóleminiń az yamasa kóp bolıwına qarap ózgermeydi, al shıǵınıń muǵdarı qanday bolsa, solayınsha qalaberedi.

**Ózgermeli shıǵınlar (*VC - variable costs*).** Bular sonday qárejetler, olardıń muǵdarı qansha ónim islep shıǵarılıwına qarap ózgerip turadı. Turaqlı (**FC - fixed costs**) hám ózgermeli shıǵınlardıń (**VC - variable costs**) qanday bolıwın sızılmada da kóriw múmkin (11.1-sızılma).




***11.1-sızılma.* Turaqlı hám ózgermeli shıǵınlar**
**(TFC – total fixed costs** – jalpı turaqlı shıǵın, **TVC – total variable costs** – jalpı ózgermeli shıǵın**)**

Sızılmada AVSD tórt múyeshlik turaqlı shıǵınnıń, VES úsh múyeshligi ózgermeli shıǵınlardıń jıljıwın bildiredi. Q – tovar muǵdarı dep alsaq, VE ózgermeli shıǵın, VS sızıǵı turaqlı shıǵın muǵdarı boladı. Ónim muǵdarı 1 den 10 ǵa shekem artıp barǵan, biraq VS sızıǵında hesh bir ózgeris bolmaǵan. Mine usı waqıtta VE sızıǵı tómennen joqarı qarap ósken. Yaǵnıy Q úlkeygen sayın VC (ózgermeli shıǵın)da artıp barǵan. Turaqlı hám ózgermeli shıǵınlardı bir-birinen ajıratıw áhmiyetli, sebebi olar jámi shıǵınlardıń dinamikasına túrlishe tásir etedi. Turaqlı hám ózgermeli shıǵınlardıń jıyındısı jámi shıǵınlardı (**TC -total costs**) payda etedi: **TC = FC + VC**.

Firmanıń shıǵın sarıplaydan maqseti payda alıwdan ibarat. Sonlıqtan onı jámi shıǵınlardıń ózi emes, al olardıń ne beriwi kóbirek qızıqtıradı. Firma ushın bir tovardıń qanshaǵa túsiwi, ol satılǵanda qansha payda keliwi, tovarlar kóbeyttirilgende payda qanshaǵa artıwı áhmiyetli. Sol tárepi boyınsha ortasha shıǵınlar oǵada áhmiyetli boladı.

**Ortasha shıǵınlar (*AC - average costs)* – bul ónim hám xızmet birligi ushın sarplanǵan qárejet.**

$$AC = \frac{TC}{Q};$$

Ortasha jalpı (ulıwma) shıǵındı (**ATC-average costs**) anıqlaw ushın jámi shıǵınlar ónim hám xızmetlerdiń muǵdarına bólinedi.

$$ATC = \frac{TC}{Q};$$

bul jerde: ATC – ortasha japlı shıǵın;
TC – jalpı (ulıwma) shıǵınlar;
Q – islep shıǵarılǵan ónim muǵdarı.

Firma paydanı arttırıw ushın óndiristi kóbeytiwge umtıladı. Biraq bunıń ushın qosımsha túrdegi óndiris paydalı bolıwı kerek. Bul bolsa qosımsha óndiristiń shıǵınına baylanıslı. Ekonomikada marjinal (sońǵı qosılǵan) shıǵın degen túsinik te bar.

**Marjinal shıǵın – bul qosımsha túrdegi sońǵı ónim hám xızmet birligi ushın ketetuǵın qosımsha shıǵın.**

Marjinal shıǵın (**MC - Marginal costs**) qosımsha óndiris qanshaǵa túsiwin bildiredi. Marjinal shıǵındı (MC) anıqlawda jalpı shıǵınlardıń ózgeriwi ónim muǵdarınıń ózgeriwi menen salıstırıladı.

$$MC = \frac{\Delta TC}{\Delta Q};$$

bul jerde: MC – marjinal shıǵın;
ΔTC – jalpı shıǵınlardıń ózgeriwi;
ΔQ - ónim muǵdarınıń ózgeriwi.

Onı anıqlaw ushın keyingi ónim shıǵınınan aldıńǵı ónim shıǵını ayırıp taslanadı.

## 2. Kárxananıń pul túsimleri hám paydası

Firma tárepinen isler shıǵarılǵan tovar hám kórsetilgen xızmetler satılǵannan soń, ol dáramatqa iye boladı.

**Firma dáramatı (R-revenue) tovar hám xızmetlerdiń satılıwı sebepli onıń ıqtıyarına kelgen pul túsimi esaplanadı.** Mısalı, kárxanada bir ayda 10 mıń dana ónim islep shıǵarılǵan. Háb bir ónimnıń bahası 100 mıń sumdı quraydı. Eger barlıq ónimler satılǵan jaǵdayda, kárxananıń bir aylıq pul túsimi 1 mlrd. sum (10000*100000)ǵa teń boladı. Demek, pul túsiminiń yamasa firma dáramatınıń muǵdarı tiykarınan 2 faktorǵa baylanıslı.

Birinshisi, tovar hám xızmetlerdiń **muǵdarı (Q**-quantity**).** Ekinshisi, olardıń **bazar bahası (P**-price**).** Firmanıń dáramatı bulardıń ekewine de tuwrı qatnasta boladı. Tovar hám xızmetler muǵdarı qansha kóp bolsa hám olardıń bazarda satılıw bahası qanshelli joqarı bolsa, sonshelli dáramat kóp boladı. Kerisinshe tovarlar az bolıp, olardıń bahası tómen bolsa soǵan qarap dáramat ta az boladı. Dáramattı anıqlaw ushın tovarlardıń muǵdarı olardıń bahasına kóbeyttiriledi. Bunda **R=Q•P** payda boladı.

Tovarlar muǵdarı óndiris kólemine, olardıń bahası bolsa bazarǵa sáykes keliwine baylanıslı boladı. İri firmalardıń kólemi úlken bolǵanlıqtan olardıń dáramatı da úlken boladı. Kerisinshe kishi firmalardıń dáramatı az boladı. Tovarlardıń bahasına kelsek, bul olardıń bazardaǵı qarıydarlardıń talabına qanshelli tolıq juwap beriwine, anıǵıraǵı tovardıń qunına baylanıslı boladı. Demek, dáramattı kóbeytiwdiń tiykarǵı shárti bazar talabına sáykes tovarlardı kóplep islep shıǵarıwdan ibarat. Eger firma buǵan erisse, ol

tovarlardı jaqsı pullay aladı, tovarına talap joqarı bolǵanlıqtan onı islep shıǵarıwdı jáne de keńeyttiriw múmkin boladı.

Dáramatlar jalpı dáramat, ortasha dáramat hám marjinal dáramatlarǵa bólinedi.

**Jalpı dáramat (TR - total revenue) málim waqıtta, mısalı bir jılda firmanıń tapqan jámi dáramatı bolıp, bul barlıq tovar hám xızmetlerdi satıwdan kelgen pul túsiminen ibarat.**

Aldın aytıp ótkenimizdey, bul ulıwma tovarlar muǵdarı menen bir tovardıń bahasınıń kóbeymesinen ibarat boladı, yaǵnıy **TR=Q•P**. Mısalı, muzlatqısh islep shıǵarıw zavodı jılına 100 mıń dana muzlatqısh islep shıǵarıp, onıń hár birin 1,2 mln. sumnan satadı. Bunda onıń jalpı dáramatı D=100 mıń*1,2 mln.= 120 mlrd. sum boladı.

Firmanıń jalpı dáramatı onıń qansha tovar satqanlıǵı menen salıstırılǵanda ortasha dáramat kelip shıǵadı.

**Ortasha dáramat (AR-average revenue) bul tovar birligine satıwdan kelgen pul túsimi.** Onı anıqlaw ushın jalpı dáramat (TR) satılǵan tovarlar muǵdarına (Q) bólinedi. $AR = \frac{TR}{Q}$. Aldıńǵı mısalımızǵa qaytsaq, zavodtıń jalpı dáramatı 120 mlrd. sum bolıp, satılǵan muzlatqıshlar sanı 100 mıń dana edi. Bunda

AR = TR \ Q = 120 000 000 000 \ 100 000 = 1 200 000.

Ortasha dáramat ámelde satılǵan tovardıń bazar bahasına teń boladı, yaǵnıy **AR=P** kelip shıǵadı.

Dáramat keltirmeytuǵın jumıs penen hesh kim shuǵıllanbaydı. Isbilermenlikten maqset bay bolıw, bunıń ushın bolsa payda tabıw kerek. Payda – mazmunı boyınsha isbilermenge tiyisli dáramat esaplanadı.

**Payda (*P - profit*) bul kapital hám isbilermenlik xızmeti ushın olardıń iyelerine tiyisli pul sıylıǵı.**

Paydanı ne jaratadı? Payda kapital hám isbilermenlik xızmetiniń birgeliktegi ónimi. Firma iyesi isbilermenlik penen shuǵıllanǵanda birinshiden óz jumısına kapital qoyadı, ekinshiden óz qábiletin iske salıp biznesti shólkemlestiredi, onı basqaradı, yaǵnıy oǵada quramalı hám juwapkershilikli is penen shuǵıllanadı, bizneste táwekelshilikke baradı. Mine sonlıqtan ol payda alıwı kerek, keri jaǵdayda ol biznesin taslap ketedi.

**Payda isbilermenlik dáramatı dep talqılanǵanda isbilermenniń kapitalı hám onıń qábileti keltirgen dáramat túsiniledi.** Paydanıń ózi eki bólimnen ibarat boladı.

Birinshisi, **normadaǵı payda *(normal profit)*** bolıp, ol isbilermenlik qábiletiniń nátiyjesi esaplanadı. Sonlıqtan onı isbilermen álbette alıwı kerek, sebebi bul onıń miynetine berilgen sıylıq. Bul payda óndiris shıǵınlarınıń quramında boladı, sebebi ol miynet haqını quraydı.

Ekinshisi, **ekonomikalıq payda yamasa taza payda *(economic or pure profit)*** bolıp, bul dáramattıń shıǵınlardan awısqan bólegine teń boladı. Ekonomikalıq paydanı kapital jaratqanlıqtan ol kapital iyelerine tiyisli boladı. Kapital iyeleri jeke pul iyelerinen hám úles qosıwshı pul iyelerinen ibarat.

Ámeliyatta ekonomikalıq payda menen bir qatarda buxgalteriyalıq payda túsinigi de qollanıladı. Sonlıqtan olardı bi-birinen ajırata biliw zárúr. **Ekonomikalıq payda ulıwma pul túsiminen (TR) barlıq ishki hám sırtqı shıǵınlardı, sonday-aq normadaǵı paydanı alıp taslaw arqalı anıqlanadı.**

**Ekonomikalıq payda = ulıwma pul túsimi - sırtqı shıǵınlar - ishki shıǵınlar – normadaǵı payda**

**Buxgalteriyalıq payda ulıwma pul túsiminen sırtqı shıǵınlardı alıp taslaw jolı menen anıqlanadı.** Sonlıqtan buxgalteriyalıq payda ekonomikalıq paydadan ishki shıǵınlar muǵdarına kóbirek. Bunda ishki shıǵınlar barlıq waqıtta óz ishine normadaǵı paydanı da aladı.

**Buxgalteriyalıq payda = ulıwma pul túsimi - sırtqı shıǵınlar**

Ekonomikalıq paydanı **($P_e$ - economic or pure profit )** anıqlaw ushın jalpı dáramattan (TR) jalpı shıǵınlar (TC) shegirip taslanadı. Bunda **$P_e$ = TR -TC** payda boladı. Eger kishi firmanıń dáramatı 220 mln. sum bolıp, shıǵını 190 mln. sum bolsa, onıń paydası 30 mln. sumdı quraydı (220-190=30). Payda firma dáramatınıń quramında boladı. Dáramat, birinshiden, shıǵınlardı qaplasa, ekinshiden, payda keltiredi. Paydanıń az yamasa kóp bolıwı tek dáramatqa emes, al shıǵınǵada baylanıslı.

## 2-lekciyanıń jobası:

1. Payda norması hám massası, olarǵa tásir etiwshi faktorlar
2. Kárxana paydasın maksimallastırıw jolları
3. Kárxananıń zıyan kóriwi hám bankrotlıǵı

## 1. Payda norması hám massası, olarǵa tásir etiwshi faktorlar

Isbilermenlik xızmetiniń qanshelli payda keltiriwi eki jol menen anıqlanadı. Birinshisi, paydanıń ulıwma muǵdarın, yaǵnıy onıń massasın anıqlaw. **Firma paydasınıń absolyut muǵdarı payda massasi dep júrgeziledi.** Bunda aldın aytıp ótkenimizdey dáramattan shıǵınlar shegirip taslanadı, qaldıq jalpı payda boladı. Biraq bul firmaǵa tiyisli payda emes, sebebi onıń bir bólegi salıqlardı tólewge ketedi. Kapitallar teń sharayatta paydanıń massası paydalılıq dárejesine baylanıslı boladı. **Paydalılıq dárejesi – bul payda kóriw norması bolıp, ol rentabellik dep júrgiziledi.**

**Rentabellik isbilermenlik xızmeti oǵan sarplanǵan qárejetke salıstırǵanda qanshelli payda keltiriwi bolıp, onıń nátiyjeligin bildiredi.**

Bul paydalılıqtıń salıstırmalı kórsetkishi boladı, sebebi onıń absolyut kórsetkishi joqarıda keltirilgen jalpı payda muǵdarı esaplanadı. **Rentabellik payda norması (R′)** dep te júrgiziledi. Bul paydanı ($P_e$) kapitaldıń muǵdarına yamasa aǵımdaǵı shıǵınlarǵa (TC) salıstırılıp anıqlanadı.

$$R' = \frac{P_e}{TC} * 100\%$$

Rentabellik - mikroekonomikalıq, yaǵnıy kárxana kólemindegi ekonomikalıq xızmettiń nátiyjeligi. Rentabellik kárxananıń erisken juwmaqlawshı finanslıq nátiyjelerin ulıwmalasqan kóriniste sáwlelendiredi, biraq bul nátiyjelerdiń ózi emes, al olardıń sarplanǵan shıǵınlarǵa salıstırmalı bahalanıwı. Sonlıqtan rentabellik kárxana xızmetiniń finanslıq nátiyjesin biliwde qollanılatuǵın tiykarǵı kórsetkish esaplanıp, ol kárxananıń payda alıp islewin bildiredi. Payda ornına zıyan kórilgen jerde rentabellik bolmaydı. Sebebi kárxana xızmeti rentabelli hám rentabelli emes bolıwı múmkin. Rentabellik kárxana dárejesinde sarplanǵan shıǵınnan qanday nátiyje alınǵanlıǵın bildiredi. Shıǵınlar túrlishe bolǵan halda nátiyje birdey bolmaydı, bul kárxanaǵa tiyisli paydadan ibarat.

Bul kórsetkish kárxananıń aqılǵa muwapıq tańlawı ushın xızmet etedi. Soǵan qarap kárxana paydanı kóp alıw ushın qanday túrdegi ónim islep shıǵarıw zárúrligin sheshedi.

## 2. Kárxana paydasın maksimallastırıw jolları

Rentabelliktiń járdemshi kórsetkishleriniń qatarına shıǵın rentabelligi, qarız kapitalınıń rentabelligi, tiykarǵı kapital rentabelligi, aylanıs kapitalınıń rentabelligi, investiciya rentabelligi kiritiledi. Paydanı maksimalastırıw rentabellikti arttırıwdı bildiredi hám oǵan tómendegi jollar menen erisiledi:

**1. Óndiristi restrukturizaciyalaw**. Bunda bazar talap etken, yaǵnıy qarıydarı kóp bolǵan tovarlardı islep shıǵarıw júz beredi.

**2. Resurslardı únemlep isletiw.** Bul aǵımdaǵı shıǵınlardı kemeytiwdi bildiredi. Buǵan resurslardı arzan bahada satıp alıw hám ónim birligine ketetuǵın shıǵınlardı kemeytiw arqalı erisiledi. .

**3. Kapital quramın jetilistiriw.** Bul jámi kapital quramında óndiriske tikkeley xızmet etiwshi kapitaldıń, tez aylanıp turıwshı kapitaldıń úlesin arttırıwdı, kapitaldıń ónimdarlıǵın hám únemlewshi texnikalıq qurallarda materiallasıwın talap etedi.

**4. Miynet motivaciyasın kúsheytiw.** Bul islewshiler miynetin xoshametlew arqalı olardıń únemli bolıwına, miynet ónimdarlıǵın arttırıw, ónim sapasın jaqsılawǵa umtılıwdı júzege keltiredi.

Rentabellik basqarılıp barıladı, bunıń ushın rentabellikti arttırıwǵa xızmet etiwshi faktorlar háreketke keltiriledi, rentabelliktiń páseyip ketiwine jol qoymaw ilajları kóriledi. Sol maqsette rentabellik **monitoringi** alıp barıladı. Yaǵnıy ol analizlenedi hám baqlap barıladı.

Joqarıda aytılǵan usıllar járdeminde óndiris rentabelligi esaplap shıǵıladı. Firma paydanı kóp alıwı ushın qanday ónimdi islep shıǵarıw rentabellirek bolıwı esaplap shıǵıladı. Bunıń ushın málim bir túrdegi ónim oǵan ketken shıǵınlarǵa salıstırǵanda qansha payda keltiriwi anıqlanadı.

## 3. Kárxananıń zıyan kóriwi hám bankrotlıǵı

Firmalar xızmetinde payda kóriw menen birge zıyan kóriwde ushırasıp turadı. Zıyan kóriwdiń sebepleri ekige bólinedi. Birinshisi ishki sebepler, bular firmanıń ózine baylanıslı. Ekinshisi, sırtqı sebepler, bular firma xızmetinen kelip shıqpaydı, olardıń aldın alıwǵa firma hálsizlik etedi.

Ishki sebeplerge kerekli tovarlardı óz waqtında shıǵarıp bazarǵa jetkerip bere almawshılıq hám shıǵınlardı kóbeytip jiberiw kiredi. Firma bazar talap etken tovarlardı shıǵara almaǵanda olardıń paydalılıǵı tómen boladı, olardı bazar kótermey qoyadı, yaǵnıy tovarlardıń bahasına salıstırǵanda sapası tómen bolǵanlıqtan olardı bazar maqul kórmeydi, nátiyjede baha tómenleydi.

Firmanıń zıyan kóriwin shıǵınlardıń kóbeyip ketiwi de júzege keltiredi. Bunda dáramatlar ózgermesede, shıǵınlar tez ózgergenlikten olardıń ortasındaǵı ayırmashılıq kemeyip baradı hám olar joq bolǵanda payda nolge túsedi. Shıǵın dáramattan artıp ketkende zıyan kóriledi. Aytılǵan eki faktordan birinshisi, yaǵnıy bahanıń páseyiwi tiykarǵı esaplanadı, sebebi firma shıǵınlardı qadaǵalay aladı, biraq bahalarǵa tásir ete almaydı, sebebi olar firmanıń qálewine qaramastan bazar kúshleriniń tásirinde qáliplesedi. Sırtqı faktorlar firmanıń ıqtıyarında bolmaǵanlıqtan, olar kútilmegen kúshler esaplanadı. Bulardıń qatarına bazar jaǵdayınıń birden ózgeriwi, firmaǵa sırttan beriletuǵın járdemniń toqtatılıwı hám salıqlardıń joqarılap ketiwi kiredi. Bazarda resurslardıń qımbatlawı shıǵınlardıń artıwına alıp keledi. Mámleket tárepinen firmaǵa

beriletuǵın subsidiya toqtatılsa, yamasa shıǵınlardı qáliplestiriwshi salıqlar joqarılatıp jiberilse tovarlar firmaǵa qımbatqa túsedi. Tovar bahası soǵan qarap ózgermegeni ushın onı satıwdan kelgen túsim shıǵınlardı qaplawǵa jetpey qaladı.

Ishki yamasa sırtqı sebeplerge baylanıslı **qaplanbaytuǵın** shıǵınlar payda bolsa, olar zıyanǵa alıp keledi. Mısalı, firma jańa cex qurıw ushın onıń joybarın islep shıǵıwǵa 5 mln. sum sarpladı, biraq ol cextı qurıw ushın pul taba almadı. Eger cex iske túsirilgende edi, ol jerde jaratılǵan tovarlardan kelgen dáramat joybardıń shıǵının qaplaǵan bolar edi. Biraq bul jaǵday júz bermegenlikten joybar ushın jumsalǵan 5 mln. sum zıyanǵa jazıladı.

Zıyan kóriw kárxananıń dárhal jabılıwın ańlatpaydı, onıń jabılıwı yamasa jabılmawı, zıyandı qaplaw imkaniyatına baylanıslı. Sebebi turaqlı hám ózgermeli shıǵınlardıń qaplanıwı birdey emes, kárxana islemegen jaǵdayda da turaqlı shıǵın sarplana beredi. Biraq ózgermeli shıǵın sarıplaw toqtaydı. Turaqlı shıǵındı qarız alıw esabınan qaplaw múmkin bolsa hám óndiristi dawam ettiriw esabınan ózgermeli shıǵınlar qaplansa firma saqlanıp qaladı. Zıyan normadan artıp ketip bankrotlıq real bolǵanda firma toqtatıladı.

**Firmanıń toqtatılıwı – jabılıwı** onıń satıp jiberiliwi yamasa basqa firmaǵa qosılıp ketiwin bildiredi. Bul bankrotlıq dep júrgiziledi. Ózbekstan Respublikası "Bankrotlıq haqqında"ǵı nızamına muwapıq bankrotlıq tómendegishe táriyiplenedi:

**Bankrotlıq – firmanıń ıqtıyarındaǵı óziniń materiallıq hám pul qarjıları onıń basqalar aldındaǵı tólew minnetlerin beriwge jetpey qalıwı nátiyjesinde jabılıp ketiwi.**

Bankrotlıqtıń júz beriwi tábiyiy jaǵday, sebebi báseki gúresinde qolınan is kelgen isbilermenler jeńip shıǵadı, uqıpsızlar jeńiledi. Sol tiykarda ekonomikalıq tańlaw júz berip, ekonomika isbilermenler qolına ótedi. Bankrotlıq firmanıń bazardan shıǵıp ketiwin bildiredi, biraq onıń ornına basqaları bazarǵa kirip keledi. Sol sebepli firmalardıń sanı ósip baradı.

## Tayanısh túsinikler

*Firma shıǵınları, óndirislik shıǵınlar, aylanıs shıǵınları, ishki shıǵınlar, sırtqı shıǵınlar, turaqlı shıǵınlar, ózgermeli shıǵınlar, ortasha shıǵınlar, xizmet haqı, nominal xızmet haqı, real xızmet haqı, waqtına qaray xızmet haqı tólew, isine qaray xızmet haqı tólew, tariff sisteması, firma dáramatı, jalpı dáramat, ortasha dáramat, payda, normadaǵı payda, buxgalteriyalıq payda, ekonomikalıq payda, awmet paydası, payda massası, payda norması, rentabellik, firmanıń zıyan kóriwi, bankrotlıq.*

the last unit of each product was 8 (= 8/$1 = 16/$2). The total utility, derived from columns 2a and 3a, was 96 utils (= 10 + 8 from the first 2 units of A plus 24 + 20 + 18 + 16 from the first 4 units of B). (If you are uncertain about this outcome, please review the discussion of Table 19.1.)

Now suppose an innovative firm offers new product C (columns 4a and 4b in Table 24.1), priced at $4 per unit. Note that the first unit of C has a higher marginal utility per dollar (13) than any unit of A and B and that the second unit of C and the first unit of B have equal MU/price ratios of 12. To maximize satisfaction, the consumer now buys 2 units of C at $4 per unit, 1 unit of B at $2 per unit, and zero units of A. Our consumer has spent the entire $10 of income ($8 on C and $2 on B), and the MU/price ratios of the last units of B and C are equal at 12. But as determined via columns 3a and 4a, the consumer's total utility is now 124 utils (= 24 from the first unit of B plus 52 + 48 from the first 2 units of C).

Total utility has increased by 28 utils (= 124 utils − 96 utils), and that is why product C was purchased. Consumers will buy a new product only if it increases the total utility they obtain from their limited incomes.

From the innovating firm's perspective, these "dollar votes" represent new product demand that yields increased revenue. When per-unit revenue exceeds per-unit cost, the product innovation creates per-unit profit. Total profit rises by the per-unit profit multiplied by the number of units sold. As a percentage of the original R&D expenditure, the rise in total profit is the return on that R&D expenditure. It was the basis for the expected-rate-of-return curve *r* in Figure 24.4.

Other related points:

- ***Importance of price*** Consumer acceptance of a new product depends on both its marginal utility and its price. (Confirm that the consumer represented in Table 24.1 would buy zero units of new product C if its price were $8 rather than $4.) To be successful, a new product must not only deliver utility to consumers but do so at an acceptable price.
- ***Unsuccessful new products*** For every successful new product, hundreds do not succeed; the expected return that motivates product innovation is not always realized. Examples of colossal product flops are Ford's Edsel automobile, 3-D movies, quadraphonic stereo, New Coke by Coca-Cola, Kodak disc cameras, and XFL football. Less dramatic failures include the hundreds of "dot-com" firms that have recently gone out of business. In each case, millions of dollars of R&D and promotion expense ultimately resulted in loss, not profit.
- ***Product improvements*** Most product innovation consists of incremental improvements to existing products rather than radical inventions. Examples: more fuel-efficient automobile engines, new varieties of pizza, lighter-weight shafts for golf clubs, more flavorful bubble-gum, "rock shocks" for mountain bikes, and clothing made of wrinkle-free fabrics. **(Key Question 6)**

## Reduced Cost via Process Innovation

The introduction of better methods of producing products—process innovation—is also a path toward enhanced profit and a positive return on R&D expenditures. Suppose a firm introduces a new and better production process, say, assembling its product by teams rather than by a standard assembly line. Alternatively, suppose this firm replaces old equipment with more productive equipment embodying technological advance. In either case, the innovation yields an upward shift in the firm's total-product curve from $TP_1$ to $TP_2$ in Figure 24.5a. Now more units of output can be produced at each level of resource usage. Note from the figure, for example, that this firm can now produce 2500 units of output, rather than 2000 units, when using 1000 units of labor. So its average product has increased from 2 (= 2000 units of output/1000 units of labor) to 2.5 (= 2500 units of output/1000 units of labor).

The result is a downward shift in the firm's average-total-cost curve, from $ATC_1$ to $ATC_2$ in Figure 25.5b. To understand why, let's assume this firm pays $1000 for the use of its capital and $9 for each unit of labor. Since it uses 1000 units of labor, its labor cost is $9000 (= $9 × 1000); its capital cost is $1000; and thus its total cost is $10,000. When its output increases from 2000 to 2500 units as a result of the process innovation, its total cost remains $10,000. So its average total cost declines from $5 (= $10,000/2000) to $4 (= $10,000/2500). Alternatively, the firm could produce the original 2000 units of output with fewer units of labor at an even lower average total cost.

This reduction in average total cost enhances the firm's profit. As a percentage of the R&D expenditure that fostered it, this extra profit is the expected return *r*, the basis for the rate-of-return curve in Figure 25.3. In this case, the expected rate of return arose from the prospect of lower production costs through process innovation.



**W 24.2**
Process innovation

Example: Computer-based inventory control systems, such as those pioneered by Wal-Mart, enabled innovators to reduce the number of people keeping track of inventories and placing reorders of sold goods. They also enabled firms to keep

## Economic Costs

Costs exist because resources are scarce, productive, and have alternative uses. When society uses a combination of resources to produce a particular product, it forgoes all alternative opportunities to use those resources for other purposes. The measure of the **economic cost, or opportunity cost,** of any resource used to produce a good is the value or worth the resource would have in its best alternative use.

We stressed this view of costs in our analysis of production possibilities in Chapter 1, where we found that the opportunity cost of producing more pizzas is the industrial robots that must be forgone. Similarly, the opportunity cost of the steel used in constructing office buildings is the value it would have in manufacturing automobiles or refrigerators. The paper used for printing economics textbooks is not available for printing encyclopedias or romance novels. And if an assembly-line worker is capable of assembling either personal computers or washing machines, then the cost to society of employing that worker in a computer plant is the contribution he or she would otherwise have made in producing washing machines.

## Explicit and Implicit Costs

Now let's consider costs from the firm's viewpoint. Keeping opportunity costs in mind, we can say that economic costs are the payments a firm must make, or the incomes it must provide, to attract the resources it needs away from alternative production opportunities. Those payments to resource suppliers are explicit (revealed and expressed) or implicit (present but not obvious). So in producing products firms incur *explicit costs* and *implicit costs.*

- A firm's **explicit costs** are the monetary payments (or cash expenditures) it makes to those who supply labor services, materials, fuel, transportation services, and the like. Such money payments are for the use of resources owned by others.
- A firm's **implicit costs** are the opportunity costs of using its self-owned, self-employed resources. To the firm, implicit costs are the money payments that self-employed resources could have earned in their best alternative use.

Example: Suppose you are earning $22,000 a year as a sales representative for a T-shirt manufacturer. At some point you decide to open a retail store of your own to sell T-shirts. You invest $20,000 of savings that have been earning you $1000 per year. And you decide that your new firm will occupy a small store that you own and have been renting out for $5000 per year. You hire one clerk to help you in the store, paying her $18,000 annually.

A year after you open the store, you total up your accounts and find the following:

| | | |
|---|---|---|
| Total sales revenue | | $120,000 |
| Cost of T-shirts | $40,000 | |
| Clerk's salary | 18,000 | |
| Utilities | 5000 | |
| Total (explicit) costs | | 63,000 |
| Accounting profit | | 57,000 |

Looks good. But unfortunately your accounting profit of $57,000 ignores your implicit costs and thus overstates the economic success of your venture. By providing your own financial capital, building, and labor, you incur implicit costs (forgone incomes) of $1000 of interest, $5000 of rent, and $22,000 of wages. If your entrepreneurial talent is worth, say, $5000 annually in other business endeavors of similar scope, you have also ignored that implicit cost. So:

| | | |
|---|---|---|
| Accounting profit | | $57,000 |
| Forgone interest | $ 1000 | |
| Forgone rent | 5000 | |
| Forgone wages | 22,000 | |
| Forgone entrepreneurial income | 5000 | |
| Total implicit costs | | 33,000 |
| Economic profit | | 24,000 |

## Normal Profit as a Cost

The $5000 implicit cost of your entrepreneurial talent in the above example is a **normal profit**. As is true of the forgone rent and forgone wages, the payment you could otherwise receive for performing entrepreneurial functions is indeed an implicit cost. If you did not realize at least this minimum, or normal, payment for your effort, you could withdraw from this line of business and shift to a more attractive endeavor. So a normal profit is a cost of doing business.

The economist includes as costs of production all the costs—explicit and implicit, including a normal profit—required to attract and retain resources in a specific line of production. For economists, a firm's economic costs are the opportunity costs of the resources used, whether those resources are owned by others or by the firm. In our example, economic costs are $96,000 (= $63,000 of explicit costs + $33,000 of implicit costs).

## Economic Profit (or Pure Profit)

Obviously, then, economists use the term "profit" differently from the way accountants use it. To the accountant, profit is the firm's total revenue less its explicit costs (or accounting costs). To the economist, **economic profit** is total revenue less economic costs (explicit and implicit costs, the latter including a normal profit to the entrepreneur). So when an economist says a certain firm is earning only

# 12-TEMA. XIZMET HAQINIŃ QÁLIPLESIWI HÁM HÁREKET ETIWI (4 saat)

### Lekciyanıń jobası:

1. Xızmet haqınıń ekonomikalıq mazmunı
2. Xızmet haqını shólkemlestiriw formaları
3. Xızmet haqını esaplawda tarif sistemasınıń áhmiyeti
4. Miynet qatnasıqları hám kásiplik awqamlar

## 1. Xızmet haqınıń ekonomikalıq mazmunı

Jaratılǵan jalpı ishki ónimniń onı óndiriwshiler ortasında miynettiń muǵdarı, sapası hám ónimdarlıǵına qarap bólistiriletuǵın bólegi **xızmet haqı** dep júrgiziledi. Xızmet haqı házirgi dáwirde mámleketler ekonomikasında áhmiyetli orın iyeleydi. Sonlıqtan da ekonomist alımlar xızmet haqınıń mazmunına úlken itibar beredi. Xızmet haqınıń mazmunın anıqlawda túrli ekonomitsler túrli tárepten qatnas jasap, oǵan túrlishe táriyip beredi.

**Xızmet haqınıń mazmunın anıqlaw boyınsha kóz-qaraslar**

| Kóz-qaraslar baǵdarı | Tiykarın salıwshılar | Qısqasha mazmunı |
|---|---|---|
| "Jasaw ushın qural | D.Rikardo, | Xızmet haqı jasaw zárúr quralLardıń |

| | | |
|---|---|---|
| minimumı" kontsepciyası | T.Maltus | fiziologiyalıq minimumı menen birdey, dep esaplanadı. |
| Jumıs kúshi qunınıń ózgergen forması | İnglis klassik siyasiy ekonomiya mektebi bağdardağı ekonomistler | Xızmet haqı jumıs kúshi tovar qunınıń puldağı kórinisi sıpatında qaralıp, ol jumıs kúshin tákirar islep shıǵarıw ushın zárúr bolǵan tirishilik quralları qunı sıpatında anıqlanadı. |
| Xızmet haqını miynettiń bahası sıpatında kórsetiw | Zamanagóy ekonomikalıq teoriyanıń kóplegen wákilleri | Xızmet haqı bazarda jumıs kúshine bolǵan talap hám usınıs salıstırması arqalı belgileniwshi miynettiń bahasınan ibarat, dep belgilenedi. |

Usı juwmaqlardan keyin xızmet haqınıń mazmunına táriyip berip sonı aytıw múmkin, **xızmet haqı – jumısshı hám xızmetshiler miynetiniń muǵdarı, sapası hám ónimdarlıǵına qarap, milliy ónimnen alatuǵın úlesleriniń puldaǵı kórinisi esaplanadı.**

Xızmet haqınıń tiykarǵı wazıypası jumısshı hám xızmetshilerdiń turmıs hám miynet sharayatın jaqsılaw, basqasha etip aytqanda, miynet norması menen tutınıw norması ortasındaǵı baylanıstı támiyinlewden ibarat.

Xızmet haqınıń mazmunın tolıǵıraq túsiniw ushın nominal hám real xızmet haqı túsiniklerin biliw zárúr.

Islewshi ushın qanday formada hám qansha muǵdarda xızmet haqı alıw emes, al oǵan qansha muǵdarda tovarlar hám xızmetler satıp alıw múmkinshiligi áhmiyetlirek. Sonlıqtan nominal hám real xızmet haqı bir-birinen parqlanadı. **Nominal xızmet haqı -** bul málim bir waqıt dawamında alınǵan pul summası yamasa pul formasındaǵı xızmet haqı. **Real xızmet haqı** – bul nominal xızmet haqıǵa satıp alıw múmkin bolǵan tovarlar hám xızmetler muǵdarı. Basqasha aytqanda, real xızmet haqı – bul nominal xızmet haqınıń **"satıp alıw qábileti"**[17]. Óz-ózinen belgili bolǵanınday, real xızmet haqı nominal xızmet haqıǵa hám satıp alınatuǵın tovarlar hám xızmetlerdiń bahasına baylanıslı. Solay eken, real xızmet haqı basqa sharayatlar birdey bolǵanda, nominal xızmet haqıǵa tuwrı qatnasta hámde tutınıw buyımları hám xızmetler bahasınıń dárejesine keri qatnasta boladı. Bul muǵdarlar salıstırmanı formulada tómendegishe kórsetiw múmkin:

$$V_R = \frac{V_n}{P},$$

bul jerde, $V_R$ – real xızmet haqı; $V_n$ – nominal xızmet haqı; P – tutınıw buyımları hám xızmetlerdiń baha dárejesi.

Nominal xızmet haqı islep tabılǵan pul dáramatınıń dárejsin, real xızmet haqı bolsa islewshilerdiń tutınıwı hám abadanshılıq dárejesin sáwlelendiredi.

## 2. Xızmet haqını shólkemlestiriw formaları

Óndiristiń texnikalıq tiykarlarındaǵı, islewshiler miynetiniń mazmunındaǵı, olarǵa bilim beriw hám kásip iyelewge úyretiw baǵdarındaǵı ózgerisler menen xızmet haqınıń formaları hám sistemaları da ózgerip baradı. Xızmet haqını shólkemlestiriwde onıń tiykarǵı eki forması: waqtına qaray hám isine qaray formaları bir-birinen parqlanadı. **Waqtına qaray xızmet haqı islewshiniń qánigeligi (mamanlıǵı), miynetiniń sapası hám islegen waqtına qarap**

[17] McConnell, Brue. Economics: principles, problems and policies. 20th edition. America, New York: McGraw-Hill, 2014. page

**tólenetuǵın xızmet haqı**[18]. Ol ádette, miynettiń nátiyjelerin anıq esaplap bolmaytuǵın, olar anıq wazıypalar sheńberin orınlaw menen belgilenetuǵın waqıtta (mısalı, injener-texnik islewshiler, ońlawshılar, elektromontyorlar hám sol sıyaqlılarǵa haqı tólewde) yamasa ónim islep shıǵarıw texnologiyalıq processiniń barısı menen belgilenetuǵın hámde tikkeley islewshige baylanıslı bolmaǵan waqıtlarda (mısalı, konveyerler hám avtomat liniyalarda islew) qollanıladı.

**Isine qaray xızmet haqı islewshiniń islep shıǵarǵan ónim muǵdarı hám sapası yamasa orınlaǵan jumısınıń kólemine qarap beriletuǵın xızmet haqı esaplanadı.** Ónim birligi ushın tólenetuǵın xızmet haqınıń muǵdarı, tarif stavkasındaǵı haqını óndiris normasına bólistiriw jolı menen anıqlanadı. Sonlıqtan islewshilerdiń bir bólegine isine qaray haqı tólenedi. Bunda óndiris norması qanday dárejede orınlanıwına qaramastan, xızmet haqı birden bir ónim biriligi ushın belgilengen tarif boyınsha tólenedi.

## 3. Xızmet haqını esaplawda tarif sistemasınıń áhmiyeti

Islewshilerdiń xızmet haqısın differentsiaciyalaw eń dáslep, mámleketlik tarif sisteması járdeminde ámelge asırıladı. **Tarif sistemasınıń** járdeminde tarawlar hám mámleket aymaǵı boyınsha, olardıń ishinde bolsa óndiris túrleri, túrli topardaǵı islewshilerdiń qánigeligi (mamanlıǵı) hám miynet sharayatına qarap olardıń xızmet haqısınıń dárejesi tártipke salınadı.

**Tarif sisteması degende, jumıs beriwshi menen uslewshilerdiń kelisip engizgen hám jumıstı orınlaw shártlerinde obektiv bar bolǵan ózgesheliklerdi etalon sıpatında qabıl etetuǵın miynet birliklerinde muǵdari boyınsha ólshew ushın hámde islewshiniń miynet minnetlemeleri (onıń miynet norması) sheńberinde keltirilgen miynet birlikleri ushın haqı tólew dárejesin belgilew ushın paydalanatuǵın normativ hújjetler kompleksi túsiniledi.**

Tarif sistemasınıń wazıypası miynettiń sapası hám sharayatına, óndiris tarawınıń áhmiyeti hámde kárxanalardıń aymaqlıq jaylasıwına qaray, islewshilerdiń xızmet haqısın tártipke salıqdı támiyinlewden ibarat. Tarif sisteması óz ishine tarif boyınsha qánigelik maǵlıwmatnaması, tarif setkasın hám tarif stavkaların aladı.

**Tarif boyınsha qánigelik maǵlıwmatnaması** ayırım kásipler hám miynet túrleriniń tolıq táriypi, ol yaki bul anıq jumıstı orınlawshınıń bilim hám kónlikpelerine qoyılatuǵın talaplardan ibarat boladı, sonday-aq, onda usı jumıstı táriyiplew ushın qoyılatuǵın razryadlar da kórsetiledi. **Tarif setkasında** razryadlardan tısqarı tarif koeffitsientleri de bolıp, olar birinshi razryadlı islewshige haqı tólew menen keyingi razryadlı islewshilerdiń miynetine haqı tólewdiń óz-ara salıstırması kórsetedi (birinshi razryadtıń tarif koeffitsienti barlıq waqıtta birge teń boladı).

**Tarif stavkaları** tiyisli razryadqa iye bolǵan islewshiniń miynetine tólenetuǵın haqınıń muǵdarın belgilep beredi.

Miynet etiw sharayatı awır hám zıyanlı bolǵan islewshilerge tarif stavkasına **qosımsha haqılar** beriledi. Tarif stavkalarına ústemeler formasındaǵı haqı (razryadlar boyınsha parqlanatuǵın) professional sheberlik ushın beriledi.

Ayırım tarawdıń ekonomikadaǵı áhmiyetine qarap ámelde xızmet haqını hám lawazım xızmet haqıların ajıratıw (parqlandırıw) jumısları ámelge asırıladı. Bunda mámleket ushın ayrıqsha áhmiyetke iye bolǵan jetekshi tarawlarǵa tájiriybeli, maman kadrlardı tartıp, bul tarawlarda islewshilerdiń quramınıń turaqlı bolıwın támiyinleytuǵın sharayatlardı júzege keltiriw maqseti gózlenedi.

---

[18] McConnell, Brue. Economics: principles, problems and policies. 20th edition. America, New York: McGraw-Hill, 2014. page 507

Respublikamızda da tarif sisteması arqalı xızmet haqını differentsiaciyalap, túrli kásipler hám jumıs túrleri ushın xızmet haqı tólewdiń birden-bir razryadları anıqlanǵan. Bahalardıń ósiwi menen minimal xızmet haqınıń dárejesi (1-razryad) hámde barlıq razryadlar olar ortasındaǵı salıstırma saqlanǵan halda, kóbeytip barıladı. Mısalı, aqırǵı ózgeris 2019-jıl 1-avgusttan baslap respublikamızda xızmet haqınıń minimal dárejesi 223 000 sum etip belgilenip, basqa razryadlarǵa tuwrı keletuǵın xızmet haqı summası da soǵan sáykes ráwishte arttırıldı.

Kepilliklengen eń kem xızmet haqını belgilew xızmet haqını mámleket tárepinen tártipke salıwdıń eń nátiyjeli quralların biri esaplanadı. Eń kem xızmet haqı sociallıq norma bolıp, óndiristiń normal sharayatında eń ápiwayı miynettiń tómen shegarasın sáwlelendiredi. Ol bir ay ushın pul formasında esaplanadı. Ózbekstan Respublikasında eń kem xızmet haqınıń muǵdarı Prezident Pármanı menen belgilenedi, mámleket tárepinen kepilliklenedi hám pútkil mámleket aymaǵında ámel qıladı.

## 4. Miynet qatnasıqları hám kásiplik awqamlar

**Miynet qatnasıqları – jumıs beriwshi menen jallanba islewshi ortasında miynet sharayatları hám miynetke haqı tólew boyınsha qatnasıqlar.**

Jumısqa jallaw boyınsha kárxana basqarması (hákimiyatı) hám islewshiler ortasındaǵı qatnasıq miynet shártnamaları járdeminde qáliplesedi. **Miynet shártnamaları** dáslep, xızmet haqınıń stavkası, normadan artıqsha orınlanǵan jumıslar ushın stavka, dem alıs kúnleri, pensiya fondları hám den sawlıqtı saqlawǵa ajıratpalar hámde bahalardıń ózgerisin esapqa alıp tutınıw sebeti qunın tártipke salıw sıyaqlı táreplerin óz ishine aladı (12.1-sızılma). Keyin miynet sharayatın máseleleri qarap shıǵıladı. Aqırında, bir qatar shólkemlestiriwshilik máseleler sheshiledi. Ádette, kelisim bir neshe jılǵa (tiykarınan, úsh jılǵa) dúziledi.




***12.1-sızılma.*** **Miynet shártnamasınıń quramı**

Kópshilik mámleketlerde miynet qatnasıqlarınıń rawajlanıwında baslı másele jumıssızlıqtı sociallıq kepillik penen támiyinlewge, islewshilerdiń miynet sharayatların jaqsılaw hám xızmet haqını arttırıw imkaniyatları menen baylanıslı máseleler esaplanadı. Bul qatnasıqlardı sheshiwde tiykarǵı rol kásiplik awqamlarına tiyisli boladı.

**Kásiplik awqam (*trade union*)** - jumıs beriwshi menen jumısqa jallanıwshı ortasındaǵı miynet qatnasıqlarınıń qáliplesiwi, háreket etiwi hám tártipke salınıwında jumısqa jallanıwshılardıń mápleri qorǵawshı jámáátlik shólkem. Kópshilik bazarlarda islewshiler ózleriniń jumıs kúshin kásiplik awqamları arqalı jámáát bolıp "satadı". Kásiplik awqamlar salıstırmalı kóp sanlı iske jallawshılar menen sóylesiwler alıp baradı hám olardıń tiykarǵı ekonomikalıq wazıypası xızmet haqını arttırıwdan ibarat boladı. Kásiplik awqamlar bul maqsetke túrli jollar menen erisiwi múmkin.

**1. Jumıs kúshine bolǵan talaptı arttırıw.** Kásiplik awqamlardıń kóz-qarasınan xızmet haqını arttırıwdıń eń qolay usılı jumıs kúshine bolǵan talaptı keńeytiw esaplanadı. Jumıs kúshine bolǵan talaptıń artıwı nátiyjesinde xızmet haqı stavkası da, jumıs orınlarınıń sanı da artadı. Kásiplik awqamlar bul talaptı belgilewshi bir yamasa bir neshe faktorlardı ózgertiw jolı menen jumıs kúshine bolǵan talaptı kóbeytiwi múmkin. Atap aytqanda, olar tómendegilerge erisiwge háreket etedi: 1) islep shıǵarılatuǵın ónim yamasa kórsetiletuǵın xızmetke talaptı arttırıw; 2) miynet ónimdarlıǵın arttırıw hám 3) jumıs kúshi menen birgelikte paydalanatuǵın basqa óndiris faktorlarınıń bahasın ózgertiw.

**2. Jumıs kúshiniń usınısın qısqartıw.** Kásiplik awqamlar jumıs kúshi usınısın qısqartıw jolı menen xızmet haqınıń stavkasın arttırıwı múmkin. Buǵan tómendegi jollar menen erisiledi: a) immigraciyanı sheklew; b) balalar miynetin qısqartıw; v) jumıs háptesin qısqartıwǵa járdem beriw.

Bulardan tısqarı kásiplik awqamlar isbilermenlerdi óz aǵzaların jumısqa jallawǵa májbúrlep, jumıs kúshiniń usınısı ústinen tolıq qadaǵalaw ornatadı. Kásiplik awqamlar óz aǵzalarınıń sanın qısqartıw siyasatı arqalı (mısalı, uzaq múddetli oqıtıw, jańa aǵzalardı qabıl etiwdi sheklew yamasa qadaǵan etiw) jumıs kúshiniń usınısın jasalma ráwishte qısqartıw. Bul, óz gezeginde, xızmet haqı stavkasınıń artıwına alıp keledi.

**3. Kásip boyınsha qánigelik dárejesin litsenziyalaw**. Bul málim bir miynet túriniń usınısın sheklew quralı esaplanadı. Bunda kásiplik awqamlar kárxana basqarmasına málim bir kásiptegi islewshiler anıq kórsetilgen talaplarǵa juwap bergen jaǵdayda jumısqa qabıl etiwge tásir kórsetedi. Bul talaplar óz ishine islewshiniń bilim dárejesi, qánigeligi boyınsha is stajı, imtixan nátiyjeleri hám jeke ózgesheliklerin aladı.

**4. Kásiplik awqamlar jámáátlik shártnamalar dúziwde** monopol jaǵdayǵa iye bolǵan isbilermenlerge qarsılıq kórsetiw jolı menen de xızmet haqınıń stavkasın arttırıwǵa erisiwi múmkin. Bunıń nátiyjesinde xızmet haqını arttırıw menen baylanıslı qosımsha shıǵınlar, jańa jumıs kúshin jallaw nátiyjesinde alınatuǵın qosımsha ónim kóleminen artıq boladı.

Házirgi zaman miynet qatnasıqları ózinde mámlekettiń tásirin de sáwlelendiredi. Mámlekettiń nızamshılıq xızmeti miynet qatnasıqlarınıń barlıq táreplerin óz ishine aladı. Ol tek ekonomikanıń mámleketlik sektorınıń jumıs kúshine bolǵan talabın bildirip qoymastan, onı jeke sektorda da tártipke saladı, milliy ekonomika dárejesinde jumısqa jallawdıń tiykarǵı ólshemlerin anıqlaydı.

Miynet qatnasıqlarına mámlekettiń sociallıq baǵdarlamaları (kem támiyinlengen shańaraqlarǵa járdem, jumıssızlıq boyınsha napaqa, túrli sociallıq tólemler, pensiya támiyinlewi hám basqalar) úlken tásir kórsetedi.

Mámlekettiń jumıs kúshi bazarındaǵı dáldálshılıq roli de miynet qatnasıqlarına sezilerli tásir kórsetiwi múmkin. Sonıń ishinde, ózine bir tárepleme jumısqa jaylastırıw boyınsha ulıwma milliy baǵdarlamanı islep shıǵıw wazıypasın aladı. Islewshilerdi oqıtıw hám qayta tayarlawdıń mámleketlik sisteması, bazardıń ózgeriwsheń talaplarına tez maslasıwına múmkinshilik beredi.

# 13-TEMA. AGRAR QATNASIQLAR HÁM AGROBIZNES

**1-lekciyanıń jobası:**

1. Agrar qatnasıqlar hám olardıń bazar sistemasındaǵı ózgeshelikleri
2. Renta qatnasıqları. Rentanıń túrleri. Ijara haqı

## 1. Agrar qatnasıqlar hám olardıń bazar sistemasındaǵı ózgeshelikleri

Ekonomikalıq nızamlar hám kategoriyalardıń háreket etiwi ekonomikanıń barlıq tarawları ushın ulıwmalıq bolsa da, olardaǵı tábiyiy hám social-ekonomikalıq sharayatqa baylanıslı halda ózine tán ózgeshelikleri de bar. Ásirese, bunday ózgeshelikler agrar tarawda anıq kórinedi. Sebebi awıl xojalıǵında tákirar islep shıǵarıwdıń áhmiyetli ózgesheliklerinen biri sonnan ibarat, bul jerde óndiris processi tikke-ley tiri organizmler: jer, ósimlikler, sharwa malları menen baylanıslı boladı hám tábiyiy nızamlar ekonomikalıq nızamlar menen baylanısıp ketedi. Sonlıqtan agrar tarawdaǵı ekonomikalıq qatnasıqlardı úyreniw bazar sharayatında ayrıqsha áhmiyetke iye.

**Jerge iyelik etiw, onnan paydalanıw hám biylik etiw menen baylanıslı bolǵan qatnasıqlar agrar qatnasıqlar dep júrgiziledi.** Bul qatnasıqlardıń tiykarǵı obekti jer esaplansa, subekti jer iyeleri hám jerde xojalıq júrgiziwshilerden ibarat.

**Jerdiń basqa óndirislik faktorlardan ózgesheligi sonnan ibarat**, ***birinshiden,*** onnan paydalanıw processinde ol jelinbeydi, eskirmeydi. Kerisinshe onnan durıs paydalanılsa, onıń ónimdarlıǵı artıp baradı.

***Ekinshiden,*** jerden tısqarı óndiris faktorlarınıń hár birin joqarı dáramat keltiretuǵın orınlardı (tarawlardı) tańlap jaylastırıw múmkin. Al jer bunday qásiyetke iye emes. Sebebi jer qozǵalmas múlk bolǵanlıqtan biz onı qolaylı tábiyiy sharayatlar bar yamasa sawda orınlarına jaqın jerlerge kóshire almaymız.

***Úshinshiden,*** awıl xojalıq óndirisiniń tábiyiy sharayatlardan ǵárezliligine baylanıslı ózgeshelikler boladı. Bul jerde ekonomikalıq óndiris processi tábiyiy sharayatlar menen óz-ara baylanısıp ketedi. Ekonomikanıń hesh bir tarawı bunday dárejede tábiyatqa ǵárezli emes. Báhárdiń kesh keliwi, egislik dáwirindegi jawın-shashınlar, suwıqtıń erte túsiwi sıyaqlı jaǵdaylar awıl xojalıq óndirisine tikkeley tásir kórsetedi.

***Tórtinshiden,*** waqıt faktorına baylanıslı ózgeshelikler boladı. Ekonomikanıń basqa tarawlarında jumıstıń nátiyjesin sol waqıtta kóriwge boladı. Al awıl xojalıǵında bolsa óndiris ciklli uzaq dawam etedi. Báhárde egilgen ónimniń nátiyjesin gúzdiń aqırına barıp biliw múmkin, baǵshılıq hám sharwashılıqta bolsa onnan da kóp dáwirlerge sozıladı.

***Besinshiden,*** óndiristiń máwsimlik xarakterine baylanıslı ózgeshelikke iye bolıp, bul jaǵday awıl xojalıǵında bar bolǵan miynet quralların, yaǵnıy kombayn, túrli egis ásbapları hám sol sıyaqlılardan paydalanıw waqtına tikkeley tásir kórsetedi. Sebebi bul miynet quralları jıldıń málim múddetlerinde ǵana paydalanıladı, qalǵan waqıtta bolsa olar bos turadı. Mısalı, seyalkadan egislik dáwirinde paydalanılsa, ǵálle orıw kombaynleri, paxta teriw mashinaları bolsa jıyın-terim waqtında ǵana isletiledi.

Demek, awıl xojalıǵında tiykarǵı hám aylanıs kapitalınıń háreketinde de basqa tarawlarǵa salıstırǵanda ózgeshelikler boladı. Olardıń aylanısı jıl dawamında birdey bolmaydı. Qıs máwsiminde aylanıs qarjılarınıń kópshilik bólegi awısıq bólekler

kórinisinde bolsa, egislik dáwirinde tuqım, janılǵı, tógin sıyaqlı qarjılardıń úlesi joqarı boladı.

Juwmaqlastırıp aytqanda, awıl xojalıq óndirisinde de óndiristiń tiykarǵı faktorları jer, kapital, isbilermenlik qábilet hám jumıs kúshi qatnasıp, bunda jer áhmiyetli óndiris quralı sıpatında háreket etedi. Biraq biz aldın aytıp ótkenimizdey, óndiris processinde de óndiris qurallarǹ, sonıń ishinde, jerdi háreketke keltirip, onnan ónimli paydalanatuǵın, onıń ekonomikalıq ónimdarlıǵın arttıratuǵın faktor – insan faktorı, yaǵnıy isbilermenlik qábileti hám jumıs kúshi esaplanadı.

Agrar qatnasıqlardı úyreniwde de jumıs kúshiniń, janlı miynettiń aktiv rol atqarıwın, onıń barlıq materiallıq qurallarǵa jan berip, háreketke keltiriwshi rolin túsinbewshilik, kóplegen qáte pikir hám nadurıs kóz-qaraslarǵa alıp keledi. Bul máselelerdi durıs túsiniwde renta qatnasıqların úyreniw áhmiyetli orın iyeleydi.

## 2. Renta qatnasıqları. Rentanıń túrleri. Ijara haqı

**Jer rentası jerge iyelik etiwdi ekonomikalıq jaqtan ámelge asırıw (realizaciyalaw)dıń forması esaplanadı.** Jer rentasınıń bir qansha tariyxıy kórinisleri bar. Mısalı, úsh formadaǵı: barshina (islep beriw), obrok (natural salıq) hám pul salıǵı formasındaǵı feodal rentalar solardıń qatarına kiredi. Házirgi waqıtta túrli mámleketlerde bar bolǵan renta júzege keliw sebepleri hám sharayatlarına qarap tómendegi túrlerge ajıratıladı: absolyut jer rentası, differentsial renta I hám II, monopol renta, qazılma baylıqlar, qurılıslar jaylasqan jerlerden alınatuǵın renta.

**Absolyut renta jer uchastkalarınıń sapasına qaramastan jerdiń múlk bolǵanlıǵı ushın jer iyeleriniń alatuǵın rentası**. Bul renta barlıq jerlerden alınadı, biraqta onıń muǵdarı tómen jerlerden alınatuǵın rentaǵa teń boladı.

**Rentanıń ekinshi túri differentsial renta dep atalıp, ol jerdiń sapasına qaray alınatuǵın rentanıń absolyut rentadan artıqsha bólegi esaplanadı. Jerdiń sapası topıraqtıń ónimdarlıǵına baylanıslı boladı.** Topıraqtıń ónimdarlıǵı ekige bólinedi: tábiyiy hám ekonomikalıq . Tábiyiy ónimdarlıq topıraqtıń ximiyalıq hám fizikalıq qásiyetleri bolıp, onı tábiyat inam etken. Topıraqtıń ekonomikalıq ónimdarlıǵı jerge qosımsha resurs jumsaw, jerdi qayta islew arqalı, onıń sapasın arttırıw hám ónimdarlıǵın kóteriwdi ańlatadı. Topıraqtıń ónimdarlıǵına qaray differentsial rentanıń ózi ekige bólinedi: differentsial renta I hám differentsial renta II.

Differencial renta I jerdiń tábiyiy ónimdarlıǵı menen baylanıslı bolǵan, sanaat oraylarına, bazarlarǵa hám baylanıs jollarına jaqın jaylasqan ónimdarlı jer uchastkalarında júzege keledi.

Differencial renta II xojalıqlardı intensiv rawajlandırıw, jerdiń ónimdarlıǵın arttırıw ushın qosımsha qárejet sarplaw menen, yaǵnıy awıl xojalıǵında ximiyalıq tóginlerdi qollanıw, jerlerdiń meliorativ jaǵdayın jaqsılaw, awıl xojalıǵın mexanizaciyalaw hám elektrlashtiriw dárejesi menen baylanıs halda júzege keledi.

Renta teoriyasına muwapıq awıl xojalıǵında rentanıń jáne bir túri **monopol renta** da háreket etedi. Basqa jer uchastkalarında ushıramaytuǵın tábiyiy sharayat, ayrıqsha (siyrek ushırasatuǵın) awıl xojalıq ónimleri (júzimniń ayrıqsha sortları, tsitrus egisleri, chay hám basqa ayrıqsha túrlerin) jetistiriw ushın imkaniyat jaratadı. Bunday tovarlar monopol bahalar menen satıladı. Bul bahalardıń joqarı bolıwı kóbinese tólewge qábiletli talap dárejesi menen belgilenedi. Nátiyjede monopol bahalar sonday ónimlerdiń individual qunınan bir qansha joqarı bolıwı múmkin. Bul bolsa jer iyelerine monopol renta alıw múmkinshiligin beredi.

Renta qazılma baylıqlar óndiriletuǵın jerlerden de alınadı. Onıń muǵdarı baylıqlardıń qazıp alınıw usıllarınıń qıyın yaki jeńilligine, olardıń tereńde yaki sayızda jaylasıwına, dúzilisine t.b. belgilerine baylanıslı.

Qurılıs uchastkaları ushın da renta tólenedi. Renta qanday túrde bolmasın tólewshiler ushın qárejet bolsa, jer iyeleri ushın dáramat esaplanadı.

**Renta hám ijara haqı.** Renta qatnasıqların qarap shıǵıwda rentanıń ijara haqıdan ózgesheligine itibar qaratıw zárúr. Eger ijaraǵa beriletuǵın jerge burın imarat, qurılma sıyaqlılardı qurıw menen baylanıslı kapital qoyılmalar jumsalmaǵan bolsa, ijara haqı menen renta muǵdarı boyınsha bir-birine tuwrı keledi. Keri jaǵdayda, ijara haqı jer rentasınan ózgeshelenedi. Ijara haqı tómendegilerdi óz ishine aladı: jerden paydalanǵanlıq ushın tólenetuǵın renta (R), jerge aldın ala jumsalǵan kapital ushın procent (r'), jer uchastkasın ijaraǵa bergenge shekem oǵan qurılǵan imaratlar amortizaciyası (A). Bunı tómendegishe formulada jazıwımızǵa boladı: IH = R + r' + A

**Jerdiń bahası.** Bazar ekonomikası jaǵdayında agrar qatnasıqlardıń tiykarǵı obekti esaplanǵan jer tovarǵa aylanadı. Jer miynet penen dóretilmegenligi sebepli ol qunǵa iye emes, biraq onıń bahası bar. Jer tiykarınan awıl xojalıq ónimlerin jetistiriw ushın isletiledi. Usıǵan baylanıslı onıń bahasına renta muǵdarı tásir etedi. Jerdiń iyesi isbilermenlik penen shuǵıllanbay-aq, óz múlkinen kelgen dáramat penen qanaatlanadı. Usını esapqa alǵan halda jerdiń iyesi jerdi sonday bahada satadı, onnan kelgen pul bankke qoyılǵanda, rentaǵa teń muǵdarda procent keltiriwi kerek. Solay etip, jerdiń bahası eki muǵdarǵa baylanıslı

1) jer uchastkasınıń iyesi alıw múmkin bolǵan jer rentasınıń muǵdarına;

2) ssuda procent normasına

$J_B = (R \setminus r^/)* 100$ % bul jerde R – renta, $r^/$ - ssuda procent norması

Mısalı, bir gektar jer ushın 50 mıń dollar renta tólenedi, sol waqıtta bankke qoyılǵan pul jılına 10 % ke kóbeyedi. Bul jaǵdayda jerdiń bahası $J_B$ = 50 000\10*100 = 500 000 dollardı quraydı.

Jerdiń bahası úzliksiz ósip baradı. Sebebi oǵan bolǵan talap artqan jaǵdayda jerdiń usınısı ózgermeydi. Ádette qala orayında jerdiń bahası qımbat boladı.

## 2-lekciyanıń jobası

1. Agrobiznes hám onıń túrleri
2. Ózbekstanda awıl xojalıǵında ámelge asırılıp atırǵan ekonomikalıq reformalardıń baslı baǵdarları

## 1. Agrobiznes hám onıń túrleri

**Awıl xojalıq tarawındaǵı isbilermenlik xızmeti agrobiznes dep júrgiziledi.** Agrobiznes túsinigine tikkeley awıl xojalıq tarawına kirmeytuǵın, biraq onıń menen baylanıslı bolǵan xızmet penen shuǵıllanıwshı biznes túrleri de kiredi. Bul awıl xojalıǵına texnikalıq ońlaw, xızmet kórsetiw, onıń ónimlerin qayta islew hám tutınıwshılarǵa jetkerip beriw menen baylanıslı bolǵan isbilermenlik xızmeti esaplanadı. Qısqasha etip aytqanda, agrobiznes agrosanaat integraciyasınıń nátiyjesinde júzege kelgen agrosanaat kompleksiniń barlıq buwınların óz ishine qamtıp aladı. Agrobiznes xızmetiniń maqseti tutınıw bazarın jeterli muǵdarda sapalı awıl xojalıq ónimleri, sanaattı bolsa shiyki zat penen úzliksiz támiyinlew arqalı payda kóriwden ibarat.

Agrobiznestiń tiykarǵı forması hám birinshi buwını **fermer hám diyxan xojalıqları** esaplanadı. Sebebi, olar tikkeley awıl xojalıq ónimlerin islep shıǵaradı.

Ózbekstan Respublikasınıń 2004-jılı 26-avgustta jańa redakciyada qabıl etilgen “Fermer xojalıǵı haqqında”ǵı nızamınıń 3-bántine muwapıq **fermer xojalıǵı ijaraǵa berilgen jer uchastkalarınan paydalanǵan halda awıl xojalıǵında tovar islep shıǵarıw menen shuǵıllanıwshı, ǵárezsiz xojalıq júrgiziwshi subekt esaplanadı**.

Agrobiznes túrlerinen jáne biri agrofirmalar esaplanadı.

**Agrofirma málim túrdegi awıl xojalıq ónimlerin jetistiriw hám onı aqırǵı ónim dárejesine shekem qayta islewdi birgelikte alıp barıwshı kárxana.**

Agrofirmalar hám awıl xojalıǵı, hám sanaatqa tán resurslardı isletip, tutınıwǵa tayar bolǵan ónim jaratadı. Usı túrdegi kárxanalar túrli menshikke tiykarlanıwı, sonıń ishinde shańaraqlıq xojalıq tiykarında da shólkemlestirilip, kishi zavodlar menen birigiwi múmkin. Agrosanoat birlespeleri hám kombinatları agrobiznestiń jańa túrleri esaplanadı.

**Agrosanaat birlespeleri bir túrdegi ónim islep shıǵarıwshı hám oǵan baylanıslı óndirislik xızmet penen shuǵıllanıwshı bir neshe xojalıq hámde kárxanalardıń birlespesi.** Mısalı, baǵshılıq hám júzimgershilik penen shuǵıllanıwshı xojalıqlar ónimdi qayta islewshi tsex hám zavodlar, jetkerip beriwshi sawda kárxanaları bir texnologiyalıq processke birigip agrosanaat birlespelerin payda etedi. Birlespe qatnasıwshıları óndirislik, xojalıq hám finanslıq ǵárezsizliklerin saqlap qalıwı menen birge, olardıń ulıwmalıq múlki de qáliplesip baradı.

**Agrosanaat kombinatları awıl xojalıq ónimlerin jetistiriw, qayta islew hám tutınıwshılarǵa jetkerip beriwge shekem barlıq texnologiyalıq processke xızmet etiwshi xojalıq hám kárxanalardıń málim bir aymaǵında birlesiwi esaplanadı.** Agrobiznestiń túrine kewilli hám úles (pay) qosıw tiykarında shólkemlesken túrli birlespe hám awqamlardı da kirgiziw múmkin. Awıl xojalıǵındaǵı mámleketlik kárxanalar, jámáát xojalıqları hám shirketleri, túrli menshik formasında shólkemlestirilgen qospa kárxanalar da agrobiznestiń túrleri sıpatında xızmet kórsetedi.

## 2. Ózbekstanda awıl xojalıǵında ámelge asırılıp atırǵan ekonomikalıq reformalardıń baslı baǵdarları

Respublikamızdıń awıl xojalıǵında basqıshpa-basqısh ámelge asırılıp atırǵan ekonomikalıq reformalardıń barısın analizlew tiykarında olardıń tómendegi tiykarǵı baǵdarların ajıratıp kórsetiw múmkin:

- menshik qatnasıqları hám strukturalıq reformalar;
- jerden paydalanıw baǵdarındaǵı reformalar;
- suw hám suwdan paydalanıw qatnasıqlarındaǵı reformalar;
- finans-kredit, salıq hám qamsızlandırıw tarawındaǵı reformalar;
- baha sistemasındaǵı reformalar.

Agrar tarawda ámelge asırılıp atırǵan **menshik qatnasıqları hám strukturalıq reformalar**da birinshi gezekte múlkti mámleket iyeliginen shıǵarıw hám menshiklestiriw, túrli menshik formalarına, eń dáslep jeke menshikke tiykarlanǵan xojalıq júrgiziw formaların engiziwge ayrıqsha itibar qaratıldı. Ekonomikalıq reformalardıń dáslepki basqıshlarınan-aq zıyan kórip islep atırǵan shirket xojalıqların basqıshpa-basqısh toqtatıp, fermer xojalıqlarına aylandırıw baǵdarında iri strukturalıq reformalar ámelge asırıldı. Bul reformalardıń nátiyjesinde mámleketimiz ekonomikasınıń barlıq tarawları sıyaqlı agrar sektorda da Prezidentimiz tárepinen keń kólemli, hár tárepleme puxta oylanǵan reformalardıń ámelge asırılıwı nátiyjesinde tarawda turaqlı ósiw pátleri támiyinlenbekte.

Sońǵı jıllarda awıl xojalıq ónimlerin jetistiriw kóleminiń ósiwi ortasha 6-7 procentti qurap atırǵanlıǵı, respublika xalqınıń sanınıń turaqlı artıp barıwına qaramay, xalıqtıń jan basına islep shıǵarılıp atırǵan azıq-awqat tovarları kóleminiń

bir neshe ese kóbeygenligi tarawda reformalar strategiyasınıń qanshelli dárejede tuwrı tańlanǵanlıǵınan derek beredi.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2012-jıl 22-oktyabrdegi "Ózbekstanda fermer xojalıǵın shólkemlestiriwdi jáne de jetilistiriw hám onı rawajlandırıw is-ilajları tuwrısında" ǵı PF-4478 sanlı Pármanınıń qabıl etiliwi kóp tarmaqlı fermer xojalıqların rawajlandırıw, olardı hár tárepleme qollap-quwatlaw ushın huqıqıy tiykar jaratıp berdi.

"Kóp tarmaqlı fermer xojalıǵı" – fermer xojalıǵı shólkemlestiriliwinde jer uchastkaların uzaq múddetli ijaraǵa alıw shártnamasında belgilengen tiykarǵı tarawdan basqa tarawlarda islep shıǵarıwdı payda etip ónim islep shıǵarıwdı jolǵa qoyǵan fermer xojalıqları esaplanadı.

Kóp tarmaqlı fermer xojalıǵı ayırmashılıǵı - kóp tarmaqlı islep shıǵarıwdı shólkemlestiriwdiń tiykarǵı shártlerinen biri bul - hár qanday fermer xojalıǵı óz dáramatın asırıw maqsetinde óz qálewine kóre qosımsha tarmaqlardı payda etken halda kóp tarmaqlı fermer xojalıǵına aylanıw múmkinshiligine iye bolıwı esaplanadı. Bunda fermerdiń iskerligi erkin hám fermer xojalıǵınıń jeke mápine boysınıwı lazım.

Kóp tarmaqlı fermer xojalıqlarınıń rawajlanıwı aldı menen fermerlerge uzaq múddetli ijara tiykarında ajıratıp berilgen awıl xojalıǵı jer maydanları, suw hám miynet resursları, neft` ónimleri, mineral tóginler, texnika quralları, bina hám imaratlardan paydalanıwda ekonomikalıq nátiyjeligin arttırıw arqalı fermer xojalıqlarınıń alatuǵın paydası mugdarın bir neshe márte asıwın támiyinleydi.

Sonday-aq kóp tarmaqlı fermer xojalıqlarınıń nátiyjeli iskerligi tek ǵana awıl xojalıǵı tarawınıń rawajlanıwına óz úlesin qosıp qoymastan sonıń menen birge ekonomikamızdıń rawajlanıwına, sol aymaqlardaǵı kóplep social máselelerdi sheshiwge xızmet qıladı.

Prezidentimizdiń 2015-jıl 29-dekabrdegi "2016-2020-jıllar dáwirinde awıl xojalıǵın qayta shólkemlestiriw hám rawajlandırıw ilajları haqqında"ǵı qararı bul baǵdardaǵı jumıslardı jedellestiriwde áhmiyetli baǵdarlama boladı. Sebebi usı hújjette topıraq ónimdarlıǵı salıstırmalı tómen, suw támiynatı awır, tómen rentabelli egis maydanların qısqartıw arqalı olardıń ornına miywe-ovosh, kartoshka, may alınatuǵın hám basqa azıqlıq eginlerdi jaylastırıw menen baylanıslı kóplegen wazıypalar belgilep berildi. Sonday-aq, onda 2020-jılǵa shekemgi múddette paxta jetistiriletuǵın maydanlar 170,5 mıń gektar, ǵálle maydanları bolsa 50 mıń gektar, jámi 220,5 mıń gektar suwǵarılatuǵın jerler qısqartılıp, olardıń ornına ovosh hám kartoshka, usılar qatarında azıqlıq eginler, may alınatuǵın hám basqa da ósimlikler egiledi, baǵ hám júzimzarlar jaratıladı.

Egislik maydanlardıń optimallastırılıwı hám zamanagóy agrotexnologiyalardıń engiziliwi nátiyjesinde 2020-jılı masaqlı dán jetistiriwdi 16,4 procentke arttırıp, onıń kólemin 8 million 500 mıń tonnaǵa jetkeriw, kartoshka jetistiriwdi 35 procentke, ovoshtı 30 procentke, miywe hám júzimdi 21,5 procentke, gósh jetistiriwdi 26,2 procentke, sútti 47,3 procentke kóbeytiw, balıq jetistiriwdi 2,5 esege arttırıw názerde tutılmaqta.

Ulıwma alǵanda, agrar tarawda alıp barılıp atırǵan reformalar xalqımızdıń abadan turmıs keshiriwi, elimiz rawajlanıwın támiyinlewdiń kepili bolıp xızmet etpekte.

## Qadaǵalaw sorawları

1. Agrar qatnasıqlardın mazmunın túsindiriń.
2. Agrar qatnasıqlardıń qanday ózgesheliklerin bilesiz?
3. Agrar reformalar haqqında ne bilesiz?
4. Jerge menshik qatnasıqlarınıń áhmiyetin túsindiriń.
5. Jer rentası degen ne hám ol qalay alınadı?

6. Rentanıń qanday túrleri bar?
7. Jerdiń bahası qalay anıqlanadı?
8. Agrobiznes degende neni túsinesiz?
9. Agrobiznestiń tiykarǵı formaların kórsetiń hám olarǵa klaster dúziń.
10. Agrobiznesti rawajlandırıwdaǵı tiykarǵı mashqalalar neden ibarat?

# 4-BÓLIM. MILLIY EKONOMIKA (MAKROEKONOMIKA)NÍŃ HÁREKET ETIWI HÁM RAWAJLANÍW NÍZAMLÍQLARÍ

## 14-TEMA. MILLIY EKONOMIKA HÁM ONÍŃ MAKROEKONOMIKALÍQ ÓLSHEMLERI. JALPÍ ISHKI ÓNIM HÁM ONÍŃ HÁREKET ETIW FORMALARÍ

**Lekciyanıń jobası:**

1. Milliy ekonomika hám onıń quramı
2. Tiykarǵı makroekonomikalıq kórsetkishler
3. Nominal hám real jalpı ishki ónim

### 1. Milliy ekonomika hám onıń quramı

Ekonomikalıq xızmet málim mámleketler kóleminde eki dárejede júz beredi. Birinshisi mikrodáreje, yaǵnıy firmalar (kárxanalar) hám úy xojalıqları dárejesindegi ekonomika bolıp, ol mikroekonomikanı payda etedi. Bunıń qalay júz beriwin aldıńǵı baplarda kórip óttik. Ekinshisi jámiyet kóleminde, yaǵnıy mámleketlerdiń milliy sheńberinde júz beretuǵın ekonomikalıq xızmet bolıp, ol makroekonomikanı payda etedi.

**Milliy ekonomika – barlıq tarmaqlar hám salalardı, mikro hám makrodáredegi ekonomikalardı, funkcional ekonomikanı hám kóplegen infrastrukturalardı óz ishine alǵan bir pútin ekonomika esaplanadı.**

Milliy ekonomika málim bir mámlekettiń ishinde júz beretuǵın ekonomikalıq xızmet bolǵanlıqtan, bunda firmalar, úy xojalıqları hám mámleket qatnasadı.

Milliy ekonomikalardıń dárejesi de bir-birinen parqlanadı. Sol tárepi boyınsha milliy ekonomikalar joqarı rawajlanǵan, ortasha, ortashadan tómenirek dárejedegi, tómen rawajlanǵan hám kámbaǵal ekonomikalarǵa ajıraladı.

Milliy ekonomikalar qanshelli bir-birinen parqlanbasın, báribir olar hámme ushın ulıwmalıq bolǵan bazar nızamlarına muwapıq rawajlanadı hám bul tovar hám xızmetlerdiń kóbeyip barıwında sáwlelenedi.

Ekonomikanıń tiykarǵı qatnasıwshıları mámleket, firmalar hám úy xojalıqları makroekonomikalıq aylanısta qatnasadı. Olar bir-birine resurslar hám tutınıw tovarların jetkerip beredi. Ekonomikalıq aylanıs júz bergende firmalar, úy xojalıqları hám mámleket ortasında ekonomikalıq baylanıslar ornatıladı. Bunı tómendegi sızılmadan kóriwimiz múmkin (14.1-sızılma).




***14.1-sızılma.*** **Makroekonomikalıq aylanıs**

Sızılmadaǵı strelka formasındaǵı tuwrı sızıq tovar hám xızmetlerdiń háreketin, strelka formasındaǵı úzilgen sızıq puldıń háreketin bildiredi. Sızılmaǵa muwapıq tovar hám xızmetlerdiń aǵımına qarama-qarsı baǵdarda puldıń aǵımı júz beredi, sebebi tovarlar hám xızmetler pulǵa satıp alınadı. Demek, makroekonomikalıq aylanısta firmalar, úy xojalıqları hám mámleket ortasında tovar hám xızmetlerdi pul quralında almasıw, yaǵnıy tovar-pul qatnasıqları júz beredi. Sol processte ekonomika qatnasıwshıları óz tovarın satıp, basqa tovar satıp alıw arqalı óz mútájligin qanaatlandıradı.

**Milliy ekonomikada óndiris, xızmet kórsetiw kólemi hám olardıń ósiwi bir qatar kórsetkishler sisteması arqalı, mikro hám makroekonomikalıq dárejede anıqlanıp, analizlenedi.** Makroekomika – bul mámleket kóleminde ekonomikanıń óz-ara baylanısta hám tásirde háreket etetuǵın tarawlar, salalar, aymaq dúzilislerin bir pútin etip birlestiretuǵın milliy xojalıq sisteması. **Makroekonomika óz ishine ekonomikanıń materiallıq hám materiallıq emes óndiris hámde xızmet kórsetiw tarawların, bank, finans, qamsızlandırıw, bajıxanalardı birlestiredi.**

## 2. Tiykarǵı makroekonomikalıq kórsetkishler

Milliy ekonomikanıń rawajlanıw dárejesin anıqlawda bir qatar makroekonomikalıq kórsetkishler háreket etedi.

Pútkil milliy ekonomikanıń jaǵdayın xarakterlewshi áhmiyetli makroekonomikalıq kórsetkishler – jalpı ishki ónim (JIÓ), jalpı milliy ónim (JMÓ), sap milliy ónim (SMÓ), milliy dáramat (MD), xalıq dáramatları (XD), jumıs kúshiniń bánliligi, jumıssızlıq, inflyaciya hám basqa usılar sıyaqlılar esaplanadı. Bul kórsetkishler materiallıq ónidiris hám xızmet kórsetiw tarawlarındaǵı barlıq xojalıqlardıń ekonomikalıq xızmetiniń ulıwma hám aqırǵı nátiyjelerin óz ishine qamtıp aladı.

Jámiyetli tákirar óndiris nátiyjesinde mámleket kóleminde milliy ónim jaratıladı. **Milliy ónim – mámleket ekonomikasında jaratılǵan ónimler hám xızmetlerdiń ulıwma muǵdarı.** Ol barlıq materiallıq hám materiallıq emes ónimlerdi islep shıǵarıw hám xızmetlerdi óz ishine alıp, házirgi waqıtta biziń mámleketimizde qollanılıp atırǵan milliy esaplar sistemasında jalpı milliy ónim (JMÓ) dep júrgiziledi. **Jalpı milliy ónim – bul óz mámleketi yamasa sırt elde jaylasqan milliy kárxanalar tárepinen jaratılǵan tovar hám xızmetlerdiń ulıwmalıq muǵdarınıń jámi qunı esaplanadı.** Sonı aytıw kerek, milliy ekonomikanıń rawajlanıw dárejesin anıǵıraq sáwlelendiriw hám salıstırıw ushın jalpı ishki ónim (JIÓ) kórsetkishi qolaylıraq. Sonlıqtan házirgi waqıtta kópshilik mámleketler usı korsetkishten paydalanadı.

Makroekonomikalıq aylanıs processinde ekonomika eki sektorǵa ajıraladı:

**1. Real sektor** – bul jaratılǵan tovar hám xızmetlerdiń ekonomika subektleri ortasındaǵı háreketi.

**2. Pul (finanslıq) sektorı** – bul subektler ortasındaǵı tovar hám xızmetler háreketine qarama-qarsı baǵıtta júz beretuǵın pul aǵımınıń háreketi.

Real sektordaǵı firmalar jalpı ishki ónimdi jaratadı.

**Jalpı ishki ónim (JIÓ) degende málim dáwir dawamında, mısalı bir jılda mámleket ishinde aqırǵı nátiyjede jaratılǵan hám tikkeley tutınıwshılarǵa barıp jetetuǵın barlıq tayar ónim hám kórsetilgen xızmetlerdiń bazar qunı túsiniledi.**

JIÓ bul aralıq, yaǵnıy qayta islenetuǵın ónim emes, al tutınıwǵa tayar bolǵanlıqtan bazarda satılatuǵın ónim esaplanadı. Onıń bazarda satılǵan bahası **bazar qunı** boladı. Bul qun tovardıń muǵdarı hám sapasın sáwlelendiredi. JIÓ di tek materiallıq forması bar tovarlar, mısalı, azıq-awqat, kiyim-kenshek, turaq jay, mashina-úskene hám transport quralларınıń ǵana qunı emes, al materiallıq forması bolmaǵan xızmetler, sonıń ishinde mádeniyat xızmetkeri, shıpaker, oqıtıwshı, yurist, shash tárez sıyaqlılar xızmetiniń qunı da payda etedi. JIÓ ge málim dáwirde, mısalı, bir jılda jańadan dóretilgen ónimlerdiń bazar qunı kiritiledi. Biraq buǵan aldın jaratılǵan, keyinala qaytadan satılǵan ónim qunı kirmeydi. Mısalı, Ózbekstanda 2017-jılı ÓzJM zavodı shıǵarǵan túrli markadaǵı avtomashinalardıń 40 mıń danası satıldı. Olardıń bazar qunı JIÓ ge kiredi. Biraq sol zavodta 2010-2016-jıllarda jaratılǵan túrli markadaǵı avtomashinalardıń 5 mıń danası óz iyeleri tárepinen bazarda qaytadan satıldı. Bul mashinalardıń bazar qunı 2017-jıldıń JIÓne kirmeydi, sebebi bular aldıńǵı dáwirde jaratılǵan. JIÓge málim mámlekettiń ishinde jaratılǵan ónimler hám xızmetler kiredi. Sol mámleket wákilleriniń basqa jerde, yaǵnıy sırt elde jaratqan tovar hám xızmetleri onıń JIÓne kirmeydi, kerisinshe basqa mámlekettiń JIÓin payda etedi.

JMÓ menen JIÓ niń óz-ara parqlanıwın tómendegi sızılma arqalı anıǵıraq sáwlelendiriw múmkin (14.2-sızılma).

*14.2-sızılma*

**JMÓ hám JIÓ ortasındaǵı strukturalıq salıstırmalar**




Sızılmadan kórinip turǵanınday, mámleket JMÓ 30 trln. sumdı ($M_2$ hám $M_3$ shártli sanlardıń jıyındısı), JIÓ bolsa 28 trln. sumdı ($M_2$ hám $M_1$ shártli sanlardıń jıyındısı) quraydı.

JMÓ hám JIÓ ortasındaǵı parq onshelli áhmiyetli emes. Bul parq rawajlanǵan mámleketlerde JIÓ niń ±1% in quraydı. BMSh statistika xızmeti tiykarǵı kórsetkish sıpatında JIÓdi paydalanıwdı usınıs etedi. Jaqın waqıtlarǵa shekem AQSh hám Yaponiyada JMÓ kórsetkishi qollanılar edi, házirgi waqıtta bul mámleketler de JIÓ kórsetkishin qollana basladı.

### 3. Nominal hám real jalpı ishki ónim

Jámiyettiń erisken ekonomikalıq nátiyjesin JIÓ niń kólemi belgileydi. Biraq bunıń ushın nominal hám real JIÓdi bir-birinen ajırata biliw kerek.

**Nominal JIÓ - bul tovar hám xızmetlerdiń ağımdağı bahalarda esaplanğan bazar qunı.** Bul eki faktorğa baylanıslı boladı. Birinshiden, tovar hám xızmetlerdiń muğdarı. Ekinshisi, olar bahasınıń ósiwi. Nominal JIÓ inflyaciya tásirinde bolğan, yağnıy onnan tazalanbay turıp esaplanğan ónim boladı. Bul bahanıń ózgeriwine baylanıslı bolğanlıqtan haqıyqıy ekonomikalıq nátiyjeni durıs kórsetpeydi. Erkin mısal alsaq, «A» tovarı aldın 10000 dana shıǵarılǵan bolıp, hár biriniń bahası 5000 sum bolǵan. Bunda olardıń bazar qunı 50 mln.sumǵa (10000*5000=50000000) teń boladı. Keyinala «A» tovarı 10000 dana shıǵarılǵan bolıp, hár biriniń bahası 6000 sumǵa jetken. Demek, jámi tovardıń bazar qunı ámelde joqarılamaǵan, biraq onıń bazar qunı 20 procentke kóbeygen. Soǵan qarap JIÓ 20 procent kóbeydi dep esaplaw nadurıs boladı, sebebi onıń kólemi baha esabınan kóbeygen, ámelde bolsa onıń muǵdarı ózgermey qalǵan.

**Real JIÓ - bul bazis bahalarda yamasa ózgermes bahada esaplanǵan ónim.** Bul ekonomikanıń haqıyqıy jaǵdayın kórsetip beredi, sebebi bul usılda ónimniń bazar qunı inflyaciya tásirinen azat etiledi, sebebi házirgi ónim aldıńǵı dáwir bahasında esaplanadı. Aldıńǵı mısalǵa qaytsaq, «A» tovarınan 12000 dana shıǵarılıp, hár biri aǵımdaǵı bahada 6000 sumnan satılǵanlıǵı ushın onıń bazar qunı 72 mln. sumdı quraǵan. Eger bunı aldıńǵı jıldaǵı (bul bazis jılı) baha – 5000 sumnan esaplasaq, onıń haqıyqıy bazar qunı 60 mln. sumdı quraydı. Mine usı summa real ekonomikalıq nátiyjeni bildiredi.

Aǵımdaǵı jıldaǵı nominal JIÓ($M_n$)di real JIÓ($M_r$)ge aylandırıwdıń bir qansha ápiwayı hám tuwrıdan-tuwrı usılı nominal JIÓdi baha indeksine ($P_i$) bóliw, yaǵnıy:

$$M_r = \frac{M_n}{P_i};$$

**Baha dárejesi baha indeksi formasında sáwlelenedi.** Baha indeksi aǵımdaǵı jıldaǵı málim tovarlar hám xızmetler toplamı bahalarınıń summasın tap sonday tovarlar hám xızmetler muǵdarınıń bazis dáwirdegi bahalar summasına salıstırıw arqalı esaplanadı. **Salıstırıwdıń baslanǵısh dáwiri "bazis" dep júrgiziledi. Bul aytılǵanlardı formulada keltirsek, ol tómendegi kóriniste boladı:**

$$\text{Baha indeksi} = \frac{\text{agimdagi jildagi tutiniw tovarlarinin bahasi}}{\text{bazis jildagi tutiniw tovarlarinin bahasi}}.$$

Ekonomikada **JIÓ deflyatorı** degen kórsetkish te isletiledi. Deflyator házirgi bahanı aldıńǵı, yaǵnıy bazis bahaǵa salıstırǵanda qanshelli ózgergenligin bildiredi. Deflyator ($D_f$) nominal JIÓ ($M_n$)nıń real JIÓ ($M_r$) ge salıstırması menen ólshenedi. Bunda $D_f = \frac{M_n}{M_r} * 100$ boladı. Mısalı, málim mámlekette 2016-jılda $M_n$=9,7 trill. dollar boldı, 2014-jılǵı bahada bolsa bul 5,7 trill. dollar edi. Demek, $D_f = \frac{9.7}{5.7} * 100 = 170$. Demek, baha 1,7 ese, yaǵnıy 70 % ke joqarılaǵan, sol esabınan JIÓnıń qunı ósken.

Makroekonomikalıq jaǵdayǵa baha berilgende, bahalardıń ózgerisin esapqa alıp real JIÓ di anıqlaw hám dinamikaǵa qarap onıń jaǵdayın anıqlaw kerek boladı.

### 2-lekciyanıń jobası:

1. Jalpı ishki ónimdi esaplaw usılları hám onıń paydalanılıwı
2. Sap miliiy ónim hám milliy dáramat

Jalpı ishki ónim(JIÓ)di esaplawda milliy esaplar sistemasınan paydalanıladı. Milliy esaplar sisteması (MES) - bul barlıq tiykargı ekonomikalıq processlerdi, tákirar islep shıǵarıw sharyatları, processleri hám nátiyjelerin sáwlelendiriwshi óz-ara baylanıslı makroekonomikalıq kórsetkishler hám toparlar sisteması.

Milliy esaplar sisteması BMSh tárepinen járiyalanǵan "Milliy esaplar hám járdemshi kesteler sisteması" atlı hújjet tiykarında xalıq aralıq statistikada standart sistema sıpatında 1953-jıldan baslap qollanıla basladı. Sol dáwirden baslap búgingi kúnge shekem MES tórt márte ózgertilip, jetilistirildi. Biraq ol elede jetilistiriwge mútáj. Házirgi waqıtta dúnyanıń 100 den artıq mámleketlerinde, sonıń ishinde Ózbekstanda usı sistemanıń jetilistirilgen forması qollanılmaqta.

Milliy esaplar makroekonomikanıń normadaǵı - teńsalmaqlı jaǵdayına erisiw dárejesin anıqlawǵa járdem beredi. Milliy esaplar sistemasınıń tiykarında JIÓ úsh túrli usıl menen esaplanıwı múmkin:

Birinshi usıl – bul JIÓdi esaplawǵa qosımsha qunlar boynısha qatnas jasaw usılı. Bunda milliy ekonomikanıń barlıq tarawları boyınsha jaratılǵan qosımsha qunlardıń jıyındısı esaplap shıǵıladı. Qosımsha qundı anıqlaw jalpı jámiyetlik ónimnen aralıq ónimler hám shiyki zat, janılǵı, materiallar qunın shegirip taslaw arqalı ámelge asırıladı.

Jalpı jámiyetlik ónim mútájliklerdi qanaatlandırıwǵa qaratılǵan barlıq materiallıq hám mádeniy ónimlerdiń jıyındısı sıpatında óndiristiń ulıwmalıq nátiyjesi bolıp esaplanadı.

Aralıq ónim – bul tamalanbaǵan óndiris, keleshekte jáne qayta isleniwi zárúr bolǵan yamasa qayta satıw ushın mólsherlengen tovar hám xızmetler.

Bul usıl menen esaplanǵan JIÓ ayırım tarawlardıń sol ónimdi jaratıwdaǵı ornın hám úlesin anıqlaw imkaniyatın beredi.

Ekinshi usıl – bul JIÓdi esaplawǵa qárejetler (shıǵınlar) boyınsha qatnas jasaw usılı.

Bunda usı jılda islep shıǵarılǵan barlıq ónimler hám xızmetlerdiń kólemine satıp alıwǵa ketken barlıq shıǵınlar qosıp shıǵıladı. Milliy ekonomikada islep shıǵarılǵan aqırǵı ónimlerdi (aqırǵı ónim – bul óndiristiń barlıq texnologiyalıq processlerinen ótken hámde tikkeley aqırǵı tutınıw ushın mólsherlengen tayar ónimler) mámleket ishindegi xojalıqtıń úsh subekti - úy xojalıqları, mámleket, isbilermenler hámde bulardan tısqarı sırt el tutınıwshıları satıp alıwı múmkin.

Úy xojalıqlarınıń tutınıw qárejetleri – bul kúndelikli mútájliktegi tovarlarǵa, xızmetlerge, uzaq múddette paydalanılatuǵın tutınıw buyımlarına hám basqalarǵa jumsalatuǵın qárejetler.

Investiciyalıq qárejetler (shıǵınlar) – isbilermenlik sektorınıń tiykargı hám aylanıs kapitalı tovarların (investiciyalıq tovarlar) satıp alıwǵa jumsalatuǵın shıǵınları. Invecticiyalıq shıǵınlar tiykarınan úsh bólimnen ibarat: a) isbilermenler tárepinen mashina, úskeneler hám stanoklapdı satıp alıw shıǵınları; b) baplıq qurılıslar; v) rezervlerdiń ózgeriwi. JIÓ quramına tovar rezervleriniń kóbeyiwi, yaǵnıy islep shıǵarılǵan, biraq usı jılda satılmaǵan barlıq ónimler kirgiziledi. Rezervlerdiń ósiwi JIÓge aǵımdaǵı óndiris kólemi kórsetkishi sıpatında qosıladı.

Mámleketlik shıǵınlar – bul ónimler hám ekonomikalıq resurslardı, jumıs kúshin satıp alıwǵa mámlekettiń (basqarıwdıń tómen hám jergilikli organları menen birge) jumsaǵan barlıq qárejetlerin óz ishine aladı.

Sırt elliklerdiń milliy ekonomika tovarlarına jumsaǵan shıǵınları usı mámleket ishindegi tutınıw qárejetleri sıyaqlı milliy óndiris dárejesine baylanıslı boladı. Sonlıqtan JIÓdi qárejetler boyınsha esaplawda tovar hám xızmetlerge sırt elliklerdiń qárejetleri, yaǵnıy eksport qunı da qosıladı. Basqa tárepinen, tutınıw hám investiciyalıq shıǵınlar hámde mámleket qarjılarınıń bir bólegi import etilgen, yaǵnıy sırt elde islep

shıǵarılǵan tovarlarǵa jumsaladı. Milliy óndiristiń ulıwmalıq kólemi tiykarsız artıp ketpewi ushın import kólemi JIÓ quramınan shıǵarıladı. Eksport hám import muǵdarları ortasındaǵı parq tovar hám xızmetlerdiń sap eksportı yamasa ápiwayı etip aytqanda sap eksport dep júrgiziledi. Sap eksport unamlı hám unamsız bolıwı múmkin. Eger eksport importtan artıq bolsa unamlı, import eksporttan artıq bolsa unamsız boladı.

Joqárıda kórip ótilgen shıǵınlardıń tórt toparına kommerciyalıq emes shólkemler(kásiplik awqamlar, siyasiy partiyalar, diniy shólkemler hám jámiyetlik shólkemler)diń shıǵınları hám materiallıq aylanıs qurallarınıń rezervtegi ózgerislerin kórip shıǵıw jolı menen JIÓniń muǵdarı anıqlanadı.

Úshinshi usıl – bul JIÓdi esaplawda dáramatlar boyınsha qátnas jasaw usılı.

Usı jılda islep shıǵarılǵan aqırǵı ónim muǵdarınan alınǵan barlıq dáramatlar úy xojalıqlarınıń ıqtıyarına xızmet haqı, renta tólemleri, procent hám payda formasında kelip túsedi. Sonlıqtan bul usılda JIÓ aqırǵı ónim esabınan alınǵan mine usı barlıq dáramatlardı kórip shıǵıw arqalı anıqlanadı.

JIÓdi dáramatlar boyınsha esaplawda úy xojalıqları, kárxana hám mámleketlik shólkemlerdiń dáslepki, yaǵnıy bólistirilgen dáramatların miynet haqı hám jalpı paydaǵa (renta, ssuda procenti hám isbilermenlik paydası hám t.b.) ajıratıw múmkin. JIÓdi bul usıl boyınsha esaplawda dáramatlardıń barlıq summasına tutınılǵan tiykarǵı kapital qunı (amortizaciya ajıratpası) hám bizneske janapay salıqlar summası da qosıladı.

## 2. Sap milliy ónim hám milliy dáramat

**Mámleket ekonomikasınıń qanshelli rawajlanǵanlıǵı hám nátiyjeli ekenligin anıq biliw ushın sol jılda janlı miynettiń ónimli háreketi nátiyjesinde júzege keltirilgen sap milliy ónim (SMÓ) kórsetkishinen paydalanıladı.**

JIÓnen aǵımdaǵı óndiris processinde tutınılǵan tiykarǵı kapitaldıń qunı yamasa jıllıq amortizaciya summası alıp taslansa sap milliy ónim (SMÓ) kórsetkishi payda boladı:

JIÓ - amortizaciyanıń jıllıq summası = SMÓ

**SMÓ qunına mámleket tárepinen ornatılǵan janapay salıqlar summası kiredi. Janapay salıqlar kárxana tárepinen ornatılatuǵın bahaǵa qosımsha esaplanadı. Bunday salıqlardıń awırlıǵı tutınıwshıǵa túsip, nátiyjede olardıń dáramatınıń bir bólegi janapay salıqlarda sarplanadı. Házirgi dáwirde qollanılıp atırǵan milliy esaplar sistemasında** SMÓnen janapay salıqlar shegirip (alıp) taslaw arqalı milliy dáramat (MD) kórsetkishi anıqlanadı:

SMÓ - bizneske janapay salıqlar = MD

**Solay etip, házirgi milliy esaplar sistemasında SMÓ muǵdarı menen MD muǵdarı bir-birinen parqlanadı. Tiykarında mámleket kóleminde olardıń muǵdarı bir-birinen parqlanbawı lazım. Sebebi milliy dáramat sap (taza) milliy ónimniń satılǵannan keyingi puldaǵı kórinisi esaplanadı. Sonlıqtan ayırım ádebiyatlarda milliy dáramattı sap milliy ónimniń ózgergen forması dep te júrgiziledi. Bul jaǵday milliy esaplar sistemasın jánede jetilistiriwdi talap etedi.**

Jalpı ishki ónimniń háreket etiw formalarınıń ishinde amortizatsiya fondı, milliy dáramattıń keyingi háreketleri, isletiliw forması hám baǵdarların biliw áhmiyetli orın iyelep, olar xalıq abadanshılıǵına tikkeley tásir kórsetedi.

Sonlıqtan milliy dáramattıń strukturalıq bólimlerin analizlep, onıń tutınıw hám óndiristi keńeytiwge sarplanatuǵın bólegi bolǵan toplawdıń ekonomikalıq mazmunın óz aldına úyreniw zárúr.

# 15-TEMA. JALPÍ TALAP HÁM JALPÍ USÍNÍS (4 SAAT)

## Lekciyanıń jobası:

1. Jalpı talap túsinigi hám onıń muǵdarına tásir etiwshi faktorlar
2. Jalpı usınıs túsinigi. Jalpı usınıstıń quramı hám oǵan tásir etiwshi faktorlar
3. Jalpı talap hám jalpı usınıs ortasındaǵı salıstırma hám onıń ózgeriwi

## 1. Jalpı talap túsinigi hám onıń muǵdarına tásir etiwshi faktorlar

**Jalpı talap (*aggregate demand, AD*) – bul barlıq tutınıwshılar (úy xojalıqları, firmalar hám mámleketlik shólkemler)dıń málim baha bolǵanda qanday muǵdarda hám qanday túrdegi tovar hám xızmetlerin satıp alıw qábileti yamasa milliy ekonomikadaǵı real pul dáramatlarınıń muǵdarı.**

Jalpı talap barlıq tutınıwshılardıń túrli tovarlarǵa hám xızmetlerge bolǵan talaplarınan quraladı. Bizge málim, tovar hám xızmetler eki túrli boladı: xalıq tutınatuǵın tovar hám isbilermenler óndiris processinde tutınatuǵın óndirislik faktorlar – kapital hám jumıs kúshi (biz óndiris faktorlarınıń quramında jer de bar ekenligin bilemiz. Biraq biziń mámleketimizde jer satıw-satıp alıw obekti bolmaǵanlıǵı ushın onı bul jerde jalpı talaptıń quramında esapqa almaymız hám keyingi orınlarda faktorlarǵa talap haqqında sóz etilgende tek kapital hám jumıs kúshi haqqında gáp baradı).

Jalpı talap muǵdarı boyınsha anıqlanadı hám onıń ulıwma muǵdarı túrli faktorlardıń tásirinde ózgerip turadı.

Túrli oqıw qollanbalar hám oqıwlıqlarda jalpı talap muǵdarın anıqlaw usılları hám oǵan tásir etiwshi faktorlardı bayan etiwde túrli tárepi boyınsha qatnas jasaladı. Sonıń ishinde, akademik V.Vidiyapin hám basqalardıń ulıwma redaktorlıǵında baspadan shıǵarılǵan "Ekonomikalıq teoriya" boyınsha oqıwlıqta jalpı talap ekonomikanıń ayırım tarawları qárejetleriniń jıyındısı sıpatında sáwlelendiriledi, yaǵnıy:

$$\mathbf{Y_d = C + I + G + NX},$$

bul jerde:

$Y_d$ – jalpı talap;

C – úy xojalıqlarınıń tutınıw qárejetleri;

I – jeke sektordıń investiciyalıq qárejetleri;

G – mámleketlik satıp alıw;

NX – sap eksport.[19]

Akademik V.Kamaev bolsa jalpı talaptı real jalpı milliy ónim elementlerine bolǵan ulıwma pul talabı sıpatında payda bolıwın hámde onı puldıń muǵdarlı teoriyasına muwapıq tómendegi kóriniste sáwlelendiriwdi keltiredi:

$$AD = \frac{M * V}{P}$$

bul jerde:

AD – jalpı talap;

M – pul muǵdarı;

V – puldıń aylanıs tezligi;

P – baha dárejesi.[20]

---

[19] Ekonomicheskaya teoriya. Uchebnik. İzd., ispr. i dop. \ Pod.obsh. red. akad. V.Vidiyapina, A.İ. Dobrinina, G.P.Juravlevoy, L.S.Tarasevicha. –M.: İNFRA-M, 2008. – s. 412.

[20] Ekonomicheskaya teoriya: Uchebnik. Dlya stud. VUZ \ Pod red. V.D.Kamaeva. – M.: Gummanit. izd. VLADOS, 2004, s. 291

Bunnan kórinip turǵanınday, jalpı talap milliy óndiristiń kólemi hám baha dárejesine tikkeley baylanıslı.

Basqa sharayatlar ózgermey qalǵanda, baha dárejesi qansha tómen bolsa, tutınıwshılar (mámleket ishindegi hámde sırt eldegi) milliy óndiristiń real kóleminiń sonshelli úlken bólegin hám kerisinshe, baha dárejesi qanshelli joqarı bolsa, sonshelli kem bólegin satıp aladı. Solay etip, basqa sharayatlar ózgermegen halda baha dárejesiniń artıwı óndiristiń real kólemine bolǵan jalpı talap muǵdarınıń kemeyiwine sebep boladı. Kerisinshe, baha dárejesiniń páseyiwi óndiris kólemine jalpı talaptıń artıwına alıp keledi. Jalpı talapqa bahadan tısqarı tásir etiwshi faktorlardıń ózgeriwi de milliy óndiris kóleminiń ózgeriwine alıp keledi.

Baha dárejesi hám talap tásirindegi milliy óndiris kólemi ortasındaǵı bul keri baylanıs 158.1-sızılmada anıq sáwlelengen.

Sızılmadan kórinip turǵanınday, jalpı talaptıń qıya sızıǵı jeke talaptıń qıya sızıǵına uqsas, biraq óz-ara baylanıslı kórsetkishler bir-birinen parqlanadı. Eger jeke talaptıń qıya sızıǵı túrli baha kórsetkishlerinde ayırım tutınıwshınıń málim bir tovarǵa bolǵan talabınıń muǵdarı ortasındaǵı baylanıstı sáwlelendirse, jalpı talaptıń qıya sızıǵı mámlekettegi bahalardıń túrli dárejesi hámde óndiristiń real kólemi ortasındaǵı baylanıstı sáwlelendiredi.

Sonday-aq, jeke talaptıń qıya sızıǵınıń páseyiwsheńligi dáramat hám almasıw nátiyjeliginiń háreket etiwi menen túsindirilse, jalpı talaptıń qıya sızıǵınıń páseyiwsheń kóriniste bolıwı bahalardıń ulıwmalıq dárejesiniń ózgeriwi nátiyjesinde júz beriwshi procent stavkasınıń nátiyjesi, baylıq nátiyjesi hám import tovarların satıp alıw nátiyjesi arqalı túsindiriledi.




**15.1-sızılma. Jalpı talaptıń qıya sızıǵı**

## 2. Jalpı usınıs túsinigi. Jalpı usınıstıń quramı hám oǵan tásir etiwshi faktorlar

**Jalpı usınıs (*aggregate supply, AS*) – bul mámlekette málim bir waqıtta bahalardıń málim bir dárejesinde islep shıǵarılıp, satıwǵa shıǵarılǵan barlıq tovarlar hám xızmetlerdiń muǵdarı.** Bul bahalardıń túrlishe múmkin bolǵan ortasha bolǵan dárejesinde milliy óndiristiń bar bolǵan real kólemin kórsetedi. Ápiwayıraq etip aytqanda jalpı usınıs barlıq jeke usınıslardıń summası esaplanadı.

Jalpı usınıs hár qıylı islep shıǵarılǵan tutınıw tovarları hám xızmetlerden hámde investiciyalıq tovarlardan ibarat boladı. Bunnan tısqarı, jalpı usınısqa úy xojalıqlarınıń usınıs etetuǵın jumıs kúshi resursları da kiredi. Álbette, islep shıǵarılǵan hám satıwǵa mólsherlengen tutınıw tovarları hám xızmetleri de, sonday-aq, investiciyalıq tovarlardıń túrleri de oǵada kóp hám olar túrlishe. Biraq jalpı usınıs óziniń jámiyetlik zárúrli paydalılıǵı menen, yaǵnıy óziniń túrleri, muǵdarı hám sapası boyınsha hámde jámiyetlik qunı boyınsha sol dáwirdegi jámiyet aǵzalarınıń talaplarına sáykes keliwi kerek.

Jalpı usınısqa, eń dáslep, bazar bahalarınıń dárejesi menen jámiyetlik qun muǵdarı ortasındaǵı salıstırmanıń ózgeriwi tásir kórsetedi. Bahalar dárejesiniń qun muǵdarınan artıwı qosımsha tovarlar islep shıǵarıw ushın qızıǵıwshılıq jaratadı. Bahalar dárejesiniń qunnan páseyiwi bolsa tovar islep shıǵarıwdıń qısqarıwına alıp keledi. Sonlıqtan túrli tovarlardıń bahaları hám milliy óndiris kólemi ortasında tuwrıdan-tuwrı yamasa tikkeley baylanıs bar boladı.

Bul baylanıs jalpı usınıstıń qıya sızıǵında anıq kórinedi (15.2-sızılma).




**15.2-sızılma. Jalpı usınıstıń qıya sızıǵı**

Sızılmadan kórinip turǵanınday, jalpı usınıstıń qıya sızıǵı óz forması boyınsha jeke yamasa bazar usınısınıń dástúriy qıya sızıǵınan parqlanadı.

Usı orında sonı aytıw kerek, uzaq hám qısqa múddetli dáwirdegi jalpı usınıstıń qıya sızıǵı bir-birinen parqlanadı. Uzaq dáwirdegi jalpı usınıstıń qıya sızıǵı óz formasına muwapıq, sızılmadaǵı $Y_t$ tochkasına shekem jaylasqan hár qanday tik (vertikal) sızıqtan ibarat boladı. Ekonomikalıq resurslardıń óndiriske barǵan sayın kóbirek tartılıwı usı sızıqtı $Y_t$ tochkasına jaqınlastıradı hám aqırǵı nátiyjede sol tochkada jaylasqan sızıqqa teńlesedi. Sebebi qosımsha resurs hám imkaniyatlardı iske salıw ushın waqıttıń jeterli bolıwı uzaq múddetli dáwirde ekonomikada tolıq bántlilik jaǵdayına alıp keledi.

**Jalpı usınıstıń muǵdarına tásir etiwshi faktorlar**. Jalpı usınısqa bahadan tısqarı bir qatar faktorlar tásir kórsetedi. Bul faktorlardan bir yamasa bir neshesiniń ózgeriwi jalpı usınıstıń ózgeriwine sebep boladı. Jalpı usınıstıń bahadan tısqarı bul faktorları ulıwmalıq bir belgige iye: eger olar ózgerse, ónim birligine óndiris qárejetleri de ózgeredi. Nátiyjede jalpı usınıstıń qıya sızıǵı ornın ózgertedi. Bul faktorlardıń hár birine qısqasha toqtap ótemiz.

**1. Resurslar bahasınıń ózgeriwi**. Resurslar bahası tayar ónim bahasınan ózgeshelenip, jalpı usınıstıń áhmiyetli faktorı esaplanadı.

**2. Nátiyjeliktiń ózgeriwi. Nátiyjelik** – bul 3-temada aytıp ótkenimizdey, milliy óndiristiń real kóleminiń jumsalǵan resurs muǵdarına salıstırması.

**3. Aymaqlıq normalardıń ózgeriwi**. Kárxanalar óz xızmetinde tiykarlanatuǵın huqıqıy normalardıń ózgeriwi ónim birligine tuwrı keletuǵın qárejetlerdi hám jalpı usınıstı ózgertiwi múmkin.

Mámleket tárepinen tártipke salıw xarakteri hám usıllarınıń ózgeriwi de kópshilik jaǵdaylarda ónim biriligine óndiris qárejetlerin hám sol arqalı jalpı usınıstı ózgertedi.

## 3. Jalpı talap hám jalpı usınıs ortasındaǵı salıstırma hám onıń ózgeriwi

Biz joqarıda jalpı talap mámleket kóleminde onıń barlıq tarawlarında, strukturalıq bólimlerinde bar bolıp, túrli tovar hám xızmetlerdi satıp alıwǵa mólsherlengen pullardıń muǵdarı sıpatında, jalpı usınıs bolsa pútkil mámlekettegi barlıq tarawlarda, aymaqlarda, barlıq kárxana hám shólkemlerde satıw ushın islep shıǵarılǵan tovarlar hámde xızmetlerdiń jalpı muǵdarı sıpatında payda bolıwın sáwlelendirgen edik.

Endi sonı aytıw kerek, milliy bazarda, sawda processinde pul iyeleri, yaǵnıy talap etiwshiler qolındaǵı pullar tovar hám xızmetlerdiń iyelerine, kerisinshe islep shıǵarılǵan tovar hám xızmetler bolsa pul iyeleriniń qolına ótiwi lazım. Basqasha aytqanda tovarlar dúnyası menen pul dúnyası qarama-qarsı aǵım payda etedi. Bunıń ushın bolsa pul iyeleri satıp almAQShı bolǵan tovar hám xızmetler quramı, muǵdarı, sapası hámde bahası boyınsha islep shıǵarılǵan tovarlar hám xızmetlerdiń túri, muǵdarı, sapası hámde qunı menen sáykes keliwi lazım. Bunday sáykesliktiń qanshelli támiyinleniwi kóbinese bazar arqalı anıqlanadı hám tártipke salınadı. Bul sáykeslik dárejesi jalpı talap hám jalpı usınıs ortasındaǵı salıstırma hám onıń ózgeriwi arqalı anıqlanadı.

Jalpı talap hám jalpı usınıs teńsalmaqlıǵı jalpı usınıs qıya sızıǵınıń qaysı kósherde júz beriwine qarap ózine tán ózgeshelikke iye boladı.

Jalpı talaptıń qıya sızıǵı jalpı usınıstıń qıya sızıǵın kósherde kesip ótse, baha dárejesi milliy óndiristiń teńsalmaqlı real kóleminiń qáliplesiwine hesh qanday tásir kórsetpeydi. Bunda jalpı talap muǵdarınıń ósiwi milliy óndiristiń real kóleminiń ósiwine, onıń kemeyiwi bolsa bul kólemniń kemeyiwine alıp keledi. Biraq bul ózgerisler ekonomikadaǵı ulıwma baha dárejesiniń ózgeriwisiz júz beredi (15.3-sızılma).




**15.3-sızılma. Jatıq kósherde jalpı talap hám jalpı usınıs teńsalmaqlıǵınıń ózgeriwi**

Demek, jalpı talaptıń ósiwi jalpı usınıstıń qaysı kósherde júz beriwinen kelip shıqqan halda baha dárejesine túrlishe tásir kórseter eken. Jalpı talaptıń kemeyiwi de túrli kósherlerde túrlishe keshedi. Eger jatıq kósherde jalpı talap kemeyse, milliy óndiristiń real kólemi kemeyip, baha dárejesi ózgerissiz qaladı. Tik kósherde baha túsedi, milliy óndiris tolıq bántlilik dárejesinde bolǵanlıǵı sebepli, onıń real kólemi qısqaradı hám baha dárejesi páseyedi. Mine sol waqıtta bul jerde sonı aytıw lazım, aralıq hám tik kósherlerde jalpı talaptıń qısqarıwı jaǵdaydı quramalastırıwshı faktorlar tásirinde birden bahanıń páseyiwine alıp kelmewi múmkin. Bul quramalılıq sonnan ibarat, tovarlar hám resurslar bahasınıń páseyiw principine iye bolmaydı.

### Qadaǵalaw sorawları

1. Jalpı talapqa anıqlama beriń
2. Jalpı talaptıń quramın túsindiriń.
3. Jalpı talapqa tásir etiwshi faktorlardı sanań hám olarǵa mısal keltiriń.
4. Jalpı usınıs degenimiz ne?
5. Jalpı usınıstıń qumamın túsindiriń.
6. Jalpı usınıstıń muǵdarına qanday faktorlar tásir kórsetedi?
7. Házirgi waqıtta Ózbekstanda jalpı usınıstıń ózgeriwine kóbirek qanday faktorlar tásir kórsetpekte?
8. Jalpı talap penen jalpı usınıs teńsalmaqlıǵınıń áhmiyeti nede?

## 16-TEMA. TUTÍNÍW, TOPLAW HÁM INVESTICIYALAR (4 saat)

### 1. Tutınıw hám toplawdıń ekonomikalıq mazmunı hámde olardıń óz-ara baylanıslılıǵı

Jalpı ishki ónimniń háreket etiw formalarınıń ishinde amortizaciya fondı, milliy dáramattıń keyingi háreketleri, isletiliw forması hám baǵdarların biliw áhmiyetli orın iyelep, olar xalıq abadanshılıǵına tikkeley tásir kórsetedi.

Sonlıqtan milliy dáramattıń strukturalıq bólimlerin analizlep, onıń tutınıw hám óndiristi keńeytiwge sarplanatuǵın bólegi bolǵan toplawdıń ekonomikalıq mazmunın óz aldına úyreniw zárúr.

Milliy ekonomikada jańadan júzege keltirilgen qun, yaǵnıy milliy dáramat tutınıw hám toplaw maqsetlerinde jumsaladı.

**Tutınıw (*ing. consumption - C*) jámiyettiń ekonomikalıq mútájliklerin qanaatlandırıw processinde islep shıǵarılǵan tovar hám xızmetlerden paydalanıwdı bildiredi.** Bunda óndirislik hám jeke tutınıw bir-birinen parqlanadı.

**Óndirislik tutınıw** tikkeley óndiris processine tiyisli bolıp, óndiris quralları hám insannıń jumıs kúshiniń tutınılıwı, yaǵnıy olardan óndirislik maqsette paydalanıw processin ańlatadı.

**Jeke tutınıw** óndiris tarawınan tısqarı júz berip, bunda tutınıw buyımlarınan tikkeley paydalanıladı.

Milliy dáramattıń jámiyet aǵzalarınıń materiallıq hám mádeniy mútájliklerin qanaatlandırıwǵa jumsalatuǵın bólegi **tutınıw fondı** dep ataladı. Tutınıw fondı pútkil xalıqtıń jeke tutınıwın, xalıqqa sociallıq xızmet kórsetetuǵın shólkemlerdegi, sonday-aq, ilimiy shólkemler hám basqarıwdaǵı barlıq shıǵınlardı óz ishine aladı.

Tutınıw fondınıń jeke dáramat formasında xalıqtıń qolına kelip túsetuǵın bólegi tutınıw qárejetleri maqsetinde jumsaladı**. Tutınıw qárejetleri – bul xalıqtıń aǵımdaǵı dáramatlarınıń tirishilik ónimleri hám xızmetler ushın jumsalatuǵın bólegi.** Xalıq óz dáramatın jumsar eken, aǵımdaǵı tutınıw hámde keleshektegi tutınıwdıń muǵdarın arttırıw ortasında tańlawdı ámelge asıradı.

Keleshektegi tutınıw muǵdarın arttırıw imkaniyatı ağımdağı dáwirdegi toplawǵa da baylanıslı boladı. **Toplaw *(ing. save)*– bul xalıq, kárxana (firma) hám mámlekettiń aǵımdaǵı dármatlarınıń keleshektegi mútájliklerin qanaatlandırıw hám dáramat alıw maqsetlerinde toplanıp barıwı.** Onıń muǵdarı barlıq xojalıqlar dáramatınan tutınıw qárejetlerin ayırıp taslaw jolı menen anıqlanadı.

Usıǵan muwapıq, toplaw – bul múddeti boyınsha keshiktirilgen tutınıwdı ańlatadı. Sonıń menen birge aǵımdaǵı dáwirde ámelge asırılǵan toplaw aǵımdaǵı tutınıwdıń shegirilgen bólegi esaplanadı, sebebi toplaw xalıqtıń hám kárxananıń ıqtıyarındaǵı dáramattıń tutınıwǵa jumsalmaǵan bólegi bolıp tabıladı:

$$Y = C + S,$$

bul jerde:

Y – barlıq xojalıqlardıń ıqtıyarındaǵı dáramat;

C – tutınıw muǵdarı;

S – toplaw muǵdarı .

Sonlıqtan dáramat quramındaǵı tutınıw qárejetleri hám toplawdıń salıstırmasınıń ózgeriwi bir qatar, ayırım jaǵdaylarda qarama-qarsı aqıbetlerge alıp keliwi múmkin.

Tutınıw hám toplaw dárejesin anıqlap beriwshi tiykarǵı faktor **milliy dáramat** esaplanadı. Biraq milliy dáramattıń quramında tuwrı salıqlar da bar boladı. Sonlıqtan salıqlardı tólegennen keyin **xalıqtıń qolında qalatuǵın dáramat** tutınıw qárejetleri hám jeke toplawdıń jıyındısına teń boladı. Tutınıw hám jeke toplawdıń dárejesi tikkeley salıqlar tólengennen keyin qalǵan dáramat penen anıqlanadı. Bul dáramattı biz analiz waqtında **ıqtıyardaǵı** yamasa **sap dáramat** dep aytamız**.** Demek bul dáramat tutınıwdıń da, toplawdıń da ulıwmalıq faktorı esaplanadı. Sebebi toplaw dáramattıń tutınılmaytuǵın bólegi esaplansa, salıqlar tólengennen keyingi dáramat jeke toplawdı anıqlap beretuǵın tiykarǵı faktor bolıp shıǵadı. Hár jılǵı haqıyqıy tutınıw muǵdarı hám salıqlar tólengennen keyingi dáramat ortasındaǵı parq sol jıldaǵı toplaw muǵdarın anıqlaydı.

Tutınıw hám toplawdıń muǵdarı hámde oǵan tásir kórsetiwshi faktorlar ortasındaǵı baylanıs **tutınıw hám toplaw funkciyası** dep ataladı. Bul funkciyalardı túsindiriwde klassik ekonomistler hám keynsshilerdiń kóz-qarasları bir-birinen parqlanadı. Klassik ekonomistlerdiń pikirine muwapıq, adamlar óz qarjıların qosımsha dáramat keltiretuǵın jaǵdayda toplawǵa baǵdarlawǵa háreket etedi. Usıǵan muwapıq, banklerdiń real procent stavkası qanshelli joqarı bolsa, olardıń toplawǵa qızıǵıwshılıǵı sonshelli kúshli boladı, yaǵnıy toplaw real procent stavkasınıń ósip barıwshı funkciyası esaplanadı. Xalıq dáramatları tutınıw hám toplaw qarjılarınıń jıyındısınan ibarat bolar eken, real procent stavkasınıń ósiwi menen tutınıw kemeyip, páseyiwi menen bolsa kóbeyip baradı. Basqasha aytqanda, klassik ekonomitslerdiń pikirine muwapıq tutınıw **real procent stavkasınıń páseyip barıwshı funkciyası** esaplanadı.

J.M.Keyns klassik ekonomistlerdiń bul pikirlerine qarsı shıǵıp, uy xojalıqlarınıń tutınıw qárejetleri real procent stavkasına sonshelli baylanıslı ekenligin, adamlar ushın barlıq waqıtta aǵımdagı tutınıwdıń keleshektegi tutınıwdan abzallıǵın keltiredi. Ol tutınıw qárejetleriniń dárejesine tásir kórsetiwshi tiykarǵı faktor sıpatında úy xojalıqlarınıń aǵımdaǵı dáramatların kórsetedi. Demek, Keynstiń pikirine muwapıq, **tutınıw úy xojalıqlarınıń aǵımdaǵı dáramatlarınıń ósip barıwshı funkciyası** esaplanadı:

$$C = f(Y)$$

Tutınıw funkciyasın grafik kórinisinde de súwretlew múmkin (16.1-sızılma). Bunda tik (vertikal) kósherge tutınıw qárejetleri, jatıq (gorizontal) kósherge bolsa xalıqtıń ıqtıyarındaǵı dáramat muǵdarı jaylastırıladı.




**16.1-sızılma. Tutınıw funkciyasınıń grafiktegi kórinisi**

Hár eki kósher ortasınan 45° astında ótiwshi 0F tuwrı sızıq tutınıw qárejetleri bir-birinen ıqtıyardağı (sap) dáramattıń muğdarına teń ekenligin sáwlelendiredi. 0Y kósherindegi hár qanday dáramat muğdarın sáwlelendiriwshi usı sızıqta jaylasqan tochka 0C kósheriniń tiyisli muğdardağı tutınıw qárejetine teń boladı. Basqasha aytqanda, úy xojalığı sap dáramatınıń barlıq muğdarın tolıq tutınıwğa sarıplaydı. Biraq, bunday teńlik ámelde barlıq waqıtta júz bermeydi. Tutınıw qárejetleriniń muğdarı ayırım waqıtta ağımdağı sap dáramatlar muğdarınan tómen bolıwı, ayırım jağdayda bolsa asıp ketiwi de múmkin. Sonlıqtan tutınıw qıya sızığı C sap dáramat 0F sızığına sáykes bolmaydı. Hár eki sızıqtıń óz-ara kesilisken B tochkası **«0 dárejedegi toplaw»**dı ańlatadı. Bul tochkanıń shep tárepinde tutınıw qárejetleri dáramat muğdarınan joqarı bolıp, bul **unamsız (minus) toplaw** dep ataladı.

Tutınıw hám toplawdıń muğdarına dáramattan tısqarı jáne bir qatar obektiv hám subektiv faktorlar tásir kórsetedi. Obektiv faktorlar ayırım tutınıwshınıń ıqtıyarına baylanıslı faktorlar bolıp, olardan tiykarğıları sıpatında tómendegilerdi kórsetiw múmkin:

- barlıq xojalıqlar tárepinen toplanğan múlk dárejesi;
- bahalar dárejesi;
- real procent stavkaları;
- tutınıwshınıń qarızdarlıq dárejesi;
- tutınıwshılardı salıqqa tartıw dárejesi.

## 2. Toplawdıń faktorları hám nátiyjeligi

**Toplaw** *(ing. save - S)* **dep, milliy dáramatıń bir bóleginiń tiykarğı hám aylanıs kapitalların, sonday-aq, mútáj rezevrlerdi kóbeytiw ushın jumsalıwına aytıladı.**

Óndirislik hám óndirislik emes maqsettegi toplaw bir-birinen parqlanadı. Toplanğan qarjılardıń materiallıq óndiris tarawınıń tiykarğı kapitalların hám aylanıs qarjıların keńeytiwge ketetuğın bólegi **óndirislik tarawdağı toplaw summasın** payda etedi. Óndirislik tarawdağı toplaw ekonomikalıq ósiwdiń áhmiyetli faktorı esaplanadı.

Toplaw summası, onıń muğdarı hám quramı tákirar islep shığarıwdıń pátlerin belgilep beretuğın sheshiwshi faktorlar esaplanadı. **Toplaw norması** tikkeley toplaw summasınıń pútkil milliy dáramattıń kólemine salıstırmalı anıqlanadı:

$$S_n = \frac{S_s}{I_n} * 100\%$$

bunda: $S_n$ – toplaw norması;

$S_s$ – toplaw summası;
$I_n$ - milliy dáramat.

Toplawdıń muǵdarı milliy dáramattaǵı toplaw hám tutınıw muǵdarları ortasındaǵı salıstırmaǵa da baylanıslı boladı.

### 3. Investiciyalar hám olardıń dárejesin belgilewshi faktorlar

**Investiciyalar** (*investment - I*) **– tiykarǵı hám aylanıs kapitalın qayta tiklew hám kóbeytiwge, óndirislik quwatlıqlardı keńeytiwge jumsalǵan shıǵınlardıń pul formasındaǵı kórinisi**. Ol pul qarjıları, bank kreditleri, akciya hám basqa bahalı qaǵazlar kórinisinde ámelge asırıladı. Pul qarjıları kórinisndegi investiciya **nominal investiciya**, mine usı pul qarjılarına satıp alıw múmkin bolǵan investiciyalıq resurslar **real investiciya** dep ataladı.

Investiciyalardı júzege shıǵarıw boyınsha ámeliy háreketler – **investiciyalıq xızmet**, investiciyalardı ámelge asırıwshı tárep - **investor** dep júrgiziledi.

Investiciyalıq xızmet tómendegi derekler esabınan ámelge asırılıwı múmkin:

- investorlardıń óziniń finanslıq resursları (payda, amortizaciya ajıratpaları, pul amanatları hám t.b.);
- qarızǵa alınǵan finanslıq qarjılar (obligaciya zayomları, bank kreditleri);
- tartılǵan finanslıq qarjılar (akciyalardı satıwdan alınǵan qarjılar, fizikalıq hám yuridikalıq táreplerdiń pay hám basqa tólemleri);
- mámleketlik byudjet qarjıları;
- sırt el investorlarınıń qarjıları.

### 4. Toplaw hám investiciya ortasındaǵı teńsalmaqlılıqtı támiyinlew mashqalaları

Investiciya hám toplaw ortasındaǵı teńsalmaqlılıqtı támiyinlew baǵdarında bir qatar teoriyalıq kóz-qaraslar bir-birinen parqlanadı. Bul baǵdarda eń dáslep klassik ekonomistlerdiń kóz-qarasların kórip shıǵamız.

Klassik ekonomistlerdiń kóz-qarasındaǵı eń oraylıq jaǵday – bul olar tárepinen procent stavkasınıń hám investiciyanıń, hám toplawdıń funkciyası sıpatında qaralıwı esaplanadı (16.2-sızılma).




**16.6-sızılma. Toplaw hám investiciya ortasındaǵı teńsalmaqlıqtıń klassik modeli**

Sızılmadan kórinip turǵanınday, klassik modeldi dúziwde tik (vertikal) kósher boyınsha real procent stavkası, jatıq (gorizontal) kósher boyınsha bolsa toplaw hám investiciya muǵdarınıń kórsetkishleri jaylastırılǵan.

Keynsshilerdiń investiciya hám toplaw ortasındaǵı teńsalmaqlıq modeli óz dúzilisi boyınsha klassik modelden parqlanadı. Bunda eń oraylıq tochka – J.M.Keyns tárepinen toplaw procent stavkasınıń emes, al dáramattıń funkciyası dep qaralıwı esaplanadı: $S = S(Y)$. Investiciya bolsa, klassik modeldegi sıyaqlı, procent stavkasınıń funkciyası dep alınadı: $I = I(r)$. Yaǵnıy, keynsshe koncepciyanıń

tiykarında toplaw hám investiciya dárejeleriniń basqa-basqa faktorlar tásirinde ózgeriwi jatadı. Keynsshe modeldiń mánisin 19.6-sızılması arqalı túsindiriw múmkin.




**16.3-sızılma. Toplaw hám investiciya ortasındağı teńsalmaqlıqtıń keynsshe modeli**

Sızılmadan kórinip turğanınday, grafik kórsetkishleriniń jaylasıwı da klassik modelden parqlanadı. Tik (vertikal) kósherde toplaw (S) hám investiciya (I) dárejesi, jatıq (gorizontal) kósherde bolsa milliy dáramat dárejesi (NI) jaylasqan. Ekonomikadağı toplaw dárejesi miliy dáramattıń muğdarına baylanıslı halda ózgeredi. Milliy dáramattıń muğdarı ámelde investiciyanıń dárejesine de tásir kórsetsede, bul modelde onı milliy dáramatqa baylanıslı bolmağan, yağnıy avtonom halda beriledi.

### Qadağalaw sorawları

1. Tutınıw, toplaw hám investiciyalardıń mazmunın qısqasha táriyipleń.
2. Tutınıw hám toplawdıń dárejesin anıqlawshı faktorlardı sanap kórsetiń.
3. Tutınıw hám toplaw funkciyalarınıń mazmunın túsindiriń.
4. Toplaw norması qalay anıqlanadı? Oğan qanday faktorlar tásir kórsetedi?

### Tapsırmalar

1. Toplaw hám tutınıw kólemine tásir kórsetiwshi faktorlar boyınsha keste dúziń.

## 17-TEMA. EKONOMIKALÍQ RAWAJLANÍW. EKONOMIKALÍQ ÓSIW HÁM MILLIY BAYLÍQ (4 saat)

### 1. Ekonomikalıq ósiwdiń mánisi hám kórsetkishleri

Ekonomikalıq ósiw barlıq mámleketler aldında turğan oraylıq ekonomikalıq mashqala esaplanadı. Onıń ósiw pátine qaray mámlekette ekonomikalıq resurslardıń sheklengenligi mashqalasınıń qalay sheshiliwi, milliy ekonomikanıń rawajlanıw dárejesi hám xalıqtıń turmıs dárejesine baha beriledi[21].

**Ekonomikalıq ósiw** (ingl. *economic growth*) – **bul ekonomikanıń rawajlanıwı, yağnıy turmıslıq ónimler bolğan tovar hám xızmetlerdi islep shığarıwdıń kóbeyip barıwı.**

Ekonomikalıq ósiw absolyut hám salıstırmalı boladı.

**Absolyut ekonomikalıq ósiw** (*absolute economic growth*) tovar hám xızmetler qanday muğdarda kóbeygenligin bildiredi. Bunı ($EG_A$) anıqlaw ushın real JIÓ niń házirgi kóleminen ($M_2$) aldıńğı kólemi ($M_1$) shegirip taslanadı. Bunda $EG_A = M_2 - M_1$

[21] Гукасьян Г.М. Экономическая теория. Учебная пособие. М. Питер, 2010, стр. 295

boladı. Mısalı, mámlekette 2014-jıl real JIÓ kólemi 185 mlrd. dollar quraǵan bolsa, 2016-jılda bul kórsetkish 225 mlrd. dollardı quraǵan, dep alsaq, bunda absolyut ekonomikalıq ósiw 40 mlrd. dollarǵa (225-185=40) teń boladı. Absolyut ósiw ekonomikalıq potencialdıń úlken yamasa kishi ekenligin bildiredi. Eger mámlekettiń ekonomikalıq qúdireti úlken bolsa, absolyut ósiwdiń kólemi úlken boladı. Eger onıń ekonomikası hálsiz (tómen) bolsa, absolyut ósiw kólemi kishi boladı. Mısalı, 2016-jılda absolyut ósiw AQShta 110,9 mlrd. dollardı quraǵan bolsa, Mongoliyada bul kórsetkish 125 mln. dollardı quradı, yaǵnıy AQShtan 88,8 ese kem boldı.

**Salıstırmalı ekonomikalıq ósiw** (*relative economic growth*) ekonomikalıq ósiwdiń jedellik pátin bildiredi hám ol procentte sáwlelenedi. Onı ($EG_r$) anıqlaw ushın házirgi real JIÓ kóleminiń ósiwi ónim dáslepki kólemi menen salıstırıladı. Bunda $EG_r = \frac{M_2 - M_1}{M_1} * 100\%$ payda boladı. Mısalı, aldıńǵı dáwirde real JIÓ 630 mlrd. doll., keyinala ol 730 mlrd. dollar bolǵan. Bunda $EG_r = \frac{700-630}{630} * 100\% = 11{,}1\%$.

Aytılǵan dáwirde JIÓniń ósiw páti 11,1 % bolǵan. Biraq bul absolyut ósiw emes, al salıstırmalı ósiwdi bildiredi. Mámlekettiń ekonomikalıq potencialına qarap salıstırmalı ósiwdiń absolyut salmaǵı túrlishe boladı. Mısalı, bir jerde 1 % ekonomikalıq ósiw JIÓniń 5 mlrd. dollarǵa kóbeyiwin bildirse, basqa jerde bunıń 60 mlrd. dollarǵa artqanlıǵın bildiredi. Biraq ekonomikalıq ósiw qanshelli jedel ámelge asırılsa, sonshelli mámlekettiń potencialı da artıp baradı. Bunı Qıtay mısalında kóriw múmkin. Sońǵı 20 jılda bul jerdegi JIÓ jılına 8-10 % kóbeydi.

Jan basına esaplanǵan real JIÓ bul ekonomika mútájlikti qanaatlandırıwǵa qanshelli dárejede qábiletli ekenligin bildiredi. Bunı anıqlaw ushın JIÓ kólemi xalıq sanına bólinedi. JIÓ kólemi kóp bolǵanı menen, eger xalıq sanı da kóp bolsa jan basına JIÓ kem boladı. JIÓ kólemi kishi bolǵanı menen xalıq sanı da az bolsa, jan basına JIÓ kóp bolıwı múmkin.

## 2. Ekonomikalıq ósiwdiń faktorları hám túrleri

Ekonomikalıq ósiw óndiristiń rawajlanıwı bolar eken, buǵan tásir etiwshi kúshler óndiris faktorlarınan basqa nárse bolıwı múmkin emes. Sonlıqtan bul resurslardıń muǵdarı, sapası hám olardıń qanshelli nátiyjeli isletiliwine baylanıslı boladı, sebebi resurslar óndiris faktorlarına aylanadı. Resurslar kóbeygende tovarlar hám xızmetler aldıńǵıdan kóbirek jaratıladı. Mısalı, jańa jerler ashılsa, jańa kánler, suw derekleri iske túsirilse, mashina-úskeneler hám islewshiler sanı kóbeyttirilse, óndiris ósedi. Olardıń sapası joqarı bolsa, olardıń qárejetine salıstırǵanda óndiris tezirek ósedi. Eger jańadan ashılǵan jerde topıraqtıń tábiyiy hasıldarlıǵı joqarı bolsa, jetistirilgen ónim kóp boladı. Ashılǵan neft kánindegi neft sayız jaylasqan bolıp, ol taza bolsa alınǵan neft ónimi de kóp boladı. Altın kánindegi ruda quramında altınnıń úlesi kóp bolsa, tábiyiy túrde, altın qazıp alıw kóbeyedi. Kárxanalarda isletiletuǵın mashina-úskeneler kóbeyttirilse, islewshiler sanı kóbeyse de ónim islep shıǵarıw ósedi. Biraq resurslar sheklengenlikten, olardı toqtawsız kóbeyttirip bolmaydı. Sonlıqtan resurslardan únemli paydalanıp ekonomikanı kóteriw zárúrlikke aylanadı.

Eger tábiyiy baylıq itibardan shetlestirilse házirgi waqıttaǵı ekonomikalıq ósiwdiń faktorları tómendegilerden ibarat boladı:

**1.** Óndiristegi **fizikalıq kapital** esaplanǵan mashina hám úskenelerdiń texnikalıq dárejesi, olardıń joqarı ónim bere alıwı. Eger mashina hám úskeneler qanshelli jetilisken bolsa, sonshelli tovar hám xızmetler kóp jaratıladı.

**2. Insan kapitalınıń** sapa dárejesi. Insan kapitalı bul islewshilerdiń bilim dárejesi, jumıs islew sheberligi hám tájiriybesi esaplanadı.

**3.** Óndiristiń **texnologiyalıq** usılları. Bul málim bazar sharayatında hár qanday usıllar menen tovar hám xızmetlerdi jaratıp, olardı óz waqtında bazarǵa jetkerip beriwdi talap etedi.

**4. Investiciyalardıń** muǵdarı hám quramı. Óndiris investiciyası – bul óndiristi keńeytiw ushın jiberilgen materiallıq hám pul qarjıları. Ekonomikalıq ósiw investiciya muǵdarına tuwrı qatnasta boladı.

**5. Bilimlendiriwdiń dárejesi.** Ekonomikalıq ósiw júz beriwi ushın materiallıq hám insan kapitalınıń jetiliskenligi bir-birine sáykes bolıwı talap etiledi.

**6.** Ekonomikalıq **erkinlik** dárejesi. Bul bazar kúshleriniń erkin háreket etiwin hám ekonomikaǵa tásirin bildiredi. Erkinliktiń tiykarın jeke menshik quraydı.

**7.** Ekonomikanıń **ashıq ekenligi.** Bul milliy ekonomikanıń ózgeler ushın ashıq bolıwın, ol jerge sırttan resurslardıń erkin kirip keliwin, eksport hám importtıń keńeyip barıwın ańlatadı.

**8. Xalıq aralıq bazardaǵı jaǵday.** Bul sırtqı bazar konyunkturası bolıp, bul jerde bahalardıń tómenlep hám joqarılap turıwı eksportı úlken mámleketlerdegi ekonomikalıq ósiwge tásir etedi.

**9. Mámlekettegi demografiyalıq jaǵday.** Ekonomikalıq ósiw jan basına esaplanǵan JIÓ niń kóbeyiwin bildirer eken, bul xalıqtıń sanına da baylanıslı boladı.

**Ekonomikalıq ósiwdiń túrleri.** Ekonomikalıq ósiw oǵan túrli faktorlardıń tásirine qarap túrlishe ámelge asırıladı. Ekonomikalıq ósiwdiń 3 túri bar bolıp, olar resurs talap etiwshi (ekstensiv), resurs únemlewshi (intensiv) hám aralas usıllar. Olardıń hár birin kórip shıǵamız.

**Resurs talap etiwshi yamasa ekstensiv ekonomikalıq ósiw (*extensive economic growth*)** júz bergende JIÓ óndiriske qosımsha resurslardı tartıw esabınan kóbeyedi.

Bul usıl mazmunı boyınsha ekstensiv bolıp, kóp resurs sarplap, kóp islep shıǵarıwdı bildiredi. Bunda ekonomikalıq ósiwdiń muǵdarlı faktorları háreketke keledi, yaǵnıy jańa jerler hám kánler ashıladı, jańa zavod-fabrika hám cexlar qurıladı, islep turǵan stanoklar, islewshiler sanı artadı, shiyki zat, janılǵı hám elektroenergiya shıǵını kóbeyedi, biraq miynet ónimdarlıǵı joqarılamaydı, ónim birliginiń shıǵını kemeymeydi. Resurslar shıǵınına sáykes túrde JIÓ ósedi. Mısalı, resurslar shıǵını 10 procent artsa, ónim de sonshaǵa kóbeyedi.

Resurs talap etiwshi usıl mútájliklerdi tolıǵıraq qanaatlandırıwǵa qábiletli bolmaydı. Sonlıqtan **resurs únemlewshi** ekonomikalıq ósiw zárúrlikke aylanadı.

**Resurs únemlewshi yamasa intensiv usıl (*intensive economic growth*) ekonomikalıq ósiwdi resurslardı únemlep isletiw, tovar hám xızmetler birligine ketetuǵın shıǵınlardı kemeytiw arqalı támiyinleniwin bildiredi.**
Bul usıl birinshiden, tovar hám xızmetlerdiń muǵdarı boyınsha kóbeyiwin, ekinshiden, olardıń sapasınıń jańalanıp barıwın támiyinleydi. Biraq bunday nátiyjege resurslardı únemli isletiw arqalı erisiledi, yaǵnıy resurs birligin isletiwden kóbirek hám sapalıraq ónim alınadı.

Ekonomikalıq ósiwdiń eki usılınan tek birewi háreket etedi dep oylaw nadurıs. Bir waqıttıń ózinde hár eki usıl da birgelikte háreket etedi, biraq olardıń birewi ústin boladı. Mine sonda ekonomikalıq ósiwdiń **aralas usılı** kelip shıǵadı. Aralas usıl bolǵanda ekonomikalıq ósiw hám resurslardıń kóbeyiwin, hám olardıń únemleniwi, joqarıda aytıp ótkenimizdey resurslar shıǵınına salıstırǵanda tovar hám xızmetlerdiń kóbirek jaratılıwın bildiredi. Resurs únemlewshi ekonomikalıq ósiwdiń tiykarǵı shárti – bul milliy ekonomikadaǵı miynet ónimdarlıǵın arttırıw esaplanadı.

## 3. Ekonomikalıq ósiwdiń nátiyjeligi

**Ekonomikalıq ósiwdiń nátiyjeligi (*efficiency of economic growth*) – bul ekonomikalıq ósiwge qanday shıǵınlar menen erisilgenligi bolıp, ol JIÓ ósimin shıǵınlar ósimi menen salıstırıw arqalı anıqlanadı.**

Ekonomikalıq ósiwdiń nátiyjeligi – bul makroekonomikalıq xızmettiń nátiyjesi esaplanadı. Onı (S) anıqlaw ushın JIÓ ósimi (ΔM) shıǵınlar ósimi (ΔTC) menen salıstırıladı. Bunda $S = \frac{\Delta M}{\Delta TC}$ payda boladı. Eń dáslep usı ósiwdi anıqlaw kerek. Bunıń ushın sol jılǵı JIÓ nen ($M_2$) aldıńǵı jıldaǵısı ($M_1$), sol jılǵı shıǵınlardan ($TC_2$) aldıńǵı jıldaǵısı ($TC_1$) alıp taslanadı. Bunda $M_2$- $M_1$ hám $TC_2$ – $TC_1$ payda bolıp, olardıń ayırması ósimdi bildiredi. Mısalı, málim bir mámlekette sol jılı JIÓ 550 mlrd. dollar bolıp, aldıńǵısı 500 mlrd. dollar bolsa, onıń ósimi 50 mlrd. dollarǵa (550-500=50) teń boladı. JIÓ jaratıw shıǵınları sol jılı 475 mlrd. dollar, aldıńǵı jılı bolsa 450 mlrd. dollar bolsa, shıǵınlar ósimi 25 mlrd. dollar (475-450=25) boladı. Bunı joqarıdaǵı formulaǵa túsirsek, S= 50\25=2 kelip shıǵadı. Demek, shıǵın birligi 2 birlik JIÓ ósimin bergen, yaǵnıy ekonomika joqarı dárejede nátiyjeli bolǵan. Egerde bul kórsetkish keyinala 2,2 bolsa nátiyjelik artqan (2,2>2), eger 1,8 bolsa nátiyjelik páseygen (1,8<2) boladı.

**Nátiyjeliktiń sociallıq áhmiyeti.** Nátiyjelik ekonomikalıq rawajlanıwdı támiyinlewge xızmet etedi. Bul onıń sociallıq áhmiyetliligi esaplanadı.

**Ekonomikada sonday qaǵıyda bar, oǵan muwapıq adamlardıń ekonomikalıq jaqtan jaqsı jasawı (turmıs abadanshılıǵı), olardıń tovar hám xızmetlerdi qanshelli dárejede jarata alıwın belgilep beredi.**

Adamlar óz miyneti menen jaratqan ónimlerdi tutınadı. Eger bunnan artıq tutınılsa, toplanǵan milliy baylıq jep jiberiledi yamasa mámleket sırtqı qarızǵa batıp qaladı. Sol waqıtta ekonomikanı keleshekte rawajlandırıw ushın investiciya jetispey qaladı, sebebi tutınıwdıń kópliginen toplaw payda bolmaydı.

Ózbekstanda xalıqtıń turmıs dárejesin elede kóteriw ushın ekonomikalıq ósiwdiń nátiyjeligin turaqlı kóterip barıw zárúr.

## 4. Ózbekstanda ekonomikalıq ósiwdiń joqarı pátlerin támiyinlew faktorları hám nátiyjeleri

Ózbekstanda ǵárezsizlik jıllarında alıp barılǵan reformalar arqalı ekonomikanıń turaqlı ósiwi támiyinlendi, makroekonomikalıq hám finanslıq turaqlılıq bekkemlendi, ekonomika hám onıń ayırım tarawları ortasındaǵı sáykeslik kúsheydi; bazar mexanizminiń strukturalıq bólimleri qáliplesti hám onıń infrastrukturaları júzege keltirilip, rawajlandırıldı.

Mámleketimizde ekonomikalıq ósiwdiń joqarı pátlerin támiyinlew maqsetinde tómendegi processlerdiń ámelge asırılıwına úlken itibar qaratıldı:

- keń kólemdegi sistemalı bazar reformaların izbe-iz ámelge asırıw;
- sırt el investiciyaların tartıw ilajların kúsheyttiriw;
- ekonomikada tereń strukturalıq ózgerislerdi ámelge asırıw;
- óndiristi modernizaciyalaw hám jańalaw;
- eksportqa qánigelestirilgen jańa taraw hám kárxanalardı payda etiw;
- kishi biznes hám jeke isbilermenlikti jedel rawajlandırıwǵa qaratılǵan, hár tárepleme puxta oylanǵan siyasattı ámelge asırıw.

## 5. Milliy baylıq hám ekonomikalıq potencial

Ekonomikalıq ósiw mámlekettiń milliy baylıǵı hám ekonomikalıq potencialına súyenedi.

**Milliy baylıq (*national wealth*) málim dáwirde mámlekette toplanǵan materiallıq, mádeniy-ruwxıy ónimler hám tábiyiy baylıqlardıń kompleksi esaplanadı.**

Keń mániste milliy baylıqqa bulardan tısqarı toplanǵan bilimler, kásip hám tájiriybe de kiritiledi. Milliy baylıq bul ayırım millet yamasa aymaqtıń baylıǵı emes, al málim mámlekettiń ulıwmalıq baylıǵı. Ol óziniń ishki dúzilisine qaray **miynet dóretken baylıq** hám **tábiyat inam etken baylıq**tan ibarat. Miynet dóretken baylıq bul tákirar óndiris processinde úzliksiz toplanıp kelingen shiyki zat, janılǵı, bar bolǵan mashina-úskene, imarat-qurılmalar, xalıqqa uzaq múddet xızmet etetuǵın buyımlardan ibarat boladı. Tábiyat inam etken baylıqtı miynet dóretpeydi, ol bar nárse, onnan miynet járdeminde paydalanıladı. Buǵan jerdiń ózi, ondaǵı baylıqlar kiredi, onı pulǵa teńlestirip bahalanadı. Mısalı, Ózbekstannıń jer astı baylıqlarınıń qunı 3,5 trillion dollarǵa teń dep bahalanǵan. Tábiyiy baylıq qanshelli kóp bolsa sonshelli mámleket te bay boladı. Biraq bunıń ushın olar ámelde isletiliwi kerek, bul bolsa miynet dóretken baylıq esaplanǵan óndiris quwatlıqlarına baylanıslı boladı.

Ózbekstan aymaǵında Mendeleev periodlıq kestesiniń derlik barlıq elementleri tabılǵan. Búgingi kúnde túrli mineral shiyki zatınıń júzge jaqın túrin óz ishine alatuǵın *2700* den zıyat kán hám perspektivalı mineral derekler anıqlanǵan. *900* den zıyat kán qıdırıp tabılǵan bolıp, olardaǵı rezervler qunı *970 milliard AQSh dollarına* teń.

Hár jılı mámleketimiz kánlerinen *5,5 milliard* dollarlıq qundaǵı paydalı qazılma baylıqlar alınbaqta. Jańa rezervlerden alınıp atırǵan baylıqlardı qosıp esaplaǵanda, bul cifr *6-7 milliard dollarǵa* jetpekte.

**Anıqlanǵan jer astı baylıqları (rezervleri) boyınsha**, 200 den aslam mámleketler arasında Ózbekstan[22]: altın 4-orında; uran 7-orında; mis 10-orında; tábiyiy gaz 14-orında.

**Qazıp alıw boyınsha:** kadmiy 3-orında; uran 6-orında; altın hám tábiyiy gaz 8-orında.

**Islep shıǵarıw boyınsha:**qarakól terisi 2-orında; paxta talası 4-orında; jipek shayı shiyki zatı 6-orında; gaz islep shıǵarıw 17-orında.

**Eksport etiw boyınsha:** paxta talası 3-orında; uran 3-orında turadı.

Ózbekstan úlken muǵdardaǵı gaz hám neft rezervlerine iye. Anıqlanǵan gaz rezervi 2 trillion kubometr, kómir rezervi 2 milliard tonnadan zıyat. Respublikamızda 160 tan zıyat neft` kánleri bar.

Tiykarǵı bes neft-gaz aymaǵın: Ústirt, Buxara-Xiywa, Qubla-Batıs Hisor, Surxandár`ya, Fergana aymaqların ajıratıp kórsetiw múmkin. Neft` resursları boyınsha ulıwma imkaniyat 4 milliard tonnadan zıyat, gaz kondensatı boyınsha 630 million tonna, tábiyiy gaz boyınsha sálkem 5 trillion kubometrdi quraydı.

Neft hám gaz resurslarınıń rezervleri qunı bir trillion AQSh dollarınan asıp ketedi. Nefttiń 90 procentnen kóbiregi eń arzan usılda – favvora formasında qazıp shıǵarılmaqta.

Milliy baylıq materiallıq kóriniske iye bolsada, ol materiallıq hám materiallıq emes tarawda xızmet etedi. Materiallıq tarawdaǵı baylıq kapital formasına iye hám ónimlerdi islep shıǵarıwǵa xızmet etedi. Bularǵa óndirislik imaratlar, qurılmalar, mashina hám mexanizmler, transport quralları, jollar, kanallar, suw saqlaǵıshları kiredi. Materiallıq emes tarawdaǵı baylıqqa sociallıq xızmet kórsetiw tarawındaǵı (bilimlendiriw, mádeniyat, kórkem óner, den sawlıqtı saqlaw, sport, turizm h.t.b.) imaratlar, qurılmalar, mashina-mexanizmler, transport quralları kiredi. Olar materiallıq emes kórinistegi túrli xızmetlerdi kórsetiwde isletiledi.

[22] Ayupov O. Dunyo siyosat jamiyat. Qullanma-málumotnoma. Guliston, 2017, 4-bet

Baylıqtıń arnawlı túri – bul **intellektual** baylıq esaplanıp, ol ilim, ádebiyat hám kórkem óner miynetlerinen, toplanǵan bilimlerden ibarat boladı. Milliy baylıq qanday dáwirde isletiliwine qarap 2 bólimge ajıratıladı: 1) **áwladtan-áwladqa ótiwshi baylıq.** Bul bir neshe áwladqa xızmet etiwshi tariyxıy imaratlar, qurılmalar, suw saqlaǵıshlar, jollar, kanallardı óz ishine aladı. Mısalı, Samarkandtaǵı arxitekturalıq esteliklerden tariyxıy estelik sıpatında derlik 20 áwlad paydalanıp kelmekte. Doslıq kanalınan uzaq jıllardan berli paydalanıp kelinbekte, ol jáne bir neshe áwladqa xızmet etedi; 2) **bir áwladqa** hám onıń túrli toparlarına xızmet etiwshi baylıq. Buǵan uzaq waqıt xızmet etiwshi buyımlar, kishi imaratlar, qurılmalar, úskeneler kiredi.

Milliy baylıq tákirar dóretiliw processinde kóbeyip baradı, bul mámlekettiń ekonomikalıq potencialınıń artqanlıǵın bildiredi.

***Jámiyettiń ónim hám xızmetlerdi islep shıǵarıw qábileti onıń ekonomikalıq potencialı dep ataladı.***

Bul potencial milliy baylıqtıń muǵdarı hám onıń sapası hámde quramına baylanıslı boladı. Baylıq qanshelli úlken bolsa hám onıń quramında óndiris faktorların qurawshı baylıq qanshelli kóp bolsa sonshelli ekonomikalıq potencial kúshli boladı. Biraq erisilgen hám keleshektegi potencialdı bir-birinen parqlanadı.

**Erisilgen potencial** – bul ámelde is berip atırǵan potencial, ol ónim hám xızmetler islep shıǵarıwdı támiyinlep turıwshı potencial. Bul jan basına islep shıǵarılǵan tovarlar hám xızmetlerdiń pulda sáwlelengen muǵdarı menen ólshenedi hám mámleketler boyınsha ózgeshelenedi.

**Keleshektegi potencial** – keleshekte is beriwi múmkin bolǵan potencial. Mısalı, isletilip atırǵan stanoklar, jumıs kúshi hám túrli kánler ámeldegi real potencial bolıp, bul dóretilgen ónim hám xızmetlerde sáwlelenedi. Stanoklar rezervleri (rezervtegi quwatlıqlar) tartılıwı múmkin bolǵan miynet resursları bar ekenligi anıq, biraq ele isletilmegen kánler keleshektegi potencialdı quraydı. Bar bolǵan potencialdıń isletiliwi hám keleshektegi potencialdıń qanshelli tez iske kiriwine qaray tákirar óndiris júz beredi. Mısalı, Norvegiya bunnan 50 jıl aldın Evropadaǵı ekonomikası hálsiz mámleket bolǵan. Eń arqadaǵı neft hám gaz kánleriniń jedel isletiliwi sebepli Norvegiya jan basına dóretilgen ónim hám xızmetler kólemi boyınsha Evropada úshinshi orınǵa, dúnya júzinde besinshi orınǵa shıǵıp aldı.

### Qadaǵalaw sorawları

1. Ekonomikalıq ósiwdıń mazmunın túsindiriń.
2. Absolyut hám salıstırmalı ekonomikalıq ósiwdi mısallarda táriyipleń.
3. Ekonomikalıq ósiw teoriyaları hám modelleri haqqında túsinik beriń.
4. “70 muǵdar qaǵıydası”nıń mazmunın túsindiriń.
5. Ekonomikalıq ósiwdiń faktorların sanań hám olarǵa mısallar keltiriń.
6. Milliy baylıq túsinigin táriyiplep beriń.
7. Ekonomikalıq potencial haqqında túsinik beriń.
8. Ózbekstanda ekonomikalıq ósiwdiń joqarı pátlerin támiyinlewshi faktorlardı sanań hám olardıń nátiyjelerin túsindiriń.

### Tapsırmalar

1. Ekonomikalıq ósiw teoriyaları boyınsha Venna diagrammasın dúziń.
2. Máseleni sheshiń. Eger ótken jılı reai JIÓ 80 mlrd dollardı hám aǵımdaǵı jılda 95 mlrd dollardı quraǵan bolsa, bul jaǵdayda ekonomikalıq ósiwdiń pátin anıqlań.

## 18-TEMA. MILLIY EKONOMIKANÍŃ TEŃSALMAQLÍ RAWAJLANÍWÍ (4 saat)

## 1. Ekonomikalıq teńsalmaqlıq, onı támiyinlew shárt-sharayatları hám anıqlaw usılları

Ekonomika bir qálipte rawajlanıwı ushın onıń túrli tárepleri ortasında sáykesliktiń bolıwı talap etiledi hám bunı olar ortasındağı úzliksiz baylanıslardıń bar ekenligi kórsetedi.

**Ekonomikalıq teńsalmaqlıq (*economic eduilibrium*) dep, ekonomikalıq processler, hádiyselerdiń eki yamasa bir neshe tárepiniń bir-birine teń bolğan jağdayına aytıladı.** Sonlıqtan da pútkil ekonomikanıń teńsalmaqlığı haqqında sóz etilgende eń dáslep jalpı talap hám jalpı usınıs ortasındağı teńlik itibarğa alınadı.

Makroekonomikada ekonomikalıq teńsalmaqlıqtıń qáliplesiw processi hám onı támiyinlew bir qansha quramalı hám qarama-qarsılıqlı jağday esaplanadı. Sebebi ol óz ishine jeke hám ulıwmalıq xarakterdegi bir qatar teńsalmaqlıqlar sistemasın aladı.

**Jeke teńsalmaqlıq (*private equilibrium*) – bul eki óz-ara baylanıslı bolğan ekonomikalıq muğdarlar yamasa ekonomika tárepleriniń muğdarı boyınsha teń keliwi.** Jeke teńsalmaqlıq óndiris hám tutınıw, xalıqtıń satıp alıw qábileti hám tovar usınısı máseleleri, byudjet dáramatları hám qárejetleri, xalıqta tovarlarğa talap hám usınıs ortasındağı teńsalmaqlıqlar kórinisinde júzege keledi.

**Ulıwma teńsalmaqlıq (*general equilibrium*) jámiyettiń barlıq mútájlikleri hám milliy óndiris kóleminiń óz-ara teń keliwin bildiredi**. Ulıwma ekonomikalıq bazar sharayatında, dáslep, jalpı talap hám jalpı usınıstıń teń keliwinde kórinedi. Bul tek tutınıw ónimlerine emes, al óndiris ásbaplarına, jumıs kúshine hámde barlıq ekonomikalıq xızmettiń nátiyjelerine ulıwma talap hám usınıstıń sáykes keliwin ańlatadı.

**Dáramatlar hám shığınlar (qárejetler) teńsalmaqlığı (*equilibrium of incomes and costs*).** Bul málim waqıtta (mısalı, bir jılda) islep tabılğan dáramatlar hám shığınlardıń bir-birine muwapıq bolıwın bildiredi. Bizge málim, jámiyettiń dáramatı – bul JIÓniń qunı bolıp, ol pulda sáwlelenedi. Bul dáramatlar tolıq jumsalıp, olarğa kerekli tovarlar almaslanadı, nátiyjede ekonomikanıń barlıq qatnasıwshılarınıń mútájligi qanaatlandırıladı.

**Tutınıw hám toplawdıń teńsalmaqlığı** (*equilibrium of consumption and save)***.** Jámiyettiń tutınıwı ol qansha tovar hám xızmetlerdi islep shığarğanlığı menen belgilenedi. Biraq JIÓniń hámmesi tutınılıwı múmkin emes, álbette onıń bir bólegi toplanıwı kerek, keri jağdayda ekonomika rawajlanbaydı. Bizge málim, ekonomikalıq ósiwdiń áhmiyetli faktorı bul investiciyalar esaplanıp, onıń tiykarğı deregi bolsa toplawdan ibarat.

**Tovar hám pul teńsalmaqlığı** (*equilibrium of goods and money*). Ekonomikada jámi tovarlar bahasınıń muğdarı hám pul muğdarı ortasında muwapıqlıq bolğanda tovar-pul teńsalmaqlığı payda boladı. Bul teńsalmaqlıq óndiris dárejesine sáykes túrdegi pul aylanısta bolıwın bildiredi. Ekonomika pul menen toyınğan bolıwı zárúr, bul puldıń kerekli muğdarda bolıwın, onnan kem yamasa artıqsha bolmawın bildiredi. Pul kóbeyip ketse, ol qádirsizlenedi, pul kemeyip ketse, sawda jumısları óz waqtında ámelge aspay qaladı. Tovar-pul teńsalmaqlığı sonı bildiredi, aylanıstağı pul muğdarın (M) puldıń aylanıs tezligine (V) kóbeymesi hár bir tovar bahasınıń (P) onıń muğdarına (Q) kóbeymesine teń bolıwı talap etiledi. Bul ekonomikada $M \cdot V = P \cdot Q$ zárúrligin bildiredi. Sonday bolğanda puldıń qádiriniń turaqlılığı támiyinlenedi, pulğa isenim saqlanıp, onı islep tabıwğa umtılıw bar boladı. Bunıń nátiyjesinde ekonomikalıq belsendilik júzege keledi. Aytılğan teńsalmaqlıq buzılıp pul kóbeyip ketse, yağnıy $M \cdot V > P \cdot Q$ jağdayı kelip shıqsa inflyaciya júz beredi hám bul ekonomikağa zıyan keltiredi. Teńsalmaqlıqtıń buzılıwı pul jetispey qalğanda, yağnıy $M \cdot V < P \cdot Q$ bolğanda da júz beredi. Bunda bazar baylanıslarınıń pul menen

támiyinleniwi tómen boladı, tovarlar waqtında satılmay qaladı, nátiyjede resurslardı satıp alıp, óndiristi dawam ettiriw qıyınlasadı. Sonlıqtan tovar-pul teńsalmaqlıǵın saqlap turıw zárúrlikke aylanadı.

## 2. Ekonomikalıq sáykeslik (proporciya) hám onıń túrleri

Milliy ekonomikadaǵı teńsalmaqlıq onıń túrli tárepleri hám tarawları ortasında sáykesliktiń bolıwın talap etedi.

**Ekonomikalıq sáykeslik** (*economic proportion*) – **ekonomikanıń túrli tárepleri hám tarawları ortasında muǵdar hám sapa jaǵınan málim bir sáykesliktiń bolıwı.** Bunda teńlik bolıwı shárt emes. Olar sáykes keliwshi saldıstırmalarda (mısalı, 2:3, 5:3, 3:1) bolıwı múmkin.

Ekonomikalıq sáykesliklerdi bul sıyaqlı túrli kórinistegi klassifikaciyalawlar basqa dereklerde de kóplep ushırasadı. Soǵan muwapıq, olardıń barlıǵın ulıwmalastırıp sáykesliktiń tómendegi toparlarınıń quramına kiritiw múmkin.

**1. Ulıwma ekonomikalıq sáykeslikler.** Bunda milliy dáramattaǵı strukturalıq bólimler: tutınıw fondı hám toplaw fondı ortasındaǵı; ekonomikadaǵı tovar hám xızmetler massası menen pul massası ortasındaǵı; xalıqtıń dáramatları menen qárejetleri ortasındaǵı sáykesliklerdi mısal etip kórsetiw múmkin.

**2. Tarawlar aralıq sáykeslikler.** Milliy ekonomikanıń teńsalmaqlıǵın támiyinlewde tarawlar aralıq sáykeslikler ayrıqsha orın iyeleydi.

**3. Taraw ishindegi sáykeslikler.** Tarawlar aralıq sáykeslik hám milliy óndiris dárejesindegi sáykeslik tarawlar ishindegi sáykeslik arqalı támiyinlenedi.

**4. Aymaqlıq sáykeslikler**. Ekonomikalıq rawajlanıw mámlekettiń ayırım aymaqları ortasındaǵı baylanıslılıqtı da talap etedi.

**5. Mámleketler aralıq sáykeslikler**. Bul sáykeslikti eki jaǵday talap etedi. Birinshiden, dúnyanıń kópshilik mámleketleri xalıq aralıq miynet bóliniwshiligi arqalı bir-biri menen baylanısqan, ekinshiden, usı baylanıslılıq arqalı milliy óndiristiń bir bólegi sırt ellikler tárepinen satıp alınadı yamasa milliy óndiriwshiler óz tutınıwınıń bir bólegin sırttan keltirilgen ónimler esabınan qanaatlandıradı. Bul baylanıslılıq qanshelli úlken bolsa, sap eksporttıń kólemi arqalı makroekonomikalıq sáykeslikke sonshelli kúshli tásir kórsetedi.

Qarap shıǵılǵan sáykesliklerge erisiw arqalı milliy óndiristiń teńsalmaqlı rawajlanıwın támiyinlep barıwdan tómendegiler názerde tutıladı:

- mámlekette bar bolǵan ekonomikalıq resurslardan nátiyjeli paydalanǵan halda jámiyettiń mútájliklerin tolıǵıraq qanaatlandırıp barıw;
- tolıq bántlilikke erisiw, yaǵnıy miynet etiwge qábiletli bolǵan hám jumıs islewdi qálewshilerdi tolıq hám nátiyjeli jumıs penen támiyinlew;
- bahanıń salıstırmalı turaqlılıǵına erisiw hám onı inflyaciya tásirinen azat etiw;
- ekonomikanıń bir normada ósip barıwın jeterli dárejede investiciya menen támiyinlew hám aylanıstaǵı pul massasına baylanıstırıp barıw;
- eksport hám importtı muwapıqlastırıw tiykarında sırtqı sawda balansınıń belsendiligine erisiw.

## 3. Ózbekstanda ekonomikanıń strukturalıq dúzilisin ózgertiwdegi wazıypalar

Ekonomikanı pútkilley jańa tártipler tiykarında reformalaw onıń rawajlanıwında teńsizliklerdiń bolıwı hám turǵınlıq jaǵdaylarınıń kelip shıǵıwın belgili etip qoyadı. Sonlıqtan ekonomikanı turaqlastırıw, bazar ekonomikasına ótiw processinde onı

janlandırıw hám bir tegis rawajlandırıw jolındaǵı nızamlı basqısh esaplanadı. Ol ekonomikalıq rawajlanıwda pútkilley kriziske ushıramaw ushın óndiris hám islep shıǵarılıp atırǵan ónim quramın ózgertiwge, yaǵnıy turǵınlıq jaǵdayların saplastırıwǵa baǵdarlanadı. Respublikada ekonomikalıq reformalardı ámelge asırıwdıń dáslepki dáwirinde turaqlastırıw siyasatınan gózlengen maqset eń dáslep, makroekonomikada teńsalmaqlıqtı saqlaw, óndiristi keskin dárejede páseyiwiniń aldın alıw hám massalıq jumıssızlıqtıń kelip shıǵıwına jol qoymawdan ibarat boldı. Sonıń menen birge, bul siyasat pul emissiyasın basqarıw, onıń qádirsizleniwiniń aldın alıw, mámlekette tólew balansın bir normada saqlaw sıyaqlı maqsetlerdi de óz ishine aladı.

Solay etip, respublikada ekonomikalıq reformalar dawamında makroekonomikalıq turaqlılıqtı támiyinlew hám ekonomikanıń strukturalıq dúzilisin qayta qurıw wazıypalarına xalıqtıń real turmıs dárejesin jaqsılaw ushın zárúr sharayatlardı júzege keltiriw sıpatında qaraldı.

### Qadaǵalaw sorawları

1. Ekonomikalıq teńsalmaqlıq, jeke hám ulıwmalıq teńsalmaqlıqlarǵa táriyip beriń. Olarǵa mısallar keltiriń.
2. Ekonomikalıq teńsalmaqlıqtıń dárejesin anıqlaw usılların túsindiriń.
3. Ekonomikalıq sáykeslik haqqında túsinik beriń.
4. Ekonomikalıq sáykeslik túrlerin sanań hám olardı táriyiplep beriń.

### Tapsırmalar

1. Ekonomikalıq teńsalmaqlılıq túrleri boyınsha klaster dúziń.

# 19-TEMA. EKONOMIKANÍŃ CIKLLÍĠÍ HÁM MAKROEKONOMIKALÍQ TURAQSÍZLÍQ

## 1. Ekonomikanıń ciklli rawajlanıwı. Cikl fazaları

**Bazar ekonomikasınıń ciklli bolıwı onıń bir kóterilip, bir páseyip turıwı arqalı rawajlanıp barıwı, yaǵnıy onıń ósiwiniń tolqın sıyaqlı kóriniste bolıwınan ibarat.**

Bunı biz turmısta gúzetemiz, málim bir mámleket ekonomikası sonsha procent ósti, málim bir mámlekettiń ekonomikası bolsa sonsha procent kemeydi degen xabardı esitemiz. Yamasa málim bir mámlekette krizis jaǵdayı júz berdi, biraq ekonomikada janlanıw gúzetilmekte degen gápti informaciya quralları bizge jetkerip turadı. Ekonomikadaǵı háreket suwdaǵı tolqınnıń bir kóterilip, bir páseyip turıwına megzetiledi. Haqıyqatta ekonomika ósedi, biraq bul kóteriliw, páseyiwi, sońınan jáne kóteriliw kórinisinde boladı. Bunı sızılmada gúzetsek te boladı (19.1-sızılma).






**19.1-sızılma. Ekonomikanıń terbelisli háreketi**

Sızılmadan sonı kóriw múmkin, ekonomika ósip baradı. Biraq ol tolqınlanıp turadı. $A_1$, $A_2$, $A_3$, $A_4$ tochkalarında ekonomika kóterilgen. $V_1$, $V_2$, $V_3$, $V_4$ tochkalarında ol páseygen. Demek, málim dáwir dawamında ekonomikadağı terbelisli háreket gúzetiledi.

Bazar mexanizmi geyde úzliksiz, jaqsı islep, geyde qábiletsiz bolıp qalğanlıqtan ekonomikanıń joqarı ósiwi menen onıń krizis jağdayğa túsip qalıwı da júz beredi. Mine usı jağday onıń ciklli ósiwi esaplanadı. Bul ekonomikanıń túrli basqıshlardan ótiwin bildiredi. Olar tómendegilerden ibarat:

***1-basqısh.*** **Kóteriliw.** Bul **janlanıw** hám **bum**dı (pik) óz ishine aladı. Ekonomika dáslep janlanadı, sońınan ol kúshli ósedi. Dáslep ekonomikalıq ósiw jedellesedi. Mısalı, ol jılına 1-2 procent ósse, sońınan bul 3-4 procentke shığadı hám aqırında ol shoqqığa shıqqanda 6-8 procent óse baslaydı.

**Ekonomikanıń kóterilip eń joqarı basqıshqa shığıwı *bum* dep ataladı.**

Bum jağdayında JIÓ islep shığarıw turaqlı ósip baradı, bántlilik artadı, payda kóbeyedi, puldıń qádiri turaqlasadı, firmalar hám xalıqtıń amanatı (toplawı) ósedi, turmıs dárejesi artadı. Biraq bunday jağday máńgi bolmaydı, onıń ornına waqtı-waqtı menen tómenlew jağdayı da kelip turadı.

***2-basqısh.*** **Recessiya.** Bul krizis hám depressiya (turğınlıq)dan ibarat. Bazarda jámi usınıs talaptan joqarılap ketedi, yağnıy bazarğa shığarılğan tovarlar ol jerde turıp qaladı. Krizis waqtında tovarlardıń satılıwı qısqaradı. Bul óndiristiń qısqarıwına alıp keledi, islewshiler jumıstan bosatılıp jiberiledi, payda muğdarı kemeygenlikten investiciyalıq belsendilik páseyip baradı. Óndiris qısqarğanlıqtan usınıs ta qısqarıp talapqa jaqınlasadı. Biraq ekonomika turğınlıq jağdayında, yağnıy bir jerde turıp qaladı. Bunı **depressiya** jağdayı dep júrgizedi. Bul waqıtta óndiris ya óspeydi, ya páseymeydi.

**Krizis hám depressiya birgelikte *recessiya* dep ataladı.**

Recessiya ekonomikadağı tómenlew jağdayın bildiredi. Tómenlewdiń eń awır forması **stagnaciya** boladı. Stagnaciya júz bergende tómenlew uzaq dawam etedi, ekonomika ózin birden ońlap ala almaydı, ğalabalıq jumıssızlıq júz beredi, xalıqtıń turmıs dárejesi páseyip ketedi. Stagnaciya qanshelli kúshli bolsa, sonshelli onnan shığıw qıyın boladı. Tómenlew aqıbetinde kópshilik ekonomikalıq awır jağdayğa dus keledi. Firmalar paydadan ayırıladı, islewshilerdiń xızmet haqısı páseyip ketedi, mámleketlik byudjetke túsim de qısqaradı.

Bazar ekonomikasınıń tábiyatına ciklli ósiw tán boladı. Sonlıqtan birinshi krizis 1825-jılda (Angliyada) gúzetilgen bolsa, eń sońğısı 2008-jılda (jer júzlik finanslıq-ekonomikalıq krizis) boldı. Eń kúshli krizis 1901,1929-1933-jıllarda júz bergen. 1929-1933-jıllardağı krizis eń qáwipli bolıp, úlken awır jağdaylarğa alıp kelgen. Óndiris AQSh ta 25 procentke qısqarğan, jumıssızlıq 35 procentke shığıp ketken. Bul tariyxta ullı depressiya atın alğan.

Ciklli rawajlanıw ekonomika barlıq waqıtta hám barlıq jerde joqarıda keltirilgen barlıq basqısh(faza)lardan ótedi degen gáp emes. XX ásirdiń 60-jıllarına shekem industrial mámleketler ekonomikası 4 basqıshtı (janlanıw, kóteriliw, krizis, depressiya) basınan keshirgen. Biraq bunnan soń ciklldıń óziniń hám onıń fazalarınıń qısqarıwı hám hátteki gezektegi fazanıń túsip qalıwı júz bergen. Ekonomika turğınlıq fazasın shette qaldırıp krizisten kóteriliw fazasına ótip ketken, krizis dáwiri qısqarğan, krizisler jeńil keshken. Aldınları krizisler kópshilik mámleketlerde bir waqıtta júz berip xalıq aralıq mazmunğa iye bolsa, sońğı 25 jılda krizisler ayırım mámleketlerde ushırasatuğın boldı. Biraq 2008-jılı dáslep AQShta

baslanǵan finanslıq-ekonomikalıq krizis sońınan bir qatar mámleketlerge de tarqaldı hám ol xalıq aralıq mazmunǵa iye boldı. Ekonomikadaǵı tómenlewdiń kem ushırawı, onıń qısqa waqıtta bolıwı hám jeńil keshiwi mámlekettiń aktiv cikllǵa qarsı ilajları sebepli júz beredi. Mámleket tómenlew dáwirlerinde óz buyırtpaların kóbeyttirgen, eksportqa sharayat jaratıp bergen, salıqlardı túsirgen, bántlilikti, sonday-aq dáramattı arttırıw hám sol arqalı jámi talaptı kóbeytiw ilajların qollanǵan.

## 2. Ekonomikalıq cikldıń túrleri

Ekonomikalıq cikllar kelip shıǵıw sebepleri, tiykarǵı belgileri, aqıbetleri hám dawamlılıǵına qaray 3 túrge bólinedi. Olar: úlken, orta hám kishi cikllar.

**Úlken cikllar.** Bular ekonomikalıq rawajlanıwda uzaq dawam etetuǵın dáwir bolıp, ádette 50-60 jılǵa sozıladı. Olar ekonomikadaǵı túpkilikli burılıstıń júz beriwi menen xarakterlenedi.

**Ortasha cikllar.** Bul úlken cikllar dawamında bir neshe ret tákirarlanıp turıwshı cikllar esaplanadı. Bul cikl ortasha waqıt dawamında (aldınları 8-12 jıl, házir 6-8 jılda) boladı. Úlken cikl dáwirine tán bolǵan texnologiya jetilisip turǵanlıqtan ol óndiriste ǵalabalıq tárizde jańalanadı, olardıń eski, kem ónimlisi, ónimi joqarısı menen almastırıladı. Bul óndiristi keńeytip tovarlar usınısın arttıradı. Usınıs hádden tısqarı kóbeyip ketkende ol talaptan artıp ketedi. Teńsalmaqlıq buzılıp, krizis jaǵdayı kelip shıǵadı.

**Kishi-konyunktura cikllarıı.** Bul qısqa waqıtta (3-4 jılda) tákirarlanıwshı cikllar bolıp, bazar konyunkturasınıń ózgeriwi menen túsindiriledi. Talap elastik bolǵanlıqtan ol tez ózgerip turadı. Islep shıǵarılǵan tovarlardıń quramı, bahası hám sapası talapqa juwap bermey qalǵan waqıtlarda olardıń satılıwı qısqaradı. Nátiyjede artıqsha usınıs júzege kelip, bazar teńsalmaqlıǵı buzıladı. Bul qısqa múddetli ekonomikalıq tolqınlardı payda etedi. Ekonomika dáslep kóterilse, keyin páseyedi, sońınan jáne kóteriledi.

## 3. Finanslıq krizistiń mánisi, túrleri, sebepleri hám júzege keliw mexanizmleri

Pul ekonomikanıń barlıq tárepleri ushın azıqlıq bolıp, ekonomikalıq turaqlılıqtıń bolıwı ushın ol bir normada hám toqtawsız hárekette bolıwı talap etiledi.

Puldıń háreketin payda etishi finanslıq institutlar onıń turaqlı bolıwına xızmet etedi. Biraq finans sistemasında da qábiletsizlik jaǵdayı bolıp turadı, sebebi ol qanshelli bekkemlenbesin, bári bir waqıt ótip sharayattıń ózgeriwi menen ol buǵan iykemlesip úlgermeydi. Finanslıq mexanizmler jaqsı is bermey qaladı, nátiyjede pul aǵımında úzilisler payda bolıp, finanslıq krizis júzege keledi.

**Finanslıq krizis - bul finans sistemasında júzege keletuǵın krizis jaǵdayı bolıp, finanslıq baylanıslardıń izden shıǵıwın, finanstıń óz wazıypaların tolıq orınlay almay qalıwın bildiredi.**

Finanslıq krizisler tómendegi jaǵdaylarda júz beredi:

1) bank sistemasınıń krizisi;
2) fond bazarı krizisi;
3) mámleketlik finans krizisi;
4) valyuta krizisi.

Krizis júz bergende finans sistemasınıń barlıq buwınları tómenlew jaǵdayına túsedi, barlıq finanslıq institutlardıń pul operaciyaları qısqarıp ketedi. Finanslıq krizis eń dáslep tiykarǵı finanslıq institutlar esaplanǵan banklerdiń kriziske ushırawın ańlatadı.

Bank sistemasınıń krizisi – bul bankler kapitalınıń úlken bólegin joǵaltıwı nátiyjesinde olardıń óz wazıypaların orınlawǵa ázzilik etiwi, hátteki bankrot jaǵdayına túsip qalıwı.

Fond bazarınıń krizisi ol jerdegi finanslıq aktivler bahasınıń keskin páseyip ketiwi hám bazar aylanısınıń qısqarıp ketiwi nátiyjesinde investorlardıń úlken bóleginiń onı taslap ketiw esaplanadı.

Valyuta krizisi – bul valyutalar qádirsizlenip olardıń kursınıń páseyiwi nátiyjesinde devalvaciyaǵa ushırawı.

Fiskal krizis – bul byudjetke kelip túsetuǵın salıq túsimleri qárejetlerdi qaplamaǵan jaǵdayda byudjet qıtshılıǵınıń artıp barıwı hám mámleket qarızı ósip, ol óz minnetlerin tólewge qábiletli emesligi.

Demek, finanslıq krizis fiskal-byudjet krizisi formasına da kiredi.

## 4. Krizistiń aqıbetleri hám krizislerden shıǵıw jolları. Mámlekettiń kriziske qarsı baǵdarlamaları

Krizistiń aqıbetlerin shártli túrde ekige ajıratıw múmkin:

1) unamsız aqıbetler;
2) unamlı aqıbetler.

Krizisler ekonomika ushın málim emes hádiyse bolǵanlıqtan dáslep onıń unamsız táreplerin kórip shıǵamız. Krizis finanslıq joǵaltıwǵa, yaǵnıy úlken muǵdardaǵı puldıń joytılıwına alıp keledi, bul finans sektorın izden shıǵaradı, finans operaciyaların qısqartadı, aktivlerdiń dáramatlılıǵı túsip ketedi, olar oǵada táwekelshilikli bolıp qaladı. Finans institutlarınıń bir bólegi pulınan ayırılıp bankrot jaǵdayına túsedi. Bankler, finans hám investiciya, qamsızlandırıw kompaniyalarınıń bir bólegi jawılıp ketedi, kriziske shıdamaǵan jeke investorlar finans bazarın tárik etedi.

Krizis finans sektorınan shıǵıp real sektorǵa da ótedi. Úlken pul joǵaltıwları tólew krizisin keltirip shıǵaradı, nátiyjede ekonomika subektleri tólew minnetlerin óz waqtında orınlay almawı yamasa buǵan ulıwma qábiletli bolmawı payda boladı. Barlıq subektlerdiń satıp alıw qábileti páseyip, jámi talap qısqaradı. Eń dáslep, úy xojalıqlarınıń bazar talabı qısqaradı.

Krizistiń aqıbetlerindegi unamlılıq sonnan ibarat, ol finanslıq sistemanı salamatlastıradı. Finans institutları hám jeke investorlar ortasında tábiyiy tańlaw júz berip, olardan jasawshańları aman qalıp, finanslıq resurslar isenimli qolǵa ótedi. Krizistegi unamlılıq jáne sonnan ibarat, ol finans sistemasınıń qay jerinde qanday illet hám kemshiliklerdiń bar ekenligi, bul sistemanı jetilistiriw ushın qanday ilajlardıń zárúr ekenligin kórsetip beredi. Krizistiń bul sabaqların jámiyet esapqa aladı.

Krizisten shıǵıwdı bazar mexanizminiń óz támiyinlewi múmkin, sebebi finans sistemasında qayta tikleniw belgisi bar. Biraq bazar mexanizminiń ózine qoyıp berilgende, krizisten shıǵıw sozılıp ketiwi hám ekonomika úlken zıyan kóriwi, xalıq kúshli qıyınshılıqqa ushırawı múmkin. Sonlıqtan krizisten shıǵıwda mámleket aktiv bolıwı zárúr.

Mámlekettiń kriziske qarsı baǵdarlamalarında ekonomikanıń real sektorın qollap-quwatlawǵa hám eń dáslep kishi, orta biznesti xoshametlewge qaratıladı. Mısalı, 2009-jılı Qubla Koreya húkimeti bankler arqalı kishi hám orta biznesti kreditlestiriw ushın 800 mln. dollar ajırattı.

Mámlekettiń tiykarǵı dıqqatı jumıs orınların kóbeytiwge, dáramatlardı arttırıwǵa qaratıladı, bul bolsa xalıqtıń satıp alıwın kóbeytip, ishki bazardı keńeytedi.

**Krizisten shıǵıwda global birge islesiw.** Krizistiń global xarakterde bolıwı onnan shıǵıwda mámleketlerdiń biige islesiwin talap etedi. Sol maqsette mámleketler aralıq kelisimler qollanıladı. Mámleketler ózleriniń finans siyasatın muwapıqlastıradı. Rawajlanǵan mámleketlerdiń Oraylıq bankleri óz-ara kelisip, olardan hár biriniń likvidligin AQSh dolları menen támiyinlew ushın aktivlerdi bir-birine satıw boyınsha aukcionlar ótkeredi. Evropa mámleketleri kriziske qarsı ilajlardı ótkeriw ushın JIÓniń 1 procentine teń muǵdarda pul ajıratıp, arnawlı fond shólkemlestirdi. Mámleketler aralıq kelisimge muwapıq finans bazarınıń ulıwmalıq tártip-qaǵıydaları birgelikte islep shıǵıladı. Olarǵa muwapıq finans bazarındaǵı operaciyalar ashıq-aydın, hadallıq penen ámelge asırıladı, olar haqqında haqıyqıy maǵlıwmat beriledi, bul finans bazarın mámleket tárepinen qadaǵalawǵa múmkinshilik beriwi lazım. Mámleketler aralıq kelisimge muwapıq banklerdegi amanat sırın saqlaw sheklenedi, sebebi zárúr bolǵanda bir mámleket puqarasınıń basqa mámlekettiń bankindegi pulın qay jerden hám ne ushın ótkergenligin qadaǵalawǵa alıw tártibi kiritiledi. Bunıń menen finanslıq aldawshılıq jolı menen tabılǵan pul aǵımın sheklew imkaniyatı payda boladı. Dúnyanıń jetekshi mámleketleri finanslıq krizisten shıǵıw ushın xalıq aralıq finans institutlarınıń potencialın arttırıw ilajların kóredi. Olar 2009-jıl Xalıq aralıq Valyuta fondına beriletuǵın tólemlerdi arttırıp, onıń ulıwma summası 750 mlrd. dollarǵa jetkerildi.

Sonıń esabınan Xalıq aralıq Valyuta fondı Belarus, Ukraina, Islandiya, Vengriya, Serbiya, Italiya, Latviya hám Armeniyaǵa kredit berdi. Jetekshi mámleketlerdiń Oraylıq bankleri kelisken halda uchyot stavkasın, yaǵnıy qayta finanslastırıw stavkasın páseyttirip, ol 2011-jıldıń aqırına kelip Evropada 0,75 procent, AQShta 0,25 procent, Yaponiyada 0-0,1 procent dárejesinde belgilendi. Bunnan maqset kredit penen real sektordı qollap-quwatlawdan ibarat. Jetekshi mámleketler jer júzlik sawdanı rawajlandırıw ushın 1 trln. dollar muǵdarında pul ajırattı. Krizisten qutılıw ushın defolt qáwpi kúshli mámleketlerge basqálar kredit beredi. Mısalı, 2011-jıl Evropa Awqamı mámleketleri Greciya húkimetine mámleket qarızın qısqartıw ushın 110 mlrd. evro, Ispaniya húkimetine 100 mlrd. evro qarız berdi.

### Qadaǵalaw sorawları

1. Ekonomikanıń ciklli rawajlanıwınıń sebeplerin túsindiriń.
2. Ekonomikalıq cikldıń fazaların sanań hám hár bir fazanıń belgilerin túsindiriń.
3. Ekonomikalıq krizislerdiń mánisin hám sebeplerin táriyipleń.
4. Ekonomikalıq cikllardıń tiykarǵı túrlerin táriyipleń hám olardıń áhmiyetli belgilerin kórsetiń.
5. Finanslıq krizislerdiń mánisi hám túrleri haqqında túsinik beriń.
6. Krizistiń aqıbetleri hám krizisten shıǵıw jolların túsindiriń.

## 20-TEMA. JUMÍS KÚSHI, ONÍŃ BÁNTLILIGI HÁM JUMÍSSÍZLÍQ

### 1. Jumıs kúshiniń social-ekonomikalıq mazmunı

Ekonomikanıń barlıq tarawlarında, sonday-aq, óndiris hám xızmet kórsetiwdiń barlıq fazalarında jumıs kúshi eń aktiv faktor esaplanadı. Sebebi basqa faktorlar jumıs kúshiniń járdeminde háreketke keltiriledi, olardıń qunları saqlap qalınıp, jańa ónimge ótkeriledi, jańa qun sol óndiris hám xızmet kórsetiw procesinde jumıs kúshi tárepinen jaratıladı. Sonlıqtan mámleket kóleminde jumıs kúshiniń mazmunı, quramı, jumıs kúshi bazarın úyreniw ayrıqsha áhmiyetke iye.

**Jumıs kúshi** *(labor force)* – **insannıń fizikalıq hám ruwxıy qábiletleriniń jıyındısı bolıp, jámiyettiń tiykarǵı óndiriwshi kúshi esaplanadı. Jumıs kúshi bazar sistemasında tovarǵa aylanadı hám ol bazar arqalı óndiriske kirip keledi.**

Xalıq aralıq miynet shólkeminiń standartlarına muwapıq, ekonomikalıq jaqtan aktiv xalıqtıń quramına 15-72 jas aralıǵındaǵı miynetke jaramlı puqaralardı kiritiwge boladı dep kórsetilgen. Biraq hár bir mámleket ózinde bul baǵdarda qabıl etilgen nızamlıqlarǵa muwapıq ózgerislerdi de kiritiwi múmkin. Mısalı, Rossiyada 15 jastan pensiya jasına shekemgiler kiritilse, AQSh ta 16 jas al, Afrikada bolsa, 10 jastan baslap ta ekonomikalıq jaqtan aktiv xalıqqa kiritiliwi múmkin. Ózbekstanda bul kategoriyaǵa 16 jastan pensiya menen támiyinleniw huqıqın alǵanǵa shekemgi jastaǵılar kiritiledi.

Miynet resurslarınıń ósiwi xalıqtıń social-demografiyalıq quramına baylanıslı. Eger xalıqtıń quramında jaslar kóp bolsa miynet resursları tez ósedi. Egerde úlken jastaǵılar (qariyalar) xalıqtıń salmaqlı úlesin qurasa, miynet resursları áste ósedi yamasa ulıwma óspeydi. Xalıq tez kóbeygen jerde miynet resursları jedel ósedi. Mısalı, Ózbekstan Respublikasında 2018-jıl 1-sentayabr jaǵdayına miynet resurslar sanı 18 792,2 mıń adamdı quradı. Respublikamızda miynet resurslarınıń jıllıq ortasha ósiw páti 2,7-2,8 procentke tuwrı kelmekte.

Kásiplik sheberlikke talaptıń artıwı menen kásip túrleri kóbeyedi. XXI ásirdiń basına kelip jer júzinde 20 mıńǵa jaqın kásip bolǵan. Kásiplerdiń jańalanıwı menen miynettiń ónimdarlıǵı ósiwge iykemlesken boladı.

## 2. Jumıs kúshiniń bántliligi hám onıń dárejesi

Jumıs kúshine bolǵan bazar talabı onıń usınısı arqalı qanaatlandırıladı. Bunda jumıs izlewshiler jumısqa jaylasıp miynet etiw menen bánt boladı.

**Bántlilik** *(employment)* **miynet qábiletine iye bolǵan hám miynet etiwdi qálewshi adamlardıń jumısqa jaylasıp paydalı miynet penen shuǵıllanıwı esaplanadı.**

Bántlilik onıń miynet etiwshi ushın áhmiyetine qaray birinshi hám ekinshi dárejeli bántlilikke bólinedi. **Birinshi dárejeli bántlilik** bul tiykarǵı jumıs penen, yaǵnıy dáramattıń tiykarǵı bólegin beriwshi jumıs penen bánt bolıwdı ańlatadı. **Ekinshi dárejeli bántlilik** qosımsha jumıs penen, yaǵnıy qosımsha dáramat beriwshi jumıs penen bánt bolıw esaplanadı. Kópshilik islewshiler birinshi dárejeli bántlilikke iykemlesken boladı. Birinshi dárejeli bántlilik keltirgen dáramat islewshini qanaatlandırmaǵanda, ol ekinshi dárejeli bántlilikke qol uradı. Ekinshi dárejeli bántlilik qosımsha tiykarda islew formasında boladı. Mısalı, injener ayına 1,2 mln. sum xızmet haqı aladı. Bul onıń shańaraǵına jetpeydi. Sonlıqtan ol jáne 500 mıń sumlıq jumıs tawıp, jumıstan soń yamasa dem alıs kúnleri qosımsha miynet penen bánt boladı.

Dúnya ámeliyatında bántliliktiń joqarıda kórsetiligen túrlerinen basqa turaqlı hám turaqlı emes túrleri de háreket etedi.

**Turaqlı bántlilik** – bul jumıs islewshige ómiri dawamında kepillengen bántlilik esaplanadı. Bul túsinikke waqıtsha, máwsimli bántlilikler kirmeydi. Bántliliktiń bul túri jeke sektorda siyrek ushırasadı, ol kóbinese mámleketlik sektorda keń tarqalǵan. Batıs ellerinde "turaqlı jumısshı" túsinigi jumısshılardı tiplerge ajıratıwda qollanıladı. Ádette "turaqlı" jumısshılar bir jumıs beriwshige isleydi. Xızmet haqıǵa

qosımsha olar medicinalıq qamsızlandırıw, tólemli dem alıs, pensiyaǵa qosımshalar aladı. Bunday islewshiler bir kárxananıń ishinde jumıs ornın ózgertiwi múmkin.

**Turaqlı emes bántlilik**, Avstraliya ámeliyatında qollanılatuǵın model esaplanadı. Bunda jumıs islewshi bántliliktiń kepillenbegenligi hám basqada oǵan tiyisli bolǵan abzallıqlardıń joq ekenligi sebepli kompensaciya sıpatında joqarı muǵdardaǵı xızmet haqı menen támiyinlenedi. Eger miynetke talap bolmay qalsa jumıs beriwshi nızamlı túrde miynet shártnamasın biykar etiwi múmkin.

Jumıs kúsh bazarındaǵı jaǵdaydı tek xızmet haqı muǵdarı emes, al bántlilik dárejesi de sáwlelendiredi. Bul dáreje usınıs etilgen miynettiń qanshası satılǵanlıǵın bildiredi.

**Bántlilik dárejesi** *(employment rate)* **jumıs islew qábileti hám qálewi bolǵanlardıń qanshası ámelde jumıs islep atırǵanlıǵın bildiredi.**

Bántlilik dárejesi miynet resursı – miynet etiw qábileti bar adamlarǵa salıstırmalı esaplanadı. Bunda miynet etiw qábileti barlardıń hámmesi jumıs islewdi qáleydi dep shama etiledi. Bántlilik dárejesi ($B_d$) islewshilerdiń sanı (N) miynet resurslarındaǵı ($M_r$) úlesi bolıp, procentte sáwlelenedi. Bunda $B_d = \frac{N}{M_r} * 100$ boladı. Eger miynet resursları 120 mıń birlik, islewshiler bolsa 108 mıń birlik bolsa $B_d$ = (108\120)•100=90 % boladı.

Bántlilik dárejesi jumıs kúshiniń qansha bólegin bazar talap etkenligin bildiredi. **Bántliliktiń tábiyiy dárejesi** bar bolıp, ol miynettiń qansha bóleginiń jumıs penen támiyinlengenligin bildiredi. Bul mámlekettiń ekonomikalıq potencialına hám ekonomikanıń jaǵdayına baylanıslı boladı. Ekonomikası kúshli mámleketlerde ol rawajlanıp baratırǵan waqıtlarda bántlilik joqarı boladı, yaǵnıy usınıs etilgen jumıs kúshiniń 94 procentiniń bánt bolıwı bántliliktiń tábiyiy shegarası dep qabıl etilgen. Ekonomikası tómen mámleketlerde bántlilik dárejesi tómen boladı, sebebi jumıs orınları kem boladı, olardı kóbeytiw ushın qarjı jetispeydi. Bántlilik Ózbekstan ushın da ótkir sociallıq mashqalaǵa aylanǵan, sebebi miynet resursları tez óskenlikten, miynet usınısı tez artıp baradı.

## 3. Jumıs kúshiniń bántliligi haqqında túrli teoriyalar

Jumıs kúshiniń bántliligi haqqında bir qansha teoriyalar háreket etedi. Olar bir-birinen mashqalaǵa qatnas jasawı hám qollanılatuǵın izertlew usılları boyınsha parqlanadı. Oqıwlıq hám oqıw qollanbalarda jumıs kúshiniń bántliligi boyınsha neoklassikler, keynsshiler, monetarizm, institucional-sociologiyalıq hám basqa ilimiy mektep wákilleriniń kóz-qarasları bayan etiledi[23].

**Neoklassik mektebiniń koncepciyası** A.Smittiń klassik teoriyasınıń qaǵıydaları tiykarında qáliplestirilip, D.Gilder, A.Laffer, M.Feldstayn, R.Xoll sıyaqlı bir qatar alımlardıń pikirleri arqalı kórinedi. Bul mektep wákilleri jumıs kúshi bazarın arnawlı nızamlarǵa boysınıwshı baylanıslar sisteması sıpatında kórip shıǵıp, olar bazar mexanizmi arqalı basqarılıwın keltirip ótedi. Xızmet haqınıń dárejesi jumıs kúshiniń bahası sıpatında kórsetiledi

**Keynsshilik mekteptiń wákilleri** jumıs kúshi bazarın háreketsiz, ózgermes sistema sıpatında bahalap, onda jumıs kúshiniń bahası qatań belgilengen bolıwın keltiredi. Bántlilik hám jumıssızlıq dárejesi, jumıs kúshine bolǵan talap, real xızmet

[23] Экономическая теория: Учебник. - Изд., испр. и доп. / Под общ. ред. акад. В.И.Видяпина, А.И.Добрынина, Г.П.Журавлевой, Л.С.Тарасевича. – М.: ИНФРА-М, 2005, 485-489-бетлар.

haqınıń dárejesi sıyaqlı tiykarǵı kórsetkishler jumıs kúshi bazarı arqalı emes, al tovar hám xızmetler bazarındaǵı nátiyjeli talap muǵdarı arqalı belgilenedi. Jumıs kúshi bazarında bolsa tek xızmet haqınıń dárejesi hám oǵan baylanıslı bolǵan jumıs kúshi usınısınıń muǵdarı qáliplesedi.

**Monetar mekteptiń táreptarları** (M.Fridmen, E.Felps hám basqalar) bazar ekonomikasın óz-ózinen tártipke salınıwshı sistema sıpatında bahalap, ondaǵı baha mexanizminiń ózi bántliliktiń maqsetke muwapıq dárejesin belgilep beriwin kórsetip beredi. Bunday sistemaǵa mámleket tárepinen hár qanday aralasıw bazardıń ózin-ózi tártipke salıw mexanizmin isten shıǵaradı. Mámlekettiń pul quralında jalpı talaptı xoshametlewi bolsa aqırǵı nátiyjede inflyaciya processleriniń kúsheyiwin keltirip shıǵaradı.

**Institucional-sociologiyalıq mekteptiń táreptarları** (T.Veblen, J.Danlop, J.Gelbreyt, L.Ulman hám basqalar) jumıs kúshiniń bántliligi haqqındaǵı mashqalalar túrli kóriinistegi institucional reformalar járdeminde sheshiliwi múmkin, degen qaǵıydaǵa tiykarlanadı. Olar bul mashqalanı tek makroekonomikalıq tárepten analizlew menen shegaralanbaydı. Sonday-aq, olar jumıs kúshiniń quramı hám oǵan tiyisli túrde xızmet haqı dárejesindegi sociallıq, kásiplik, tarmaq, jas, jınıs, etnikalıq hám basqa faktorlardıń tásirinde jumıs kúshi bazarında júzege keletuǵın teńsizliklerdi (sáykes emesliklerdi) túsindiriwge háreket etedi.

**Shártnamaǵa tiykarlanǵan bántlilik teoriyası** (M.Beyli, D.Gordon, K.Azariadis) ózinde neoklassik hámde keynsshilik talqılawlardı birlestiriwshi koncepciya esaplanadı. Koncepciya avtorları, bir tárepten, pul kórinisindegi xızmet haqınıń qatańlıǵı haqqındaǵı keynslik qaǵıydanı qabıl etedi hám jumıs kúshi bazarındaǵı muwapıqlasıw bahalar (yaǵnıy, xızmet haqı) esabınan emes, al óndiristiń materiallıq kólemi hám bántliliktiń ózgeriwi esabınan ámelge asırılıwın keltiredi. Basqa tárepten, bul qatańlılıqtıń ózi jeke ekonomikalıq mápler tiykarında háreket etiwshi individlerdiń háreketlerinen keltirip shıǵarıladı.

**Iykemlesiwshi jumıs kúshi bazarı koncepciyası** (R.Buae, G.Stending) 70-jıllardıń aqırında, salıstırmalı rawajlanǵan Batıs mámleketlerinde ekonomikanı strukturalıq qayta qurıw ámelge asırılıp atırǵan dáwirde keń tarqaldı. Onıń tiykarında jumıs kúshi bazarın tártipke salıwdan waz keshiw, bántliliktiń iykemlesiwshi, funkcional jaqtan individuallastırılǵan hám standart emes formalarına (bir tárepleme bántlilik, tolıq bolmaǵan jumıs háptesi yamasa jumıs kúni, qısqa múddetli shártnamalar, úyge jumıs alıw h.t.b.) ótiwdiń zárúrligi haqqındaǵı qaǵıydalar jatadı.

## 4. Jumıssızlıq hám onıń túrleri

Bazar ekonomikasında jumıs kúshiniń háreketi jumıs kúshi bazarı arqalı támiyinlenedi. Bul jerde de basqa bazarlardaǵı sıyaqlı talap hám usınıs nızamı óz kúshine iye bolıp, ol hár túrli faktorlar tásirinde úzliksiz ózgerip turadı. Jumıs kúshi bazarındaǵı talap hám usınıs teńsalmaqlasqanda bántlilik júzege keledi hám bul bántliliktiń tábiyiy shegarada bolıwın bildiredi. Biraq bul teńsalmaqlılıq máńgi emes, ol bir buzılsa, sońınan qayta tiklenip te turadı. Sonlıqtan bántlilik hám jumıssızlıqtıń bolıwı bazar ekonomikasın xarakterlewshi tábiyiy jaǵday.

**Jumıssızlıq bazarda jumıs kúshi usınısınıń oǵan bolǵan talaptan artıp ketiwi nátiyjesinde jumısqa qábiletli hám jumıs islewdi qálewshi adamlardıń bir bóleginiń jumıs taba almay qalıwın ańlatadı.**

Jumıssızlıq mashqalasın úyreniwden tiykarǵı maqset xalıqtıń jumıs penen bántliligin jaqsılaw arqalı mámlekette óndiristi keńeytiw hám xalıqtıń turmıs dárejesin jánede jaqsılawǵa tiyisli ilajlardı islep shıǵıwdan ibarat.

Ádette, dúnya mámleketleri jumıssızlıq túsinigin BMSh, Xalıq aralıq miynet shólkemi (XMSh), Ekonomikalıq birge islesiw hám rawajlanıw jámiyetiniń talaplarına muwapıq islep shıǵadı.

Xalıq aralıq miynet shólkeminiń standartına muwapıq, jumıssız dep esaplaw ushın ekonomikalıq jaqtan aktiv xalıq tómendegi kriteriyalarǵa juwap beriwi kerek:

- jumıs ornına (dáramat deregine) iye bolmawı;
- jumıs izlep atırǵan bolıwı, yaǵnıy mámleketlik yamasa kommerciyalıq bántlilik oraylarına, jumıs beriwshi shólkemlerge múráját etken bolıwı, ǵalaba xabar qurallarında daǵaza beriwi, óziniń jeke isin shólkemlestiriwge háreket etken bolıwı;
- jumıs tabılǵan jaǵdayda islewge tayar turıwı.

Mine usı tiykarǵı shártlerge tiykarlanǵan halda, túrli mámleketlerde puqaranı jumıssız dep tán alıw ushın qosımsha shártler talap etiledi[24].

Mısalı, **AQShta,** sońǵı bir hápte dawamında jumıs penen bánt bolmaǵan, sońǵı tórt hápte dawamında jumısqa jaylasıwǵa (tikkeley jumıs beriwshige yamasa jumıs penen támiyinlewshi mámleketlik xızmetine xabarlasıw arqalı) háreket etken, miynet etiw qábiletine iye bolǵan puqaralar jumıssız shaxs dep esaplanadı.

**Yaponiyada** jumıssız shaxs dep, sońǵı bir hápte dawamında bir saat ta islemegen, **Ullı Britaniyada** bolsa, sońǵı bir hápte dawamında jumıs islemegen, sol dáwirde jumıs izlegen yamasa keselligine baylanıslı jumıs izlew imkaniyatına iye bolmaǵan puqaralar túsiniledi. Ayırım mámleketlerde nızam hújjetlerine muwapıq, jumıssız dep, jumıstan bosatılǵan hám miynet stajına iye bolmaǵanlar túsiniledi.

**Ózbekstan Respublikası Miynet Kodeksiniń 60-statyasında** *"Jumıssızlar - on altı jastan pensiya menen támiyinleniw huqıqın alǵanǵa shekemgi jasta bolǵan, haqı tólenetuǵın jumısqa yamasa dáramat keltiretuǵın iskerlikke iye bolmaǵan, jumıs izlep atırǵan hám jumıs usınıs etilse, oǵan kiriwge tayar bolǵan yamasa kásipke tayarlawdan, qayta tayarlawdan ótiwge yaki qánigeligin arttırıwǵa tayar bolǵan miynetke jaramlı shaxslar (tálim orınlarında bilim alıp atırǵanlar buǵan kirmeydi) esaplanadı"* dep kórsetilgen.

**Kimlerdi jumıssız dep esaplaw múmkin?**

Ózbekstan Respublikasındaǵı nızamshılıqqa tiykarlanıp **"jumıssız shaxs"** dep esaplaw ushın tómendegi tórt sharttiń bolıwı talap etiledi:

1. Puqara miynetke qábiletli bolıwı hám ámeldegi nızam hújjetlerine muwapıq pensiya támiynatı huqıqına iye bolmawı kerek (miynet etiiw qábiletiniń tómen dárejesi Miynet kodeksiniń 77-statyasına muwapıq 16 jas dep belgilengen).

Sonı ayrıqsha aytıp ótiw kerek, Miynet kodeksiniń usı statyasına muwapıq tiyisli shártlerge tiykarlanǵan halda 15 yamasa 14 jasqa tolǵan jaslardı da jumısqa alıwǵa ruxsat berilse de, olar jumısqa qábiletli shaxs dep esaplanbaydı.

2. Puqara jumısqa hám xızmet haqıǵa (miynet dáramatına) iye bolmawı lazım. Eger, puqara tiykarǵı jumıstı joytqan (mısalı, jumıs orınlarınıń qısqárıw menen jumıstan bosatılǵan), biraq qosa islew tiykarında basqa kárxanada islep atırǵan bolsa, onda ol jumıssız esaplanbaydı.

Napaqalar, alimentler, bahalı qaǵazlar boyınsha alınǵan dividendler, banklerge qoyılǵan qarjılar esabınan procentler, pensiya hám stipendiyalar xızmet haqıǵa (miynet dáramatına) kirmeydi, biraq pensiya hám stipendiyalar alıwshı puqaralar sociallıq jaqtan qorǵalǵanlıǵı sebepli jumıssız dep esaplanbaydı.

3. Puqaralar jumıs islewge tayar bolıwı lazım. Puqaranıń jumıs islewge tayar ekenligin, onıń jergilikli miynet organına jumıs izlep rásmiy múrájet etiwi, belgilengen múddetlerde miynet organında qayta dizimnen ótip turıwı hám miynet organları tárepinen usınıs etilgen jumıstı qabıl etiw jaǵdayları tastıyıqlaydı.

[24] Абдурахманов Қ.Х. Меҳнат иқтисодиёти. Дарслик. Т.: Меҳнат., 2004, 314 бет

4. Puqara barlıq tiyisli hújjetlerdi usınıs etken halda jergilikli miynet organında jumıs izlewshi sıpatında dizimnen ótiwi lazım.

Jumıssızlıq óziniń kelip shıǵıw sebepleri hám dawam etiwine qaray túrli formalarǵa iye boladı.

**1. Frikcion jumıssızlıq** – bul jumıs kúshine qábiletli adamlardıń jumıs ornın almastırıwı jaǵdayında waqtınsha jumıssız júriwi (ayırım ádebiyatlarda bul múddet 1 aydan 3 ayǵa shekem dawam etiwi kórsetiledi).

**2. Strukturalıq jumıssızlıq** – bul óndiriste texnologiyalıq ózgerislerdiń júzege keliwi nátiyjesinde payda bolatuǵın jumıssızlıq.

**3. Máwsimli jumıssızlıq -** bul máwsimli óndiris túrleri menen baylanıslı jumıssızlıq. Bul jumıs máwsimi tamalanǵannan soń aldın jumıs islep turǵanlardıń jumıssız qalıwın ańlatadı.

**4. Cikllı jumıssızlıq -** óndiristegi cikllı ózgerisler aqıbetinde payda bolatuǵın jumıssızlıq.

**5. Erkin yamasa ıqtıyarlı jumıssızlıq** puqaralardıń óz qálewi sebepli payda boladı. Mısalı, úy biykeleri yamasa basqada shaxslar ayrım sebeplerge kóre islewdi qálemeydi. Buǵan shańaraqqa kelip túsetuǵın dáramatlardıń olardıń turmıslıq mútájliklerin qanaatlandırıw ushın jeterli bolıwı da sebep bolıwı múmkin.

Jumıssızlıqtıń ekonomikaǵa tásirin biliw ushın onıń dárejesin anıqlaw kerek. Jumıssızlıq dárejesin miynetti xalıq aralıq shólkemlestiriw shólkeminiń esaplaw usılı tiykarında, sonday-aq hár bir mámlekettiń óziniń qabıl etken nızamlıqları tiykarında da esaplaw múmkin. **Jumıssızlıq dárejesi** jumıssızlıqtıń muǵdarlı ólshemi bolıp, ol jumısqa qábiletli adamlardıń qansha bóleginiń jumıssız qalıwın bildiredi. Bul kórsetkish ($J_d$ - jumıssızlıq dárejesi) jumıssızlar sanınıń (n) ekonomikalıq jaqtan aktiv xalıqqa qatnasınıń ($M_r$) procentte sáwlelendiriliwi arqalı anıqlanadı: $J_d = \frac{n}{M_r} * 100$. Mısalı, mámlekette jumısqa jaramlı hám soǵan talabı bar (ekonomikalıq aktiv) xalıq sanı 10 mln. adam bolıp, solardan 0,5 mln. adam jumıssız bolsa, jumıssızlıq dárejesi 5 procent boladı ( $\frac{0.5}{10} * 100 = 5\%$ ). Eger bul kórsetkish 4 procent bolsa jumıssızlıq qısqarǵan, 7 procent bolsa kóbeygen esaplanadı. **Jumıssızlıqtıń normativ shegarası** bar bolıp, ol rawajlanǵan mámleketlerde 6 procent etip belgilengen hám bul frikcion hám strukturalıq jumıssızlar muǵdarına qarap anıqlanadı. Jumıssızlıq normasınıń sonnan artıp ketiwi sociallıq jaqtan maqul bolmaǵan hádiyse dep qaraladı.

Jumıssızlıq túrli social-ekonomikalıq aqıbetlerge alıp keledi. **Jumıssızlıqtıń ekonomikalıq aqıbetleri** onıń tásirinde islep shıǵarılmay qalǵan ónim muǵdarı arqalı bahalanadı. Ekonomika barlıq jumıs islewdi qálegen hám jumıs isley alatuǵınlar ushın jeterli muǵdarda jumıs orınların jaratıw jaǵdayına iye bolmasa ónim islep shıǵarıw imkaniyatınıń bir bólegin joǵaltadı. Ekonomikalıq ádebiyatlarda bul joǵaltıw jalpı ishki ónim kóleminiń arqada qalıwı sıpatında anıqlanadı hám ol haqıyqıy JIÓniń potencial JIÓnen kem bolǵan kólemi sıpatında kórinedi. Jumıssızlıq dárejesi qanshelli joqarı bolsa, JIÓ kóleminiń arqada qalıwı sonshelli úlken boladı.

Makroekonomika tarawındaǵı belgili izleniwshi A.Ouken jumıssızlıq dárejesi hám JIÓ kóleminiń arqada qalıwı ortasındaǵı salıstırmanı matematikalıq jol menen sáwlelendirip beredi. **Bul salıstırma ekonomistler ortasında Ouken nızamı sıpatında belgili bolıp, eger jumıssızlıqtıń haqıyqıy dárejesi onıń tábiyiy dárejesinen bir procentke artıq bolsa, JIÓ kóleminiń arqada qalıwı 2,5 procentti quraytuǵının kórsetedi.**

Ayırım jaǵdaylarda milliy ónimniń haqıyqıy muǵdarı potencial muǵdarınan artıp ketiwi de múmkin. Bunday jaǵday jumıssızlıq dárejesi tábiyiy dárejesinen de tómen bolǵan dáwirlerde júz beredi. Óndiriske isshilerdiń qosımsha smenaların tartıw, kapital úskenelerden belgilengen normadan artıqsha dárejede paydalanıw, jumıs waqtınan keyin qosımsha islew hám tiykarǵı jumıs ornınan tısqarı qosımsha jumıs orınlarında bánt bolıw sıyaqlılar bunıń tiykarǵı sebepleri esaplanadı.

**Jumıssızlıqtıń unamlı tárepi sonnan ibarat**, jumıssızlar miynet rezervin payda etedi, talap artqan jaǵdaylarda óndiristi kóbeytiw ushın zárúr jumıs kúshin olar jetkerip beredi. Jumıssızlıq jumıs ornı ushın básekini kúsheyttirip, jumıs islep turǵanlardı jaqsı miynet etiwge umtıldıradı, biykar júrgenlerdi óz ústinde islep qánigeligin arttırıwǵa shaqıradı. Jumıssızlıq jumıs kúshin háreketsheń etedi, yaǵnıy biykar júrgenler óz miynetine talap bar jerge, hátteki shet elge barıp jumısqa ornalasadı. Bunıń menen miynet resursları kerekli jerlerge jiberiledi.

**Jumıssızlıqtıń unamsız tárepi sonnan ibarat**, insanǵa zárúr ónimler jaratıwǵa qábiletli adamlar bul jumıstı isley almay qaladı. Uzaq waqıt jumıssız júrip kásiplik mamanlıǵı hám sheberligin joytıwına alıp keledi, biykar júrgenlerdiń ózi hám shańaraǵı tirishilik etiwden qıynalıp qaladı. Jumıssızlıq adamlardı ruwxıy jaqtan ezip qoyadı. Jumıssızlıq bazar sisteması ushın tán bolsada, bárbir kewilsiz hádiyse esaplanadı, sonlıqtan mámleket hám jámiyetshilik jumıssızlarǵa járdem beriw jolın tutadı.

### Qadaǵalaw sorawları

1. Jumıs kúshine anıqlama beriń.
2. Miynet resurslarına anıqlama beriń hám onıń quramın túsindiriń.
3. Jumıs kúshi bazarınıń háreket etiw ózgeshelikleri nelerden ibarat?
4. Bántlilik dárejesi qalay anıqlanadı?
5. Jumıs kúshiniń bántliligi haqqındaǵı teoriyalar boyınsha túsinink beriń.
6. Jumıssızlıqqa anıqlama beriń hám onıń sebeplerin túsindiriń.
7. Jumıssızlıqtıń tiykarǵı túrlerine xarakteristika beriń.
8. Oyken nızamınıń mazmunın túsindiriń.
9. Jumıssızlıqtıń sociallıq hám ekonomikalıq aqıbetlerin túsindirip beriń.

## 21-TEMA. FINANS SISTEMASÍ HÁM FINANSLÍQ SIYASAT (4 saat)

### 1. Ekonomikanıń real hám finans sektorı

Makroekonomika real hám finans sektorınıń bir pútinliginen ibarat boladı. Ekonomikadaǵı materiallıq formadaǵı tovarlar hám materiallıq emes formadaǵı xızmetlerdiń jaratılıwınan baslap, olardı tutınıwǵa jetkerip beriwge shekemgi bolǵan process ekonomikanıń **real sektorı**nda júz beredi. Real sektor túrli tovarlar hám xızmetlerdi islep shıǵarıw bolǵanlıqtan ol ekonomikanıń tiykarǵı tayanısh tochkası esaplanadı. Bul jerde jaratılǵan barlıq ónimler almasadı, bólistiriledi hám tutınıladı. Bunday háreket úzliksiz júz beredi, bul mazmunı boyınsha tákirar islep shıǵarıwdı ańlatadı.

Bazar ekonomikasındaǵı real aylanısqa pul xızmet etedi, sebebi pulsız hesh qanday baylanıs júz bermeydi. Biraq pul aylanısı real aylanıstıń bar bolǵanlıǵı ushın háreket etedi. Pul sektorı keń mániste finanslıq baylanıslardı ańlatadı. Sonlıqtan bul sektor dúzilisi boyınsha finans hám kreditti óz ishine aladı.

**Eger real sektorda ónim hám xızmetlerdiń aylanıs háreketi júz berse, finans sektorında soǵan muwapıq túrde puldıń aylanıs háreketi payda boladı.**

Puldıń aylanısı onıń bir ekonomikalıq subektten basqa ekonomikalıq subektke ótip turıwın bildiredi, yaǵnıy pul úy xojalıqları, firmalar hám mámleketlik

shólkemler ortasında aylanıp júredi. Ekonomika subektleri ortasında baylanıstıń júz beriwi pul arqalı ámelge asırıladı. Real hám finans sektorındaǵı aylanıstıń bir pútinligin tómendegi sızılmada kórsek boladı (21.1-sızılma).




***21.1-sızılma.* Real hám finans sektorları**

Sızılmaǵa qarasaq ekonomika qatnasıwshılarınıń hámmesi hám real, hám pul aylanısında qatnasadı. Olar bir-birine resurslar yamasa tovarlar jetkerip berip, olardıń pulın aladı hám onı qaytadan aylanısqa qoyadı.

Finans sektorı real sektorǵa baylanıslı bolǵan halda ol salıstırmalı óz betinshelikke iye. Finans sektorındaǵı pul resursları talaptan artıqsha bolıp rezerv payda etiwi hám waqtınsha aylanısqa kirmey turıwı da múmkin. Pulǵa qosımsha talap payda bolǵanda ol rezervten shıǵıp aylanısqa kiredi hám real sektorǵa xızmet etedi. Pulǵa talaptıń qanaatlandırılıwı real sektordaǵı óndiristi keńeytedi, ol jerdegi aylanıstı tezlestiredi, sebebi qosımsha pul sebepli óndiris ósedi. Real hám finans sektorları ortasında sáykes emeslik bolǵanda inflyaciya, finanslıq krizis sıyaqlı unamsız hádiyseler júz beredi.

## 2. Finanstıń mazmunı hám wazıypaları. Finans sisteması

Ekonomika qatnasıwshıları pul qatnasıqlarına kiriskende finans payda boladı.

**Finans (**italyansha *“financia”* – tólem, pul tólemi**) ekonomika subektleriniń dáramatlar hám qárejetler boyınsha ekonomikalıq qatnasıqları esaplanadı. Bul qatnasıqlar pul resurları menen baylanıslı bolǵan fondlardı dúziw, olardı bólistiriw hám paydalanıw processinde júzege keledi.**

Finanstıń zárúrligin onıń ekonomikada orınlaytuǵın wazıypaları belgilep beredi. Olar tiykarınnan tómendegi bes funkciyadan ibarat:

1. **Bólistiriw wazıypası.** Finans quralında jaratılǵan JIÓ niń hám bazarǵa shıǵarılıp satılǵan milliy baylıqtıń pul formasındaǵı qunı bólistiriledi. Bunıń nátiyjesinde túrli pul fondları payda boladı. Jámi pul bólistirilip úy xojalıqları, firmalar hám mámlekettiń finanslıq resursların payda etedi.

2. **Xoshametlew wazıypası.** Bul finans mexanizmi quralında ekonomikalıq belsendilikti qollap-quwatlawdan ibarat.

3. **Ekonomikalıq informaciyalar beriw wazıypası.** Bazar sistemasında pul qatnasıqları ústin bolǵanlıqtan finanslıq kórsetkishler birinshi dárejeli esaplanadı, olarǵa qarap hár bir subekttiń jaǵdayınan xabardar bolıp, onıń menen qanday baylanısta bolıw kerekligi anıqlanadı.

4. **Sociallıq wazıypa.** Bul finanslıq resurslardıń sociallıq mútájliklerdi qanaatlandırıwǵa jumsalıwı esaplanadı.

5. **Qadaǵalaw wazıypası.** Finans resursların ajıratqan subektler olardıń maqsetli isletiliwin qadaǵalap baradı.

Finanslıq qatnasıqlar hám olarǵa xızmet etiwshi arnawlı shólkemler jámiyettiń finansı sistemanın payda etedi, onıń quramına finans obekti, finans subekti, finans qatnasıqları, finans mexanizmi, finans siyasatı hám finans institutları kiredi.

Finans sistemasınıń barlıq buwınları bir-biri menen baylanıslı halda háreket etedi.

## 3. Mámleketlik byudjet hám onıń finanslıq resurslardı qáliplestiriwdegi áhmiyeti

Mámleketlik finans mámleketlik byudjet hám byudjetten tısqarı pul fondlarınan ibarat boladı.

Mámleket pul qarjılarınıń tiykarǵı oraylasqan fondı esaplanǵan mámleketlik byudjet mámleketlik finans sistemasınıń áhmiyetli buwını bolıp xızmet etedi.

**Mámleketlik byudjet – bul mámlekettiń pul dáramatları hám qárejetleri hámde olardı finanslıq qaplaw derekleriniń jıllıq jobası. Mámleketlik byudjet mámlekettiń pul resurslarınıń oraylastırılǵan fondı esaplanadı.**

Jámiyetlik ónimlerdi mámleket óz dáramatı esabınan jaratadı. Mámlekettiń dáramatı onıń ıqtıyarına kelgen pul túsimleri esaplanadı. Bul dáramat tiykarınan 3 derekten qáliplesedi:

1. Salıqlar
2. Mámleket múlkin satıwdan túsken pul.
3. Mámleketlik qarızlar

Bular byudjetke jámlenip mámleketlik pul fondın payda etedi.

Mámleketlik finans onıń qárejetlerin de bildiredi, olar byudjet qárejetlerinen ibarat. Mámleketlik qárejetler onıń dáramatına qarap qáliplesedi hám tómendegi baǵdarda boladı:

1. **Sociallıq taraw qárejetleri.** Bular bilimlendiriw-tárbiya, den sawlıqtı saqlaw, fizikalıq tárbiya hám sport, mádeniyat, qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw, sociallıq járdem kórsetiw shıǵınları.

2. **Investiciyalıq qárejetler.** Bul mámleket esabınan social-mádeniy obektlerdi, óndirislik infrastrukturanı hám kommunikaciya sistemasın jaratıw ushın pul sarıplaw.

3. **Milliy qáwipsizlikti hám ishki tártipti saqlaw qárejetleri.** Bulardıń qatarına qáwipsizlik organları, sud hám prokuratura qárejetleri kiredi.

4. **Basqarıw qárejetleri.** Bularǵa oraylıq hám jergilikli hákimiyat organlarınıń jumısın támiyinlew shıǵınları kiredi.

5. **Sırtqı qarızdı úziw qárejetleri.** Bul tólew múddeti kelgen qarızdıń ózin qaytarıw, qarız boyınsha beriletuǵın procentlerdi tólew qárejetleri. Bul qárejet qarızdıń muǵdarına, qaysı waqıtta qaytarılıwına hám procenttiń muǵdarına qarap ózgerip turadı hám byudjette kórsetiledi.

Dáramatlar hám shıǵınlardıń oraylıq hám aymaqlıq municipial byudjetler ortasında bólistiriliwi **byudjet federalizmin** bildiredi hám tómen dárejeli byudjetlerdiń rolin joqarıatıp barıwdı ańlatadı.

Mámleketlik byudjettiń baslı principi, bul onıń dáramatları hám shıǵınların **balanslasqan,** yaǵnıy óz-ara muwapıqlasqan halda bolıwınan ibarat. Biraq olar ortasında sáykeslik buzılıp ta turadı. Shıǵınlar dáramatlardan artıp ketkende **byudjet deficiti (qıtshılıǵı)** payda boladı. Egerde dáramatlar shıǵınlardan artıp ketse **byudjet proficiti** júzege keledi.

## 4. Bazar ekonomikası sharayatında salıqlar hám olardıń wazıypaları

Mámleketlik byudjettiń dáramatlar bóleginiń tiykarǵı deregi bolıp salıqlar esaplanadı.

Salıq ekonomikalıq kategoriya sıpatında, sap dáramattıń bir bólegin byudjetke tartıw forması bolıp, finanslıq qatnasıqlardıń strukturalıq bólegin quraydı. **Salıq – bul mámlekettiń óz wazıypaların ámelge asırıw ushın zárúr bolǵan finanslıq dereklerdi qáliplestiriw maqsetinde fizikalıq hám yuridikalıq tareplerden byudjetke májbúriy tólemlerdi óndiriw forması.**

Salıqlardıń ekonomikalıq mazmunı olardıń orınlaytuǵın wazıypalarınan tolıǵıraq kórinedi. Milliy ekonomikada salıqlar tiykarınan tómendegi úsh wazıypanı orınlaydı:

1. Mámleket qárejetlerin finanslastırıw yamasa fiskal wazıypası.
2. Ekonomikanı tártipke salıw wazıypası.
3. Xoshametlew yamasa qızıqtırıw wazıypası.
4. Qadaǵalaw wazıypası.
5. Salıqtı esaplaw processin maǵlıwmat penen támiiynlew wazıypası.

Salıqlardıń ***fiskal*** (latınsha "***fiscus***" sózinen alınǵan bolıp, ***qazna*** degen mánisti ańlatadı) wazıypasınıń mazmunı sonnan ibarat, salıqlardıń járdeminde mámlekettiń finanslıq resursları qáliplestiriledi hám mámlekettiń xızmet kórsetiwi ushın sharayat jaratıladı. Salıqlar arqalı kárxanalar hám puqaralar dáramatınıń bir bólegi mámleket basqarıwın, mámleket qorǵanıwın, ulıwma óndirislik emes tarawlardı saqlap turıw maqsetinde óndiriw jolı menen mámleketlik byudjettiń dáramat bólegin qáliplestiriw – salıqlardıń fiskal wazıypasınıń eń áhmiyetli elementi esaplanadı.

Ekonomikanı modernizaciyalaw hám óndiristi diversifikaciyalaw sharayatında salıqlardıń ekinshi wazıypası olardıń ekonomikadaǵı ***tártipke salıwshılıq*** roli esaplanadı, yaǵnıy mámleket salıqlar arqalı tovarlar hám xızmetlerdiń islep shıǵarıw hámde olardı satıwdıń ekonomikalıq sharayatların tártipke saladı, sol jol menen ekonomika tarawlarınıń ekonomikalıq xızmetin ámelge asırıw ushın málim "salıq ortalı"ǵın jaratadı.

***Xoshametlew wazıypası*** salıq sistemasınıń eń áhmiyetli wazıypalarınan biri bolıp, óndiristi rawajlandırıwǵa, materiallıq shiyki zat resursları, sonday-aq, finanslıq hám miynet resursları, toplanǵan múlkten nátiyjeli paydalanıwǵa qızıqtırıwshı tásir kórsetedi, yaǵnıy salıq júgin kemeytiw arqalı óndiristi rawajlandırıwǵa, finanslıq jaǵdaydı bekkemlewge hám investiciyalıq xızmetti janlandırıwǵa xoshametleydi. Salıqlardıń usı wazıypası arqalı mámleket ekonomikanıń rawajlanıwın támiyinleydi.

***Salıqlardıń qadaǵalaw wazıypası*** salıq tólewshi tárepinen usınıs etilgen, salıqqa tartıw obekti, salıqqa tartılatuǵın baza, jeńillikler hám basqada tiyisli salıq kórsetkishleriniń esap-sanaqların tekseriw sıyaqlı bir qansha quramalı processten ibarat.

Salıqlardı esaplaw processin ***maǵlıwmat menen támiyinlew wazıypası*** *da* ayrıqsha áhmiyetke iye bolıp, bul wazıypa arqalı shıǵınlar muǵdarı hám anıq salıqlı túsimler mámlekettiń qanday social-ekonomikalıq wazıypalardı orınlawına jumsalǵanlıǵı haqqında maǵlıwmat berip turılıwı oǵada zárúr. Sol jaǵdayda salıqlardıń byudjetke túsiwi tolıq, óz waqıtında hám ańsat ámelge asırıladı.

Salıq óndiriw belgilengen stavkalar tiykarında ámelge asırıladı. Óndiriletuǵın salıqlardıń salıq obektiniń kólemine salıstırmalı esaplanǵan muǵdarı salıq stavkası dep júrgiziledi. Salıq stavkası obekttiń hár bir birligi ushın belgilep qoyılǵan norma esaplanadı.

Salıqlar hár tárepleme klassifikaciyalanadı. Olardı klassifikaciyalawǵa túrlishe ólshemler tiykarında qatnas jasaladı.

Salıq stavkası hám dáramatlar ortasındaǵı salıstırmaǵa tiykarlanıp, salıqlar ádette, progressiv (ósip barıwshı), proporcional hám regressiv (kemeyip barıwshı) salıqlarǵa bólinedi.




**21.1-sızılma. Progressiv, proporcional hám regressiv salıqlardıń grafiktegi kórinisi**

1. Dáramat kólemi ósip barıwı menen ortasha stavkası ósip barıwshı salıqlar **progressiv salıqlar** dep ataladı. Progressiv salıq stavkası mazmunı boyınsha salıq tólewshilerdiń dáramatları, paydası artıp, ósip barıwına muwapıq tárizde salıq stavkasınıń da artıp barıwın kórsetedi. Ózbekstan Respublikasınıń salıq sistemasında bunı fizikalıq shaxslardan alınatuǵın dáramat salıǵı mısalında kóriw múmkin (21.1-kestesine qarań).

2. Dáramat kólemi ósip barıwı menen ortasha stavkası ózgerissiz qalıwshı salıqlar **proporsional salıqlar** dep ataladı. Bul salıq stavkalarnıń tiykarǵı mánisi sonnan ibarat, salıq tólewshi iye bolgán dáramat (payda), divedend, múlk qunınıń muǵdarı (summası) qansha bolıwına qaramastan birdey táripte, yaǵnıy birdey procentte salıq stavkası qollanıladı. Mısalı, divedendke barlıq salıq tólewshiler ushın salıq stavkası 10 procent etip belgilengen. Bunnan tısqarı, qosımsha qun salıǵınıń stavkası da búgingi kúnde proporcional salıq stavkası esaplanadı.

3. Dáramat kólemi ósip barıwı menen ortasha stavkası páseyip barıwshı salıqlar **regressiv salıqlar** dep ataladı. Regressiv salıq stavkasında salıq tólewshiniń salıqqa tatılatuǵın dáramatı, múlk qunı sıyaqlı salıq obektiniń artıp barıwı menen salıq stavkasınıń kemeyip barıwı sáwlelenedi. Bunnan kórinip turǵanınday, regressiv salıq stavkası progressiv salıq stavkasına salıstırǵanda keri hádiyseni kórsetedi.

Ekonomikalıq mazmunı boyınsha: tuwrı hám janapay (qosımsha) salıqlarǵa bólinedi.

Tuwrı salıqlar dáramatlar hám múlklerden óndiriledi. Bunday salıqlarǵa múlk salıǵı, jer salıǵı, dáramat salıǵı t.b. kiredi.

Janapay salıqlar tovar hám xızmetlerden óndiriledi. Bunday salıqlarǵa akciz salıǵı, qosılǵan qun salıǵı, bajı tólemleri t.b. kiredi.

Salıq stavkasın hádden tısqarı kóterip bolmaydı, sebebi bul túrli keri tásirlerdi keltirip shıǵarıwı múmkin.

Salıq muǵdarın tómenletiw ekonomikalıq rawajlanıw hám mámleket dáramatlarınıń ósiwine alıp keliwin 1-bolıp amerikalı ekonomist A.Laffer ilimiy jaqtan tiykarlap bergen. Lafferdiń pikirine muwapıq, kompaniyalardıń dáramatına salıq stavkaların hádden tısqarı kóteriw olardıń kapital qoyılmalarǵa bolǵan

qızığıwshılığın tómenletedi, ilimiy texnikalıq rawajlanıwdı toqtatadı, ekonomikalıq rawajlanıwdı páseyttiredi hám bular aqır-aqıbetinde mámleketlik byudjetke keri tásir kórsetedi. Mámleketlik byudjet dáramatları hám salıq stavkalarınıń artıwı ortasındağı baylanıstıń grafikte kórsetiliwi ***"Laffer qıya sızığı"*** dep ataladı (21.2-sızılma).




**21.2-sızılma. Laffer qıya sızığı**

Bul jerde, R – salıq stavkası, $R_1$ – salıq stavkasınıń optimal muğdarı, V – mámleketlik byudjetke túsimler, $V_1$ – mámleketlik byudjetke eń joqarı túsimler.

Laffer teoriyasınıń haqıyqatqa jaqın ekenligi sonnan ibarat, salıq stavkasınıń ósiwi yamasa páseyiwi gumansız kapital qoyılmalardıń ósiw pátine tosqınlıq bolıwı yamasa kerisinshe, xoshametlewshi tásir kórsetedi. Biraq ulıwma alğanda, bazar ekonomikası sharayatında investiciyalarğa salıq stavkasınnan tısqarı kóplegen faktorlar tásir kórsetedi. Bul faktorlar ishinde áhmiyetli orındı ciklldıń ózgeshelikleri, ol yamasa bul kárxananıń ónimine talap hám usınıstıń salıstırması, olardıń paydasınıń dárejesi iyeleydi.

### Qadağalaw sorawları

1. Finanstıń ekonomikalıq mazmunın onıń waziypaları járdeminde túsindiriń.
2. Finans sistemasınıń elementleri haqqında túsinik beriń
3. Finans sistemasında mámleketlik byudjet qanday rol atqaradı?
4. Mámleketlik byudjettiń quramın túsindiriń.
5. Byudjet qıtshılığı degenimiz ne? Onı qanday sebepler júzege keltiredi hám byudjet qıtshılığı mámleket ekonomikasına qanday tásir kórsetedi?
6. Salıqlardın ekonomikalıq mazmunın, túrlerin hám wazıypaların mısallarda túsindiriń.
7. Mámlekettiń ishki hám sırtqı qarızlarınıń dereklerin túsindirip beriń.
8. Salıq júgi degenimiz ne hám ol ekonomikağa qanday tásir kórsetedi?
9. Laffer qıya sızığınıń mazmunın túsindiriń
10. Ózbekstanda byudjet-salıq sistemasın jetilistiriw bağdarında ámelge asırılıp atırğan ilajlar haqqında túsinik beriń.

# 22-TEMA. PUL-KREDIT SISTEMASÍ. BANKLER HÁM OLARDÍŃ BAZAR EKONOMIKASÍNDAĞÍ ROLI

## 1. Pul sisteması hám onıń strukturalıq bólimleri

Makroekonomikalıq aylanısta tovar hám xızmetlerdiń háreketine qarama-qarsı bağdarda puldıń háreketiniń júz beriwin aldıńğı bapta kórip ótken edik. Endi usı bapta sol pul ağımın, pul sisteması, onıń elementleri, pul aylanısı, onıń nızamı, inflaciya, onıń ekonomikağa tásiri hám social-ekonomikalıq aqıbetlerin analizleymiz.

Dáslep ekonomikanıń pul sistemasına toqtap ótemiz. **Pul sisteması – bul mámlekette tariyxıy qáliplesken hám milliy nızamshılıq penen tastıyıqlanğan pul aylanısın shólkemlestiriw forması.**

Ekonomikanıń pul sistemasınıń áhmiyetli strukturalıq bólimleri tómendegilerden ibarat:

1) milliy pul birligi (dollar, evro, funt sterling, yena, yuan, rubl, sum h.t.b.);

2) pul emissiyası, yağnıy belgilengen nızamlı tártipte puldı aylanısqa shığarıw sisteması;

3) puldıń túrleri, yağnıy pul aylanısında nızamlı tártipte tólew quralı sipatında háreket etiwshi qağaz, tiyin hám kredit pullar sisteması;

4) valyuta rejimi (milliy puldı basqa pulğa almastırıw tártibi);

5) pul aylanısın tártipke salıw menen shuğıllanıwshı finanslıq institutlar (bankler hám bankten tısqarı shólkemler) hám mámlekettiń pul aylanısın tártipke salıw boyınsha (monetar) siyasatı.

Pul bazar ekonomikasınıń janı esaplanadı, sebebi ol pul menen tiri. Pul bazar qatnasıqlarınıń tiykarğı quralı, onıń járdeminde barlıq ekonomikalıq baylanıslar ámelge asırıladı. Puldıń basqa tovarlardan ayrımashılığı ol joqarı likvidlilikke iye bolğan tovar.

**Puldıń likvidligi onıń aylanıs quralı sıpatında barlıq tovarğa tez hám hesh qanday tosqınlıqsız almasıwı esaplanadı.**

Puldan basqa likvidli aktivler de bar, biraq olar likvidligi boyınsha pulğa teńlese almaydı. Mısalı, pul hesh bir qárejetsiz qálegen waqıtta qálegen tovarğa almasıwı múmkin. Imarat, altın yamasa transport quralı basqa tovarlarğa almasıwı ushın ol satılıwı kerek, bul kóp waqıt hám qárejetti talap etedi.

Pul toplaw quralı bolıwı ushın onıń **qádiri turaqlı** bolıwı kerek. Pul qádirsizlengende, oğan keleshekte kem tovar beriledi (satıp alınadı). Sonlıqtan qádirsizlenip atırğan puldıń toplanıwı baylıqtıń bir bóleginiń joytılıp barıwın bildiredi. Sonday sharayatta puldıń ornına basqa aktivlerdi toplaw qolaylı bolıp qaladı.

**Puldıń qádiri-qunı – bul pul birliginiń tovar hám xızmetlerdi satıp alıw qábileti.**

Puldıń qádiri-qunı oğan bazarda ne beriliwi menen belgilenedi. Qádiri joqarı pullar kúshli pullar esaplanadı. Qádiri tómen puldı adamlar push pullar dep ataydı. Biraq olar da ekonomikada óz wazıypasın orınlaydı, biraq ekonomikalıq aylanıs ushın olardıń muğdarı kóp bolıwı kerek.

## 2. Puldıń túrleri. Pul massası hám pul agregatları

Dúnyada neshe mámleket bolsa, sonsha milliy pullar bar. Olardıń atları uqsas bolsada, olar bir-birinen parqlanadı. AQSh, Kanada, Avstriya, Gonkong pulları dollar atı menen júrgiziledi, biraq olar barlıq tárepi boyınsha parqlanadı.

**Milliy pul – bul málim mámlekette aylanısta júriwshi hám birden-bir tólew quralı dep qabıl etilgen pul esaplanadı.**

Milliy pul tómendegi belgilerge iye boladı: ol mámlekettegi birden-bir tólew quralı esaplanadı, ol qorğanıw belgilerine iye (bul belgi 12 ge shekem boladı), onı jasalma etiw qıyın boladı. Milliy puldıń óz kórinisi bar, onı basqa puldan ajıratıp

tanıp alıw múmkin. Mısalı, biz Ózbekstan sumın AQSh dolları, Yaponiya ienası yamasa Qazaqstan teńgesinen ańsat ajıratıp, dárhal tanıp alamız. Milliy pul shıdamlı bolıp, uzaq dáwirde tozbastan xızmet etedi. Milliy pul iri yamasa mayda bolsada pul birligi, satıp alıw qábileti birdey boladı. Bir 10 mıń sumlıq, 2 bes mıń sumlıq yamasa 10 júz mıń sumlıq puldıń qádiri birdey boladı. Sonlıqtan iri puldı maydalap alıw yamasa mayda puldı iri etip alıw hesh qıyınshılıq tuwdırmaydı.

Pul óz forması boyınsha qaǵaz hám teńge pullardan ibarat bolsa, aylanıs etiw tárepi boyınsha naq hám naq bolmaǵan pullarǵa ajıraladı.

**Naq pullar** – bul xalıqtıń qolında anıq materiallıq formadaǵı qaǵaz hám teńge pullar bolıp, olar qoldan-qolǵa ótip júredi. Bul eń kóp tarqalǵan tólew quralı. Biraq alıs-beris baylanıslarına **naq bolmaǵan pullar** da xızmet etedi. Bul pullar anıq materiallıq formaǵa iye emes, ol qıyalıy pul, yaǵnıy onıń bar yamasa joq ekenligin qol menen uslap hám kóz benen kórip bolmaydı, al qıyalıy kóz aldımızǵa keltiremiz. Naq bolmaǵan pul bul banktegi ayırım puqaralar, firmalar yamasa mámleketlik shólkemler atına jazılǵan pullar. Naq bolmaǵan pul bankte turǵanı ushın ol iyesine procent keltirgen halda ósip baradı. Ol bankten bankke kóship aylanısta bolǵanlıqtan, onıń aylanıs qárejeti az boladı, onı saqlaw qáwipli bolmaydı.

Pul qanday formada bolıwına qaramastan ekonomikada túrlishe xızmet etedi. Usıǵan baylanslı olar aktiv hám passiv pullar bolıp bólinedi. **Aktiv pul** bul ámelde hárekette bolǵan, yaǵnıy ekonomikadaǵı alıs-beris qatnasıqlarında tólew quralı sıpatında islep turǵan pullar. **Passiv pul** bul ekonomikalıq aylanısta qatnaspay turǵan pul esaplanıp, ol amanat, pul rezervleri hám kassa qaldıqlarınan ibarat boladı. Ol ádette múddetli depozitler hám bank amanatlarında saqlanǵan pul bolıp, waqtınsha isletilmey turadı. Barlıq pul túrleri ekonomikada pul massasın payda etedi.

**Pul massası mámlekette málim waqıtta aylanısta júriwshi barlıq pul túrleriniń muǵdarı.**

Pul massası onıń agregatlarınan ibarat boladı. **Pul agregatı – bul puldıń likvidligi boyınsha túrli toparlarǵa ajıratılıwı.** Eń aldıńǵı agregatqa likvidligi joqarı pullar kiritiledi. Mısalı, AQShta birinshi agregatqa (onı $M_1$ dep belgileydi) naq pul, jol shekleri, qálegen waqıtta bankten alıw múmkin bolǵan basqa pullar kiritiledi. Eń sońǵı agregatlar likvidligi tómenirek pullardan ibarat boladı.

Milliy ekonomikada mámlekettiń, kommerciyalıq bankler hám basqa finanslıq shólkemlerdiń minnetlemeleri pul sıpatında paydalanadı. Pul operaciyalarınıń tiykarǵı kópshilik bólegi naq pulsız, chekler hám oǵan teńlestirilgen finanslıq aktivler járdeminde ámelge asırıladı. Sol sebepli aylanısta bolǵan pul muǵdarın esaplaw ushın $M_1$ ...$M_n$ pul agregatları yamasa strukturalıq bólegi túsiniginen paydalanıladı. **Barlıq pul agregatları jıyındısı jalpı massasın yamasa pul usınısın quraydı.**

Ózbekstanda ulıwma pul muǵdarı tómendegiler tiykarında esaplanadı:

**M0** – aylanıstaǵı naq (qaǵaz hám metall) pullar.

**M1** = M0 + xalıqtıń aǵımdaǵı esap betindegi pul qaldıqları, kárxanalardıń esap betlerindegi pul qarjıları, banklerdegi talap etip alıw múmkin bolǵan pul amanatları.

**M2** = M1 + kommerciyalıq banklerdegi múddetli amanatlar hám amanat esap betlerindegi pullar, qánigelestirilgen finanslıq shólkemlerdegi depozitler hám basqa aktivlar. Bul agregattıń quramına kiriwshi pul qarjıların tuwrıdan-tuwrı bir shaxstan basqa bir shaxsqa ótkeriw hámde almasıw kelisimlerinde paydalanıw múmkin emes. Olar tiykarınan toplaw quralı wazıypasın orınlaydı.

**M3** = M2 + bank sertifikatları + anıq maqsetli zayom obligaciyaları + mámleketlik zayom obligaciyaları + qazna minntelemeleri.

Bunnan kórinip turǵanınday, pul massasınıń hár bir agregatı óziniń likvidlik dárejesine qaray bir-birinen parqlanadı. Joqarıda keltirip ótkenimizdey, pullar (metall tiyin hám qaǵaz pullar) eń joqarı likvidlikke iye boladı. Pul iyesi ózi qálegen waqtında alıwı múmkin bolǵan pul amanatları da likvidli esaplanadı. Pul massası quramına tólew quralı wazıypasın atqarıw qábileti tómenirek bolǵan aktivlerdiń qosılıp barıwı menen, olardıń likvidlik dárejesi de páseyip baradı.

Naq pullar bazar ekonomikası rawajlanǵan mámleketlerde ulıwma pul massasınıń 9-10 procentin, ǴMDA mámleketlerinde 35-40 procentti quraydı.

## 3. Pul aylanısı hám onıń nızamı

Bazar ekonomikası sharayatında pul qarjıları toqtawsız hárekette boladı, tovarlar hám xızmetlerdi almasıw processinde resurslar ushın tólemlerdi ámelge asırıwda, xızmet haqı hámde basqada minnetlemelerdi tólewde pul qoldan qolǵa ótip, aylanıp turadı. **Puldıń óz wazıypaların orınlaw processindegi toqtawsız háreketi pul aylanısı dep ataladı.**

Pul aylanısın basqarıp turıwshı ekonomikalıq nızam bar bolıp, ol bazar ekonomikasınıń áhmiyetli nızamlarınan biri esaplanadı. Bul nızam aylanısta qansha pul zárúr bolıwın belgilep beredi.

**Pul aylanısı nızamı sonday ekonomikalıq nızam, oǵan muwapıq aylanıstaǵı pul muǵdarı satılatuǵın tovar hám xızmetler bahasınıń ulıwmalıq summasına tuwrı proporcionalda, puldıń aylanıs tezligine keri proporcionalda boladı.**

Bul nızamǵa muwapıq satılatuǵın tovar hám xızmetler (Q) qanshelli kóp bolsa hám olardan hár biriniń bahası (P) qanshelli joqarı bolsa sonshelli pul kóp talap etiledi, bunıń kerisi bolsa pul az muǵdarda kerek boladı.

Biraq puldıń muǵdarına (M-***money***) onıń aylanıs tezligi (V- ***velocity***) de tásir etedi. Aytılǵan nızam ekonomikada tovar hám pul teńsalmaqlıǵı bolıwın bildiredi. Teńsalmaqlıq bolsa sonnan ibarat, pul muǵdarınıń (M) puldıń aylanıs tezligine (V) kóbeymesi tovarlar muǵdarınıń (Q) hár bir tovardıń ortasha bahasına (P) kóbeymesine teń bolıwı kerek. Bunda **M·V=Q·P** teńligi kelip shıǵadı. Sonnan kelip shıqqan halda puldıń muǵdarın anıqlasaq, $M = \frac{Q.P}{V}$ payda boladı. Bunda M Q·P ǵa tuwrı proporcional, V ǵa bolsa keri proporcionalda boladı.

## 4. Inflyaciya, onıń kelip shıǵıw sebepleri, túrleri hám social-ekonomikalıq aqıbetleri

Ekonomikada inflyaciya hám deflyaciya degen hádiyseler ushırasıp turadı, bular bir-birine qarama-qarsı boladı.

**Inflyaciya** pul birligi qádiriniń bahalardıń joqarılap ketiw nátiyjesinde páseyiwi, **deflyaciya** kerisinshe bahalar túsip puldıń qádiriniń artıwın bildiredi. Biraq bunday hádiyseler máwsimlik emes, al úzliksiz bolıp, uzaq waqıtta gúzetilgende inflyaciya yamasa deflyaciya bar dep aytıw múmkin.

**"Inflyaciya"** ataması (latınsha ***inflation*** – isiniw, keńeyiw) birinshi ret Arqa Amerikada 1861-1865-jıllardaǵı puqaralar urısı dáwirinde qollanılıp, aylanısta qaǵaz pullardıń hádden tısqarı kóbeyip ketiwin sáwlelendirgen edi. Ekonomikalıq ádebiyatlarda bolsa bul atama XX ásirde, birinshi dúnya júzlik urısınan keyin keń tarqaldı. Inflyaciya túsinigi oǵada kóp qırlı bolıp, ekonomikalıq ádebiyatlarda oǵan hár tárepleme túsinikler berilgen. Atap aytqanda:

Inflyaciya – bul pul massasınıń tovar aylanısı mútájliklerine salıstırǵanda artıp

ketiwi nátiyjesinde pul birliginiń qádirsizleniwi hám soǵan sáykes túrde tovar bahalarnıń ósiwi esaplanadı[25].

Inflyaciya – bul aylanıs tarawınıń pul belgileri menen milliy xojalıqtıń haqıyqıy mútájliklerinen artıqsha muǵdarda tolıp ketiwi[26].

Inflyaciya – bul ekonomikalıq sistemada baha ósiwiniń turaqlı tendenciyasi arqalı sáwleleniwshi makroekonomikalıq hádiyse[27].

Inflyaciya – bul:

- aylanısta bar bolǵan naq qaǵaz pullar yamasa naq bolmaǵan qaǵaz pul muǵdarınıń tovarlardıń real usınısına salıstırǵanda hádden tısqarı kóbeyip ketiwi;
- pullardıń satıp alıw qábiletiniń páseyiwi;
- uzaq dáwir dawamında bahalardıń ulıwmalıq ósiwi[28].

Joqarıdaǵı anıqlamalardan kelip shıǵıp, inflyaciyaǵa tómendegishe táriyip beriwimizge boladı.

**Inflyaciya degende pul aylanısı nızamınıń buzılıwı menen baylanıslı halda tovar bahalarınıń úzliksiz túrde ósip barıwı nátiyjesinde pul birliginiń qádirsizleniwi túsiniledi.**

Inflyaciya júz bergende barlıq tovarlardıń bahası ósip, bahanıń ulıwmalıq dárejesi joqarıǵa kóteriledi. Nátiyjede pul birliginiń satıp alıw qábileti kemeyedi, málim tovardı satıp alıw ushın aldıńǵıdan kóbirek pul sarplanadı. Inflyaciya sharayatında pul kereginen kóbeyip ketedi, yaǵnıy pul massası tovar hám xızmetlerge salıstırǵanda kóp boladı.

Ne sebepten bunday hádiyse júz beredi degen soraw payda boladı. Buǵan juwap inflyaciyanıń sebeplerinen kelip shıǵadı. Olar tómendegilerden ibarat:

1. Mámleket óz qárejetlerin qaplaw ushın **pul emissiyasına** qol uradı, yaǵnıy aylanısqa qosımsha pul shıǵaradı, bul pul mámleketlik buyırtpalardıń haqısın tólew, byudjet shólkemlerinde xızmet haqı tólew arqalı aylanıstaǵı pulǵa kelip qosıladı hám onıń muǵdarın kóbeyttirip jiberedi.

2. Óndiristiń qısqarıwı. Bunda pul massası ózgermeydi, biraq tovarlar kólemi qısqaradı. Nátiyjede puldıń tovar menen támiyinleniwi kemeyedi, tovar qıtshılıǵı payda bolıp baha artadı, pul bolsa qádirsizlenedi.

3. Resurslar sheklengenlikten olarǵa talap artıp, olardıń bahası kóteriledi, bul óz gezeginde qárejetlerdi kóbeyttiredi hám bahanı joqarılatadı. Bunıń nátiyjesinde pul massası ózgermegen jaǵdayda da puldıń qádiri tómenleydi.

4. Valyuta rezervleriniń qádirsizleniwi. Bizge málim valyuta rezervleri esabınan importtı kóbeytip, milliy puldıń tovar menen támiyinleniwin arttırıw múmkin. Rezerv rolin atqarıwshı valyutalar qádirsizlense, olarǵa shetten alınatuǵın tovarlar muǵdarı qısqaradı, bunda importtıń qádirsizleniwi júz beredi. Import etilgen tovarlar muǵdarı kemeygennen soń, milliy puldıń materiallıq támiyinleniwi páseyedi, bahalar óse baslaydı.

Inflyaciya túrli belgilerine qaray hár tárepleme klassifikaciyalanadı.

Kelip shıǵıw sebeplerine qaray inflyaciya eki túrge bólinedi:

---

[25] Курс экономической теории. Учебное пособие под ред. Чепурина М.Н., Киселевой Е.А. Киров, изд. «АСА», 2009. – 423-б.

[26] Борисов Е.Ф. Экономическая теория: Учебник. – 2-е изд., перераб. и доп. М.: ТК Велби, Изд-во Проспект, 2005, 170-б.

[27] Экономическая теория: Учеб. для студ. высш. учеб. заведений / Под ред. В.Д.Камаева. – 10-е изд., перераб. и доп. - М.: Гуманит. изд. сентр ВЛАДОС, 2004, 416-б.

[28] Экономическая теория: Учебник. - Изд., испр. и доп. / Под общ. ред. акад. В.И.Видяпина, А.И.Добрынина, Г.П.Журавлевой, Л.С.Тарасевича. – М.: ИНФРА-М, 2005, 538-б.

1. **Talap inflyaciyası.** Bunda inflyaciyanı puldıń kópliginen talaptıń artıwın júzege keltiredi, talap artqan jerde bolsa baha qımbatlaydı. Talap inflyaciyası pul emissiyasın júzege keltiredi.

2. **Usınıs inflyaciyası.** Bunda resurslar qımbatlap, qárejetler artadı, payda kemeyip, tovarlardı kóbeytiwge umtılıw páseyedi, nátiyjede usınıs talapqa salıstırǵanda qısqarıp baha ósedi. Usınıs inflyaciyasın qárejetler inflyaciyası dep te júrgizedi.

Inflyaciyanı onıń ósiw pátine, yaǵnıy qanshelli tez yamasa áste barıwına qarap ta toparlarǵa ajıratıw múmkin. Inflyaciyanıń ósiw pátin onıń dárejesi belgileydi.

Insannıń keselliginiń belgisi – onıń denesiniń ıssılıǵı (temperaturası). “Kesellikti jasırsań – dene ıssılıǵı áshkara etedi”.

**Ekonomikanıń kesellik belgisi – joqarı dárejedegi inflyaciya**.

**Inflyaciya dárejesi – bul bahalardıń ulıwmalıq ósiwi.**

Bunı biliw ushın házirgi bahalar aldıńǵı bahalar menen salıstırıladı. Baha qanshaǵa artqan bolsa, sonsha inflyaciya bolǵan boladı. Sońǵı bahalardan ($P_2$) aldıńǵı bahalardı ($P_1$) ayırıp bahanıń ósimin tabıw hám sol ósimdi aldıńǵı baha dárejesine salıstırıp qansha inflyaciya (inf) bolǵanlıǵın anıqlaw múmkin. Bunda

$$\inf = \frac{P_2 - P_1}{P_1} \cdot 100$$

payda boladı. Aytayıq, dáslep ulıwma bahalar 180 birlikti payda etse, sońǵı bahalar 210 birlikke shekem artqan. Bunda inflyaciya tómendegishe boladı:

$$\inf = \frac{210 - 180}{180} \cdot 100 = \frac{30}{180} \cdot 100 = \frac{300}{18} = 16.66\%$$

.

Inflyaciyanıń tez yamasa áste bolǵanlıǵın biliw ushın aldıńǵı dáwirdegi bahalardıń ósiwi ($inf_1$) keyingi dáwirdegi ósiw ($inf_2$) menen salıstırıladı. Eger aldıńǵı úsh jılda inflyaciya 18 procent, keyingi úsh jılda ol 12 procent bolsa, inflyaciyanıń páti páseygen boladı, sebebi 12<18.

Inflyaciyanıń páti bul bahalardıń ósiw páti esaplanadı. Sol tárepi boyınsha inflyaciya úsh túrli boladı:

1. ***Normadaǵı (ástelik penen ósiwshi) inflyaciya.*** Bul tovar bahalarınıń normada ósiwin bildiredi, yaǵnıy tovar bahalarınıń jılına 10 % átirapında ósiwin ańlatadı.

2. ***Kúshli tez ósiwshi inflyaciya.*** Bul tovar bahalarınıń biraz tez ósip barıwın bildiredi. Bahalar ádette jılına 20-200 procent átirapında óskende kúshli tez ósiwshi inflyaciya bar dep esaplanadı.

3. ***Giperinflyaciya*** yamasa oǵada kúshli pát penen júgiriwshi inflyaciya. Bul bahalardıń jılına 1000 procentten zıyat, yaǵnıy 10 eseden kóp ósiwin bildiredi. Bul oǵada qáwipli inflyaciya esaplanadı. Ol ekonomikanı izden shıǵarıp oǵada tómen jaǵdayǵa salıp qoyadı. Pulǵa isenim tolıq joytıladı, hámme puldan tezirek qutılıwǵa umtıladı, sebebi ol kózdi ashıp jumǵansha qádirsizlenedi.

## 5. Kredittiń mánisi, wazıypaları hám túrleri

Bazar ekonomikası sharayatında pul turaqlı hám úzliksiz hárekette bolıwı lazım. Bunıń ushın bolsa pul qarjıları pul-kredit shólkemleri arqalı toplanıp, ekonomikaǵa investiciyalar sıpatında baǵdarlanıwı tiyis. Bul processlerdi ámelge asırıwda **kredit qatnasıqları** ayrıqsha áhmiyetke iye.

**Kredit bos turǵan pul qarjıların ssuda fondı formasında toplaw hám olardı pulǵa mútáj bolıp turǵan yuridikalıq hám fizikalıq shaxslarǵa óndirislik hám basqa mútájlikleri ushın málim múddetke qarızǵa beriw qatnasıqların sáwlelendiredi.**

Pul formasındaǵı kapital **ssuda kapitalı** dep júrgizilse, onıń háreketi **kredittiń mazmunın** quraydı.

Kredit qatnasıq bolar eken, onıń obekti hám subekti boladı. **Kredit obekti** – bul qarızǵa beriliwi múmkin bolǵan pul, yaǵnıy **kredit resursları.** Bul da finanslıq resurs esaplanadı. **Kredit subekti -** bul kredit baylanıslarınıń qatnasıwshıları bolıp, ol puldıń iyelerinen, qarız alıwshılardan hám dáldálshılıq etiwshilerden ibarat. Puldı qarızǵa beriwshi **kreditor,** al qarız alıwshı bolsa **ssuda alıwshı** yamasa **qarız alıwshı** dep júrgiziledi. Kredit qatnasıqlarında qatnasıwshı dáldálshılar kredit institutlarında birlesedi.

**Kredit mexanizmi.** Kredittiń bir qatar quralları bar bolıp, olar birgelikte kredit mexanizmin payda etedi. Bular kredit principlerinde óz kórinisin tabadı:

1. Kredit **málim maqsetke** beriliwi kerek.
2. Kredit anıq bir **múddetke** beriledi.
3. Kredit ushın **haqı** tólenedi.
4. Kredit pulı álbette **qaytarılıp beriliwi** shárt.
5. Kredittiń óz waqtında qaytarılıwı ekonomikalıq jaqtan **kepilliklengen bolıwı (kredittiń támiyinlengenligi)** kerek.

Kredittiń arzan yamasa qımbat bolıwın procent dárejesi belgileydi. Bul procent tólemi qarız pulınıń qanday bólegine teń ekenligin, yaǵnıy ondaǵı úlesin bildiredi, ol **procent stavkası** dep te júrgiziledi. Procent stavkasına qarap pul iyesine qanday muǵdarda qarız haqı tólew zárúrligi anıqlanadı. Bul tómendegishe esaplanadı: $G = \frac{K_r \bullet G_s}{100}$. Bunda G – procent muǵdarı, $K_r$ – kredit summası, $G_s$ – procent stavkası. Eger banktiń kredit stavkası 12 procent, berilgen kredit summası 200 mln. sum bolsa tólenetuǵın procent muǵdarı tómendegishe boladı:

$$G = \frac{K_r \cdot G_s}{100} = \frac{200 \cdot 12}{100} = 24 m\ln.sum$$

Procent tólew ushın qarız pulın isletiwden alınǵan payda norması ($F_n$) procent stavkasınan joqarı bolıwı kerek. Sol sebepli kreditti nátiyjeli isletip kóp payda alıw talap etiledi. Joqarıdaǵı mısalǵa qaytsaq, 200 mln. sum kredit isletilgende payda norması 20 procent bolıwı kerek. Sonda $F_n = \frac{200 \cdot 20}{100} = 40 m\ln.sum$ boladı. Demek, qarız alǵan subekt alınǵan payda 40 mln. sum bolǵanda ol 24 mln. sumnan ibarat procent tóley alǵan. Qalǵan 16 mln. sum bolsa onıń ózine tiyisli bolǵan.

**Kredittiń wazıypaları.** Kredit ekonomikada bir qatar wazıypalardı orınlaydı. Birinshiden, kredit **qayta bólistiriw wazıypasın** orınlaydı. Onıń járdeminde kárxanalar, mámleket hám xalıqtıń bos turǵan pul qarjıları ssuda fondı formasında toplanıp, keyin bul qarjılar kredit mexanizmi arqalı ekonomika tarawlarınıń mútájliklerin esapqa alıp qayta bólistiriledi. Sol arqalı óndiris processiniń úzliksizligin támiyinlewge xızmet etedi. Ekinshiden, kredit pulǵa teńlestirilgen tólew quralların (veksel, chek, sertifikat h.t.b.) júzege shıǵarıp, olardı **xojalıq ámeliyatına engiziw wazıypasın** orınlaydı. Úshinshiden, kredit naq pullar ornına kredit pullardı rawajlandırıw hám pul aylanısın jedellestiriw menen **aylanıs shıǵınların únemlew wazıypasın** atqaradı. Tórtinshiden, kredit ssuda fondınıń háreketi (qarız beriw hám qarızdı óndiriw) arqalı **ekonomikalıq ósiwdi xoshametlew wazıypasın** atqaradı. Besinshiden, kredit óz shólkemleri arqalı ekonomikalıq subektlerdiń xızmeti ústinen **qadaǵalaw wazıypasın** atqaradı. Altınshıdan, kredittiń ózine tán wazıypası **ekonomikanı tártipke salıw** esaplanadı. Bunda kredit ushın procent stavkaların differenciaciyalaw, mámleket tárepinen kepillikler hám jeńillikler beriw sıyaqlı usıllardan paydalanadı.

**Kredittiń túrleri.** Kredit ne menen, qanday maqsetlerde, kim tárepinen beriliwine qarap bir-birinen parqlanadı. Kredittiń tiykarǵı forması onıń **pul menen** beriliwi. Biraq **tovar krediti** de qollanıladı. Bul óz gezeginde kommerciyalıq kredit hám lizingten ibarat boladı.

Házirgi waqıtta mámlekettiń ishki aylanısında **pul kreditinen** keńirek paydalanıp, ol bank, xojalıqlar aralıq, kommerciyalıq, mámleketlik, tutınıw hám xalıq aralıq kredit formaların óz ishine aladı.

Kredit investiciyalardı pul menen támiyinlew arqalı ekonomikalıq ósiwge úles qosadı. Sonlıqtan kredittiń keńeyip barıwı házirgi zaman bazar ekonomikasınıń belgisi esaplanadı. Házirgi waqıtta kópshilik mámleketlerde hár jılı berilgen kredit summası JIÓ niń 40 procentine teń bolmaqta. Bazar ekonomikasınıń dáslepki basqıshında ekonomikada mikrokredit ayrıqsha orın iyeleydi. Bul kishi biznesti qollap-quwatlaw menen baylanıslı. Ózbekstanda da usı joldan barılmaqta.

## 6. Bank sisteması. Oraylıq hám kommerciyalıq bankler, olardıń wazıypaları

Bazar ekonomikası sharayatında pul aylanısın támiyinlewde bankler áhmiyetli rol oynaydı. **Bank – pul qarjıların toplaw, jaylastırıw hám olardıń háreketin tártipke salıw menen shuǵıllanıwshı finanslıq institut.**

Bankler xızmetiniń tiykarǵı tareplerinen biri kredit qatnasıqlarına xızmet etiw bolıp, olar kredit shólkemleriniń tiykarın quraydı.

Bank sisteması ádette eki dárejeli bolıp, óz ishine **Orawlıq (emissiyalıq) bank** hám **kommerciyalıq (depozitli) bankler**diń tarmaq shaqapshaların aladı.

**Oraylıq bankler,** olar túrli mámleketlerde túrlishe ataladı. Mısalı, AQShta ol Rezerv sisteması, Ullı Britaniyada Angliya banki, Germaniyada Bundesbank, Ózbekstanda Oraylıq bank dep júrgiziledi. Oraylıq bankler – **banklerdiń banki** esaplanadı. Olar tómendegi wazıypalardı orınlaydı: pul emissiyasın ámelge asıradı, yaǵnıy puldı aylanısqa shıǵaradı; mámlekettiń altın-valyuta rezervlerin saqlaydı, yaǵnıy mámlekettiń qaznası esaplanadı; kredit rezervlerin bankler ortasında bólistiredi; mámlekettiń pul-kredit siyasatın ámelge asıradı, kreditke, ulıwma pul aylanısına tiyisli tártip-qaǵıydalardı islep shıǵıp, olarǵa tiykarlanıwdı qadaǵalaydı. Oraylıq bank birew boladı.

Kópshilik bankler kommerciyalıq bankler esaplanadı, olar kópshilikti quraydı. Olardıń kapitalı óziniń pulı hám klientlerdiń qoyǵan pulınan ibarat boladı. Kommerciyalıq bankler pul amanatları hám qımbat bahalı buyımlardı saqlaydı, pul operaciyaların ótkeredi, kredit beredi, konsalting jumısları menen shuǵıllanadı. Jer júzindegi bankler óz klientlerine 600 túrli xızmet kórsetedi. Bankler de basqa firmalar sıyaqlı payda alıwdı gózleydi.

Bank óz xızmetinde tómendegi principlerge tiykarlanadı:

1. Klientlerdiń mápine ústinlik beriw, olar ushın góresiw.
2. Rentabelli bolıw – payda alıp islew.
3. Básekide qatnasıw.
4. Táwekelshilikke barıw.
5. Likvidli bolıw, yaǵnıy óz qarjıların naq pulǵa aylandıra alıw.

### Qadaǵalaw sorawları

1. Pul sisteması hám onıń strukturalıq bólimleri haqqında túsinik beriń.
2. Puldıń qádirin (qunın) qanday faktorlar belgilep beredi?
3. Puldıń túrlerin sanań hám olarǵa xarakteristika beriń.
4. Pul massası hám pul agregetları haqqında túsinik beriń.

5. Pul aylanısınıń mazmunın túsindiriń.
6. Aylanıs ushın zárúr bolǵan puldıń muǵdarı qanday faktorlarǵa baylanıslı?
7. Pul aylanısı nızamınıń mazmunın túsindirip beriń.
8. Kredittiń mánisi, zárúrligi hám wazıypaların túsindiriń.
9. Kredit beriwdiń principlerin sanań hám olarǵa xarakteristika beriń.
10. Kredittiń túrlerin sanap, olarǵa xarakteristika beriń.
11. Bank sisteması haqqında túsinik beriń. Oraylıq hám kommerciyalıq banklerdiń wazıypaların túsindirip beriń.
12. Ózbekstanda milliy valyutanıń turaqlılıǵın bekkemlew baǵdarında ámele asırılıp atırǵan ilajlar haqqında túsinik beriń.

### Tapsırmalar

1. Ózbekstan Respublikasında pul aylanısın turaqlastırıw boyınsha sáwbetlesiw shólkemlestiriw.
2. Satılǵan tovarlar summası 150 mln dollor bolıp, sonnan 50 mln dollor múddeti kelgen qarızlar hám basqada tólemler 40 mln dollor. Puldıń aylanıs tezligi 7 ge teń bolǵanda aylanıs ushın zárúr bolǵan puldıń muǵdarın anıqlań?
3. Klient bankden alǵan 15 mln.sum muǵdarındaǵı kreditti bir jıldan soń 18 mln.sum etip qaytardı. Procent stavkasın anıqlań?

## 23-TEMA. BAZAR EKONOMIKASÍN TÁRTIPKE SALÍWDA MÁMLEKETTIŃ ROLI

### 1. Mámlekettiń milliy ekonomikanı tártipke salıwdaǵı roli haqqındaǵı teoriyalar

Milliy ekonomikanıń nátiyjeliligi kóp faktorlı kórsetkish bolıp, bunda nátiyjeliktiń erisilgen dárejesi hár tárepleme ekonomikadaǵı mámleket yamasa bazar sistemasınıń tutqan roline baylanıslı bolıwı múmkin.

Sebebi joqarı nátiyjelikke, birinshiden, bazardı tártipke salıw usılları arqalı; ekinshiden, ekonomikanı tek bir oraydan sanalı túrde oraylastırılǵan basqarıw jolı menen; úshinshiden, tákirar islep shıǵarıw processinde mámlekettiń aralasıwı hám bazar usılların birlestiriw arqalı erisiledi. Búgingi kúni respublikamızdıń milliy ekonomikasınıń rawajlanıwı ushın kóbirek úshinshi jol tán esaplanadı.




Ekonomikalıq rawajlanıw tariyxında birinshi ret mámlekettiń ekonomikadaǵı roli máselesi A.Smit tárepinen ilimiy tiykarda islep shıǵılǵan.

Onıń **"Xalıqlar baylıǵınıń tábiyatı hám sebeplerin izertlew haqqında"** (1776-jıl) kitabında bazar sistemasınıń ózin-ózi basqarıwshı sistema ekenligi hám onıń **"kózge kórinbes qol"** járdeminde basqarılıp turılatuǵınlıǵı haqqındaǵı pikir keltirilgen.

Ol óndiriwshilerge ekonomikalıq erkinlik beriwdiń hám ekonomikaǵa mámlekettiń aralasıwın sheklep qoyıwdıń táreptarı boldı. Sebebi A.Smit bazar ekonomikası óndiriwshilerdi joqarı payda alıw maqsetinde ekonomikalıq xızmet júrgiziwge iytermeleydi, payda alıwdıń tiykarǵı shárti bolsa jámiyetlik talaplardı qanaatlandırıwdan ibarat, demek, óndiriwshi óziniń jeke máplerin qanaatlandırıw ushın jámiyetlik máplerge xızmet etedi dep esapladı.

A.Smittiń **"Tınısh qoyıw"** teoriyası, 1929-1933-jıllarda bazar ekonomikasına tiykarlanǵan, derlik barlıq mámleketlerdi óz ishine qamtıp alǵan ekonomikalıq krizis

dáwirinde kritikaǵa ushıradı. Ekonomikalıq krizis hám massalıq jumıssızlıq mámlekettiń ekonomikalıq processlerge aralasıwın kúsheyttiriwdi talap etti.

Mámlekettiń ekonomikadaǵı rolin arttırıw máselesi Dj.M.Keynstiń **"Jumıs penen bántlilik, procent hám puldıń ulıwmalıq teoriyası"** (1936-jıl) atlı kitabında óz kórinisin tapqan. Bul kitapta avtor mámleket fiskal hám kreditli tártipke salıw qurallarınan paydalanıp, jámiyettiń jalpı talabın qollap-quwatlawdı hám xalıqtıń jumıs penen bántliligin támiyinlew zárúrligin dáliyiledi. Ol bazar ekonomikasın mámleketlik retlestiriw zárúrligin dáliyllep berdi. Keynsti "aralas ekonomikanıń" atası dep aytıwǵa boladı. Onıń ekonomikalıq táliymatları 1929-1933-jıllarda Amerikadaǵı ullı depressiyalar dáwirinde júzege keldi. Bul dáwirde AQShta óndiris kólemi yarım esege shekem qısqardı, al jumıssızlar sanı bolsa xalıqtıń 7 bólegin quradı. Bunday jaǵdayda ekonomikanı qutqarıwdıń eń áhmiyetli jollarınan biri mámleketlik retlestiriw ekenligi kórsetip berildi.

Ulıwma alǵanda joqarıda kórip ótilgen táliymatlardıń hámmesi de ózleriniń kóz-qarasınan kelip shıǵa otırıp, bazar ekonomikasın retlestiriwge baha bergen teoriyalar esaplanıp, olardıń hár qaysısı da tariyxıy rawajlanıwdıń belgili basqıshlarında óziniń ámeliy paydalanılıwına iye boldı.

Házirgi waqıtta xojalıq mexanizmindegi mámleketlik sektor hám bazar elementleriniń óz-ara salıstırmasına muwapıq, rawajlanǵan mámleketlerde "aralas ekonomika"nıń bir neshe modellerin ajıratıp kórsetiw múmkin:

**Liberal (amerikalı) model**– bul modelge jeke menshik, óndiris, sawda, investiciya, jumıs kúshinen paydalanıw tarawlarında bazar-báseki mexanizminiń ústunligi hám sociallıq differenciaciyanıń joqarı dárejesi tán boladı. Húkimet ekonomikanı makro hám mikro dárejede nızamlar shıǵarıw arqalı salıq hám pul-kredit siyasatın alıp barıw, básekini rawajlandırıw, monopoliyalardıń ústinligin sheklew, xalıqtıń ayırım sociallıq toparlarınıń máplerin qorǵaw sıyaqlı maqsetlerde tártipke saladı. Bul model AQSh, Ullı Britaniya, Avstraliya, Jańa Zelandiya mámleketleri ushın tán bolıp, házirgi waqıtta Irlandiyanıń ekonomikalıq sisteması málim dárejede usı modelge jaqınlaspaqta.

**Sociallıq-bazar xojalıǵı modeli (Germaniya)** – bul model básekige tiykarlanǵan bazar mexanizmi rawajlanǵan sociallıq infrastrukturaǵa iye bolǵan bazar xojalıǵın ózinde sáwlelendiredi. Bul model tártipke salınbaytuǵın kapitalizm (bazar) sharayatında jámiyettegi sociallıq qorǵawǵa mútáj qatlamlardı (kem támiyinlengenler, jumıssızlar, jaslar, kishi hám orta firmalar) turaqlı túrde qollap-quwatlawdı názerde tutadı. Mámleket jeterli dáramat dárejesin óz betinshe támiyinley almaytuǵın sociallıq toparlardıń ekonomikalıq abadanshılıǵın támiyinlewde keń kólemli minnetlemelerdi óz juwapkershiligine aladı.

**Shved modeli** – bul modelde sociallıq konsensusqa erisiw maqsetinde dáramatlardı keń kólemde qayta bólistiriw tiykarında sociallıq kepilliklerdi támiyinlewge erisiledi. Bul maqsetke erisiwde ulıwma jámiyetlik mápler hám jeke sektordıń máplerin muwapıqlastırıwǵa járdem beretuǵın kásiplik awqamları hám túrli "erkin birlespeler" áhmiyetli orın iyeleydi. Bul process isbilermenler hám kásiplik awqamlardıń kelisimleri hámde siyasiy kúshlerdiń pikirleri quralında ámelge asırıladı. Bunnan tısqarı, bul model ekonomikalıq qararlardıń túrli toparlardıń qarama-qarsılıǵı hám maqsetlerin mámlekettiń aktiv qatnasıwında muwapıqlastırılıwı arqalı ámelge asırılıwı sebepli "korporativ model" dep te ataladı.

***Yapon modeli*** – ekonomikalıq rawajlanıwdıń yapon modelin shved modeliniń jańa kórinisi sıpatında keltiriw múmkin. Yapon model tártipke salıwshı "korporativ kapitalizm" modeli esaplanadı. Bunda jeke kapitaldı toplaw imkaniyatları mámlekettiń ekonomikalıq rawajlanıwın baǵdarlamalaw, strukturalıq, investiciya, sırtqı ekonomikalıq hám socialliq siyasat tarawındaǵı aktiv roli menen uyǵınlasıp

ketedi. Isbilermenlik sektorında mámlekettiń úlesi joqarı bolmaydı. Mámleket tiykarǵı dıqqattı úzliksiz kásiplik tayarlıq arqalı jumıs kúshiniń qánigeligin arttırıwǵa qaratadı. Sonday-aq, yapon modeline miynet hám óndiristi shólkemlestiriwdiń aldıńǵı formaların milliy dástúrler menen uyǵınlastırıw belgisi de tán esaplanadı. Sonlıqtan ekonomikalıq rawajlanıwdıń yapon modeli iyerarxiyalıq korporativizm, dep te ataladı.

Ekonomikanı mámleket tárepinen tártipke salıwdıń málim bir shegaraları da bar bolıp, olar óndiris nátiyjeligine mámlekettiń tásirinen kelip shıǵadı. Ekonomikaǵa mámlekettiń hár qánday aralasıwı málim bir qárejetlerdi talap etedi. Olarǵa eń dáslep, tártipke salıwdı shólkemlestiriw hám ámelge asırıw boyınsha qárejetlerdi kirgiziw múmkin. Sonday-aq, tártipke salıwdıń ol yaki bul forması bazar teńsalmaqlıǵı, óndiris kólemi, resurslardıń qayta bólistiriliwine kórsetiwi múmkin bolǵan tásirdi de esapqa alıw lazım. Bunda tártipke salıwdı ámelge asırıw menen baylanıslı bolǵan qárejetlerdiń muǵdarı mámlekettiń ekonomikanı tártipke salıwı nátiyjesinde alınatuǵın nátiyjeden kem bolıwı lazım. Olardıń salıstırması mámlekettiń ekonomikaǵa aralasıw shegaraların belgilep beredi.

## 2. Mámlekettiń ekonomikadaǵı roli hám wazıypaları

Mámlekettiń ekonomikaǵa aralasıwı eki baǵdarda ámelge asırıladı. **Birinshiden,** ekonomikanıń mámleketlik sektorın payda etiwshi kárxanalar hám shólkemler milliy ekonomikanıń bir buwını sıpatında tovar hám xızmetler jaratıp bazar qatnasıqlarında qatnasadı. **Ekinshiden,** mámleket ulıwma milliy máplerdi sáwlelendiriwshi kúsh sıpatında milliy ekonomikanı tártipke salıwda qatnasadı.

**Mámlekettiń ekonomikaǵa aralasıw norması sonnan ibarat, mámlekettiń xızmeti bazar mexanizminiń islewine kesent bermewi, kerisinshe oǵan sharayat jaratıp beriwi kerek, zárúr bolǵanda bul mexanizmniń jumısın tolıqtırıp turıwı da talap etiledi.**

Házirgi bazar ekonomikasında tártipke salıwdıń bazar mexanizmi menen mámleketlik mexanizmi birgelikte háreket etedi. Biraq olardıń salıstırması sharayatqa qarap túrlishe boladı. Mısalı, Italiya, Avstriya, Franciya, Shveciyada mámlekettiń roli kúshli bolsa, AQSh, Yaponiya hám Germaniyada bul salıstırmalı kemirek.

Mámlekettiń tártipke salıwshı rolin ekonomikanıń ulıwmalıq jaǵdayı da belgileydi. Ekonomika ósip baratırǵan bir waqıtlarda bazar kúshleri islep turǵanlıqtan mámleket ekonomikaǵa kemirek aralasadı. Kerisinshe, ekonomikada fluktluaciya júz bergende mámleket ekonomikanı tártipke salıw ushın oǵan aktiv aralasadı.

## 3. Mámlekettiń ekonomikalıq siyasatınıń tiykarǵı baǵdarları

Mámleket ekonomikaǵa óz siyasatı menen tásir etedi.

**Mámlekettiń siyasatı – bul makroekonomikalıq siyasat bolıp, ol málim mámlekettiń milliy ekonomikasına tiyisli kórsetpeleri hám olardan kelip shıǵatuǵın háreketlerinen ibarat.**

Mámlekettiń siyasatı barlıq waqıtta milliy boladı, ol mámlekettiń rawajlanıwınıń ishki hám sırtqı sharayatın esapqa aladı. Siyasatta eń dáslep mámleket ekonomikasınıń jaǵdayı, xalıq aralıq ekonomikalıq konyunkturanıń milliy ekonomikaǵa qanshelli tásir etiwi, onda kútilip atırǵan ózgerislerdiń mámleket juwapkershiligine alǵan xalıq aralıq minnettiń qanday ekenligi, mámleket ekonomikasınıń resurslar menen támiyinlengenlik dárejesinen kelip shıǵadı, sonday-

aq aldın ámelge asırılǵan ilajlardıń nátiyjesi de esapqa alınadı. Mámleketlik siyasat mámleket basshılarınıń jumıstı alıp barıw dárejesi hám qatańlılıǵı, ekonomikalıq mashqalalardı qanshelli durıs sheshiwine de baylanıslı boladı.

Mámleketlik siyasatta belgilengen maqsetlerge tómendegi qurallar járdeminde erisiledi. Birinshiden, **ekonomikalıq qurallar** bolıp, olarǵa salıqlar, subsidiyalar, licenziyalar, eksport kvotaları, esap stavkaları, mámleketlik buyırtpalar, mámleketlik investiciyalar, transfertler, túrli ekonomikalıq sankciyalar (jazalaw quralları) sıyaqlılar kiredi. Ekinshisi, **yuridikalıq qurallar.** Bul ekonomikalıq xızmet tártibi hám qaǵıydaları, onıń mámleket tárepinen qollap-quwatlanıwın belgilep beriwshi nızamlardı, olarǵa sáykes túrdegi huqıqıy-normativ hújjetlerdi islep shıǵıw, olardı qabıl etiw hám engiziwden ibarat.

Nızamshılıq ekonomikanıń **huqıqıy tiykarların** belgilep beredi, olar bolsa bazar ekonomikasınıń obektiv ekonomikalıq nızamlarınıń talabınan kelip shıǵıwı zárúr. Ekonomikaǵa tiyisli yuridikalıq nızamlardı parlament qabıl etedi. Húkimet bolsa olardıń ámelge asırılıwın támiyinleytuǵın qararlar hám biylikler islep shıǵadı. Tiyisli mámleketlik uyımlar nızamlardıń ámelge asırılıwın qadaǵalaydı. Úshinshisi, **siyasiy-hákimshilik** qurallar. Mámleket hákimiyat iyesi bolǵanlıqtan óz siyasatına tiykarlanıwdı óz organlarınıń kúshi menen támiyinleydi. Mámleket joqarı institut esaplanar eken, onıń qararları hám buyrıqlarına hámme boysınıwı kerek boladı. Hákimshilik usıl járdemshi usıl esaplanadı, ol bazar sistemasında jaqsı nátiyje bermegenlikten sheklengen halda qollanıladı.

Ekonomika bir pútin bolar eken ekonomikalıq siyasat ta birew boladı. Biraq mámleketlik siyasattıń anıq baǵdarları bar. Olar tómendegilerden ibarat.

**Monetar siyasat** – bul mámlekettiń pul-kredit siyasatı bolıp, pul aylanısın tártipke salıw, tovar hám pul massası ortasındaǵı teńsalmaqlıqtı támiyinlew, ekonomikadaǵı pul aǵımların basqarıp turıw siyasatı esaplanadı.

**Fiskal siyasat**. Bul mámlekettiń salıq-byudjet siyasatı bolıp, oǵan muwapıq salıqlar belgilenedi, byudjet qarjıları anıq maqsetler jolında isletiledi. Salıq siyasatı salıqlar quralında byudjetke pul toplawǵa qaratıladı.

**Investiciya siyasatı**. Bul investiciya resursların qáliplestiriw hám olardıń kerekli tarawlarǵa jiberiliwin támiyinlewge qaratılǵan siyasat.

**Agrar siyasat.** Bul mámlekettiń awıl xojalıǵın qollap-quwatlawǵa qaratılǵan siyasatı.

**Sırtqı ekonomikalıq siyasat.** Bul mámlekettiń óz-ara paydalı sırtqı baylanısların rawajlandırıw, mámleket ekonomikasın jer júzlik xojalıq penen integraciyalasıwın támiyinlewge qaratılǵan siyasatı. Bul siyasattıń tiykarǵı maqseti milliy ekonomikanıń **jer júzlik xojalıqtaǵı dárejesin** bekkemlewden ibarat.

Ekonomikalıq siyasat sheńberinde mámlekettiń túrli baǵdarlamaları islep shıǵıladı hám ámelge asırıladı.

## Qadaǵlaw sorawları

1. Bazar ekonomikasın tártipke salıwdıń qanday usılların bilesiz?
2. Mámlekettiń milliy ekonomikanı tártipke salıwdaǵı roli haqqında qanday teoriyalardı bilesiz?
3. A.Smittiń “Tınısh qoyıw teoriyası”nıń mazmunın túsindiriń.
4. Bazar ekonomikası sharayatında ekonomikanı mámleket tárepinen tártipke salıwdıń zárúrligi qanday jaǵdaylar menen baylanıslı?
5. Mámlekettiń ekonomikalıq siyasatınıń mazmunın túsindiriń.
6. Mámleketlik siyasatta gózlengen maqsetler nelerden ibarat hám olarǵa qanday qurallar járdeminde erisiledi?
7. Mámlekettiń ekonomikalıq siyasatınıń tiykarǵı baǵdarların sanań hám olardın mazmunın túsindiriń.

**Tiykarǵı hám qosımsha ádebiyatlar hámde informaciya derekleri**

## Tiykarǵı ádebiyatlar

1. McConnell, Brue. Economics. 19th edition. Mcgraw-hill/Irwin, USA, 2014.

2. N. Gregory Mankiw. Principles of Economics, 7th edition. Amazon, USA 2014.

3. Paul A. Samuelson, William D. Nordhaus. Economics. 19th Edition. McGraw-Hill Companies. USA. 2009.

4. Xodiyev B.Yu., Shodmonov Sh.Sh. Iqtisodiyot nazariyasi. Darslik. – T. Barkamol faiz-media. 2017. – 783 bet

5. Хажиев Б.Д., Мамарахимов Б.Э., Мамбетжанов Қ.Қ. Иқтисодиёт назарияси. Дарслик (рус тилида). – Т.: «Иқтисодиёт», 2019, - 548 бет

6. Ўлмасов А., Вахобов А.В. Иқтисодиѐт назарияси. Дарслик. – Т.: «IQTISOD-MOLIYA», 2014. – 480 бет.

6. Shodmonov SH.SH., Ǵofurov U.V., Nazarbaev O, Seytova L, Dawletmuratov A. Ekonomikalıq teoriya. Oqıwlıq. Nókis. Qaraqalpaqstan, 2014. 640 bet

**Qosımsha ádebiyatlar**

1. Ўзбекистон Республикаси Конститутцияси. – Т.: Ўзбекистон, 2017. – 46 б.

2. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017 йил 7 февралдаги ПФ-4947-сонли "Ўзбекистон Республикасини янада ривожлантиришнинг Ҳаракатлар стратегияси тўғрисида"ги Фармони.

3. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2019 йил 17 январдаги "2017-2021 йилларда Ўзбекистон Республикасини ривожлантиришнинг бешта устувор йўналиши бўйича Ҳаракатлар стратегиясини "Фаол инвестициялар ва ижтимоий ривожланиш йили"да амалга оширишга оид давлат дастури тўғрисида"ги ПФ-5635-сонли Фармони.

4. Ўзбекистон Республикаси Президенти Шавкат Мирзиёевнинг Олий Мажлисга Мурожаатномаси // Халқ сўзи газетаси, 2018 йил 29 декабрь.

5. Шодмонов Ш.Ш., Мамарахимов Б.Э. Иқтисодиёт назарияси. Маърузалар матни. – Т.: Iqtisod-moliya. 2016, - 728 бет.

6. Шодмонов Ш.Ш., Ғофуров У.В. Иқтисодиѐт назарияси. Дарслик. – Т.: IQTISOD-MOLIYA, 2010. – 728 бет.

7. Экономикаческая теория: Учебник для бакалавров. Под общ. ред. А.А. Кочетков. 5 – изд, перераб. и доп. / Москва.: Дашков и К, 2016, - 696 с.

8. Экономическая теория. Экономические системы: формирование и развитие: Учебник. Под ред. И.К. Ларионов, С.Н. Сильвестров / Москва.: Дашков и К, 2015, - 876 с

9. Экономическая теория (политэкономия): Учебник. Под общ. ред д.э.н., проф., засл. деятеля науки РФ Г.П.Журавлевой. – 5-е изд. М.: ИНФРА – М, 2014, 864 стр.

10. Экономическая теория: учебное пособие/коллектив авторов: под ред. В.М. Соколинского. – 7-е изд, стер. – М.: КНОРУС, 2014. 464 с.

11. Экономическая теория: учебное пособие / Р.Г. Янбасиров. – М.: ИД «ФОРУМ»: ИНФРА-М, 2013. 624 с.

12. Dawletmuratov A., Seytova L., Yerejepova B., Pirniyazova G. Ekonomikalı teoriya. Oqıw qollanba. Nokis "Qaraqalpaqstan" 2014

13. Utemuratova G., Dawletmuratov A., Yerejepova B., Pirniyazova G. Ekonomikalıq teoriya. Seminar hám óz betinshe tálim jumısları ushın oqıw-metodikalıq qollanba. Nokis “Qaraqalpaqstan” 2016

14. Dawletmuratov A,. Ismailov B. Ekonomikalıq teoriya hám ekonomikalıq siyasat. Metodikalıq qollanba. Nókis, 2016

15. Dawletmuratov A. Ekonomikalıq teoriya. Lekciya tekstleri. Nókis, 2019

## Internet saytlari

1. www.press-service/uz - Ўзбекистон Республикаси Президентининг матбуот хизмати
2. www.gov.uz – Ўзбекистон Республикаси хукумат портали
3. www.lex.uz – Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари маълумотлари миллий базаси.
4. www.edu.uz – Ўзбекистон Республикаси Олий ва ўрта махсус таълим вазирлиги портали.
5. www.stat.uz – Ўзбекистон Республикаси Давлат Статистика қўмитаси расмий сайти.
6. www.cbu.uz – Ўзбекистон Республикаси Марказий банки расмий сайти
7. www.mineconomy.uz – Ўзбекистон Республикаси Иқтисодиёт вазирлиги расмий сайти
8. www.mf.uz – Ўзбекистон Республикаси Молия вазирлиги расмий сайти
9. www.norma.uz – Ўзбекистон Республикаси Қонунчилиги сайти
10. www.tsue.uz – Тошкент давлат иқтисодиёт университети расмий сайти
11. www.tradingeconomics.com – экономические показатели
12. www.ereport.ru – Оброрная информация по мировой экономике
13. www.catback.ru – научные статьи и учебные материалы по экономике.